

R

E

V

REVOLISYON FINANSYE

PAW

Pouvwa Jenewozite a

O

L

I

GARY KEESEE

S

Y

O

N

Zanmi an Kris Mwen,

Se priyè nou pouw Jwenn benediksyon ak ankourajman nan resous anseyman sa! Tanpri pa neglije patajel liv sa avèk zanmiw yo, fanmi epi manm ki nan legliz ou yo. Epiitou, ou kapab ale sou FLNFree.com pouw telechaje lòt kopi ak pouw kapab jwenn plis anseyman gratis nan pwòp lang paw.

Bondye renmen ou epiitou Li gen yon plan enkwayab pou lavi ou! Aprann konnen kouman Wayom Bondye a te chanje lavi pa nou nan pi meyè fason an, epiitou nou kwè se pral menm bagay lan pou ou menm tou!

Avèk lanmou Kris la

Gary ak Drenda Keesee



N.B. Sonje ale sou sitwèb nou an FLNFree.com ki gratis pouw telechaje plis kontni anseyman nan pwòp lang paw!

R

E

V

REVOLISYON FINANSYE

PAW

Pouvwa Jenewozite a

O

L

I

GARY KEESEE

S

Y

O

N

Your Financial Revolution: The Power of Generosity

Copyright © 2023 Haitian Creole. By Gary Keese

Originally printed In English

ISBN: 978-1-945930-52-2

Faith Life Now

P.O. Box 779

New Albany, OH 43054

LIFE

You can reach Faith Life Now Ministries on the Internet at FaithLifeNow.com.

Revolisyon Finansye Paw: Pouvwa Jenewozite a

Copyright © 2023 Kreyò Ayisyen Gary Keese ekri

Vèsyon Orijinal la enprime an Anglè

ISBN: 978-1-945930-52-2

Viv Lafwa Kounye a

Faith Life Now

P.O. Box 779

New Albany, OH 43054

LIFE

Ou kapab kontakte Ministè Viv Lafwa Kounye a sou entènèt nan FaithLifeNow.com.

DEDIKAS

Liv sa a dedye a bèl madanm mwen ki gen 40 ane, Drenda. Li se moun ki pi jenere mwen te janm rankontre. Li toujou ap panse ak lòt moun epi li te anseyem anpil bagay sou renmen moun, pou sa mwen toujou rekonesan!

—Gary Keese

TABLO KONTNI YO

ENTWODIKSYON	09
CHAPIT 1: Pouvwa Jenewozite a	17
CHAPIT 2: Repons Lan: Favè a	33
CHAPIT 3: Èskew Kalifye?	57
CHAPIT 4: Lajan Kiyès Li Ye?	71
CHAPIT 5: Ou Bezwen Yon Asosye!	85
CHAPIT 6: Mistè Dim Lan	97
CHAPIT 7: Ou Bezwen Yon Valiz: Pati En	113
CHAPIT 8: Ou Bezwen Yon Valiz: Pati 2	139
CHAPIT 9: Lwa Mezi A	149
CHAPIT 10: Wa Jenere A	163
CHAPIT 11: Pwomès Pou Sila Ki Jenere Yo	179

ENTWODIKSYON

Lè Bondye te rele Drenda ansanm avèk mwen poun fè emisyon televize, mwen pral oblije admèt se te yon bagay ki preske pat nan tèt mwen. Mwen te fènk tounen soti Albani, kotem te sot fè senk sesyon sou Wayòm Bondye a epi mwen te di moun sa yo kijan Drenda avèk mwen te vin lib anba dèt dapre lwa sa yo ki nan Wayòm nan.

Siw te gentan li pwemye liv mwen yo, ou petèt kapab sonje kijan bouya ble glwa Bondye a te ranpli salon misyonè a jou swa nou te fin fè dènye sesyon an. Se kote sa Senyè a te pale avèk mwen, “*Map rele nou nan mitan nasyon yo pouw anseye moun sa yo benediksyon alyans finansye mwen an. Epi tou, nenpòt kote mwen voye ou, Map peye pou sa.*”

Sware sa a te chanje lavi mwen. Sepandan, mwen pat gen okenn lide egzakteman kisa Senyè a te vle di nan pawòl Li yo, “*Map rele nou nan nasyon yo.*”

Pandan mwen tap vin konnen, televizyon se ta pral mwayen sa ke Senyè a te gen nan lide Li. Yon lòt fwa ankò, se pat yon bagay mwen te gen lide poum fè oswa ke mwen te menm gen anvì poum te fè. Sèl grenn bagay mwen te konnen, mwen te gen yon pasyon pou mwen ede lòt moun yo dekouvri sa Drenda ansanm avèk mwen te gentan dekouvri a— Wayòm Bondye a.

Sa te gen nèf lane, depi nap viv nan gwo dèt, depi nap viv nan tout kalite eprèv, epi nap batay kont panik atak. Antidepresè doktè te ban mwen yo pat edem. Mwen te menm rive nan pwèn mwen pat anvì viv, epi fènwa ak laperèz sanble tap anvayi chak grenn pansèm. Mwen te tèlman mare ak laperèz mwen te konn pè soti lakay mwen, san ankenn dout bagay yo pa tap byen mache pou lavant biznis mwen an. Byen rapid nou te

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenerozite a

vin tonbe an fayit, epi mwen te sanble pat gen ankenn pouvwa poum kanppe bagay sa. Kounyea, Lawont te vin yon fason poum viv, epitou mwen te gen santiman ke mwen echwe. Pi gwo echèk mwen te santi se te pou bèl madanm ansanm ak pitit mwen yo. Anplis ke mwen pat kapab bay lajan nou te gen bezwen, mwen pat yon bon papa oswa yon bon mari pandan tout ane sa yo.

Nou tap siviv, lè nap viv nan yon ansyen kay kanpay depi lane 1850 kote tout bagay te gentan fin kraze. Fenèt yo te kole youn ak lòt gras avèk tep. Nou te jwenn kapèt nou genyen an sou wout la nan yon pil fatra. Matla ki nan chanm pitt gasonm yo, nou te jwenn yo nan yon mezon retrèt. Machin nou tap kondwi yo se te lawont. Lavi nou te ranpli ak apèl telefonik san rete de moun kap ranmanse lajan dèt, avoka yo ak plizyè lòt konpayi kat kredi epi konpayi sa yo ki konn prete lajan ke nou te dwe.

Mwen pat gen ankenn espwa! Wi, mwen te yon kretyen ki renmen Bondye. Mwen te konn al legliz epi mwen te gentan batize nan Sentespri a. Mwen te gen yon Diplòm bakaloreya Ansyen Testaman an ak yon lane etid nan lekòl Biblik anba sentiwon mwen, poutan gen yon bagay ki pa tap byen mache, ki pat bon menm!

Yon jou, nan dezespwa mwen rele nan pye Bondye, epi menm moman an Li te reponn. Se pat tankou mwen pat konn priye pandan nèf lane gwo tansyon sa yo; mwen tap viv yo. Men fwa sa a, mwen te *gentan konnen* mwen te bezwen tande.

Map devine jiska moman sa, mwen te toujou ap panse mwen tap kapab rale tèt mwen soti nan twou finansye sa ke mwen te antre a gras ak pwòp fòs mwen. Men jou maten sa mwen te gentan konnen mwen te fini. Mwen te prete nan men chak grenn zanmi mwen te genyen, mwen te prete plizyè dizèn milye dola nan men fanmi, ak tout lòt mwayen mwen te genyen poum jwenn plis kredi te rive epwize.

Pandanm tap priye jou maten sa, mwen te dezespere, poutan mwen te sezi lè mwen te tande repons Li an byen rapid. Kap soti byen wo nan lespri mwen, epi mwen tande Li kap site Filipyen 4:19:

Epi, Bondye mwen an ap satisfè tout bezwen ou yo dapre richès glwa Li a nan Jezikri.

Mwen te reponn Senyè a, “Seyè, mwen konnen vèsè sa a, men mwen pa wè sa kap pase nan lavi mwen an.” Li te pale yon fwa ankò epi li te dim rezon ki lakòz mwen te nan dezòd sa, se paske mwen pat janm aprann kijan Wayòm Li an te fonksyone. Mwen pat konnen kisa Li te vle di ak pawòl sa, men Drenda ansanm avèk mwen te detèmine poun te chèche konnen.

Youn nan premye vèsè Bondye te montre nou yo se te Lik 6:20:

Li tap gade disip li yo, li te di: “Benediksyon pou nou menm ki pòv, paske Wayòm Bondye a se pou nou.”

Èske Wayòm Bondye a se te repons pa nou an?! Yon lòt fwa ankò, nou vrèman pat gen okenn siy kisa Li te vle di ak pawòl sa, men nou te konnen nou tap bezwen chèche konnen kisa li te vle di.

Nou pral pale plis sou Wayòm nan nan yon ti tan, men kitem diw kisa rezilta a te ye.

Lespri Sen an te kòmanse montre nou bagay nan Bib la ke nou pat janm konn wè anvan sa. Lè nou tap aplike sa Senyè a tap anseye nou yo sou Wayòm nan, nou te vin kapab soti anba dèt konplètman nan 2 lane edmi. Nou te kòmanse peye ak lajan kach pou machin nou yo epi achte 55 kawo tè ak lajan kach, yon teren ki chaje ak bèl pye bwa, ki gen marekaj kote mwen tap kapab fè lachas epi wè timoun mwen yo kap gradi nan gwo lakou.

Youn nan pi gwo kè kontan mwen gen nan lavi se te gade Drenda kap desine epi bati kay li te toujou reve a, ke nou posede san ankenn dèt tou.

Aprè tout bagay sa yo kite pase nan lavim, epi aprè nou te fin wè Wayòm Bondye a kap fonksyone jan li te fè a nan lavi nou, nou te vin ap viv nan yon nivo kote nap selebre *chak jou*. Anreyalite, fèt la pat kanpe la. Nou toujou ap selebre Wayòm nan chak jou. Soti nan chache anba kousen kanape yo poun jwenn kèk santim poun achte yon repa Kè kontan pou timoun nou yo parapò ak kounyea kote nou libere anba dèt epitou gen mwayen poun kapab bay plizyè santèn milye dola pou ede gaye Levanjil la atravè mond lan, san okenn dout se yon rezon poun selebre.

Drenda ak mwen pasyone anpil pou pale moun sou kòman Wayòm Bondye a enkwayab. Se rezon sa ki fè mwen te ale Albani anpremye.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwva Jenerozite a

Jan mwen te mansyone sa, lè Bondye te pale avèk mwen nan Albani poun ale nan nasyon yo, mwen te twouble. Kisa bagay sa te vle di? Nan epòk sa, mwen te pastè legliz mwen menm ak Drenda te kòmanse 10 lane avan sa. Èske mwen ta dwe demisyone nan legliz la epi kòmanse vwayaje?

Atravè plizyè moun ke Bondye te chwazi fè nou rankontre, Drenda ansanm ak mwen te vin rankontre moun ki tap fè Televizyon ak konpayi ki konn fè travay pwodiksyon emisyon Televize. Se pat kòmsi mwen tap chèche moun sa yo; Bondye te jis mennen yo sou chimen nou. Yon fwa ankò, mwen pat gen okenn enterè nan fè televizyon, men map sonje yon vizyon mwen te gen plizyè lane avan sa. Mwen tap priye pandan youn nan sèvis legliz nou yo, lè toudenkou, Senyè a te dim mwen ta pral fè emisyon Televize ak radyo. Mwen pat panse twòp ak sa paske mwen pat reyèlman gen okenn enterè nan bagay sa yo nan epòk la tou, men sa te atire atansyon mwen, epi mwen te pale ak Drenda sou sa.

Poum fè yon istwa long vin kout, Bondye te louvri kèk pòt enkwayab epi mennen kèk moun enkwayab sou chimen nou ki tap ankouraje nou fè emisyon televize a, men nou pat konnen anyen nan koze televizyon. *Lèm diw anyen an, se vrèman anyen.* Men, nou te santi nou tap bezwen kontinye swiv bagay Bondye te montre nou yo.

Nou pat gen okenn ekipman epitou nou pat menm konnen ki ekipman ki nesèsè poun fè televizyon, men moun sa yo Bondye tap pote ba nou yo te konnen. Ofinal, nou te rive kote nou te oblije pran yon desizyon. Yon konpayi pwodiksyon televizyon te ofri nou yon kontra poul fè travay pwodiksyon an pou nou nan yon pousantaj ki ba. Lè nou fè kalkil tan sa ap pran nan difizyon an ak tout lòt depans ki enplike pouw reyèlman kòmanse yon emisyon televize, nou te wè ke sa tap pran apeprè \$300,000. Se yon \$300,000 nou pat genyen nan moman sa. Men apre nou te fin lapriyè sou sa epi lite ak Bondye sou sa, alafen mwen te di wi. (Anreyalite ou pap janm genyen yon match lit kont Bondye).

Se konsa, konpayi pwodiksyon an te vini nan vil la (yo te baze nan Texas), epi nou te kòmanse filme premye pwogram televizyon nou an. Nan epòk sa nou pat gen yon dekò, nou te filme pandan tout premye ane a nan salon nou an devan chemine a. Sa pap sifi si mwen ta diw ke mwen te strese lè mwen tap anrejistre premye emisyon an. Mwen pat

konnen akisa mwen te dwe atann. Epi se pat jis anrejistre emisyon televize an kite lakòz mwen strese. Mwen te oblije vini ak tout kontni yo epi pale sou tout pwogram lan depi alabaz, Drenda te bay opinyon pa li tou. Ekip pwodiksyon an te ban nou kèk bon konsèy epi antrene nou, men mwen te toujou pat alèz.

Tanpri konprann byen ke, natirèlman mwen pa yon moun ki renmen soti, alòs fè televizyon te totalman pat nan zòn konfò mwen. Anplis de sa, ekip pwodiksyon an te trè enkyè jou anrejistreman an. Chèf ekip la te ale nan mitan lannwit paske pitit gason li an te mouri apre machin vwazen an te frape li nan antre nan kay la. Yo te dim sa jou maten an jis anvan nou te kòmanse anrejistre. Mwen te deside pa di Drenda sa jiskaske nou te fin anrejistre. Waw, sa te difisil anpil.

Apre sa, dirèkteman apre anrejistreman an, youn nan anplwaye nou yo tap kouri bisiklèt pitit gason mwen an Tim epi li te fè aksidan. Tim te kouri antre nan kay la ap rele byen fò David mouri. Li pat mouri vre, li te jis frape, men se te yon fason pou nou te kòmanse.

Nou te siviv semèn anrejistreman an, epi emisyon an te pibliye sou yon estasyon lokal. Nou te kontinye anrejistre yon semèn chak mwa, men lè dezyèm mwa a te prèske fini, sa te komanse vin difisil; epi mwen tap lite ak santiman ensifizans epi panik an menm tan an tou. Ofinal, mwen te di pwopriyetè konpayi pwodiksyon an mwen pat kapab fè sa. Li te gadem pou yon ti moman epi li di, “NON! Ou dwe fè televizyon!”

Apre sa, li te dim pran yon chèz paske li te vle montrem yon bagay. Li te limen televizyon an epi li te vire sou rezo televizyon chèn kretyen yo. Poum onèt, mwen pat janm konn gade televizyon kretyen yo anpil, men sam te wè jou sa te fèm malad epi li te fèm repanse bagay yo menm lè mwen pat twò enplike nan televizyon kretyen pase sa.

Nan yon pwogram, yo tap vann “Iwil oliv sent” ke yo te di kap pote yon onksyon ki pi gwo pouw pwospere. Nan yon lòt, predikatè a tap vann “biskwit onksyon” epi li te diw tap jwenn yon nouvo revelasyon chak fwaw mòdel. Nan yon lòt emisyon, mwen te tandè ke siw ta bay nan twa minit kap vini la yo, ou tap jwenn yon onksyon ki triple pouw pwospere. Nan yon lòt, yo te ofri manje-ki fè glas. Ta sanble chak emisyon sa yo te ofri kèk modèl ankourajman etranj pou fè moun sa yo bay.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenerozite a

Men, pati kite manke a mwen remake pat gen youn nan pastè sa yo kite di pèp la kijan yo kapab resevwa bagay yo te bezwen yo—kijan Wayòm nan fonksyone reyèlman. Yo tap di moun sa yo ke yo te bezwen simen yon semans, men mwen te gentan konnen ke yon moun te bezwen vin di pèp la kijan pou yo rekòlte *semans* sa!

Te gen anpil moso nan devinèt la ke moun yo te bezwen aprann si yo te vle gen siksè. Sèlman jis anseye moun yo kijan pou yo bay epiw pa montre yo kòman pou yo rekòlte, mwen te gentan konnen ke moun yo tap vin desi de Bondye epi panse Li te lakoz yo echwe lè bagay yo pat rive jan yo te espere yo a. Moun sa yo te bezwen konnen lwa Wayòm nan epitou, poukisa bay se yon pati ki enpòtan anpil nan mache nan abondans Wayòm nan isit la nan domèn tè a. Yon lòt fwa ankò, sa ki pi enpòtan an, moun sa yo te bezwen konnen kisa pou yo fè *apre* yo te fin bay la. Yo te bezwen konnen kijan pou yo rekòlte sa yo te bezwen nan men Bondye.

Mwen te vin dekouvri ke mwen gen wòl pam poum jwe nan rekòt mwen an—premye bagay se te aprann kisa lafwa te ye ak poukisa lafwa te nesèsè. Mwen te bezwen aprann kijan Lespri Sen an mennen mwen nan rekòt pam lan ak kijan bon moman an enpòtan ak detay rekòt mwen yo. Mwen te dekouvri gen lwa esprityèl ke moun yo te bezwen aprann ak aplike menm jan ak lwa kap gouvène nan domèn natirèl la ki ta kapab gen enpak sou rekòt la.

Tout pwogram sa yo te fè bagay lan parèt tankou lajan an ta pral jis parèt nan bwat lèt ou a.

Mwen pral dakò ke pafwa gen bagay *ki* kapab parèt nan bwat lèt ou a, men si wap egzamine ka sa yo avèk anpil atansyon, wap jwenn endikasyon esprityèl sou poukisa ak kijan yo te parèt.

Aprè mwen fin gade kèk nan pwogram sa yo, mwen te wont akòz sa mwen te wè a. Sa pa etonan mond lan pat fè atansyon. Men, mwen te fache tou. Mwen te reyalize nan moman sa a ke mond lan te gen bezwen èd mwen, ke mwen te gen yon bagay poum di.

Mwen te deside kontinye ak koze televizyon an paske mwen te gen yon istwa poum rakonte. Aprè sa, mwen te kontinye fè televizyon pandan 14 dènye ane sa yo epi mwen wè plizyè dizèn milye moun ki vin dekouvri Wayòm nan—se pat relijyon men Wayòm nan—epi yo te gen menm kalite rezilta ke Drenda avèk mwen te genyen.

Mwen konnen ou pral gen menm rezilta sa yo tou.

Liv sa, *Revolisyon Finansye Paw: Pouvwa Jenerosite a*, se senkyèm ak dènye liv nan Seri Revolisyon Finansye mwen an. Mwen eksite pou seri liv konplè sa, epitou mwen eksite pou dènye liv sa.

—Gary Keese

CHAPIT 1

POUVWA

JENEWOZITE A

Fanmi nou tap manje dine yon jou swa nan youn nan restoran ki nan vil nou an nou pi renmen yo. Sèvez la nan restoran an se te yon jèn dam ki te ansent pou plizyè mwa. Pandan mwen ta pral peye bil nou an, toudenkou mwen te santi mwen te dwe ba li yon gwo poubwa olye 22-25% mwen konn bay anjeneral, kidonk mwen te ajoute \$100 sou kantite lajan an. Dam lan te pran fich Visa ki te siyen an san li pa gadel epi li te tounen nan kwizin lan.

Aprè yon minit, Dam lan te tounen, ak dlo nan zye kap koule sou figil. Li te tounen vin di nou mèsi. Li te di nou kijan li te nan yon sitiasyon finansye difisil epi li te mande nou kòman li te kapab soti ladanl. Nou te gen opòtinite pou nou pataje Kris ansanm avèk li epi priye pou li anvan nou te ale.

Nou pat fè anyen men nou te jenere pou nou louvri pòt ministè a nan kè Dam sa.

*Oswa èskew meprize richès bontel, tolerans ak pasyans li yo, sanw pa rann ou kont bonte Bondye gen entansyon pouw mennenw nan **repantans**?*

—Women 2:4

Vèsyon King James Women 2:4 lan di ke bonte Bondye mennen nou nan repantans.

Lèw jenere se aji menm jan ak Bondye.

Matye 5:45 di:

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwa Jenerozite a

Pou nou kapab pitit Papa nou ki nan syèl la. Li fè solèy li leve sou sa ki mal ak sa ki byen, epi li voye lapli sou moun ki jis ak moun ki enjis yo.

Bondye bon, epi Li jenere! Nou se pitit li, epi nouvo nati nou nan Kris la, jenewozite se youn ladanl tou. Menm jan ak istwa ki anwo a, lèw jenere se pataje kè Bondye bay lòt moun. Tankou bwè yon ti gout dlo frèt nan yon jounen ki fè cho anpil, lèw jenere sa pote soulajman ak espwa nan yon mond ki nan dezè ak povwete.

Nou wè aklè enpak pou bay gratis la nan enstriksyon Pòl te bay nan 2 Korentyen 9:10-15, ki te ekri pou legliz Korent la:

Koulye a, moun ki bay grenn semans pou moun kap simen an epi pen pou manje tou, pral ogmante kantite grenn nou yo, epi lap ogmante kantite grenn rekòt nou yo nan jistis. Ou pral anrichi nan tout fason pou ou kapab jenere nan chak okazyon, epitou atravè nou menm jenewozite paw la pral mennen remèsiman pou Bondye.

Sèvis sa ke wap fè a pa sèlman pote pwovizyon pou bezwen pèp Senyè a, men li debòde tou nan anpil ekspresyon remèsiman pou Bondye. Akoz sèvis sa ou te pwouve tèt ou, lòt moun pral fè lwanj pou Bondye gras ak obeyisans ki akonpaye konfesyon ou pou levanjil Kris la, ak pou jenewozite ou nan pataje avèk moun sa yo epi tout lòt moun. Epi nan lapriyè moun sa yo pou ou, kè moun sa yo pral vin jwenn ou, paske gras ak favè Bondye te gentan ban nou an. Tout remèsiman pou Bondye pou kado endèskriptibl li a!

Jenewozitew fè moun fè lwanj ak di Bondye mèsi!!! Gade byen ke Pòl di lèw jenere se sèvis wap bay Bondye.

Definisyon mo sèvis la se: *Pèfòmans travay oswa devwa pou yon siperyè oswa kòm yon sèvitè.*¹

Se yon pati nan responsablitew nan favè Bondye, isit la nan domèn tè a, pouw pataje kè Li ak enkyetid li pou moun. Rezilta a klè—sa touche kè moun epi li penmèt moun sa yo resevwa Kris la.

²*The American Heritage® Dictionary of the English Language, Fifth Edition*

Mwen panse nou tout kapab sonje lè yon moun te vin ede nou epi kijan sa te vle di anpil bagay pou nou.

Map sonje mwen te dwe \$4,000 enpo lè mwen te fenk marye epi mwen pat gen okenn lide ki kote mwen tap jwenn lajan sa. Mwen te konn kouche epi reveye nan lannwit anpil fwa reflechi ak sitiyasyon mwen te ye a. Nou te rete nan Tulsa nan epòk la epi nou te planifye poun tal vizite Ohio pandan jou ferye yo.

Lè papam te mande mwen kòman bagay yo tap machse, mwen te pale li de bòdwo IRS la. Li te di, “Ok, bagay sa fasil poun jere,” apre sa li te rale yon chekyel epi li ekri yon chèk pou tout kantite lajan an. Jenewozite enstantane li anvè mwen nan moman sa te fèm renmen papam pi plis pase jan mwen te gentan renmenl. Paske nan moman sa, mwen te wè sa ki anndan kè li pou mwen.

Pi souvan papam te konn kache sa ki nan kè li. Li pat janm vrèman montre emosyon li aklè bay lot moun, menm bay manmanm. Papam pat janm dim li renmenm pandan tout lavim jiska moman sa, sim pa teonpem. Se yon sèl fwa lè manmanm te di papam pou li te di kel renmenm, ofinal li te rive di sa, epitou se te apre anpil chirepit. Map sonje jou sa tankou se te yè. Manmanm tap sipliyè papam, li di: “Ou pa kapab di pwòp pitit gasonw kew renmen li?” Men papam te rete ansilans.

Ofinal, dlo tap koule nan zye manmanm lè papam te dim li renmen mwen. Men, mwen pa janm konte moman sa nan kantite fwa li te dim li renmen mwen paske li te oblije fè sa.

Olye pou li di nou ak bouch li ke li renmen nou, te gen kèk fwa kote papam tap achte yon bagay espesyal pou nou, epi mwen panse ke nou tout kat timoun li yo te konnen ke papa nou te renmen nou. Mwen te kapab wè kè papam atravè nan sa li te konn fè, men sa prèske pat janm parèt nan sa li tap di. Mwen te kenbe moman sa yo presye anpil paske yo se te tankou limyè nan yon nwit fennwa pou mwen.

Jou sa li te ekri chèk pou dèt IRS mwen an, kè mwen te ranpli ak rekonesans. Ak dlo nan zye, mwen te anbrase papam epi mwen te remèsye li. Repons li an te makem. Li te di, “Toutotan mwen gen lajan, mwen vle ede.”

Mwen sèten ou gen souvni de jenewozite yon moun menm jan ak mwen, moman sa yo ki te atire atansyon ou. Alòs, fè nòt mantal sa:

Jenewozite montre lòt moun kè paw ak kè pa Bondye pou yo.

Jenewozite pwisan anpil. Li depase mo yo epi li ale tou dwat anndan kè a. Son bagay etonan kòman nou kapab sonje konpliman sa yon moun te fè nou, oswa lè yo te ban nou yon kado.

Youn nan premye moman nan lavi mwen kote mwen te wè kè papam se te lè mwen te nan sizyèm ane. Kouzen mwen ansanm avèk mwen te enterese nan koze ròkèt fize nan epòk sa, epi mwen te achte youn kew te pakab mete kèk bagay ladanl epi voyel anlè nan syèl la.

Grenn jou sa anpatikilye, kouzen mwen an ansanm ak mwen te panse nou tap kapab mete yon krapo nan nen ròkèt la epi tape li pou fize a te fè aksidan olye poul te louvri parachit li a. Entansyon an se te wè kisa ki tap rive krapo a, mwen panse kew kapab ap imajine bagay sa.

Ok, nou te lanse fize a epi, nan freyè nou, papam te soti deyò poul gade. Nou te gentan konnen li pa tap kontan sitoutfwa nou ta touye krapo a.

Fize a te moute anlè jan sa te sipoze fèt la epi answit li desann atè sou nenl. Pandan mwen tal ranmasel, mwen te wè kòn nen an te kraze epi krapo a te mouri, janm te espere sa.

Apre te pran fize a, byen vit mwen te voye jete krapo mouri an sou kote poum kapab kache sa kise vrè entansyon nou nan zye papam. Papam te pwoche pi pre, epi li mande kote fize a. Mwen pa janm bliye enkyetid papam te trè reyèl pou fize nou an. Pandanl te kenbe li nan men li, li te kòmanse dim kòman mwen tap kapab ranje fize a ak kòman li regrèt fize a te kraze. Apre sa, li te antre nan detay sou kijan mwen te kapab rebati moso ki kase yo. Tandès ak jantiyès ki nan vwa li te kondanem pou bagay mal sa kem fè. Papam pat janm konnen dosye krapo a, men mwen pa janm bliye jantiyès li pou mwen ansanm ak fize mwen an. Apati moman sa, sa te parèt aklè ke mwen te enpòtan pou papam.

Gen kèk fwa Bondye sèvi ak moun ke nou pa menm konnen pou ankouraje nou epi rive sou nou.

Yon epòk ki te memorab espesyalman se epòk kote mwen menm ak Drenda tal chase

fezan avèk kèk zanmi. Drenda ansanm ak mwen te fenk fin marye epi nou tap viv nan Tulsa. Youn nan kolokatè mwen yo te rete nan Kansas epi li te envite nou vin jwenn li ane sa nan jou ouvèti lachas fezan. Mwen te kontan.

Nou te kondwi pandan senk èdtan ale Kansas, nou te gen yon gwo jounen lachas, epi nou te atenn limit nou nan kantite zwazo. Men, sou wout la poun tounen Tulsa, motè machin zanmi nou an te eklate. Kote nou te ye a pat gen kay ni ankenn lòt bagay nan yon wout pousyè tè epi nou te toujou rete plizyè èdtan avan poun rive lakay. Siw te gen chans ale Kansas, ebyen, ou konnen kòman son dezè li ye.

Kounye a li te vin fennwa, epi nou te sèlman wè yon sèl ti bren limyè parapò ak distans lan. Nou te ale lakay kiltivatè a epi nou te palel de sitiyaasyon nou an. Mwen te choke anpil lè kiltivatè a te di, “Ok, mwen pral mennenw lakay ou aswè a. Map mete machin ou an sou trelè mwen an, epi mwen pral mennen ou lakay ou a tan pouw al travay lendi.” (Drenda tap kòmanse yon nouvo travay nan maten nan yon restoran kote li ta pral travay a tan pasyèl, epi li te desi anpil ke li ta pral oblije rele poul di li pa tap kapab vini.)

Enkwayab, nonm sa, ke nou pat ko janm rankontre anvan sa, te kondwi nou pandan senk èdtan lakay nou nan Tulsa epi apre sa li te kondwi tout wout sa tounen Kansas anvan li te fè jou. Nonm lan te kondwi tout nwit lan!

Mwen pap janm bliye aksyon jantiyès sa ankenn enterè. Li pat menm pran ankenn lajan poul achte gaz. Map toujou rekonesan anvè nonm sa. Chak fwa mwen panse ak li, mwen toujou panse ak kado li avèk rekonesans.

Lè moun ap panse ak ou, moun sa pral remèsye Bondye pou jenewozite ou.

Mwen sèten ke ou kapab ap panse ak yon sitiyaasyon tankou sa kite pase nan pwòp

**MOUN YO PRAL DI
BONDYE MÈSI POU FAVÈ
DEPASE LI TE BAY SILA
SA YO KI JENERE YO!**

lavi ou. Wap sonje janw te rekonesan pou tandrès ak enkyetid yon moun te montre pou ou. Ebyen, se bagay sa Pòl tap eseye transmèt bay legliz sa—jenewozite moun sa yo tap rive jwenn lòt moun avèk kè

Bondye epi yo te fè lòt moun yo fè lwanj epi di Bondye mèsi pou sèvis ke moun sa yo ba li.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenerozite a

Lè mwen te vin jwenn Kris, mwen te wè kòm kite vin adousi, epi mwen te vin remake mwen tap pran swen lòt moun tout bon vre. Chak fwa mwen te wè yon bezwen, mwen te toujou vle ede, men sa te fistran anpil paske mwen pat kapab ede akòz mwen pat gen lajan pou mwen te kapab fè sa.

Mwen te vin konnen ke se konsa anpil lòt moun te santi yo tou. Jis pale nan yon foul moun epi mande direksyon, epi wap gen yon douzèn moun ki vle edew jwenn wout ou.

Men, jan mwen te vin dekouvri sa nan Bib la, lèw jenere gen plis pouvwa ke sa mwen pat janm imajine. Lekti pasaj sa nan 2 Korentyen 9 fè wè aklè yon lwa Wayòm nan ki te chanje tout bagay mwen te konn panse sou bay:

Sèvis sa ke wap fè a pa sèlman pote pwovizyon pou bezwen pèp Senyè a, men li debòde tou nan plizyè ekspresyon remèsiman pou Bondye.

Akòz sèvis sa ou te pwouve tèt ou a, lòt moun pral fè lwanj Bondye pou obeyisans ki akonpaye konfèsyon ou sou levanjil Kris la, ak pou jenewozite ou nan pataje ak moun sa yo epi tout lòt moun.

Epi nan lapriyè moun sa yo pou ou, kè yo pral vin jwenn ou, paske gras ak favè abondan Bondye te gentan ban nou an. Remèsiman pou Bondye pou kado endèskriptibl li a!

— 2 Korentyen 9:12-15

Moun yo pral di Bondye mèsi pou favè abondan Li te gentan bay moun ki jenere yo!

Pouw vrèman konprann kisa Pòl ap di la, nou bezwen defini tèm pa nou yo.

Depase vle di: nan yon gwo kantite oswa yon degre ki wo; depase, ekselan, oswa ekstraòdinè: *estrikti depase nan mayifisans*.²

Kisa ki pral pou ou nan yon gwo kantite lajan? Kisa ki pral ekstraòdinè epi depase mayifisans nan lavi ou? Gras Bondye!!!!

Ok, kounye a nou bezwen yon definisyon pou gras.

Gras vle di favè Bondye kew pa merite.

Sa se definisyon estanda gras la, men li pa fin tonbe egzat de sa li ye a tout bon vre.

² Dictionary.com

Kite mwen baw yon pi bon definisyon.

Sa ki ekri anba a se yon sitasyon ki soti nan Wikipedia sou gras divin lan:

Ansèyman komen kretyen ap anseye se nou pa merite gras mizèrikòd (favè) ke Bondye te bay limanite lè li te voye pitit gason lan mouri sou yon kwa a, poul kapab bay delivrans sali etènèl la. Sepandan, definisyon sa pou kont li kapab pa kouvri tout itilizasyon tèm sa nan vèsè labib yo.

Pa egzanp, Lik 2:40 (Vèsyon King James lan), “Epi timoun lan tap grandi, li tap vin pi fò nan lespri li, li te ranpli avèk sajès: epitou gras Bondye a te sou li.” Nan egzanp sa a lè wap itilize definisyon gras la pouw di nou pa merite favè a, li pa fè ankenn sans ke Kris la kite san ankenn peche tap bezwen bagay sa.

James Ryle te sigjere “Gras la se prezans Bondye ki bay pouvwa a ki pèmèt ou vin moun li te kreye pouw ye a, epi fè sa li te relew pou fè yo.” Yon lòt bò, Bill Gothard te sijere “Gras la ban nou dezi ak pouvwa sa ke Bondye ban nou poun fè volonte li.” Tou 2 definisyon sa yo fè anpil bon sans ak mo gras la atravè Bib la.³

Alòs, nou wè ke sa Pòl ap pale nan pasaj sa se favè, oswa kapasite, poun pwospere. Kado sa, kado favè Bondye a, te selebre paske li bay pèp la pouvwa pou yo pwospere. Epi pandan yo ladanl yo te vin jenere, satisfè bezwen lòt moun, te lakòz moun sa yo adore Bondye.

Pòl fini diskisyon li an avèk, **“Remèsiman pou Bondye pou kado endeskriptib Li ba nou an!”**.

Ok, men yon lòt definisyon. Mo endeskriptib la vle di, jan sa parèt aklè, pa gen okenn mo ki kapab byen dekri li.⁴ Se nan nivo sa Pòl te di kijan kado favè Bondye a bon, *ki depase tout mo yo*, sitou pou moun sa yo ki te fè travay ministè a ak lajan li te ba yo a.

³ https://en.wikipedia.org/wiki/Divine_grace

⁴ American Heritage Dictionary of the English Language, Fifth Edition

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Men pouvwa ki kapab libere ou anba esklavaj finansye. Pouvwa sa a, favè Bondye a, li disponib pou chak grenn kwayan.

Men, men pwoblèm nan. Nou kapab pase anpil tan ap pale sou sa Pòl te di poun fè—poun bay. Men, si nou pa konprann gras la, kapasite poun pwospere gras ak pouvwa Bondye a, nou rate rekòt Bondye te gen entansyon ban nou an. Se tap tankou ou plante jaden paw la nan forè a anba lonbraj yon gwo pye bwa—pa gen okenn solèy, pap gen pouvwa pou pote rezilta ou vle a.

Drenda ansanm avèk mwen tap li istwa nan Bib la kote pouvwa Bondye a te parèt epi chanje sitiyasyon an totalman nan bon sans lan. Mwen pral oblije admèt ke nou pat konn tande anpil istwa nan sans sa ki te rive nan legliz pa nou an pandan nou tap grandi. San Sali a, ankenn moun pat janm pale sou fason ou kapab pote favè Bondye a anndan yon sitiyasyon.

Koulye a, mwen vin konprann ke sali pa nou an se bagay ki pi enpòtan. Men, jan mwen sot mansyone sa, mwen te bezwen menm favè sa poum fonksyone nan *chak grenn* domèn nan lavi mwen, men mwen pat konnen kijan. Epi akòz inyorans mwen, nou te razè, malad, epi deprime. Nou te gentan konnen nan sali a—nou te gen pati sali etènèl ki desann—men nou pat konnen oswa konprann kijan poun te pote syèl la nan lavi nou epitou poun manifeste pouvwa Bondye a. Jan mwen te gentan diw la, nivo finans nou te tèt anba!

Men, se sa Senyè a tap dim lan jou sa a lè li te pale ansanm avèk mwen konsènan Wayòm nan, “*Se paske ou pat janm aprann kijan Wayòm mwen an fonksyone ki lakoz ou nan dezòd sa!*”

Nan kèk lòt mo, Li tap di ke mwen pat konnen kòman poum te lage otorite wa a isit lan nan domèn tè a. Mwen pat janm aprann kòman oswa sim te menm kapab fè sa. Mwen pat gen okenn lide sou kòman poum frape nan favè, pouvwa Bondye a.

O, anpasan, te gen plis bagay toujou nan konvèsasyon sa nan jou lè Bondye te pale ansanm avèk mwen sou Wayòm nan. Li te kontinye poul di, “*Legliz pa mwen an ap viv menm jan pèp Izrayèl la tap fè lè yo te esklav, yo te fè brik pou farawon an. Yo se esklav! Pèp mwen an gen dèt, epi mwen vle yo libere!*”

Banm fè yon pwèn nan pati sa: Ou pap janm lib jiskaske ou rive libere finansyèman.

Epi jan Drenda avèk mwen te konn di sa pandan 30 dènye sa ane yo, ou pap janm dekouvri ki moun ou ye tout bon vre epi rive mache nan objektif espirityèl lavi ou jiskaske ou jere pwoblèm lajan an.

Epitou kitem fè lòt pwèn sa: **OU KAPAB LIBERE!**

Mwen te pwouve sa, epi gen plizyè milye lòt moun tou kite fè sa. Favè Bondye an la pou edew. Gen bagay ou gen apèl nan laviw pouw fè kew pap janm kapab akonpli antanke esklav. Ou dwe libere finansyèman non sèlman pou tèt paw avèk fanmi ou, men

**MOUN YO AP CHÈCHE
REPONS. YAP CHACHE YON
KONTRA KI REYÈL. NAN
GWO DEZESPWA YO
BEZWEN WÈ SA WAYÒM NAN
FÈ MEN SE PA RELIJYON.**

tou pou lòt moun kapab wè Wayòm Bondye a kap fonksyone nan lavi ou, epi, tankou yon pye bwa ki chaje ak fwi ki mi, sa pral atire moun nan Wayòm nan.

Moun yo ap chèche repons.

Yap chache yon kontra ki reyèl.

Nan gwo dezespwa yo bezwen wè sa Wayòm nan fè men se pa relijyon.

Kitem palew de yon konvèzasyon mwen te fè ak yon enfimye nan jou ki sot pase la. Ok, anreyalite se te 2 enfimye.

Manman mwen gen 88 lane epi li bon lasante, men li bezwen èd poul deplase, janw ta kapab imajine sa. Alòs, jou sa anpatikilye, mwen tap mennen li nan plizyè randevou kay doktè.

Pandan mwen tap pale ak enfimye nan premye randevou a, li te kòmanse mandem kisa mwen fè poum viv. Mwen te bal enfòmasyon sou legliz nou an ak sou konpayi finansye mwen an tou ak sou fason nou ede moun soti anba dèt. Ok, sa te atire atansyon enfimye a. Li tap kontinye dim ke li te nan pwoblèm, li te atenn nivo maksimòm dèt li, epi li pat gen okenn lide sou kijan li te pral siviv.

Lè mwen te ale nan dezyèm randevou kay doktè a nan jou sa, mwen te prèske gen menm konvèzasyon an ak enfimye a. Anreyalite te gen dlo kap koule nan zye li pandan li tap eksplikem sitiyaasyon finansye li an.

Zanmi, moun sa yo pa inik. Se fason sa Amerika ap viv jounen jodi a.

Kè mwen epi pasyon mwen se pou ede moun konprann gen yon pi bon fason pou yo

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

viv lavi—kise fason pa Wayòm nan.

Lè Drenda ansanm avèk mwen te kòmanse aprann konsènan Wayòm Bondye a epi nou te kòmanse aplike sa Bondye tap anseye nou yo sou Wayòm nan, lavi nou te chanje konplètman. Nou te kòmanse wè favè sa ke Pòl tap pale a kitap parèt nan lavi nou.

Yon jou swa, mwen te fè yon rèv poum kòmanse pwòp biznis nou poun ede moun soti nan dèt. Bagay sa parèt fou, pa vre? Mwen vle di afich timoun sa pou sa ki pat janm fèt avèk lajan ki kounye ap dirije yon konpayi ki montre moun kijan yo soti anba dèt. Se sèl Bondye, pa vre?

Ou kapab ap mande, “Kijan bagay sa te rive? Kòman ou te fè konnen kijan pouw soti nan dèt yon fason pouw ta kapab ap ede lòt moun soti anba dèt kounya?” Sa se yon gwo kesyon!

Poum fè yon istwa long vin kout, Sentespri a te montrem kijan sa kapab fèt.

Verite a, mwen te gen bagay poum te aprann nan mond natirèl la, epi apre sa, mwen te oblije gen moun ki antrene mwen sou kòman poum mete konpayi mwen an kanpe, men se Lespri Sen an kite dirije pwogrè, estrateji inik ak metòd nou tap itilize poun ede lòt moun. Konpayi sa te dekole epi se sa ki te baz libète finans nou an.

An pasan, mwen konnen akisa wap panse la: Nou dwe mande anpil lajan pou kalite èd sa a si li te bay tout kantite lajan nou te bezwen an poun te kapab libere.

Non. Jan mwen te gentan di a, Sentespri a te ban nou yon modèl biznis ki inik, epi men kisa li ye:

Nou travay ak kliyan nou yo GRATIS.

Kijan poum ta fè yon moun ki deja gen difikilte pou peye bòdwo li yo peyem pou ede yo vin lib? Non, mwen jis pa kapab fon bagay konsa. Bondye te ban mwen yon fason ki diferan poum finanse konpayi mwen an. Pat genyen epi pa pral janm gen yon lajan pou konpayi mwen an devlope yon plan pèsonalize pou ede kliyan nou yo libere nan dèt. Konpayi mwen an espesyalize nan montre kliyan nou yon kijan pou yo libere anba dèt nan mwens pase sèt lane, ki gen ladan ipotèk kay yo, anjeneral san yo pa bezwen chanje revni yo.

Nou pa pran sipò nan men kliyan nou yo men nou jwenn sipò nan men plizyè douzèn konpayi, founisè, ak pwofesyonèl ke nou te chwazi pou nou bay solisyon ak opsyon pou

fè restriktirasyon pou kliyan nou genyen yo. Konpayi ak moun sa yo sipòte nou pou kliyan nou yo kapab rekonèt yo.

Pa egzanp, nan pwosesis restriktirasyon pa nou an, si mwen konnen ke konpayi XYZ kapab koupe bòdwo asirans kliyan pa mwen yo amwatye, map di kliyanm yo tcheke konpayi XYZ. Kounye a, kliyan mwen yo kapab pale avèk XYZ pou kont yo epi gen pwòp lide pa yo, apre sa pran pwòp desizyon yo si yo enterese nan pousantaj pi bon mache ke XYZ ofri yo a antanke yon moun ki fè pati nan plan restriktirasyon yo a oubyen non.

Alòs, pou kliyan an, tout bagay gratis. Epitou, mwen sèten ke sa se te yon gwo faktè prensipal ki kontribye nan kwasans konpayi pa nou an. Tcheke konpayi nou an nan forwardfinancialgroup.com.

Nou ede moun dekouvri tou sa mwen kapab rele envestisman asire. Li se sa li sonnen an: envestisman ki pa gen okenn risk nan si mache a bese sa kap vòlè lajan retrèt moun sa yo.

Mwen di tout bagay sa yo poum di pandan 30 lane ki sot pase la yo, nou te pale avèk plizyè santèn milye moun, epi nou te wè pifò Ameriken nan katastwòf sa.

Gon egzanp ki parèt devanm epi ilistre kòman anpil Ameriken ap viv.

Gon dam kite relem vin vizite li, paske li te bezwen èd avèk dèt li yo. Mwen menm avèk youn nan asosye mwen yo, te rankontre avèk li, epi mwen te chita la mpat ka kwè pandan dam lan tap eksplike sityasyon li an. Dam sa te gen 32 kat kredi diferan, tout te depase nivo kredi yo. (Wi, saw tande a se sa—li te gen 32 kat kredi.)

Dam sa te byen konstwi pwòp prizon pa li, epi li tap mandem kle poul kapab soti. Nan tèt mwen, repons lan te fasil: sispann itilize kat kredi yo. Se tap yon bon kòmansman. Kidonk, mwen te di dam lan poul kanpe kat sa yo epitou, mwen te ensiste poul aprann viv ak revni li. Apre sa, mwen ba li yon devwa poul te fè yon lis tout depans li yo konsa mwen tap konnen ki kote poum kòmanse konseye li. Mwen te tou sijere dam sa poul kòmanse itilize yon kat debi olye de yon kat kredi poul evite sityasyon li an vin pi mal.

Sou sijesyon kanpe kat kredi li yo, menm moman an dam lan te pete kriye epi li poze kesyon tèt chaje sa: “Kijan mwen pral kapab achte soulye?”

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Èske mwen byen tande? Li pat gen ase lajan poul manje, men li tap pale de soulye?

Ou kapab panse ke dam sa dwe gen yon anomali. Nan kantite kat kredi li te genyen, dam lan te. Men, nan prizon finansye a, dam lan pat la. Gade dènye estatistik yo nan Amerik la:

- Gen 57% moun ki pa gen \$1,000 labank.⁵
- Gen 44% ki pa kapab peye yon bòdwo \$400 sanzatann.⁶
- Gen 23% Ameriken ki pa kapab peye bòdwo yo chak mwa epi yap tonbe pi plis toujou anba dèt chak mwa.⁷

Zanmi, Ameriken yo jis jan Bondye te dim sa—yo se esklav.

Reflechi sou kisa yon esklav fè.

- Li pa travay pou pwòp tèt pa li. Malgre ke li (gason oswa fi) ap travay epi pwodwi pwofi, yo voye pwofi a bay moun kite prete yo kòb la chak mwa, yo te jis kite ase pou fanmi an siviv pou yon lòt mwa.
- Esklav ap viv nan kay yo pa posede (sa vle di yo gen yon ipotèk).
- Yap kondwi machin yo pa posede pou yal travay pou peye kay sa yo pa posede a.
- Yo mete rad yo te achte sou kat kredi pou yo ale travay, pou peye machin ak kay yo pa posede a ansanm ak prè etidyan ke yo toujou ap peye sa gen 20 ane de sa.

⁵ Ray Hanania, “57% of Americans have less than \$1,000 in Savings, March 31, 2021, SuburbanChicagoland.com

⁶ Joseph Lawler, “44 Percent of Americans Couldn’t Cover an Unexpected \$400 Expense,” Washington Examiner, May 19, 2017.

⁷ Megan Leonhardt, “Become Debt Free,” May 24, 2019

Ou wè de kisa nap pale a

Moun rich yo ap domine sou pòv yo, epi moun ki prete a se esklav moun ki pretel la.

— Pwovèb 22:7

Èskew te konnen ke pifò moun pa renmen travay yap fè a? Aktyèlman, gon sondaj Gallup ki di ke 85% nan anplwaye rayi travay yo.⁸

Ebyen, poukisa moun sa yo ap travay kote yap travay la? Paske yo se esklav, epi esklav yo pa kapab chwazi!

Alòs, èske gen yon fason poun soti nan esklavaj? Wi!

Ou pa kwè mwen? Kitem montrew.

Sèvis sa ke wap fè a pa sèlman pote pwovizyon pou bezwen pèp Senyè a, men li debòde tou nan plizyè ekspresyon remèsiman pou Bondye.

Akoz sèvis sa ou te pwouve tèt ou a, lòt moun pral fè lwanj Bondye pou obeyisans ki akonpaye konfesyon ou sou levanjil Kris la, ak pou jenewozite ou nan pataje ak moun sa yo epi tout lòt moun.

Epi nan lapriyè moun sa yo pou ou, kè yo pral vin jwenn ou, paske gras ak favè abondan Bondye te gentan ban nou an. Remèsiman pou Bondye pou kado endèskriptibl Li a!

— 2 Korentyen 9:12-15

Ann rete konsantre sou repons sa a—favè Bondye a, kapasite pouw pwospere!

Se pou nou konnen tou ke lènmi an vle ou rete nan dèt epi pa janm rive soti nan dèt. Se pou rezon sa gen 1.1 *bilyon* kat kredi aktif nan peyi Etazini⁹ Se rezon sa tou ki fè gen 4 a 8 milya *òf* kat kredi yo voye chak ane.¹⁰

⁸ Sara Burrows, “85% of People Hate Their Jobs, Gallup Poll Says,” September 22, 2017, returntonow.net

⁹ Raynor de Best, “Credit Card and Debit Card Number in the U.S. 2012-2018,” December 16, 2020, statisa.com/statistics

¹⁰ Bob Bryan, November 24, 2015, businessinsider.com

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Gen moun ki vle pouw rete nan dèt, epitou se pa sèlman bank yo ak lòt ajans sa yo kap sipliye ou eseye kat pa yo a.

Satan konnen si li kapab kenbe ou nan dèt, ou pap janm kapab mache nan desten espartyèl ou, sa li konnen ki ta kapab fè ravaj nan wayòm li an.

Alòs, kitem fè revizyon nan yon minit. Liv sa pale sou kòman poun jenere, se pa vre? Ok, wi ou non. Wi, nou pral pale sou tout benefis ki genyen nan bay ak jenere tou piti. Men, jis bay pou kont li se pa repons lan sa. Ou dwe gen konesans sou fason pouw pwofite favè, pouvwa Bondye a.

Kidonk, kitem deklare sa ankò: Fòmil jis bay poukont li an, menm jan ak yon lòt fòmil, se pa kle an sa. Li se yon pati nan repons lan, se vre, men ou menm ansanm avèk mwen bezwen sipènativèl, kapasite ekstraòdinè sa poun pwospere ke yo rele favè.

Dustin ak Kendall te dekouvri sa map pale a. Yo se yon jèn koup marye ki pat vrèman konprann ke yo te bezwen favè Bondye a nan finans yo jiskaske yo te twouve yo nan yon dezaz. Yo te jis gade yon nouvo lide biznis epi deside avanse sou sa. Pri a? \$150,000, epi tout lajan sa se dèt.

Menm mwa sa yo te achte biznis lan, IRS te vin fè odit sou yo epi yo te voye yon bòdwo pou \$53,000 enpo ki pat janm peye. Dustin di ke yo te twouve tèt yo nan plis pase \$ 200,000 dèt epi anreyalite pat gen okenn fason pou yo soti, espesyalman paske bagay yo te gentan difisil finansyèman anvan menm yo te achte biznis lan.

Yo te fenk sot prete lajan pou peye lopital pou dènye tibebe yo a epi yo te fè peman sa. Odit la te pouse yo depase limit finansye yo, epi Dustin te chache jwenn lòt opsyon.

Aprè rechèch, finalman Dustin te vin jwenn yon òf pou yon kredi \$30,000, kite apwouve, epi li te pataje lide a ak madanm li pou l te ka gen opinyon pa li sou sa. Yon bagay ke li pat konnen se paske Kendall tap etidye epi medite sou liv mwen an, *Revolisyon Finansye Paw: Pouvwa Repo a*, ki pale tou sou eksplwatasyon nan favè Bondye a.

Alòs, lè Dustin te vin bò kote Kendall ak lide prè sa, Kendall te desi, li te espere Dustin tap tounen vin jwenn Bondye olye yon lòt dèt. Kendall te deside pale avèk li sou desizyon yo te pran an epi li te ankourajel fè Bondye konfyans. Granmesi Bondye, Dustin te resevwa bon konprann nan men madanm li.

POUWWA JENEROZITE A

Pandan yo tap priye, yo tandè Lespri Sen an ki di pou yo simen yon semans. Se vre, nan epòk sa, yo pat gen lajan pou kantite lajan sa Bondye te montre pou yo te bay la, kidonk yo te travay pandan 28 jou kite vini apre yo pou yo te kapab touche ase lajan epi pou yo simen sa Bondye te montre yo a.

Rezilta a? Biznis yo a te dekolè.

Pandan ane kap vini an, yo te kapab peye \$175,000 dèt, epi Dustin te di li te fè DOUZ fwa plis lajan ane sa a pase sa li te janm fè nan tout lavi li anvan sa!

Kendall ak Dustin te dekouvri Wayòm nan ap travay chak fwa!

Kisa repons yo a te ye? Wayòm nan ak favè Bondye a!

Kisa repons paw lan ye? Wayòm nan ak favè Bondye a!

CHAPIT 2

REPONS LAN: FAVÈ

Nan chapit nou sot li la, nou te pale sou fason jenewozite afekte moun espartyèlman—kijan li adousi kè moun sa yo epi rekonesan anvè ou menm ak anvè Bondye. Nou rale tou bagay sa Pòl te di a, ke kapasite pou nou jenere se te yon rezilta favè Bondye nan lavi nou.

Epi nan lapriyè moun sa yo pou ou, kè yo pral vin jwenn ou, paske gras ak favè abondan Bondye te gentan ban nou an. Remèsiman pou Bondye pou kado endèskriptibl li a!

— 2 Korentyen 9:14-15

Nou te pale sou anfas Pòl te mete sou mo *depase a* lè li te dekri ke yo te ban nou favè Bondye a pou nou pwospere. Nou te vin dekouvri ke favè vle di yon kapasite ekstrawòdinè pou akonpli yon bagay. Pòl rele kapasite sa nan favè Bondye a yon kado endèskriptib! Mwen panse ke nenpòt moun ta dwe admèt ke si Bondye, li menm ta pral ede yo pwospere nan lavi, sa ta dwe yon avantaj enkwayab.

Poun edew konprann grandè sa Bondye vle fè nan laviw ak gwo pouvwa ki disponib pou ou a, ann fè bak sou kèk vèsè epi kòmanse li nan vèsè 6 la.

Men sa mwen vle di: Moun ki simen ti kras ap rekòlte tikras. Moun ki simen anpil va rekòlte anpil. Chak grenn moun ta dwe bay jan li deside anndan kè li, se pa avèk repiyans oswa anba presyon, paske Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan. Bondye kapab fè tout favè debòde pou ou, se nan

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenewozite a

tout bagay, toutan, pouw gen tout sa ou bezwen, ou pral debòde nan tout bon travay. Jan sa ekri a: Li pwopaje, li te bay pòv yo. Jistis li ap la pou toutan.

Epitou, moun ki bay moun kap simen yo semans ak pen pou manje pral multipliyè semans nou yo anpil anpil, epi lap ogmante rekòt jistis la. Wap vin rich nan tout sans pouw kapab vin jenere nan tout fason, sa kap mennen remèsiman Bondye nan mitan nou.

—2 Korentyen 9:6-11 (EHV)

Koulye a, men nan ki pati bagay yo vin pi enteresan!

Nou wè yo te itilize mo menm *favè* a nan pati sa, sof nan pasaj sa Pòl ajoute adjektif *tout* poul ede moun kap li yo konprann ke TOUT pouwva Bondye a se deyè mo *favè* a. Pòl pale aklè de bay ak resevwa nan pati sa epi li fè pwèn sa depi bay, tout *favè* Bondye yo ap disponib pou vini nan rekòt la.

Tout *favè* Bondye yo vle di ke tout pouwva Bondye a, sajès Li, *favè* Li, ak konpreyansyon Li disponib pou ou kounye a pouw kaptire rekòt semans sa. Mwen pa konn pou ou, men bagay sa fèm eksite!

Men, sa toujou pa vle di ke rekòt lan pral jis rive pou kont li.

Si yon kiltivatè ki rich anpil te diw ke li pral pretew tout ekipman agrikòl li yo, ki vo plizyè milyon dola, pouw plante ak rekòlte yon rekòt, men ou pat konnen anyen sou agrikilti, aksyon sa pa tap pwofitew nan ankenn sans lan.

Bondye te mete tout pouwva li disponib pou nou, men nou toujou gen pati pan ou poun jwe, menm jan ak kiltivatè a ki konnen gen pi plis bagay toujou pouw fè agrikilti ke jis pase voye semans yo nan tè a.

Pou kounye a, tout sa mwen vle ou konprann se, tout kapasite Bondye yo kanpe la pa sèlman pou edew rekòlte apre ou te fin simen men tou pou edew konnen ki lè ak ki kote pouw simen. Epi poutèt rezon sa, ou gen yon avni finansye san limit!!!!

**PRAN SWEN BIZNIS PA
BONDYE A, EPI LI VA PRAN
SWEN BIZNIS PAW LA.**

Kounye a, nou bezwen ale nan yon etap ki pi lwen epi pale de revelasyon sa aklè nan

objektif pasaj sa pou nou gen lajan an premye.

Bondye kapab mete tout favè li yo debòde pou ou, nan tout bagay, pou tout tan, gen tout sa ou bezwen, ou pral debòde nan tout bon travay.

Nou wè premye bagay Bondye mansyone se pou nou gen tout sa ou bezwen. Gade byen, se pa sèlman sou lajan. Li di nan *tout* bagay ak pou *tout* tan!

Mwen toujou di bagay sa konsa, “Ou pran swen biznis pa Bondye yo, epi Li pral pran swen biznis paw tou.” Alòs, “nan tout bagay ak pou tout tan” pou mwen sa ta vle di ke ou pa tap janm manke anyen, kèlkeswa sa kap pase nan ekonomi an. Lè Bondye di bezwen ou yo pral satisfè, Li pap pale nan sans jis pouw jwenn youn oswa lòt.

Ou pral gen pou prete bay anpil lòt nasyon men ou pap prete nan men pèsonn. Seyè a pral metew anpwemye, se pa denye. Si nou bay kòmandman Seyè a, bondye nou an atansyon nou, ke mwen te ban nou jou sa, epitou si nou swiv yo avèk anpil atansyon, nap toujou anlè nou pap janm anba.

—Detewonòm 28:12b-13

Lè Bondye ap pale de tout bezwen ou yo kite jwenn satisfaksyon, Lap pale de mache nan yon nivo ki gen libète finansye total ki pa gen okenn dèt, mache nan misyon ou ak pasyon, epi manje pi bon manje nan peyi a. Sa vle di tou ou gen lasante pafè epi ou gen lapè pafè.

Dezyèmman, apre bezwen ou yo fin satisfè, ou pap jis siviv men wap pwospere,

Wap vin rich anpil nan tout sans pouw kapab jenere nan tout fason.

Rezilta final la se pouw vin gen kapasite finansye pouw jenere, pouw bay ak sipòte lòt moun, epi pouw sipòte misyon Bondye yo sou tè a.

Objektif pa Bondye se fè moun konnen kè Li epi pouse kè moun sa yo vin jwenn Li.

Jan mwen toujou di sa, “Bondye nan biznis pèp la.”

Kite mwen pran yon ti moman pou mwen pale sou yon fo sipozisyon ke mwen tande souvan anpil.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenewozite a

Mwen tap pale ak kèk moun ki rich anpil nan jou pase a, epi moun sa yo te di, “Mwen pa bezwen gen plis lajan; mwen gen anpil lajan.”

Kounye a, mwen vin konnen kisa yo tap eseye di a—ke yap byen pran swen yo, epi onivo pèsònèl yo pa bezwen plis lajan. Men, an reyalyte moun sa yo bezwen plis ak anpil lajan.

Si nap sèlman gade kisa lajan kapab fè pou nou *onivo pèsònèl*, Lè sa, mwen ta kapab kwè gen yon kote kap mennen nan jwenn plis lajan ki ta ka diminye. Men, siw rive konprann kè Bondye pouw rive sou moun sa yo ak plizyè milyon lòt moun ki poko dekouvri bon lavi ki genyen nan Wayòm nan—men poutan kap pran direksyon nan moman sa pou ale yon kote reyèl ki rele lanfè—Ebyen lè sa, wap kapab konprann ke Bondye bezwen plis lajan!!!!

Kitem di sa ankò, “**BONDYE BEZWEN PLIS LAJAN!**”

Gen anpil lòt travay toujou ki gen pou fèt.

Epi Bondye kapab fè tout kalite favè debòde sou ou, alòs nan tout bagay, nan tout tan, ou gen tout sa ou bezwen, ou pral depase nan tout bon travay.

Ou gen tout bon travay pouw patisipe ladan yo. Tout bon travay se travay ki fèt nan non Wa a. Verite a, ou gen yon travay espesifik pouw fè, dapre Efezyen 4:7, 11-12a.

Men, nou chak grenn nan nou gen favè Bondye a jan Kris la te separe la. Alòs, Kris la li menm te bay apot yo, pwofèt yo, evanjelis yo, pastè yo ak pwofesè yo, pou ekipe pèp li a pou fè sèvis travay la.

— Efezyen 4:7, 11-12a

Ou wè sa, pifò moun vize pou yo vin lib finansyèman paske yo fatige ak kous rat la. Yap chache lapè. Epitou, paske pifò travay yap fè yo, moun sa yo pa renmen travay sa yo reyèlman, yap chache libète sa ke lajan pral ba yo. Yap chache libète pou yo kapab fè sa yo *vle* olye pou yo fè sa yo *dwe* fè. Moun sa yo vle swiv pasyon yo epi konnen kisa ki objektif pa yo nan lavi.

Men yon deklarasyon ki fè moun relijye yo fou:

Ou pral vin rich nan tout sans.

Wi, se sa li di. Ou pral vin rich!

Koulye a, tèm rich lan sibjectif, se vre, epi moun sitou mal konprann li nan kilti pa nou an. Nou vrèman pa kapab di ke yon moun ki gen yon milya dola pi kontan nan nenpòt sans lan pase yon moun ki gen \$100,000. Non, “rich” vle di diferan bagay pou diferan moun. Men, verite a, sa vle di ke tout bezwen nou yo satisfè, ke nap viv san dèt, epi jwi pi bon bagay nan peyi a.

Si ou gen volonte epi ou obeyisan, ou dwe manje pi bon manje peyi a.

— Ezayi 1:19

ALÒS, YON FWA ANKÒ, BONDYE VLE POU GEN ANPIL PWOVIZYON POWW KONTINYE TRAVAY LI A NAN MOND LAN.

Men, lè ou rich sa pa gen pou wè sèlman ak lajan. Li gen pou wè tou ak jwe avèk pitit pitit mwen yo, kenbe men madanm mwen, ak anpil lòt bèl bagay nan lavi. Drenda ansanm avèk mwen gen senk bon timoun, yo tout renmen Bondye epitou nan yon fason oswa yon lòt ap patisipe nan ministè a. Nou tout

ap tou viv pre youn ak lòt, epi, souvan, nou renmen pase bon moman youn ak lòt. Mwen rele bagay sa rich!

Ou wè sa, moun ki relijye yo panse ke gen anpil lajan se arivis. Men, ou pap ka gen twòp lajan si ou nan biznis pèp la avèk Bondye. Toujou gen nouvo misyon ak nouvo teritwa pouw konkeri.

Alòs yon fwa ankò, Bondye vle pou gen anpil pwovizyon pouw kontinye travay li a nan monn lan.

Bondye vle pouw jenere pou Li, ede moun, epi finanse misyon Li yo. Si ou pral kapab vin jenere nan chak green okazyon, ou dwe gen lajan.

Mwen vle di, chak grenn okazyon se ka *chak jou oswa plizyè fwa chak jou*. Ann onèt—pouw kapab fè sa, ou pa ta dwe ap viv sou ti kòb wap jwenn chak mwa a; ou dwe gen plis lajan pase sa kew bezwen pou peye bòdwo ou yo, pi plis toujou! Mwen panse

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenewozite a

ke tout moun ta dwe dakò ak sa.

Men, ann desann nan kote kawotchou a rankontre wout la lè nap pale sou lèw jenere oswa pou bay anjeneral:

Ou dwe fè fas ak perèz lè wap bay.

Mwen pat di ou dwe *sipòte* avèk perèz. Mwen te di ou dwe fè fas avèk PEREZ lè wap bay. Api, pi bon fason pou fè fas ak perèz se avèk verite a!

Alòs, kisa ki se perèz nan bay? Senpleman mete, paske nou pa pral gen ase pou tèt pa nou, se pa vre?

Mwen bezwen lajan sa a, se sa ou kapab ap panse, epitou se vre ou bezwen li. Men, Bondye bezwen lajan sa tou. Epi Bondye pap mande pouw bal lajan wap itilize a san li pa baw yon pwomès, yon bagay kap tounnen vin jwenn ou sou ou investisman ou fè a, èske se Li? Mwen panse Bondye fè bagay sa parèt aklè nan Pawòl Li a:

Bay, epi yap baw tou. Yon bon mezi, foulel, souke ansanm epi videl depase, pral vide koule sou janm ou.

— Lik 6:38a

Bondye pase plis tan nan espikew benefis nan sipòte Wayòm Li an olye tan Lap anseyew sou kisa pouw fè. Li sèlman di yon grenn mo, “*Bay,*” men li sèvi ak 23 lòt mo poul eksplikew *benefis* yo. Mwen panse mwen ta siyen nenpòt kontra ki konstwi konsa!

Konnen Bondye gen yon enterè pou ou viv byen. Reflechi sou sa: Ki kote Bondye pral jwenn lajan Li bezwen an pou finanse ajanda Li a?

Lajan sa a pral oblije soti nan menw, nan menm ak nan men lòt kwayan parèy nou yo, san fot. Se pa moun ki ap swiv Satan yo ki pral finanse misyon pa Bondye yo.

Bagay ki tris la se paske majorite kwayan yo ta kapab di ke se pa yon bon lide poun kwè Bondye pral ban nou yon bagay anretou pou sa yap bay yo. Kwayan sa yo kwè ke lèw bay Bondye epi ou ta tann anyen nenpòt sa li ye a baze sou arivis epi li diminye aksyon veritab la nan adore Bondye.

Èskew kwè yon kiltivatè pa gen ankenn baz poul kwè ke sal bay la ap pwodwi yon pwofi pou li menm ansanm ak fanmi li? Li sèlman sèvi ak lwa Bondye te ba li yo.

Bondye pran plezi lè Li wè nou kap pwospere. Li ban nou lwa simen ak rekòlte a pou

benefis pa nou. Dyab lan te bay legliz la manti sou koze bay epi lajan depi nan konmansman. Gen kèk asanble ki pran fyète nan konfese ve yo nan povrete, yo pa reyalize yap tonbe tou dwat nan manti Satan yo. Jezi te oblije fè fas ak mòd atitid sa anpil fwa pandan ministè Li a. Anreyalite, Li te di youn nan parabòl ki pi popilè li yo konsènan pwoblèm sa, kise parabòl Bon Samariten an.

Yon lè, yon ekspè nan lalwa te kanpe pou teste Jezi. Li te mande: “Mèt, kisa poum fè poum eritye lavi etènèl?”

“Kisa Lalwa ekri sou sa?” li te reponn. “Kòman ou li bagay sa?”

Li te reponn li, “Se pou ou renmen Seyè a, Bondye ou a, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout fòs ou ak tout lide ou”; epi, “Renmen pwochen ou tankou pwòp tèt ou.”

Jezi reponn nonm lan: Ou byen reponn. “Fè bagay sa yo epi wap viv.”

Men, li te vle jistifye tèt li, alòs li te mande Jezi, “Epi kiyès kise pwochen mwen an?”

Men sa Jezi te reponn: “Gen yon mesye ki tap desann soti Jerizalèm ale Jeriko, lè vòlè te atake li. Yo retire rad sou li, yo bat li, yo pati, yo kitel twaka mò. Yon prèt te rive nan menm wout la, epi lè li wè nonm lan, li janbe sou lòt bò a. Konsa tou, yon Levit vin rive kote li wè nonm lan, li janbe sou lòt bò a. Men, pandanl tap vwayaje, yon Samariten rive kote nonm sa te ye a. Lè li wè nonm lan, li pran pitye pou li. Li al jwenn li, li pwòpte blesi li yo, li vide lwil ak diven sou li. Apre sa, li mete nonm lan sou pwòp bourik li a, li mennenl nan yon lotèl epi yo pran swen li. Nan denmen, li pran 2 pyès lajan, li bay mèt otèl la. ‘voye je sou li,’ se sa li te di, ‘epi lèm retounen, map ranbousew pou nenpòt ki depans sipleman tè ou ta fè.’”

“Kilès nan 3 mesye sa yo ou panse ki te yon pwochen pou nonm ki te tonbe anba men vòlè a?”

Ekspè nan lalwa a reponn, “Moun ki te gen pitye pou li a.”

Jezi di li, “Al fè menm jan an tou.”

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Mwen panse nou tout te gentan tande istwa sa avèk leson an kise: Kisa Bondye tap fè si li tap mache sou wout la epi li wè nonm sa a? Nou konnen Senyè a pa tap kite nonm sa ke yo te bat lan poul te mouri sou wout la.

Leson pifò klas lekòl dimanch yo anseye nan bagay sa a se ou dwe yon bon pwochen. Pran swen lòt moun. Pran swen lòt moun se kè pa Bondye, epi mwen kapab di mwen dakò ak evalyasyon sa a san pousan. Sepandan, gen gen anpil lòt bagay toujou ki souvan rete deyò.

Pouw vrèman konprann brimad Jezi a anvè pwofesè lalwa sa a, ou bezwen konprann klima sosyal epòk la. Jwif yo te konn meprize Samariten yo epi yo te konsidere yo kòm moun ki pa pwòp ki pa espiyèl. Kidonk, Juif yo te konsidere pwòp tèt pa yo pi sen epi pi jis nan zye Bondye pase moun Samariten yo nan yon nivo ke yo pa tap menm asosye tèt yo avèk moun sa yo. Alòs, istwa Jezi a fondamantalman se yon kalòt nan figi pwofesè lalwa sa a, yon brimad pou mòd atitud relijye li a. Mwen panse nou tout konprann bagay sa.

Men, pati mwen pa janm tande a, mwen vle di ke mwen pat janm tande yap anseye nan okenn klas lekòl Dimanch yo, se pati nan istwa a ki pale de 2 pyès monnen an ajan yo. Poukisa Jezi te pale sou de 2 pyès monnen an ajan yo, si pwen Li te vle fè pase konsènan move kè pwofesè sa a anvè Samariten yo te gentan klè? Ann chèche konnen.

Aprè sa, li mete nonm lan sou pwòp bourik li, li mennen li nan yon lotèl epi pran yo swen li. Nan denmen, li pran 2 pyès lajan, li bay mèt otèl la. “Voye zye sou li,” se sa li te di, “epi lèm retounen, map ranbouse ou pou nenpòt depans sipleman tè ou ta fè.”

— Lik 10:34a-35

Nan istwa sa Jezi ap anseye la, nou kapab wè tou ke se yon analogi ak bagay sa yo Jezi ta pral fè pou nou. Nou kapab wè Satan, vòlè a, ki te bat limanite epi li krazel. Nou konprann lwil la ansanm ak diven an pwofetikman reprezante Sentespri a epi alyans san Jezi pral bay tout moun ki vin jwenn Li. Epitou, nou wè nan istwa a ke, apre Samariten an te fin aplike lwil oliv la ak diven an, Samariten an pran yon lòt etap epi li deplase nonm blese nan yon otèl poul geri. Samariten an konnen mesye a ap bezwen tan poul

geri, epi li mennen li nan yon kote ki an sekirite pou li refè, tout depans sa yo se sou kont li.

Mwen kwè lotèl la reprezante legliz lokal la. Kise kote Jezi mennen moun sa yo ke yo te bat epi kite twaka mò sou wout lavi a. Moun sa yo vin fèt yon dezyèm fwa, yo te pirifye anba peche gras ak alyans san an epi yo te ba yo lavi ataravè Lespri Sen an, men moun sa yo ap pote toujou tach ak doulè sistèm madichon tè a. Yo bezwen tan pou yo geri epi pou yo aprann yon nouvo fason pou yo viv. Jezi mete moun sa yo nan yon legliz lokal ak anba yon otèl, pastè lokal la, se pou sipèvize pwogrè moun sa yo.

Men, malerezman, nou jwenn menm atitud pwofesè lalwa sa te genyen an anndan legliz. Moun yo pa vle patisipe ede soti nan lotèl la. Tankou moun sa yo ki tap pase bò kote nonm blese a, moun sa yo te konsidere pwoblèm nonm lan kòm pwoblèm yon lòt moun. Poukisa yo ta dwe ap patisipe? Kisa ki te gen nan bagay sa pou yo ekseptel koute yo tan ak lajan?

Akòz mòd atitud sa, pastè yo pase anpil nan tan yo ap sipliyè moun sa yo pou yo ede yo ak pepinyè a oswa pou yo ede dirije yon ti gwoup. Men, ta sanble moun sa yo te gentan twò okipe nan fè pwòp afè pa yo epitou yo twouve bagay sa difisil pou yo fè. Relijyon li menm pa ofri okenn ankourajman, sèlman devwa ak lalwa. Relijyon eseye kilpabilize moun pou fè yo ede lè lap di, “Ou dwe Bondye pouw pran swen bagay sa oswa sa. Apre tou, gade sa Bondye fè pou ou.” mwen dakò, nou ta dwe toujou gen volonte ak rekonesans kè yo anvè Bondye epi gen dezi poun ede lòt moun, men Bondye pa opere ak mòd sistèm “Ou dwem” lan. Li di, “Map kite 2 pyès monnen pouw kouvri kèk depans epi map peyew NENPÒT sa li koutew anplis lèm retounen.”

Yon fwa ankò, mantalite relijye a pral pran deklarasyon sa a kòm siyifikasyon lè nou rive nan syèl la, Jezi pral rekonpanse nou pou travay nou te fè isit lan sou tè a pou Wayòm Li an. Non, lè Jezi tap rakonte istwa a, Li tap fè referans ak lè antreprenè sa tap retounen nan vil la apre vwayaj li a. Jezi tap pale de èd finansye a an tan-reyèl pou mèt otèl sa. Men, kounye a, gen moun ki pral di, “Bon, Bondye pral jere depans otèl la pandan yap pran swen moun sa a, men mwen menm tou mwen gen depans reyèl anndan lakay mwen. Mwen pap kapab peye tan oswa lajan poum patisipe.” Mantalite sa kote yap remèt ou tout saw te depanse a, tou senpleman pa motive ankenn moun pou yo

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

kapab patisipe. Se vre, bagay sa ede, men li pa revele tout istwa lanmou Bondye pou moun kite patisipe yo.

Wi, mwen konnen kisaw pral di: “Nou tout ta dwe ede nan otèl la tou senpleman paske nou renmen Bondye.” Wi, ou ta kapab fè sa tou akòz fidelitèw anvè pastèw ak lanmouw epi devwaw anvè Bondye, epi bagay sa nesèsè kèk fwa... Men, Bondye vle pouw *eksite* pouw “travay nan lotèl la” ansanm avèk Li.

Epi se pwen an sa—nou pap travay POU Bondye men, pito, ansanm AVÈK Bondye. Bondye, li menm di pawòl sa yo kap vin annapre yo atravè Pòl:

Kiyès kap sèvi kòm sòlda sou pwòp depans li? Ki moun kap plante yon jaden rezen epi ki pap manje rezen li yo? Ki moun kap pran swen yon bann mouton epi ki pap bwè lèt la? Èske map di sa sèlman pou otorite lèzòm? Èske lalwa pa di menm bagay la? Paske, men sa ki ekri nan Lalwa Moyiz la: “Pa mete mizo pou bèf la pandan lap pile grenn.” Èske se sou bèf yo enkyetid Bondye a ye? Asireman, Bondye di sa pou nou menm, se pa vre? Wi, sa te ekri pou nou, paske nenpòt moun kap sakle ak bat ble yo ta dwe kapab fè sa nan espwa pou yo patisipe nan rekòt la.

— 1 Korentyen 9:7-10

Bondye pa vle pou sèvi Li nan perèz oswa jis paske son devwa pouw fè sa.

Gade byen sa Li te di, “Nenpòt moun kap sakle ak bat ble yo ta dwe kapab fè sa avèk espwa poul patisipe nan rekòt la.” Bondye pa jis pran swen rekòt la ki se yon rezilta nan misyon li te gen pou ou. Li pran swen tou moun kap travay bò kotèl, epi Li vle yo patisipe nan lajwa rekòt la menm jan Li fè sa.

Jezi te chwazi yon mèt otèl pou istwa a pou yon rezon ki enpòtan anpil. Nou konprann ke mèt otèl la ap jere yon biznis. kite bati sou pousantaj lap fè chak jou sou pri jeneral yo ak anplwaye li yo. Men, sou tèt tout depans ki nesèsè yo poul fè otèl la fonksyone, lap ajoute pwofi. Wi se sa, *pwofi*.

Chak fwa otèl la chaje ak envite pou yon nwit, li fè pwofi. Poutèt sa, mèt otèl la gen yon pèspektiv ki diferan anpil anvè nonm kite blese a ke yo te mennen devan pòt li a. Sa pat koutel yon santim poul pran swen nonm lan, paske vwayajè a te pwomèt lap peye

tout depans li yo. Men, mèt otèl la konnen yon reyalite ki pèmèt li ede nonm sa san okenn rankin. Anreyalite, li prèske egare fas ak opòtinite sa ke li jwenn lan.

Ou wè sa, mèt lotèl la konprann ke chak swa mesye sa te rete la, li pral fè yon pwofi, gras ak kanè chèk tou louvri antrprenè ki tap vwayaje a, li te vrèman kontan. Mwen kapab jis imajine konvèsasyon mèt otèl la ak antrprenè sa ki tap vwayajè a pandan lap pati ale nan vwayaj li a: “Ey, siw ta wè nenpòt lòt moun ki bezwen èd pandan tanw sou wout la, asirew ke ou mennen yo isit lan. Mwen va pran tout sa ou kapab pote pou mwen, epi si mwen ta manke chanm, map ajoute plis chanm ankò!

Janw kapab wè sa, gen anpil lòt istwa pi plis toujou ke jis istwa nou abitye yo sou sa Jezi ta kapab fè. Jezi tap eseye korije atitid relijye ekspè nan lalwa a te genyen anvè Bondye ak Samariten an. Li te tou fè yon pwen pou fè li konnen ke li te rate yon opòtinite fòmidad ke Samariten an te pran—*pwofi!*

**MALEREZMAN MOUN SA YO
RATE KÈ BONDYE, KE LI
VLE PEYE NENPÒT PRI SA
TAP KOUTE A POU RIVE
JWENN MOUN SA YO, EPI LI
TOUJOU BAN NOU PI PLIS
PASE SA NOU ENVESTI. LI
TOUJOU FÈ SA**

Mwen toujou tris chak fwa mwen tande moun ap di ke Bondye fè move bagay rive bon moun, oswa mwen wè moun kap sèvi Bondye akòz devwa relijye yo olye bèl lavi eksitan yo ta kapab genyen an. Satan te eseye kache bonte Bondye pou pèp Bondye a pou yo pat vle sèvi Li ak tout kè yo.

Pou pifò moun, legliz la se jis yon lòt evènman anplis nan kalandriye a olye ke yo konprann ke se yo menm ki legliz la, otèl kote Bondye voye moun pou yo vin antye a. Malerezman yo rate kè Bondye, ke Li dispoze peye nenpòt sa li koute a poul rive jwenn moun, epitou li toujou ban nou plis pase sa nou investi.

Map sonje mwen te chita ansanm ak frè Drenda a sa gen plizyè lane poum te diskite sou pwen sa a—ke Bondye bon epi lap rekonpanse nou, epi Li ban nou Wayòm nan ki satisfè tout bezwen nou yo. Konpreyansyon sa sou Wayòm nan te nouvo pou Johnny avèk madanm li, Candi, paske yo te soti nan yon legliz tradisyonèl kote yo tap anseye yon ti kal nan verite a.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Johnny ak Candi se te pwofesè nan sistèm lekòl Georgia nan epòk la, epi pandan li tap anseye, Johnny te konn travay a tan pasyèl nan konpayi finansye mwen an kise, Forward Financial Group. Sa te parèt tankou tou natirèl Johnny te fèt pou biznis la. Pandan premye ane li nan konpayi an, li te fè plis tan pasyèl pase tan li te fè pandan yon ane nan ansèyman, alòs li te deside kite ansèyman epi vin travay atan plen nan biznis finansye a.

Okòmansman, Johnny tap byen pase. Men, ti kras pita nan menm ane sa a, mwen te wè ke aktivite li te kòmanse bese, mwen te konnen ke li pa tap kapab kontinye ak vitès sa pandan lontan.

Drenda ansanm ak mwen te planifye yon vwayaj poun ale Georgia pou sezon Nwèl la, epi se te tout entansyonm poum kanpe epi pase kèk tan avèk Johnny pou wè si mwen te kapab idantifye kèk nan rezon sa yo ki fè li pat pwodwi biznis li te bezwen poul rete atan plen an. Anvan mwen te rele Johnny, li te gentan relem, li te mande si mwen tap kapab vini jwenn li lakay li poun diskite sou biznis. San pwoblèm, mwen te deja prepare pou fè sa.

Mwen te kapab di ke Johnny avèk Candi te pè. Yo te gentan gen yon valè \$5,000 dèt bòdwo yo dwe pou mwa sa, epi yo pat gen okenn lajan yap tann ki ta pral kapab peye dèt \$5,000 pou mwa pwochen yo tap gen bezwen. Pandan mwen te chita avèk Johnny, premye mo Johnny yo se te, “Sa pap mache.” mwen te konnen konpreyansyon Wayòm nan te nouvo pou Johnny avèk Candi, epi mwen te santi mwen te bezwen antrene yo sou fason pou yo jere bagay sa espiyèlman. Paske mwen te gentan konnen Wayòm nan toujou ap travay! Alòs, mwen te pase apeprè 2 zèd tan ansanm avèk yo ap pale sou lwa Wayòm nan ak kijan pou yo libere lafwa yo. Pandanm tap pale a, mwen te kapab santi laperèz la ki tap disparèt epi lafwa te kòmanse monte. Mwen te konnen Johnny te pare pou pwochen etap la.

Mwen te di, “Johnny”, “Ou bezwen plante yon grenn semans avèk Bondye epi kwè nan li pou lajan ou bezwen an.”

Johnny avèk Candi te dakò, men yo pat gen lajan. Se konsa, sa te rive ke mwen te pote yon chèk \$160 pou Johnny. Mwen te konnen yo te kapab sèvi ak lajan sa a, men mwen te ankouraje yo pito pou yo simen li kòm yon grenn semans paske nou tou 2 te

konnen ke \$160 a, poukont li, pat kapab jere dèt \$5,000 bòdwo ke yo te bezwen ratrape a oswa \$5,000 bòdwo kite gen pou vini an. Yo te dakò.

Pandan nou tap lapriyè epitou degaje lafwa nou ansanm, mwen te mande Johnny, “Kisaw kwè wap resevwa lè wap simen lajan sa a?” Pandan pawòl yo tap kite bouch mwen, Lespri Sen an te kanpem epi li te dim pinga mwen kitel reponn, mwen te gentan konnen poukisa. Johnny ta kapab di ke li te kwè lap jwenn \$5,000 sa, paske san ankenn dout, se sa presyon te ye. Olye de sa, Lespri Sen an te dim: “Mande li si \$12,000 nan 30 jou ap ase.”

Alòs, mwen te fè jis sa. Mwen te anpechel reponn epi mwen te mandel si \$12,000 nan 30 jou tap ase. Mwen te kapab wè zye li louvri byen gran lèm te fin deklare kantite Senyè a te dim poum mande la. Mwen te konnen ke Johnny pat janm fè \$12,000 nan 30 jou pandan tout lavi li. Li te chita la pou yon minit epi apres li te di, wi, li te kapab kwè bagay sa avèk mwen. Mwen poze Candi menm kesyon an, li te di wi tou. Nou mete men nou ansanm sou chèk sa a, epi libere lafwa nou poun jwenn \$12,000 sa nan 30 jou.

Twa semèn apre, mwen te resevwa yon apèl de Johnny. Zanmim, Johnny te eksite. Li te ekri ase biznis nan twa semèn ki sot pase la yo ki pou peyel pa sèlman \$12,000 men \$17,000. Johnny te di li te yon kwayan tout bon vre kounye a.

Malerezman, 2 mwa apre, Johnny te pèdi kontwòl machin li yon lannwit anba lapli pandanl tap tounen lakay li apre yon randevou. Machin nan te kraze totalman, men Johnny te soti vivan nan aksidan an, sa pou kont li se te travay Bondye. Sepandan, akòz aksidan an, Johnny pat kapab travay pandan lap geri a. Pandan peryòd tan sa a, yo te sezi kay li epi yo te mete kay lan avann pou yon cherif. Johnny te bezwen \$10,000 poul pat pèdi kay lan.

Sepandan, pandan tan sa a, Johnny avèk Candi te deside ke yo te bezwen ale Ohio pou yo ka vin pi pre ansèyman Wayòm nan ki tap chanje lavi yo. Se konsa, yo te mete kay lan avann, menm si yo te konnen yo te gen sèlman apeprè yon mwa anvan vant cherif la te rive.

Pandan dat la tap pwoche pi pre, pat gen okenn achtè reyèl kite vini jis kèk jou anvan dat vant lan lè yon nonm te vini epi li te ofri poul achte kay la. Men, nonm sa te gen yon demann. Li te vle konnen èske si li te bay Johnny \$10,000 kounye a, èske li te kapab

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

kenbe kay la pou 30 jou jiskaske li te fini ak kèk lòt biznis ki ta pral bal lajan poul fè acha a.

Johnny te choke. Li te konnen ke si li te pral retire kay la nan vant cherif la, sa te dwe yon achtè ki gen tout lajanl kach paske lavant lan tap rive sèlman nan 2 jou konsa. Achtè sa a te vle ekri yon chèk bay Johnny pou \$10,000 menm moman an epi fin peye pita. Montan sa se te kantite egzak ke Johnny te bezwen an. Johnny te gentan konnen ke sa se te Bondye, li pran chèk \$10,000 a, li peye kay la. O, \$ 10,000 sa a se te pri lajan nan tèt lis la.

Se konsa, Johnny avèk Candi te deplase ale Ohio epi yo te lwe yon kay pou yo rete. Yo te vin ap patisipe nan Legliz Lafwa Lavi, epi Johnny te antre nan biznis finansye a ak fòs ki renouvle. Men koulye a yo te gen yon nouvo pwoblèm. Yo te gen yon sèl machin, epi Johnny te bezwen li pou ale nan anpil randevou li te konn genyen pandan semèn lan pou reyinyon ak kliyan yo. Ok, yo te konnen kisa pou yo fè. Yo te simen yon grenn semans pou yon machin nèt epi yo te kwè yo te resevwa li pandan yo tap priye a, dapre Mak 11:24.

Après, bagay ki pi etranj lan te vin rive. Yon zanmi anfans Johnny te rele li...

“Johnny, èske mwen te janm ranbousew pou bisiklèt sa a ou te ban mwen an epòk nou te nan klas sizyèm ane?” se sa li te mande.

“Non,” Johnny te di li.

Après, zanmi li an te di, “Ok, mwen pral ranbousew kounye a. Mwen pral achte yon BMW pou ou.”

Lè yo te timoun, 2 ti gason sa yo te konnn toujou ap pale sou koze machin, epi li te konnen Johnny te toujou vle gen yon BMW. Zanmi an te fidèl ak pawòl li epi li te transfere Johnny lajan an bay Johnny poul achte BMW li te toujou vle a. Men, apre Johnny te fin resevwa lajan an, li reyalize ke ak yon fanmi kap grandi, yon BMW se pat machin li vrèman gen bezwen an. Li menm avèk Candi te deside pran yon SUV pou fanmi Candi an ak yon machin ki pi piti pou Johnny jere koze biznis paske ti machin fanmi Candi yo tap kondwi a te fin vye granmoun epitou li te gen pwoblèm. Alòs, se konsa bagay sa te pase.

Map sonje jou lannwit sa lè Johnny te rele mwen an. Li te chita nan nouvo SUV li an

nan antre lakay li a bò kote lòt machin tounèf li an ak dlo nan zye pandan li tap dim kijan li te choke paske se te premye fwa nan lavi li ke li tap achte 2 machin ansanm.

Johnny te yon nouvo moun. Apre sa a, Johnny te vin konnen ke Bondye te kapab fè nenpòt bagay la.

Yon jou Johnny te vini nan biwo mwen an epi li te dim ke li te fatige ak koze lwe kay sa, ke li menm avèk Candi te vle yon fèm avèk anpil tè epi yo tap chèche youn. Ok, mwen te konnen ke kredi Johnny a pat bon akòz debri epi mwen te ankouraje li lwe pou yon ti tan ki pi long epi konstwi rezèv lajan kach li yo sa kap pèmèt nivo kredi li monte. Men, Johnny pat bay sa mwen tap di li a twòp atansyon.

Apre sa, li te di mwen ke li te wè yon fèm kanpay tikras pi ba kote mwen rete a ki te pou vann, epitou li ta pral pran enfòmasyon poul achte fèm kanpay la. Se vre, paskem te posede yon konpayi ipotèk nan moman sa, mwen te konnen pat gen okenn fason pou Johnny ta kapab kalifye poul achte fèm sa. Mwen te gentan konnen tou Johnny pat gen lajan depo a pou yon acha konsa.

Mwen te choke yon semèn pita lè Johnny te retounen nan biwo mwen an avèk yon souri epi li te dim ke fèm lan te pou li kounya. Apre li te fin dim bagay sa, mwen te konnen istwa li a se te yon istwa mwen te oblije tande. Se vre, li menm avèk Candi te simen yon semans finansye nan travay Bondye a jan yo te gentan anseye yo pou yo kwè ke yo te resevwa rekòt la depi lè yo tap priye a. Apre sa, Johnny kontinye epi li eksplike mwen sa ki te pase a.

Johnny tal pale ak bank li an sou koze acha a, epi manadjè bank lan te rale rapò sou kredi johnny, li te chita avèk li epi li di, “Johnny, ou te gen rezon sou sa ki gen pou wè ak kredi ou. Ou pa kalifye pou achte anyen.”

Men, apre sa, manadjè a te vin di yon bagay ki etranj. Li pouse dosye kredi a sou kote epi li di, “Men mwen apresye ou. Kitem wè kisa mwen kapab fè pou ou.”

Poum fè yon istwa long vin yon ti kras pi kout, bank lan te finance 100% acha a, li te bay Johnny 4 mwa jiskaske kontra lwaye li te genyen nan moman sa te fini poul te deplase, bank lan te ranpli tank gaz pwopan lan, li te peye enpo ki pat ko peye sou pwopriyete a, epi li te bay Johnny yon chèk \$5,000 alafen poul repare fant sa yo ki nan beton sou galri devan an.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Mwen te chita la byen sezi pandan Johnny tap kontinye pale sou Wayòm nan. “Waw!” se te sèl grenn mo sa mwen te kapab di.

Yon mwa apre, Johnny te dim ke li te simen yon grenn semans pou yon traktè Ford. Li te di mwen ke li te deside li te gen bezwen yon traktè nan nouvo fèm kanpay li a epi li te simen yon grenn semans espesifik pou yon traktè dyezèl mak Ford koulè ble. Yon lòt fwa ankò, Johnny tap travay pou mwen, epim te konnen pri traktè a, mwen te konnen ke li pat gen kalite lajan pou traktè dyezèl sa.

Men avèk anpil asirans, kèk semèn apre pandan mwen tap gade sou wout la, mwen te wè Johnny ki tap kondwi yon traktè dyezèl ble ap antre lakay li a. Lè mwen mande li ki kote epi kijan li te rive jwenn traktè a, li te dim konsa yon fanm owaza te pwoche bò kote li nan legliz epi li te mande li si li pat konnen nenpòt moun lan ki te gen bezwen yon traktè. Yo tap likide fèm paran li yo, epi te gen traktè sa a ke yo tap eseye fè kado. Johnny te di dam sa li te enterese gen traktè a.

Ebyen, dam lan te di Johnny poul pat enkyete li pou koze lajan, la jis peye lè li kapab; ke li pat prese. Alòs, apre sa, Johnny te gen traktè a.

Siksè Johnny tap kontinye. Mwa ki tap vini an, li te fè \$72,000 jis pandan yon mwa. Siw te mande Johnny kijan bagay sa te fè rive, li tap diw sa te rive apre li te vin jenere anvè Bondye epi li te konprann lwa Wayòm nan.

Ala yon bèl istwa sa! Mwen kapab sonje epòk mwen te chita ansanm ak Johnny epi Candi lakay yo nan Georgia jou lannwit sa ap pataje Wayòm nan ansanm avèk yo. Yo te akable ak koze \$5,000 reta sou bòdwo yo epi fè fas ak Nwèl la epi yon lòt \$5,000 dèt bòdwo kap vini san yo pa gen okenn espwa lajan. Mwen panse ou te kapab enterese tande kisa mwen te di yo jou lannwit sa.

Mwen te konnen ke mwen te dwe senpleman ede yo wè Bondye atravè bwouya sikonstans ke yo tap fè fas la. Mwen te kòmanse montre yo sa nap pale a nan 2 Korentyen 9:10-11:

Koulye a, li menm ki se moun ki bay grenn pou moun kap simen an ak pen pou manje, pral bay tou semans nou yo, lap ogmante kantite grenn nou yo, epi lap fè rekòt jistis nou an ogmante. Wap anrichi nan tout fason pouw

kapab jenere nan chak okazyon, epi atravè nou menm jenerozite paw la pral lakòz gwo remèsiman pou Bondye.

Mwen te fè yo wè ke Pòl tap di ke Bondye pat sèlman pral bay semans pou simen an, men tou Li pral bay pen pou pwòp bezwen nou yo. Pen fè referans ak tout sa ou bezwen pèsònèlman nan lavi ou. Depi la, Li pral ogmante kapasitew pou bay menm plis toujou. Sa ki vle di ou pral vin gen plis.

Yon lòt fwa ankò, kisa perèz nan bay? Ke ou pral manke lajan pou pwòp bezwen pa ou yo.

Men, bay plis atansyon ak sa Bondye di a. Li bay moun kap simen an grenn ak pen pou manje. Koulye a, men yon kesyon ki enpòtan anpil, epi se te kesyon sa mwen te poze Johnny.

Èske sa ou genyen nan menw lan se semans oswa se manje? Se chwa paw.

Papa manmanm, gran papam, se te fèmeye pandan tout lavi li. Map sonje lè mwen te yon jèn ti gason mwen te konn jwe nan kabwèt semans li an. Ou kapab poko janm tande pale de kabwèt semans. Li kapab pa menm yon tèm ki reyèl, men se konsa nou te relel lè nou tap grandi ak granpapa nou. Ou wè sa, chak ane nan sezon rekòt la, granpapam te toujou kenbe ase grenn semans poul ranpli yon kabwèt li te genyen nan depo a. Kabwèt sa te plen ak grenn semans li tap sere poul plante nan sezon prentan pou rekòt ane kap vini an.

Pandan mwa ivè yo, granpapa te oblije sere gwo kabwèt sa ki te plen plant soya, paske granpa te konnen li te gen chwa swa poul vann yo pou jere bezwen imedyà yo oswa sere li poul plante nan peryòd prentan kote li te gentan konnen sa tap pwodwi yon gwo rekòt. Granpa te gen yon chwa, men li te konvenki pa lwa kap gouvène tan semans ak rekòt la, epi li te mize lavil sou lwa sa yo.

Johnny avèk Candi te oblije fè fas a menm desizyon an lè yo te kenbe chèk \$160 sa nan men yo. Yo sèten yo te kapab itilize chèk sa pou peye youn nan bezwen ijan yo, men olye de sa, yo te konnen ke lè yo jenere anvè Bondye sa tap ba yo yon pi gwo rekòt alontèm. Epi yo te gen rezon panse konsa.

Yon moun ki bay avèk libète, lap vin genyen plis toujou; yon lòt kap

kenbe san rezon, men kap vin pòv.

—Pwovèb 11:24

Anvan nou fini chapit sa a, gen yon lòt parabol mwen ta renmen gade—Matye 25:14-30, se parabol talan yo.

Ankò, sa pral tankou yon nonm ki pral nan yon vwayaj, ki te rele sèvitè li yo, li te konfye yo richès li yo. Li bay youn 5 sak lò, yon lòt 2 sak, yon lòt 1 sak lò, chak sèvitè sa yo dapre kapasite yo. Apre sa, li ale nan vwayaj li. Nonm ki te resevwa 5 sak lò a ale menm kote a, li mete kòb la travay pou li, epi li te vin gen 5 lòt sak ankò. Konsa tou, moun ki te gen 2 sak lò a te vin gen 2 lòt anplis. Men nonm ki te resevwa yon sèl sak la tale, epi li fouye yon twou nan tè a epi li sere lajan mèl li a.

Apre yon bon bout tan, mèl sèvitè sa yo te tounen epi li regle kont moun sa yo. Nonm ki te resevwa 5 sak lò a pote 5 lòt sak. Li di, “Mèt, ou te banm 5 sak lò. Gade, mwen pote 5 sak anplis.”

Mèt li a te reponn, “Byen fè, bon fidèl sèvitè! Ou te fidèl ak kèk bagay; Map metew responsab anpil bagay. Vini pataje kè kontan avèk mèl ou!”

Nonm ki te gen 2 sak lò a te vini tou. Li di, “Mèt, ou te banm 2 sak lò. Gade, mwen te pote 2 lòt.”

Mèt la te reponn, “Byen, bon fidèl sèvitè! Ou te fidèl ak kèk bagay; Map metew responsab anpil bagay. Vini pataje kè kontan avèk mèl ou!”

Apre sa, nonm ki te resevwa yon sèl sak lò te rive. Li di, “Mèt, mwen konnen ou se yon moun ki di, wap rekòlte kotew pat simen epi wap ranmase kotew pat plante. Alòs, mwen te pè, mwen tal sere lò ou anba tè. Gade, men sa ki pou ou a.”

Mèt la te reponn, “Ou mechan, sèvitè parese! Alòs, ou te gentan konnen mwen rekòlte kote mwen pat simen epi ranmase kote mwen pat plante anyen? Ebyen, ou te dwe mete kòb mwen an nan bank, pou lèm te tounen mwen ta resevwal ak enterè.”

Alòs, pran sak lò a nan men li, epi bay moun ki gen 10 sak la. Paske, tout

moun ki genyen yo pral resevwa plis, epi yap vin genyen annabondans. Moun ki pa genyen, menm sa yo genyen an, yap wete sa ki nan men yo a. Jete domestik san valè sa deyò, nan fènwa a, kote pral gen kriye ak manje dan.

—Matye 25:14-30

Istwa sa son istwa nou konnen. Mèt la ap kite vil lan epi li te mete 3 domestik anchaj. Li bay youn 5 sak lò, yon lòt 2 sak lò, yon lòt yon sèl sak lò.

2 premye mesye sa yo tal travay menm moman an epi yo te double sak lò pa yo a. Mèt la bat bravo pou travay mesye sa yo. Men, se twazyèm sèvitè a mwen vle gade. Yo te ba li yon sèl sak lò men li pat fè anyen ak li. Anreyalite, li jis antere lò a jiskaske mèt li te tounen.

Aprè sa, nonm ki te resevwa yon sèl sak lò an rive. Li di, “Mèt, mwen te gentan konnen ou se yon moun ki di, wap rekòlte kotew pat simen epi wap ranmase kotew pat plante. Alòs, mwen te pè, mwen tal sere lò ou anba tè. Meli, men sa ki pou ou an.”

Bay plis atansyon ak premye fraz la, “Mèt, mwen te gentan konnen ou se yon moun ki di, wap rekòlte kotew pat simen epi wap ranmase kotew pat plante.”

Kisa lap di la? Mwen pral diw egzakteman kisa lap di la. Li di, “Poukisa mwen ta dwe patisipe? Si wap rekòlte kotew pa plante, kiyès ki peye pou semans lan, kiyès ki plante li epi ki fè tout travay pou fè li grandi?”

Kounye a, nou vin konprann ke se mèt la kite ba li lajan poul achte grenn semnas lan, men atitid sèvitè sa bagay sa pat gen tout enpòtans poul patisipe ladanl. Pat gen anyen nan bagay sa pou li. Tout pwofi, rezilta travay li a, tal jwenn mèt la. Paske refleksyon pa li sou mèt la, yon moun li te wè kòm yon travayè ki difisil, sèvitè a te refize patisipe. Sèvitè a te eseye kache mepri veritab li gen pou mèt la lè li deklare motif poukisa li te kache lajan an, se paske li te pè poul pat pèdi li, konsa li te kache lò a poul te kapab pwoteje li. Men mèt la rele bagay sa blòf, mèt la di ke si li vrèman tap panse nan enterè li, li tap omwen mete kòb la labank, epi li ta resevwa yon enterè sou li.

Non, sèvitè sa pat pè pèdi lò a; li te pè pito de kisa bagay sa ta kapab koute li pou li te

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

patisipe ladanl. Nonm lan te gen yon imaj pèvè epi mechan sou mèt la, pèvè paske opoze a anreyalite se laverite. Mèt la pat yon travayè ki difisil. 2 lòt sèvitè yo te jwenn rekonpans ak pwomosyon epi yo te envite mesye sa yo vin byen jwi ak mèt la apre yo te fin reyisi travay yo a ak lajan mèt la. Sèvitè sa, akòz move imaj li genyen de mèt la, te chwazi pat patisipe. Epi se egzakteman bagay sa relijyon anseye nou—ke Bondye se yon travayè ki difisil epi pa gen okenn pwofi nan travay ansanm avèk li, alòs poukisa poum patisipe?

Men, imaj sa de Bondye totalman pèvè epi li pa laverite. Rele Bondye enjis se mechan. Bondye se egzakteman opoze imaj sa.

Bondye bon epi lap bay rekonpans.

Men koulye a, mwen vle mete aksan sou yon pwen ki enpòtan anpil ki te rive nan istwa sa a. Gade avèk anpil atansyon ki sa mèt la te fè ak lò li pran nan men domestik mechan sa.

Alòs, li pran sak lò a nan men li, li bay moun ki gen 10 sak la. Paske, moun ki genyen yo pral jwenn plis, epi yo pral gen annabondans. Moun ki pa genyen yo, menm sa yo genyen an, yap wete yo nan men yo. Epi jete domestik san valè sa a deyò, nan fènwa a, kote pral gen kriye ak manje dan.

Èske mwen te byen li bagay sa? Mèt la pran sak lò a nan men domestik ki pa vo anyen an, li bay sila ki te gen 10 sak la men li pat bay sila ki te gen 4 sak la? Mwen pa sèten bagay sa ta dwe politikman kòrèk, men se sa mèt la te fè. **GADE AVÈK ANPIL ATANSYON!!!!**

BONDYE PRAL BAY PITIT LI YO KI GEN ENTERÈ PA LI YO NAN LESPRI YO GWO LIDE AK MISYON LI YO...

Bondye pral bay pitit Li yo ki gen enterè pa Li yo nan lespri yo gwo lide ak misyon li yo epi kitE pwouve fidelite ak lwayote nan ti travay yo anpremye.

Bondye pa sòt. Li pral mete lajan li kote lap jwenn pi gwo enterè a.

Tanpri reflechi sou sa mwen sot di yo—Bondye pral mete lajan li kote lap gen pi gwo enterè a!

Kounye a, se vre, Bondye pa nan biznis *lajan*, men li nan biznis *pèp* la. Epi pandan nap rete fidèl pou nou travay avèk dilijans ansanm avèk Li, lap ankouraje nou epi lap ban nou favè ak bon bagay li yo.

Wi, Bondye gen moun li pi renmen nan sans moun sa yo li fè konfyans ak diferan misyon li yo. Moun ki pwouve yo fidèl yo pral jwenn konfyans Bondye pou yo okipe travay ki pi gwo epi kap gen plis rekonpans pou sa.

Gade byen atitid 2 sèvitè sa yo ki te fè siksè—menm moman an yo te ale epi mete lajan mèt la nan travay! Poukisa menm moman an? Paske yo te konnen bagay sa a se te yon *opòtinite*, men pat yon pwa nan esklavaj.

Alòs, anpil nan pèp Bondye a konsidere sèvi Bondye kòm yon travay difisil, yon devwa yo dwe akonpli epi se pa pou opòtinite li ye a tout bon vre.

Lè Drenda ansanm avèk mwen tap konstwi kanpis Now Center a, nou te oblije pran yon desizyon. Nou te yon legliz ki gen sèlman apeprè 300 moun lè nou te deside ke nou te bezwen bati yon kay pèmanan epi pi gwo pou kantite kwayan yo ki kap grandi.

Nou te deside rasanble otan lajan nou te kapab nan yon pwojè \$6 milyon dola. Montan sa te yon gwo kantite lajan pou nou nan epòk la. Plan an se te bati enfrastrikti debaz la pou apeprè \$ 4.2 milyon dola epi ajoute ekipman ki rete yo pou \$2 milyon dola epi kontinye konstwi pandan lajan ap antre.

Se pat premye eksperyans nou te genyen lè nou te jenere anvè pwojè pa Bondye yo, men se te pi gwo eksperyans nou te fè nan nivo sa.

Sepandan, menm jan avèk sèvitè sa yo nan istwa anlè a kite konnen bonte Bondye, menm moman an nou te vle fè pati moun ki tap rasanble lajan, epi nou te vle bay nan yon nivo ki te kapab mande lafwa ak obeyisans nan sa nou kwè Bondye tap di nou an.

Nan jou sa tout kongregasyon an te deklare yo te dakò pou simen nan pwojè a, Drenda ansanm ak mwen te di nou tap bay \$200,000. Vwala, nan epòk sa, nou pat gen \$200,000 a, men nou te gen semans \$20,000 anviwon ke nou ta pral simen pou balans ki rete a.

Nou te gentan konnen, menm jan Bondye te fèl nan tan lontan an, ke Bondye tap montre nou ki kote ak kijan poun rekòlte kantite lajan sa ak anpil lòt ki tap rete pou pwòp tèt nou.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Aprè nou te fin simen sa nou te genyen an, nou te kòmanse priye nan Lespri a, nou tap tann direksyon ak enstriksyon sou ki kote ak kijan poun kaptire kantite lajan ki rete a. Poun mete etap la ou pral konprann kijan Bondye te pote lajan sa ban nou, mwen dwe diw ke nou posede yon konpayi finansye depi 39 dènye lane sa yo. Konpayi sa ap travay avèk plizyè machann epi pwofesyonèl, jan mwen te gentan mansyone sa pou ou byen bonè. Pifò nan pi gwo machann nap travay ansanm avèk yo a gen konvansyon anyèl ak reyinyon pou kliyan pa yo.

Nan ane sa menm anpatikilye, youn nan machann nou yo te envite Drenda ansanm avèk mwen pou nou vin nan vil Lond, nan peyi Angletè, pou kongrè yo a. Nou te rete nan yon otèl ki bèl anpil nan mitan lavil Lond, epi li te bèl anpil, jan moun toujou ap di sa de Lond.

Ok, konpayi an te gen yon evènman ki tap fè sou lòt bò nan vil la, epi vis prezidan an te envite Drenda ansanm avèk mwen monte avèk li nan yon taksi poun ale nan evènman an, nou te kontan aksepte sa. Pandan woulib taksi a, vis prezidan an te remèsye nou pou tout biznis nou te voye ba yo epi answit li te kòmanse pale nou sou yon nouvo pwogram bonis yo tap lanse pandan ane sa.

Dam lan tap kontinye eksplike kijan sa te mache ak estrikti bonis lan ke yo te pral peye asosye sa yo kite pale lòt moun de pwodwi yo a. Mwen te eksite anpil pandan lap pale a, paske mwen te gentan konnen nou te fè ase biznis pou nou kalifye pou bonis sa dam lan tap pale a baze sou estrikti relasyon noua k konpayi sa yo.

Aprè sa, pandan mwen tap mande plis detay toujou, briskeman dam lan te deklare ke konpayi nou an pat kalifye pou pwogram bonis lan ki baze sou estrikti relasyon nou ak konpayi pa li a.

Mwen pat kapab kwè bagay sa. Poukisa dam sa tale nan tout detay yo ansanm avèk mwen sou tout bèl plan sa senpleman poul retire li nan menm aladènye minit? Menm mwen menm, mwen pat konprann kijan relasyon mwen an avèk konpayi pa li a te striktire, poum pat kapab kalifye pou bonis la.

Menmsi mwen tap poze plis kesyon, dam lan pat vrèman banm yon repons ki klè. Sèl bagay mwen te konnen se te ke mwen pat kapab kalifye pou bonis la; dam lan te fè sa parèt aklè.

Yon ane te gentan pase epi pwodiksyon nou an te bon pandan ane sa, alòs mwen tap panse poum rele dam lan epitou mande li enfòmasyon sou bonis lan yon lòt fwa ankò. Sepandan, fwa sa lè mwen te rele dam lan, mwen pat kapab jwenn li, kidonk mwen te kite yon mesaj nan men asistan li an ansanm ak kesyon mwen yo.

Nan demen, asistan li an te vin relem, ak yon son sevè nan vwa li, li deklare ke vis prezidan an te gentan dim yon lane anvan sa ke mwen pat kalifye, epi pa gen anyen li te kapab fè pou sa.

Byen, ok, mwen te panse ak sa, omwen mwen te eseye.

**OU WÈ SA, BONDYE SE
YON MOUN KAP BAY
REKONPANS! EPI GEN
PWOFI LÈW JENERE
ANVÈ MISYON PA
BONDYE YO.**

Kounye a, pandan mwen tap priye poum konn ki kote poum jwenn \$180,000 sa, mwen tande Sentespri a ki dim pou mwen rele vis prezidan an epi mande li bonis la ankò. Mwen kapab diw ke mwen pat kontan tande pawòl sa. Apre eksperyans mwen te genyen nan mande dam sa pandan 2 dènye ane yo, mwen te gentan konnen sou ki pant dam sa te kanpe. Li te fè sa parè aklè. Alòs, mwen te panse mwen tap jis voye yon imèl ba li jis poum te teste dlo yo, poun pale.

Apre 7 jou apre mwen te resevwa repons dam lan, te fè kè mwen kontan imèl la te di li te panse sou sa epi li te deside bay konpayi mwen an bonis lan. Enkwayab, bonis lan se te \$200,000! Koulye a, men pati ki pi bon an. Chanjman kontra sa a te rete la depi 14 dènye ANE yo, epi nou te resevwa bonis \$200,000 sa a chak ane.

Ou wè sa, Bondye se yon moun kap bay rekonpans! Epi gen pwofi lèw jenere anvè misyon pa Bondye yo.

Alòs, konbyen sa te koute Drenda ansanm avèk mwen te simen \$200,000 sa? Apre 5 lane te gentan pase, epi nou te deside ke kòm yon legliz nou bezwen ranmase plis lajan pou konplete kèk bagay nan legliz ak achte kèk ekipman. Yon fwa ankò, Drenda ansanm avèk mwen te oblije deside konbyen nou te vle simen nan pwojè sa yo, epi nou te deside sou \$500,000.

Waw, sa a se te anpil lajan. Men, nou te santi nou te kapab fè Bondye konfyans lè nou te wè kisa li te fè avèk \$200,000. Yon lòt fwa ankò, nou te simen sa nou te kapab,

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

sa mwen panse kise \$50,000, epi yo te kwè pou Sentespri a montre nou ki kote ak kijan poun kaptire \$450,000 ki rete yo.

Mwen panse 6 semèn te gentan pase petèt, epi mwen te resevwa yon avi ke ta pral gen kèk chanjman nan kontra a sou fason yo ta dwe peye konpayi pa nou an. Apre nou te fin kalkile chanjman ki tap fèt yo, nou tap fè anviwon \$630,000 anplis pou 3 lane kap vini yo. Sa bèl anpil, pa vre? Ok, devine kisak rive? Chanjman kontra sa rete san chanje pandan 11 dènye lane sa yo, epi nou toujou jwenn ogmantasyon pousantaj kontra sa chak ane.

Yon fwa ankò, konbyen sa te koute Drenda ansanm avèk mwen pou nou te simen epi poun te jenere anvè pwojè pa Bondye yo?

Alòs, sonje ke Bondye se yon Bondye kap fè pwofi. Li bon epi Lap bay rekonpans.

CHAPIT 3

ÈSKEW KALIFYE?

Mwen panse ke tout moun tande istwa Nwèl la deja ak twa wa yo ki te pote lò, lansan, ak lami pou Jezi a. Èskew te janm mande sa atik sa yo te vo? Yon pi bon kesyon se, "Poukisa yo te pote kado ba li an premye?"

Ebyen, avèk kèk investigasyon, mwen te jwenn ke li te komen nan epòk sa yo pou te onore yon chèf avèk tip kado sa yo, paske yo te wè li kòm pwochen wa a.

Pi bon estimasyon an se ke kado sa yo te pwobableman vo ant \$ 100,000 ak dè santèn de milye de dola.

Nonm saj yo dwe te etidye Ekriti yo ak pwofesi konsènan Mesi ki tap vini an, epi lè yo te wè zetwal la yo te konkli ke Li te la, epi yo te vwayaje yon gwo distans pou yo pote kado yo.

Konsèp ke yo te rankontre Jezi nan krèch la se pa sa ki te pase, menm si se fason sa yo dekri li nan pyès teyat Nwèl nou yo. Nou konnen sa paske Matye di sa ki annapre yo.

Lè yo rive nan kay la, yo wè timoun nan ak Mari, manman li, epi yo bese tèt yo jouk atè pou adore li. Apre sa, yo louvri trezò yo epi yo ba li kado lò, lansan ak lami.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Yo te rankontre Jezi lakay li, se pat nan krèch la. Pasaj la endike ke li te yon timoun piti, li pat yon ti bebe. Kidonk, sa dwe te pran yon ti tan pou nonm saj yo te rive lòtbò a.

Dezyèmman, pèsonn pa vrèman konnen konbyen nonm saj ki te genyen. Bib la pa di konbyen ki te vini, men li mansyone sa ke yo te pote. Nan epòk sa a, lansan ak lami te gen plis valè pase lò, kidonk kado yo te pote yo te gen anpil valè.

Kidonk, poukisa mwen pale de sa? Ebyen, kite mwen mande ou, "Poukisa ou panse nonm saj sa yo te pote kado sa yo?"

Mwen kapab diw poukisa—Jozèf te bezwen pwovizyon pou travay Bondye te ba li a.

Nou sonje sa...

Bondye toujou finanse travay li yo—toujou!

Legliz Faith Life te chaje ak moun. Li te chaje nan wikenn yo, chaje pandan semèn yo paske nou tap bay plis pase 200 timoun ledikasyon, legliz la te chaje ak plizyè ti gwoup epi ekip. Nou te bezwen plis espas. Nou te kòmanse reflechi si ke nou ta dwe louvri yon dezyèm kanpis oswa bati sou batiman nou te deja genyen an. Nou te decide fè toulède an menm tan.

Kidonk, nou te rasanble yon ekip pou kòmanse chèche yon espas pou kanpis la, epi nou te endike yo nan ki zòn nan vil lan nou te santi nou ta sipoze gade an premye.

Epi, nan menm tan an, nou te kòmanse premye etap yo nan konsepsyon batiman an, fè etid jeni sivil sou konstriksyon an, ak lòt ankò pou nou te ka agrandi nou. Nou te siyen kontra ak yon achitèk avèk yon mason epi nou te monte ansanm yon konsèy konsiltatif, tout moun sa yo se te moun ki te gen eksperyans nan konstriksyon.

Nou te dekouvri ke te gen kèk pwoblèm grav ak lòt bagay ankò. Pi gwo a se ke nou pat gen okenn tou egou epi nou pat gen okenn dlo nan batiman nou an alepòk. Nou tap itilize dlo pi epi akoz nou pat gen tou egou, se nou menm ki te konsève fatra nou yo.

Komin nan te deja di nou ke nou pat kapab bati oswa ajoute lòt batiman nan kanpis 36- kawo tè nou an sof si nou ta pran abònman dlo vil la epi mete tou egou nan batiman an, paske nou te depase valè ke yo te otorize a. Nou te konnen sa ta pral vini, men te tèlman gen nouvo batiman ki tap fèt ozalantou nou an ke mwen te santi ke sètènman yo gen pou mennen liy dlo ak liy egou yo ase prè pou nou te ka konekte ladan yo.

Men, nou te dekouvri ke liy dlo yo ak liy egou yo pat menm ko rive nan katye pa nou

an, kidonk li pat yon pwoblèm pou nou te senpleman konekte nan liy sa yo. Liy sa yo te senpleman pa la.

Nou te kòmanse jwenn òf pou pote liy dlo ak egou nan batiman nou an kote ke se nou ki tap peye pou li epi answit rekipere anpil nan kòb sa a paske seksyon nouvo devlopman an te peye nou frè pou nou te konekte nan liy dlo ak egou yo. Mwen pap di konbyen nou te dekouvri ke sa tap koute.

Kidonk, nou te retounen bò kote otorite vil la epi nou te gade nan plan ak delè yo a pou nou konnen kilè sèvis sa yo tap disponib epi nou te espere ke yo tap reflechi pou yo ta avanse dat sa yo yon ti kras pi prè piske zòn nan tap grandi epi moun yo tap gen bezwen sèvis sa yo kanmenm. Men, yo pat fè anyen. Kidonk, konbyen tan yo te di li tap pran anvan sèvis yo ta disponib? Pa avan lontan.

Nou te konnen ke nou patap kapab tann anpil ane pou liy dlo yo ak egou yo te vin disponib nan zòn nou an, kidonk nou te deside mete kesyon ajoute sou batiman nou an sou poz epi nou te kòmanse chèche yon espas pou kanpis la, se te vin yon priyorite pou nou. Sa fè fè kat lane depi reyinyon sa a te fèt jiska moman kote mwen ap ekri chapit sa a, epi vil la toujou poko di anyen sou kilè liy egou a ap disponib.)

BONDYE TOUJOU FINANSE TRAVAY LI YO—TOUJOU!

Ebyen, ekip nou an te chache meye espas pou kanpis la pandan sis mwa san yo pat ka jwenn li. Ta sanble ke pat gen okenn batiman ki te respekte deskripsyon ke nou genyen pou lwe oswa achte a. Kidonk, nou te konsidere lwe yon sant evènman nan zòn nan, epi se te sèlman pou wikenn yo, sa ta pral koute nou \$30,000 pa mwa. Anplis de pri a, nou tap gen pou nou enstale ak dezenstale eskipman nou yo chak semèn. Mwen vrèman pat vle mete moun nou yo nan sitiasyon sa a. Mwen te vle yon espas pèmanan ke nou tap kapab kontwole. Nou pat santi nou anpè pou nou te lwe sant evènman sa.

Answit, nou te chache lwe yon espas nan yon sant komèsyal ki nan yon konplèks. Men, aprè nou fin panse ak tout reparasyon yo ak chanjman ki tap oblije fèt pou nou te kapab mete li nòmal, nou te deside ke li patap bon pou nou te lwe tou.

Youn nan kritè ki enpòtan nou genyen pou yon batiman se te pou li bay posibilite bay timoun yo ledikasyon pandan semèn lan. Nou gen plizyè santèn fanmi ki fè lekòl ak

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

timoun yo lakay yo ki nan legliz nou an, epi nou bay posibilite pou yo fè sa ansanm ak nou bay kou tou chak semèn. Nou te pale anpil fwa sou yon jou pou nou petèt gen yon lekòl, gen yon sant gadri, yon pwogram para-eskolè, ak anpil lòt pwogram pou sèvi kominote lokal nou yo. Nou te vle jwenn yon espas ki tap pèmèt nou pou fè jis sa. Nou te simen poun te ka resevwa batiman sa a, nou te deklare ke nou tap jwenn batiman ki pafè a pou bezwen nou yo, men sa jis potko fèt.

Drenda ak mwen te planifye poun ale nan yon reyinyon nan Fort Worth, Texas, pou sipòte nouvo rezo Televizyon Victory a. Pandan mwen te lòtbò a, pandan mwen te chita sou chè a, Senyè a te pale avèk mwen. Li te di, "Mwen vlew simen \$100,000 nan rezo sa a. Ale lakay ou nan legliz ou a, fè chèk la sòti, epi kenbe li nan chak sèvis epi deklare sou semans sa a ke wap jwenn batiman pafè a. Epi tou, reprimande Satan epi di li pou li sispann entèfere ak travay mwen an. Deklare ke sa fini pandan wap simen an."

Kidonk, se sa nou te fè. Nou te retounen lakay, mwen te rele trezorye mwen an epi mwen te di li pou li fè yon chèk \$100,000 pou Victory Television Network. Aprè sa, mwen te ale ak chèk sa a nan chak sèvis, epi tout legliz la te dakò avèk mwen pandan nap simen semans sa a pou batiman pafè a. Nou te reprimande Satan epi nou te di li pou li sispann entèfere ak retade pwovizyon nou.

Nan demen, Lendi maten, nou te resevwa yon apèl de pitit fi nou an, ki te di ke pandan nou te nan reyinyon an nan Texas, ajan imobilye a te ofri pou montre yo yon moso pwopriyete ki entèresan. Li pat pou lwe epi li te reyèlman pa nan bidjè nou, paske yo te mete li pou vann pou \$ 7.9 milyon dola. Men, li te vo pi plis paske se te yon pwopriyete ke labank te sezi. Li te di ke se tap kanpis pafè a, men, se sèten, li te konnen ke se pat reyèlman yon opsyon finansyèman. Men, li te vle konnen si nou te vle wè li de tout fason. Nou te di li pa gen pwoblèm.

Kidonk, Madi maten, nou te ale gadè pwopriyete a. Pwopriyete a te sou sèt kawo tè epi se te kanpis yon gwo lekòl segondè prive. Li te gen yon batiman lekòl segondè twa etaj ak de lòt gwo batiman, ak yon kay tou sou pwopriyete a. Li te gen yon pis pou kouri, kat teren tenis, plizyè sal pou espò, yon batiman atizay ki gen yon laboratwa foto, de fou pou fè potri, yon chanm ki ranpli ak ekipman pou kouti ak anpil founiti pou atizay, plizyè douzèn enstriman mizik nan sal mizik la, ak anpil lòt bagay. Toupatou nan

pwopriyete a te ranpli ak mèb epi ranpli ak founiti.

Pandan nou tap mache fè viwonn pwopriyete a, li te jis pafè. Men, an menm tan, nou te konnen ke nou patap kapab antre tèt nou nan dèt pou li. Nou te gen anviwon 3 milyon dola ki te disponib nan fon konstriksyon nou an, men sa tap toujou kite nou nan prete prèske 5 milyon dola.

Jou lannwit sa a, nou te gen yon dine ki te planifye ak youn nan patenè ministè nou yo. Lè sa a sa te fè 4 fwa ke dine sa te planifye epi replanifye pandan sezon otòn la paske nou toude te okipe anpil, men jou swa sa a dat la te kenbe.

Pandan nou tap pale, mesye a te kòmanse pozem kesyon sou pwojè batiman an, mwen te di li tout reta nou te rankontre. Li te gade mwen epi li te di: "Ou konnen yon bagay, mwen pa konprann sa. Mwen reyèlman pansew ta dwe konsidere ouvri yon kanpis pito." mwen te di li nou te dakò ak li, an reyalyite, sa te genyen sis mwa depi nou tap chache yon batiman san nou pat jwenn. Sepandan, nou te di li ke nou te fenk sot gade espas kanpis pafè a jou sa a, men ke li pat pou lwe epi li te depase lajan ke nou tap kapab peye a.

Li te poze kèk kesyon sou sa, aprè sa li te gade Drenda epi li te di, "E si li te gratis?" Drenda pat reponn paske li te panse ke se blag li tap bay. Aprè sa, li te di ankò, "Drenda, mwen di epi si li te gratis?"

Drenda te mande, "Kisa ou vle di menm?"

"Mwen pral fè chèk la pou li!" li te di.

Drenda ak mwen te chita tou sezi.

Pou fè yon istwa long kout, li te peye pou li. Answit nou te oblije depanse kèk lajan nan amenajman ak chanje batiman an pou fè li sanble ak fason ke nou te gen entansyon itilize li a. Rezilta a se te kanpis pafè a. Epi batiman an te peye kach!

Mwen patap kapab planifye yon kanpis ki pi pafè pou bezwen nou yo. Tout bagay sou espas la pafè. Nou te fè yon evalyasyon pou konpayi asirans nou an, epi li te vini nan \$ 11 milyon dola, ak tout sa ki te ladan.

Reflechki sou sa: Kounye a nou gen yon kanpis \$11 milyon ak 89,000 pye kare espas ki peye kach! Ou pa jis renmen jan de istwa konsa yo?

Jan mwen te di a, Bondye toujou finansse travay li yo. Se ministè li, se pa ministè pa

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

nou. Nou jis travay ansanm bò kote li nan biznis fanmi an.

Kounye a, kite mwen diw sa ki te pase mari ak madanm ki te finanse batiman an pou nou an. Premyèman, akòz anilasyon dèt la ke yo te kounyea kapab pran kòm don yo a, bòdwo taks yo te redwi pi plis ke montan yo te peye pou batiman an. Kijan? Batiman an te oblije anrejistre sou non yo pou dezan. Aprè sa, yo te bay ministè a batiman an nan valè estimasyon nan epòk la.

Sa a se yon estrateji ou ta dwe okouran de li siw se yon pastè epiw bezwen yon batiman. Se konsa, batiman an te vini gratis pou nou toude avèk kèk bon planifikasyon taks pa bò kote pa li. Men, menm sa potko sa ki pi etonan nan istwa a.

Patenè sa a tap eseye achte yon lòt biznis nan vil la ki te pou vann nan moman nou te al gade pwopriyete a. Malgre ke li tap fè yon òf lajan kach, pwopriyetè yo nan franchiz li te vle achte a te dwe apwouve li, epi malerezman, yo te retounen epi yo te di ke yo te ofri li bay yon lòt moun. Li te tèlman desi de desizyon yo a. Li te dim li jis pat kapab kite sa pase; li jis te santi nan lespri li ke sa potko fini.

Kidonk, lè li te simen lajan sa a nan batiman nou an, li te di mwen ke li te simen li ak kwayans ke mèt franchiz yo ta chanje lide, paske li te nan pozisyon finansye ki te pi solid konpare ak lòt òf yo, epi se lajan kach li tap peye.

Ebyen, sètènman, aprè tranzaksyon an te pase nan pwopriyete nou an, li te resevwa yon apèl de pwopriyetè yo ki te di ke kontra anvan an te tonbe nan dlo epi kounye se te pa li li te ye si li te vle li. Li te di wi, sètènman, li te vle li.

Epi, kèk semèn anvan li te finalize afè sou nouvo pwopriyete biznis sa a, li te gen yon kontra konplètman inatandi ki te tonbe nan men li ki te pwodwi tout lajan ke li tap bezwen pou li te peye lajan kach pou biznis la. Li pat oblije ale manyen lajan kach li te deja mete sou kote pou te achte li avan sa a. Li te dim ke se te tankou lè ou jwenn yon biznis gratis.

Oh, an pasan, yon fwa li te achte biznis la, biznis lan te evalye pou plis pase doub fwa kòb li te peye pou li a. Lè li te relem jou li te finalize afè sou pwopriyete a, li te tèlman kontan.

Wayòm nan toujou fonksyone!

Patènè sa a te jenere anvè travay Bondye yo epi li te obeyisan pou li suiv sa Bondye te fè pou nou toulède a. Nou simen nan yon nouvo estasyon televizyon, yon lòt nan travay Bondye yo, epi gade sa ki te pase pou nou.

Lèw jenere anvè Bondye ak moun Bondye yo, pòt ou pat janm panse ki te egziste ap ouvri pou ou.

Tout tan moun ap mande mwen: “Gary, siw tap ka ban mwen yon kle prensipal jodi a konsènan finans yo nan Wayòm nan, kisa li tap ye?”

Ebyen, gen anpil bagay mwen ta renmen di ou sètènman. Men, ti konsèy ki anba la a pap gen pri. Kidonk, asirew kew pran nòt sou prensip Wayòm sa a mwen pral di a.

Si ou pa jwenn anyen plis nan liv sa a: Pran sa a!

Mwen vle mennenw nan Lik 4 pandan map kòmanse debale lwa pwisan sa nan Wayòm nan pou ou. Mwen konnen ke tèks sa a yon ti kras pi long pase sa mwen jeneralman mete yo, men lekti pasaj la tout an antye ap baw yon goutte de sa ki ap pase a ak poukisa Jezi te reponn fason li te reponn nan.

Li ale Nazarèt, kote li te grandi, epi jou repo a, li antre nan sinagòg la, janl te konn abitye. Li leve poul li, yo ba li woulo pwofèt Ezayi a. Li dewouel, li jwenn kote ki te ekri a:

“Lespri Senyè a sou mwen, paske li chwazim poum anonse pòv yo bon nouvèl. Li voyem poum anonse prizonye yo libète, pou avèg yo jwenn libète, poum libere moun kapmaltrète yo, poum anonse ane favè Seyè a.

Aprè sa, li woule woulo a, li renmèt li bay domestik la, li chita. Je tout moun nan sinagòg la te fikse sou li. Li te kòmanse di yo: “Jodi a, pawòl ki ekri nan Liv sa a rive vre pou nou tande.”

Tout moun te pale byen de li epi yo te sezi wè bèl pawòl ki te soti nan bouch li. “Eske se pa pitit gason Jozèf la?” yo mande.

Jezi di yo: “Se vre wi, w ap site pwovèb sa a pou mwen: ‘Doktè, geri tèt ou!’ Epiw ap dim: ‘Fè isit la nan vil kote ou soti a bagay sa nou te tande ou te

fè Kapènwòm lan.’”

“Anverite, mwen di nou sa,” li te kontinye, “pa gen okenn pwofèt aksepte nan vil li. Mwen asire nou ke te gen anpil vè nan pèp Izrayèl la nan tan Eli a, lè syèl la te fèmen pandan twazan edmi ak te gen yon gwo grangou nan tout peyi a. Men, yo pat voye Eli bay okenn nan yo, men yo te voye bay yon vè nan lavil Sarepta nan rejyon Sidon.”

— Lik 4:16-26

Tèks sa a rive aprè yo te tante Jezi nan dezè a epi answit li te retounen nan vil lakay li kote nou pran istwa a jan li ekri a.

Paske Jezi te grandi nan Nazarèt, yo te byen abitye ak li ak fanmi li, epi nou ka menm panse ke li te li ekriti plizyè fwa nan sinagòg nan zòn kote li te abite a. Kounye a, gen yon bagay ou bezwen konnen konsènan tèks ke Jezi te chwazi li pou yo a. Li tap li nan Ezayi 61:1-2, epi li te li jiskaske li di, "**pou pwoklame ane favè Seyè a,**" epi, li te kanpe lekti a.

Kounye a, bagay ki entèresan de kote li te kanpe lekti a se ke li te fè sa pandan li nan mitan yon fraz, kidonk nou konnen ke li te kanpe nan plas egzakt sa a pou yon rezon.

Ane favè Senyè a se te ane jibile, epi li te reprezante restorasyon Wayòm Bondye a sou tè a. Se te yon apèsi de sa Mesi a ta pral retabli lè li te vini an. Kidonk, lè Jezi te kanpe sou fraz sa a epi answit li te di: "**Jodi a, ekriti sa a rive vre nan tande nou,**" Li tap deklare se li ki te Mesi a!

Aprè sa, li te kontinye epi li te pwofetize de sa yo tap gen pou di li alavni, sa ki te fondamantalman, "Nou pa kwèw; pwouve nou sa," paske yo pat kwè nan li.

Jezi ti dir zot: “Siman zot pou site sa proverb pour mwan: ‘Dokter, geri ou menm!’ epi zot pou dir mwan, ‘Fer la dan zot lavil ki noun tande ki zot fer Kapernaum.’”

Kapènwòm se kote Jezi te etabli katye jeneral ministè li a ak kote pifò mirak li yo te fèt. Li tap pwofetize yo ke yo tap gen pou tande gwo mèvèy yo ke li tap fè nan Kapènwòm, epi lè yo tande bagay sa yo, yo tap di pou li vin isit la epi fè menm travay

yo isit la nan Nazarèt pou nou ka kwè ou. Reyalite a se, li te kondane yo de kè di yo ak enkwayans. Li te konnen yo ke yo pat kwè nan li, epi li te konnen ke yo pa tap janm kwè nan li. Nou konnen sa paske li te ajoute ke yo tap gen pou di tou, "Doktè, geri tèt ou!" an referans ak sa ki tap gen pou repete nan Krisifiksyon Li a.

Moun ki tap pase bò kotel yo tap jourel, yo tap souke tèt yo, yo tap di: Ou menm ki pral detwi tanp lan pou w' rebatil nan twa jou, sove tèt ou! Desann sou kwa a, si ou se Pitit Bondye a!" Menm jan an tou, chèf prèt yo, dirèktè lalwa yo ak ansyen yo tap pasel nan betiz. Yo di: "Li sove lòt moun, men li pa ka sove tèt li! Li se wa pèp Izrayèl la! Se poul desann sou kwa a kounye a, epin ap kwè nan li."

— Matye 27:39-42

Depi nan kòmansman ministè li pou rive nan fen an, li tap di ke malgre tout sa moun yo tap gen pou yo tande, yo pa tap resevwa mesaj li a. Answit, li te kontinye pou fè mesaj li a pi klè pou yo lè li te rakonte istwa Eli ak vèv la, kote Bondye te oblije voye Eli deyò an Izrayèl paske pèp Izrayèl la te gen kè di epi yo pat ka kwè. Sa te fè pwofesè lalwa yo fache jis nan pwèn ke yo te mennen Jezi deyò pou yo touye li, men Bib la di li te kouri ale.

Kounye a, mwen vlew ekri yon mo pou mwen epi mete li yon kote wap kapab sonje li, paske li se kle avni finansyè ou. Ekri fraz " BONDYE TE VOYE" a. Se verite, fraz "BONDYE TE VOYE." Sa a enpòtan anpil!

BONDYE TE VOYE

Mwen vle ale nan 1 Wa 17:7-16 kote nou pral jwenn yon mistè ki tèlman pwisan ke li pral absoliman chanje laviw.

Kèk tan apre ravin lan cheche paske pat gen lapli nan peyi a. Lè sa a, Seyè a pale avèl, li dil konsa: -Ale imedyatman lavil Sarepta nan rejyon Sidon an, epi rete la. Mwen mande yon vèv la poul ba ou manje." Se konsa, li ale

Sarepta. Lè li rive bò pòtay lavil la, te gen yon vèv ki tap ranmase bwa. Li relel, li mandel: "Èskew ta pote yon ti dlo nan yon krich poum ka bwè?" Pandanl tap pranl, li rele: "Epi, tanpri, pote yon moso pen pou mwen."

Li reponn: -Seyè a, Bondye nou an, ki vivan an, mwen pa gen pen, se sèlman yon ti ponyen farin nan yon krich ak yon ti lwil oliv nan yon krich. Tap ranmase kèk bwa poum mennen lakay mwen epi poum fè yon repa pou mwen menm ak pitit gasonm nan, poun ka manjel epin ap mouri."

Eli di li: -Ou pa bezwen pè. Ale lakay ou epi fè jan ou te di a. Men, anvanw fè yon ti pen ak saw genyen an pou mwen, potel ban mwen, epi answit fè yon bagay pou ou menm ak pitit gasonw lan. Paske, men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di: 'Yo pap sèvi ak krich farin lan, epi krich lwil oliv la p'ap cheche jouk jou Seyè a voye lapli sou tè a."

Li pati, li fè sa Eli te dil la. Kidonk, te gen manje chak jou pou Eli ak pou fi a ak fanmil. Paske, krich farin lan pat fin itilize, krich lwil oliv la pat sèch, dapre pawòl Seyè a te di Eli a.

— 1 Wa 17:7-16

Kite mwen imajine kijan sa te pase. Gen yon gwo sechrès kap pase, epi ravin kote Eli rete a ap seche. Li dwe kounye a deplase ale nan yon nouvo espas pou jwenn manje ak dlo. Bondye pale ak li epi dirije li: **"Ale imedyatman Sarepta nan rejyon Sidon an epi rete la. Mwen endike yon vèv laba a pou ba ou manje."** Fok mwen di nou ke Sarepta se te yon vil Kananeyen epi li pat fè pati nasyon Izrayèl la nan epòk la.

Pandan Eli pwoche bò vil la, li wè yon vèv kap ranmase bwa, li rele li pou li ba li dlo. **"Pandan vèv la ta prale pran dlo a, Eli te di, 'Epi pote yon moso pen pou mwen, tanpri."** Li reponn ke fondamantalman se soti li soti pou li chache manje, paske manje ki genyen li sifi sèlman pou yon lòt repa pou pitit gason li an ak li menm.

Men answit pwofèt la fè yon bagay ki etranj anpil, yon bagay ke ou ka menm panse ki enposib lèw ap gade sikonstans yo. Li di li pou li ale lakay li epi pou li fè yon pen pou li epi pote li ba li anvan li fè pou fanmi pa li. Eseye Konprann kijan sa ka sonnen, li te kòmanse enstriksyon yo avèk mo sa yo, **"Piga ou pè."** Aprè sa, li te di vèv la pawòl sa

ke mwen pral ekri la yo:

Paske, men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di: "Bokal farin lan p'ap sèvi ak krich lwil oliv la p'ap cheche jouk jou Seyè a voye lapli sou tè a."

Wow, kisa vèw la ap fè? Èske li ap kwè sa Eli di a epi li ap ba li dènye repa pitit gason li an?

Li pati, li fè sa Eli te dil la. Kidonk, te gen manje chak jou pou Eli ak pou fi a ak fanmil. Paske, krich farin lan pat fin itilize, krich lwil oliv la pat sèch, dapre pawòl Seyè a te di Eli a.

Vèw la te kwè li, epi li te pote atansyon nan swiv rezilta a—te gen manje chak jou pou Eli ak pou dam nan ak fanmi li. Kite mwen chanje yon mo epi di sa ankò, "Te gen manje chak jou pou travay Bondye a ak manje pou dam nan ak fanmi li."

Nou te pale nan dènye chapit la de laperèz pou bay, ke pap gen ase pou bezwenw yo siw ta bay nan travay Bondye yo. Janw ka wè, epi kew pral toujou wè, sa pap rive!

Kidonk, kitem pozew yon kesyon, "Èske sa te koute vèw la yon bagay pou li te bay dènye repa sa a?" Non, sa pat koute li anyen. Sa te sove lavi li.

Kounye a, anvan mwen rive nan diskisyon nou an konsènan fraz BONDYE TE VOYE a, mwen vle poze yon lòt kesyon. Poukisa pwofèt la te ensiste pou vèw la fè gato pa li a anvan? Pa avèk pa li a, men pou li fè li apa. Li menm te mande pou vèw la pote pa li a ba li anvan li te kòmanse kwit pa li a. (Sonje byen, ou gen bezwen pouw se yon syantifik espirityèl ak renmen poze kesyon.)

Tout istwa sa yo ap montrew kèk pwèn enpòtan nan lwa Wayòm nan ak fason li fonksyone. Èske Eli te sitèlman grangou ke li pat vle tann pandan ke vèw la tap fè yon repa pou tout fanmi an? Non, te gen yon rezon ki enpòtan anpil kifè li te fè sa. Pwofèt la te konnen ke lè vèw la te ba li premye gato a, anvan li te fè pa li a, ke aksyon li a te mete tout farin li an ak lwil la anba jiridiksyon legal Wayòm Bondye a ak travay Bondye a. Kitem di sa ankò.

Lè li te bay pwofèt la (Travay Bondye te mande pou li fè a) premye gato a, lwil avèk

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

farin li posede yo te chanje wayòm. Kounye a, yo te vin anba jiridiksyon Wayòm Bondye a. Se te sèlman lè sa a ke Bondye te kapab legalman fè farin lan ansanm ak lwil la multipliyè.

Ou pral wè menm prensip sa a ap fonksyone pita nan ministè Jezi a lè li te nourri 5,000 moun yo ak senk pen epi de pwason an.

Siw sonje istwa a, Jezi te di disip yo pou yo te ale wè sa moun yo te genyen. Yo te tounen epi yo te di ke moun yo te gen sèlman senk pen ak de pwason. Jezi te di disip li yo pou yo pote pen yo ak pwason yo ba li. Bib la fè konnen ke li te pran yo epi li te beni yo epi li te remèt yo tousuit bay disip yo. Mwen konnen ke Jezi pat fè anyen ki gen rapò ak relijyon, kidonk poukisa li te fè sa?

Li te oblije fè sa osinon pen an ak pwason an patap kapab multipliyè. Ou wè, lè sa a senk moso pen yo ak de pwason yo te legalman anba dominasyon lèzòm. Bondye pat kapab fè anyen legalman avèk yo. Men, lè yo te ofri Jezi yo gratis epi li te beni yo, yo te vin anba jiridiksyon legal Wayòm Bondye a. Se te lè sa a epi sèlman lè sa a ke pen ak pwason an te kapab multipliyè.

Nou ka wè menm prensip sa a nan Lik chapit 5 kote Pyè, Jak ak Jan te peche pandan tout nwit lan epi yo pat pran anyen. Jezi te prete kannòt Pyè a, Jezi pouse li yon ti kras sou rivaj la epi li preche foul moun yo, se aprè sa li te di Pyè pou li voye nas li nan fon dlo an pou li ka pran pwason.

Janw ka sonje, yo te fini pa genyen de bato ki te tèlman plen pwason ke yo menm te kòmanse koule. Lè Jezi te prete kannòt la, li te reyèlman prete biznis lapèch la pou li te preche ladan li jou sa a. Nan minit Jezi te pran li an, tout biznis lan te vini anba jiridiksyon legal Wayòm Bondye a. Sa te fè li legal pou syèl la voye yon mo konesans bay Jezi pou te ba li direksyon sou ki kote pwason yo te ye, kidonk se sa ki te lakoz gwo lapèch sa. (Mwen toujou di ke nenpòt moun ka kenbe pwason si Jezi di yo kote pwason yo ye ak kijan pou pran yo. Sa a se menm prensip la ou pral sèvi ak li tou lèw bay nan travay Bondye yo.)

Kounye a, pou nou retounen nan istwa nou an ak Eli, vèv sa a esansyèlman te fè patenarya ak Eli nan travay li a epi konsa li te rekòlte menm rekonpans ak Eli. Lè sa a, te gen pwovizyon pou Eli AK vèv la epi tout fanmi li. Èske ou wè sa?

Mwen pral pale plis sou prensip sa a yon ti kras pita nan liv sa a, men mwen vle ale nan sa ki pi enpòtan an nan istwa sa, ki se fraz BONDYE VOYE a.

Ann revize. Bondye te bay Eli yon travay. Li te bezwen pwovizyon pou li te akonpli travay li a. Nou konnen ke Eli se te yon pwofèt, kidonk li te pote pawòl Senyè a tout kote Bondye ta voye li. Men, Bondye te bezwen ke travay li a finanse, epi sa ap toujou bezwen moun pou li fèt.

Nan ka sa a, Bondye pat ka jwenn yon vèv ann Izrayèl ki tap gen lafwa pou li obeyi li. Bondye te konnen sa li te vle fè a, men li te dwe fè yon moun jwenn antant ak syèl la pou li te legal pou li te pote pwovizyon Eli te bezwen an.

Sonje byen, pat gen manje okenn kote. Moun tap mouri toupatou. Se pat yon pwoblèm de jis jwenn ti manje, oswa ale nan mache a, paske pat gen okenn manje. Se Lespri Bondye a ki te dwe pote pwovizyon Eli a.

Piske pat gen pèsonn nan pèp Izrayèl la ki te gen lafwa pou kwè nan li, Bondye te oblije ale andeyò Izrayèl nan yon lòt nasyon kote li te jwenn yon vèv ki te gen yon kè lafwa. epi jan nou te di pi bonè a, Bondye te voye Eli bay vèv espesifik sa a paske Bondye te konnen li tap kwè nan li.

Nan mete Bondye an premye epi nan obeyi pawòl Senyè a voye ba li, Vèv la te pran swen travay Bondye a, Eli, menm jan an tou Bondye te pran swen li menm ak fanmi li pandan tout peryòd famin nan.

Kidonk, men poukisa mwen pale de istwa sa a...

Lè Bondye gen bagay pou ki fèt, li gade sou latè pou li jwenn yon moun li ka fè konfyans, yon moun ki ap obeyi li epi ki pral reyalize plan li yo. Li bezwen tou moun ki pral finanse sa li gen pou fè yo. Kidonk, kite mwen fè sa byen klè: Siw vle genyen gwo lide, siw vle Bondye telechaje gwo konsèp biznis pou ou, ou dwe kalifye pou yo! Bondye konnen kèw, epi li ap chache sou latè a moun li ka fè konfyans pou fè travay li yo. Li ap chèche wè ki moun li ka fè konfyans pou finanse travay li yo. Lè sa a, li ap voye bay moun sa a plan li genyen pou rasanble lajan ki nesèsè a. Ou wè li?

Sonje byen, pawòl Seyè a te VOYE bay vèv sa a, epi li te sove lavi li!

Mwen sonje pawòl Senyè a te vin jwenn mwen pou mwen soti epi kòmanse biznis mwen ak yon nouvo priyorite epi yon nouvo manda. Mwen te fè sa, epi bagay sa te sove

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

lavi mwen.

Bondye chèche moun ki gen kè obeyisans pou yo kapab finanse travay li yo!

Ann revize prensip yo nou wè nan istwa sa a.

1. Bondye gen travay sou latè ke li vle akonpli.
2. Tout travay bezwen moun.
3. Tout travay bezwen finansman.
4. Bondye ap chache sou tè a pou li jwenn moun ki pral akonpli travay li yo.
5. Epi Bondye ap chache sou tè a moun sa yo ki pral finanse travay li yo.
6. Lè nou finanse travay Bondye yo, nap bay syèl la jiridiksyon legal pa sèlman pou sèvi ak nou pou finanse travay Bondye a, men finanse debòdeman an answit finanse pwòp lavi nou tou.

Sa pap janm koutew anyen pouw jenere! Mwen di legliz mwen, “Toujou di wi.”

CHAPIT 4

LAJAN KIYÈS LI YE?

Èskew poko janm reyalize ke kèk nan lajan kew genyen kounyea pa pou ou?

Mwen konnen ke sa parèt biza, men ou poko janm reyalize ke petèt lajan sa a Bondye mete nan men ou an se pou yon lòt moun?

Dakò, mwen konnen byen, petèt ou pat reyèlman reflechi sou lavi nan fason sa a, men ou ta sipoze fè sa paske li se yon lòt bagay ki enpòtan pouw ogmante nan laviw.

Fè yon ti reflechi sou sa map di a. Nou pale sou finans travay Bondye yo, pa vre? Epi nou di ke Bondye ap chache sou tè a pou Li jwenn moun ki renmen Wayòm nan epi ki pou finans travay Li yo. Nou konnen ke se lèzòm ki ap kontwole lajan, epi pou Bondye kapab finans travay Li yo, se moun ki pare pou yo bay li epi ki ap jenere anvè Bondye ak moun pa Li yo pou Li bay jere lajan sa.

Kidonk, kisa ou gen nan menw? Lèw gade sa kew genyen an, èskew reyalize ke Bondye petèt mete sa la pou yon lòt moun? Oswa ke Li pote li ba ou pou finans yon pwojè ke Li vle reyalize?

Se vre, legalman, sa ou genyen se pou ou epi ke se ou menm ki pou deside kisaw vle fè ak li. Men, si Bondye gen moun Li pral mete lajan nan men yo, mwen ta renmen pou mwen nan lis Li a. Ou pa ta renmen sa ou menm?

Koulye a, moun ki bay grenn pou moun ki simen an ak pen pou manje tou, lap bay kantite grenn nou yo, lap ogmante rekòt la jistis nou an, wap anrichi nan tout fason pouw ka jenere nan chak okazyon, epi a travè nou jenewozitew ap lakòz Bondye mèsi.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Nou te gade tèks sa a deja, men gen yon bagay ladan li ke ou ka petèt te rate. Vèsè 10 la di ke Bondye *bay* moun ki ap simen an semans ak pen pou li manje.

Reflechi sou sa ki di a: Bondye bay moun kap simen an semans ak pen pou li manje. Pen pou manje a reprezante tout sa ou bezwen lakay ou pouw viv lavi abondan ke Bondye genyen pou ou a. Men, li *bay moun kap simen an semans*.

Èskew te janm simen nan yon jaden oswa simen semans zèb nan lakou lakay ou a? Ou kòmanse mete semans lan nan tè a, epi pandan wap simen an, wap kontinye pran yon lòt ponyen semans pandan wap simen saw genyen nan menw deja a. Gen yon fason li vini. Pandan wap retire semans ki nan menw lan, menw gentan ranpli ak yon nouvo pwovizyon ke ou pral simen menm jan an tou. Fraz sa ki di, *Bondye bay moun kap simen an semans* lan, gen menm sans lan, sa ki vle di se moun ki ap simen ke Bondye ap bay semans.

BONDYE BAY MOUN KAP SIMEN AN SEMANS!

Pòl kontinye epi li di ke Bondye ban nou pen nou bezwen an tou, se vre, men nan pasaj sa a aksan an se sou simen avèk enpak li genyen sou lavi pa nou ak sou moun ke nou jenere anvè yo a. Kòm nou te deja di sa, li atire moun yo nan direksyon Bondye.

Nan sans sa a, mwen panse ke nou tout aksepte ke Bondye vrèman vle simen anpil semans pou Li ka rekòlte yon gwo rekòt. Kidonk, si ou te Bondye, kiyès ou ta bay semans? Sila a ki parese epi ki pa janm vin nan semans lan oswa sila ki toujou ap simen an? Mwen panse ke ou konnen repons lan deja.

Lè nou fidèl ak sa nou genyen an, Bondye di ke Li pral ogmante depo semans nou an pou nou ka simen plis epi genyen yon pi gwo enpak kote nou ye sou latè a pou Wayòm Li an.

Èskew te remake ke Pòl di pandan ke wap simen ak rekòlte, kantite semans ou an ap ogmante, sa ap pèmèt ou jenere nan chak okazyon? Si sa a se verite (e se sa li ye, vrèman), Lè sa a, depo semans ou a se lajan ki nan menw lan kap tann lè moman pou ou jenere a rive. Depo semans ou a dwe an plas anvan pou ou ka jenere.

Yon fwa ankò, sa mwen vle di a, se pa tout lajan ki nan menw lan ki pou ou. Gen yon

pati ladanl ke Bondye ba ou pouw kapab simen. Pwosesis simen ak rekòlte sa pa janm sispann. Nou simen, apres a nou rekòlte; epi pandann ap kontinye fè sa, depi nou pa manje semans nou yo, rekòt nou an ap kontinye ogmante, epi se menm jan an tou kapasite nou poun vin pi jenere ap vin pi plis.

Lè ou grangou epi ou bezwen pen, se pa yon pwoblèm pou ou pran sa ou bezwen an nan semans ke ou fè a. Toutotan semans ou fè a ap vin pi plis, se konsa tou wap kapab pran ladan li sa ou bezwen an plis.

Men, mwen vle ale yon ti jan pi fon nan mantalite sa a.

Kitem fè nou konnen ke se moun ki renmen simen Bondye bay semans Li a, se pa moun ki pa ba li gwo enpòtans lan. Se moun ki simen an Li bay semans.

Kidonk, Men ki kesyon map poze: Èske ou vle viv lavi ou kote se sèlman lajan *pa ou* wap jere, oswa ou vle viv lavi ou kote ke wap jere lajan paw ansanm ak lajan Bondye a?

James ak Ella te vin nan legliz nou an paske yo tap tande bagay ke yo pat janm tande nan kominote Amich kote yo toulède te grandi a. Konsèp Wayòm nan te nouvo pou yo,

ÈSKE OU VLE VIV LAVI OU KOTE SE SÈLMAN LAJAN PA OU WAP JERE, OSWA OU VLE VIV LAVI OU KOTE KE WAP JERE LAJAN PAW ANSANM AK LAJAN BONDYE A?

e yo te renmen aprann sou Wayòm nan. Yo abitye tande mesaj nou te anseye sou fason pou nou viv selon Wayòm nan nan Faith Life Church pandan plizyè fwa.

Yon jou, James te di Senyè a ke plizyè moun tap rakonte li fason Wayòm nan te fè gwo bagay nan lavi

yo, epi li te vle gen menm temwayaj sa a. Li te deside pou li teste lwa sa yo ke li tap tande Wayòm nan genyen yo. Yo te ale an vakans epi yo te pase pifò tan sa a ap koute mesaj ki gen rapò ak doub pòsyonm tap anseye nan epòk sa a. Liv mwen an, *Your Financial Revolution: The Power of Rest* te fèk soti, epi mwen tap anseye ladanl. Se konsa, yo te deside ke yo ta pral plonje nan Pawòl la anvan ke yo simen yon grenn.

Yo te deside ke yo te pral simen pou yon rekòt \$10,000, ke yo te bezwen pou kèk reparasyon ak lòt bezwen ke tout fanmi ki gen timoun piti ta ka genyen. Yo pat konnen ki kote lajan an tap soti, men yo te tèlman pase tan nan etidye Wayòm nan ke yo te santi

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

yo gen lafwa pou li.

Nan peryòd sa a, James te posede pwòp biznis reparasyon machin pa li. Pandan li tap ale travay, pa lontan apre yo te fin simen pou \$10,000 sa a, li te admèt Ella ke apre li fin etidye de fwa lavalè a, li te reyèlman santi yo ta dwe kwè ke semans yo a ap vin de fwa lavalè. Li te di ke li tap priye pou yo jwenn \$ 20,000. Ella te di ke li te yon ti kras choke, men li te dakò ak maril. Pandan li tap soti nan pòt la, li te di, "Oke, \$20,000."

Jou sa a te pase menm jan ak tout lòt jou yo. Youn nan kliyan James yo te vini ak yon reparasyon, epi lè li te fin ekri kòmand lan, kliyan an te chita nan biwo James la epi li te rakontel kijan bèf li yo tap ba li pwoblèm dènyèman. Ebyen, bèf yo te lage tout kloti li yo atè epi yo te soti. Pwopriyete li a te touprè ak forè nasyonal la, kidonk bèf sa yo kapab ale flannen kote yo te vle. Kliyan James lan te komanse granmoun, li te vin di ke li pa kapab kontinye kouri dèyè bèf sa yo toupatou ankò, epi li te bouke ak yo. Pawòl li te vin di apresa yo te tèlman choke James ke li te oblije mande tèt li si li te tande zanmil lan byen.

Zanmil lan te di: "Mwen bouke ak bèf sa yo, epi se poutèt sa mwen ap ba ou yo tout jodi a. Apati jòdi a, se pou ou yo ye." James pat konn kisa poul di. Li pat gen okenn tè. Se sou yon ti kawo tè ke li tap viv, epi se yon mekanisyon li te ye. Se vre, li te yon Amish epi li te abitye pran swen bèf, men sa se bagay lontan. Li te pral di non mèsè men li vin sonje semans yo a. Petèt te gen yon bagay ke li te dwe verifye.

Aprè li te poze zanmil lan plis kesyon, li te dekouvri ke te gen 23 bèf Black Angus ak twa chwal nan kontra a. James te sonje yon moun ki te di li ke yo tap chache yon bann bèt pou achte. Yo pat vle fè gwo acha men yo pa tap gen pwoblèm pou yo okipe twoupo a pou yon lòt moun. James te rele yo epi, wi, mesye a te di li ta enterese. Lè sa a, James te mandel konbyen li ta vle bay pou bèt yo, mesye a te reflechi pou yon ti moman epi apresa li te di, "Oh, pwobableman \$20,000."

James pat ka kwè sal te tande a. Tout bagay sa yo te rive apre li te kite kay la jou sa a epi li te pale ak Ella sou sa Sentespri a te fèl santi pou li bay de fwa lavalè a. Li te dim sa te difisil poul te rive rasanble tout bèf yo epi aprè sa a, mete yo nan kamyon pou mennen yo nan nouvo kay yo, men li te fè sa. Lè sa a, James te dim ke li te totalman konvenki ke Wayòm Bondye a te kapab fè tout bagay epi li te sispann kite kapasite pa li

limite fason li te konprann Wayòm nan.

Lè li te ale lakay li premye jou sa a epi li te di Ella sou bèf yo, li te di li te jis choke. Si ou ta mande James ak Ella sou favè Bondye a, ou ta dwe prepare plizyè èdtan paske yo gen anpil bagay pou yo di.

Sa a se yon gwo egzanp sou fason Lespri Sen an montre yon moun ki kote pou li rekòlte rekòt la sou jenewozite yo anvè Bondye. Lè nou fin simen, nou dwe bezwen sonje ke sa Lespri Sen an montre nou an ka parèt, mwen pa wè lòt fason poum di sa, *fou!* Paske, James pa tap janm rive reflechi ak solisyon sa a pandan li chita ap ekri epi rete ap evalye opsyon li yo.

Pran Pyè pa egzanp. Mwen sèten ke menm nan panse ki pi sovaj li yo li pa tap janm panse ke se nan bouch yon pwason li ta pral chèche pyès monnen an pou peye taks li yo, oswa ke yon raben kapmache bò lanmè a ta kapab dil egzaktman ki kote poul jete nas li a pou li ka fè gwosè pèch pwason sa a.

Gade Drenda ak mwen te nan dèt pandan nèf ane sa yo nan estrès ak boulvèsman. Nou pat janm panse ke yon jou nou ta posede yon konpayi ki ede moun soti nan dèt oswa, sa ki pi chokan an, gen yon emisyon televizyon ki tap pase toupatou nan mond lan ki gen tit, *Rezoud Pwoblem Lajan sa*, ta posib.

Ou pa dwe janm bay Bondye limit.

Donk, ann revize, epi sonje ke sila ke Bondye bay semans lan se moun ki simen an-sila ki ap simen epi ki anvi simen an!

Ann avanse. Kounye a, mwen vle gade sa ke mwen konsidere pèsonèlman antanke youn nan parabòl ki pi pwofon ke Jezi te janm anseye sou fason Bondye travay ak moun ak sou fason yo dwe kalifye pou yo kapab itilize yo. Se yon bagay ki ka fè ou pran yon ti poz epi reflechi.

Men sa Jezi te di disip li yo: "Te gen yon nonm rich, yo te akize yon manadjè li te gaspiye byenl yo. Se konsa, li relel , li mandel, 'Ki sam tande sou ou? Bay yon kont sou jesyon ou, paske ou pa ka responsab ankò."

Manadjè a di nan kè l: "Kisa poum fè kounye a? Mèt mwen ap retire travay mwen. Mwen pa ase fò poum fouye, epi mwen wont sipliye—mwen

konnen sam pral fè pou, lèm pèdi travay mwen isit la, moun yo te akeyim lakay yo."

Se konsa, li rele chak moun ki dwe mèt li. Li mande premye a: "Konbyen ou dwe mèt mwen?"

Li reponn: -Nèfsan galon lwil oliv.

Direktè a dil , "Pran bil ou, chita byen vit, epi fè li katsansenkant."

Aprè sa, li mande dezyèm lan, "Epi konbyen ou dwe?"

Li reponn: "Mil bwason ble."

Li dil: "Pran bil ou, fè li uitsan". Mèt la felisite manadjè malonèt la paske li te aji malen. Paske, moun ki sou latè yo pi malen nan aji ak pwòp kalite yo pase moun ki nan limyè a. Mwen di nou, sèvi ak richès monn nan pou jwenn zanmi pou tèt nou, pou lè li ale, yo pral akeyi nou nan kay etènèl.

Moun ki ka fè konfyans ak yon ti kras ka fè konfyans tou ak anpil, epi moun ki malonèt ak anpil ti pral tou malonèt ak anpil. Donk, siw pat fè konfyansw nan jere richès monn nan, kiyès ki pral fèw konfyans ak vrè richès yo? Men, si ou pat fè konfyans ak byen yon lòt moun, ki moun ki pral ba ou pwopriyete pwòp ou a?

Pèsonn pa ka sèvi de mèt. Swa ou pral rayi youn epi renmen lòt la, oswa ou pral devwe youn ak meprize lòt la. Ou pa ka sèvi ni Bondye ni lajan.

Farizyen yo, ki te renmen lajan, tande tout bagay sa yo epi yo tap pase Jezi nan rizib. Li di yo: "Se nou menm ki jistifye tèt nou nan je lòt moun, men Bondye konnen sa ki nan kè nou. Sa moun bay anpil valè nan je Bondye se yon degoutans."

— Lik 16:1-15

Gen anpil bagay nan parabòl sa a pou nou analize. Premyèman, nou wè ke yon pwopriyete ki rich anpil te mete yon manadjè an chaj operasyon li yo, ebyen, manadjè a te gaspiye byen pwopriyete a epi sa te lakoz li pat ka jere okenn lòt byen apresya. Lè li reyalize ke li tap pèdi travay li a, li kouri rele tout moun ki te dwe patwon li an lajan epi li di yo ke yo ka regle dèt la pou yon gwo rabè, epi menm a senkant pousan si yo ta peye

sa yo dwe a rapid.

Kounye a, se vre, pwopriyete a pat konnen anyen ditou konsènan sa manadjè a tap regle. Men, manadjè malonèt la te panse si li te jwenn yon bon akò ak lòt moun sa yo, yo ta panse ke li se yon bon moun aprè li te kite patwon an, epi li te espere yo ta ka ofri l yon travay nan antrepriz pa yo. Lè patwon an te tande sa ki move manadjè a te fè a, li te relel epi:

Mèt la te felisite manadjè malonèt la paske li te aji avèk malis.

Definisyon malen se: Lè ou genyen oswa montre ke ou vrèman entelijan oswa ou debwouya, espesyalman nan bagay ki konkrè yo. Ou pare pouw itilize oswa ou konnen kijan pouw aji avèk malis; se lè ou se yon rize.¹¹

Patwon an te reyalize ke manadjè a te gen kapasite pou li kreye ak reyalize yon plan ki ta pote pwofit, nan ka sa a se pa pou pwopriyete a men se pou li menm-yon bagay ke li pat wè manadjè sa a fè pou li menm. Sepandan, lè se pou li te pran swen tèt pal, li te fè sa epi li te, an reyalite, trè entelijan epi fè sa byen. Li te gen anpil motivasyon lè se pou zafè pal ak pwòp byennèt li, men li pat montre okenn motivasyon lè se pou mèt li a. Kitem di bagay yo jan y oye a—li te yon pwofitè!

Kounye a, kitem poze kesyon ki vrèman difisil la: Èskew se yon kretyen ki pwofitè?

Èskew gen plis enkyetid pou byennèt paw pase pou travay Bondye a? Èskew gen plis sousi pou bagay ou gen bezwen yo pase sa ke Bondye gen bezwen? Èskew se gaspiye wap gaspiye byen Bondye yo?

Waw, mwen konnen sa yo se kesyon ki difisil. Se poutèt sa mwen te di ke parabòl sa a tèlman pwofon, paske se nan kè a dwat li ale epi li revele nenpòt move atitid ki ta kache la.

Jezi ban nou imaj la epi li defini kisa yon pwofitè ye nan Jan 10:11-13.

Mwen se bon gadò mouton an. Bon bèje a bay lavil pou mouton yo. Moun kaptravay la se pa gadò mouton an epi li pa posede mouton yo. Se konsa, lè li wè bèt nan bwa yo ap vini, li abandone mouton yo epi li kouri ale. Lè sa a, bèt nan bwa yo atake twoupo a epi gaye li. Mesye a kouri ale paske li

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

se yon anplwaye epi li pa okipe mouton yo.

— Jan 10:11-13

NKJV a (v. 13) di li konsa:

Pwofitè a kouri paske li se yon pwofitè epi li pa bay mouton yo enpòtans.

Nan ka pa move manadjè a, li te diskalifye pou li jere lajan patwon an paske li reyèlman pat bay byennèt patwon an enpòtans; Se sèlman pwòp tèt pa li li te bay enpòtans. Koulye a, li te toujou gen kapasite pou li ale deyò epi fè pwòp lajan pa li, se vre, men li pa tap gen chans jere lajan pa li AK lajan pa patwon an ankò.

Mwen kwè ke nou ap viv nan yon peryòd kote mantalite pwofitè a fin anvayi peyi Etazini ak mond lan.

Mwen sèten ke ou te ale nan yon restoran epi ou te remake salte toupatou, epi pa dèyè, ou wè kèk anplwaye ki pap fè anyen. Oswa ou ale nan yon restoran kote yo vann manje ki fèt rapid petèt 30 minit anvan li te fèmen, epi ou sezi lèw wè tout chèz yo sou tèt tab yo epi anplwaye yo ap veye lè moman an rive pou yo ale. Ou gentan konnen, san ou pa bezwen mande sa, ke patwon an pa la. Tout moun sa yo se pwofitè. Yo pa bay pwofi biznis la valè. Yo sèlman la pou yo touche salè yo a, anyen ankò.

Gen anpil anplwayè ki dim ke sa tèlman grav ke si yon anplwaye ta parèt pou travay alè, sa tap yon bagay ki diferan parapò ak majorite a. Se pwopriyete ke anplwayè yo bezwen nan travay yo, se pa moun kap vin pran. Yo vle pou anplwaye yo travay epi bay antrepriz la menm enpòtans ak pwòp biznis pa yo. Yo dim ke se anplwaye ki konpòte yo ak kalite atitud sa a ke yo ap felisite epi se kalite anplwaye sa ke yo ap chache.

Se menm fason an Bondye ye. Li ap chèche moun ki pran swen sa Li renmen yo epi ki rayi sa Li rayi yo.

Nan 1 Samyèl 15, Bondye te di wa Sayil poul atake moun Amalèk yo pou sa yo te fè pèp Izrayèl la lè yo tap soti nan peyi Lejip. Li te di wa Sayil pa kite wa a ak mesye yo vivan. Yo pat dwe pran okenn nan bèt yo pou yo tounen avèk yo, poutan, men kisa Sayil te fè:

LAJAN KIYÈS LI YE?

Men, Sayil ak lame a te epanye Agag ak pi bon mouton yo ak bèf yo, ti bèf gra yo ak ti mouton yo, tout sa ki te bon. Sa yo yo pat vle detwi nèt, men tout sa yo te meprize ak fèb yo totalman detwi.

— 1 Samyèl 15:9

Gade sa Bondye di nan vèsè 10-11:

Lè sa a, Seyè a pale ak Samyèl, li di l: -Mwen regrèt mwen te fè Sayil wa, paske li vire do ban mwen epi li pa fè sam te mande yo fè.

Après, nou wè Bondye te vin pale ak Samyèl konsènan Sayil nan 1 Samyèl 16:1.

Seyè a di Samyèl konsa: -Kilè w'a gen lapenn pou Sayil, depim voyel jete pou wa pèp Izrayèl la? Ranpli kòn ou ak lwil oliv, epi ale sou wout ou. Map voye ou Izayi, moun lavil Betleyèm. Mwen chwazi youn nan pitit gasonl yo pou vin wa."

Menm jan manadjè malonèt la te diskalifye pou okipe zafè pwopriyete a, se konsa Sayil te diskalifye. Epi ou konn yon bagay? Ou menm ak mwen ka diskalifye tou.

Kisa Bondye ap chache? Kiyès li pral fè konfyans?

Aprè li fin wete Sayil, li mete David wa yo. Men sa Bondye te temwaye konsènan li: "Mwen jwenn David, pitit gason Izayi, yon nonm dapre pwòp kòm; lap fè tou sa mwen vlel fè."

— Travay 13:22

Si nou kapab diskalifye, nou kapab kalifye tou. Ou ka di, "Ebyen Gary kisa poum fè pou sa?" Parabòl sa a reponn kesyon sa a pou ou.

Moun ki ka fè konfyans ak yon ti kras ka fè konfyans tou ak anpil, epi moun ki malonèt ak anpil ti pral tou malonèt ak anpil. Donk, siw pat fè konfyansw nan jere richès monn nan, kiyès ki pral fèw konfyans ak vrè richès

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

yo? Men, si ou pat fè konfyans ak byen yon lòt moun, ki moun ki pral ba ou pwopriyete pwòp ou a?

Pèsonn pa ka sèvi de mè. Swa ou pral rayi youn epi renmen lòt la, oswa ou pral devwe youn ak meprize lòt la. Ou pa ka sèvi ni Bondye ni lajan.

— Lik 16:10-13

Kitem klè: Ou dwe pase tès lwayote a. Si ou ka jere yon ti kras, ou ka jere gwo bagay. Tès la toujou kòmanse ak natirèl la epi li deplase nan nivo espartyèl la. Bondye dwe ka fè ou konfyans pou jere richès monn lan anvan pou Li fè ou konfyans ak richès pa Li a. Si ou pa kapab jere byen pa lòt moun, ki moun ki pral ba ou pwòp pwopriyete pa ou? Mwen pa kwe Bondye ap fè sa.

Oke, Men nan ki fason parabòl la aplike nan pwòp lavi pa nou.

Pifò kretyen bay Bondye rès yo.

Pifò kretyen gade nan bidjè yo epi yo deside, "Sa a se sa mwen ka bay." Men, yo pa gen pwoblèm pou yo soti menm jou a epi achte yon bato tou nèf.

Kounye a, mwen pap eseye fè pèsonn santi yo kondane, epi sètènman sa pa enpòtan pou Bondye si ou gen yon bèl bato. Mwen tou senpleman mandew: Èskew vle jere lajan paw sèlman oswa paw la ansanm ak lajan Bondye a?

Si ou chèche konbyen yon kretyen konn bay nan ofrann sou Google, ou ka sezi. Mwen te wè yon estatistik ki te di ke se apèn plis pase \$13 ke kretyen an bay chak semèn nan legliz li.¹²

Mwen te gade anpil estatistik sou ofrann, epi yo tout te bay dekourajman. Jan mwen te di sa, majorite kretyen se rès ke yo bay Bondye. Yon lòt fwa ankò, konprann byen ke se pa eseye mwen ap eseye kondane oswa fè moun yo pase pou koupab. Mwen sèlman ap montre yon verite—e mwen panse ke Pawòl Bondye a soutni sa mwen di a—ke Bondye pap chèche anplwaye; se pwopriyete kè Li ap chache.

Dezyèmman, Bondye pap chèche moun ki santi ke yo oblije bay paske yo santi yo koupab. Bondye renmen moun ki bay avèk kè kontan, dapre 2 Korentyen 9:7.

Sayil te diskalifye paske li pat fè sa Bondye te mande, men yo te chwazi David paske li te obeyi epi fè sa Bondye te mande pou li fè.

Kidonk, kitem pwopoze yon nouvo pèspektiv. Sa ki tap pase si nou ta chanje fason nou viv epi nou deside bay Bondye priyorite a epi se nou menm ki jwenn rès yo? Mwen ka sèlman sipoze ke rès ou yo tap vin depase epi ou tap viv yon lavi ki beni.

Sa te fonksyone pou R.G. LeTourneau. Li pat kòmanse ak gwo mwayen epi se nan setyèm ane li te rive, li te anseye tèt li epi, pi devan, li vin bati yon gwo antrepriz nan manifakti. Machin ki pou travay latè li yo te ede genyen dezyèm gè mondyal la epi konstwi enfrasrikti otowout ki genyen nan peyi Etazini yo. Nan fen lavi li, li te posede 300 patant.¹³

Kisa ki te sekre li a? Li te bay Bondye 90% nan tout sa li te fè.¹⁴

Bon, mwen pa di ou fè menm bagay la. Sa a se yon akò ke li menm ak Bondye te fè lè li te gen 30 an epi li te gen anpil dèt. Li te pran Bondye antanke asosye li (jan li relel), epi sa te pote rezilta.

Lè Bondye te relem poum dirije yon legliz ki apèn louvri, mwen te deja ap jere konpayi mwen an, Forward Financial Group. Li te vin gen anpil siksè epi li te vin nimewo en pami 5,000 biwo nan tout peyi a ak machann prensipal nou an. Lè Bondye te relem poum al dirije legliz la, mwen te mande Li, "E Forward Financial Group? Èske mwen ta dwe fèmen li epi konsantre sou dirije legliz mwen an?"

Senyè a te reponn mwen, li di: "Non, kontinye konsa paske li ede anpil moun." Se sa mwen te fè.

Mwen pral admèt ke pafwa li te difisil pou fè tou de, men li te ede plizyè milye moun pandan ane yo. Pandanm tap dirije legliz nou an, mwen te sipoze ke konpayi an tap bese nan pwodiksyon akòz mwen te oblije redwi nan patisipasyon mwen. Men, lè Drenda ak mwen te bay lavi nou pou akonpli sa Bondye te mande nou pou nou fè yo, se kontrè a mwen te jwenn. Menm lè se sèlman nan tan rezèv mwen yo mwen te travay nan konpayi an, li te toujou fè yon gwo pousantaj nan distribisyon.

Pami plizyè santèn biwo, nou te nan mitan senk meye oswa dis biwo nan tout peyi a epi yo te rekonèt sou sèn lan. Men, mwen te oblije souri, paske mwen te konnen se a tan pasyèl mwen te fè sa a epi mwen te pase tout tan an ap dirije legliz mwen an. Bondye te

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

tèlman onorem ak favè epi sajès sa te lakoz moun ki nan mond lan ki tap pouswiv lajan ak tout kè yo te oblije kanpe pou reflechi kijan mwen te fè sa.

Mwen sonje yon fwa mwen te chita sou yon tab nan yon konvansyon epi mesye ki te bò kotem lan mandem ki starteji mwen itilize poum vann. Mwen te oblije souri epim te di: "Okenn." Apre sa, li mande: "Ebyen, kijan ou fè vann anpil konsa?" mwen te dil se ak pawòl ki soti nan bouch nou nou te travay epi ke Bondye te beni nou. Li jis souke tèt li piske li jis pat kapab konprann mwen.

Yon fwa, prezidan youn nan machann nou yo te rele epi li te vle konnen sim tap pale avèk patisipan ki nan kongrè a sou sa ki fè mwen te pwodui anpil konsa. Mwen te aksepte. Lè sa a, li te kòmanse pozem kesyon sou kijan pwojè nou an te fonksyone ak kijan nou te rive fè tout lajan sa. Natirèlman, mwen te oblije dil kijan nou te fè Bondye konfyans ak kijan li te beni nou ak favè. Lè mwen te di ke mwen te travay sèlman kèk èdtan nan yon semèn epi mwen te pase tout tan an ap dirije yon legliz, li te di, "Oke, mwen te panse ou ka gen yon estrateji maketing ki byen detaye epi ou ta pataje kijan sa te fonksyone. Mwen pa panse se sa mwen te gen nan tèt mwen, men mwen apresye volontew genyen pou pataje." Oh bon, se yo menm ki pèdi. Mwen te kapab ede nan anpil mesye ki te la yo.

**BONDYE WÈ SA. NAN
CHAK TRAVAY, SE
PREPARASYON POU
PWOCHEN AN,
KIDONK TOUJOU
VALORIZE TI EFÒ YO**

Nan tout liv sa a mwen te di ke siw pran swen zafè pa Bondye a, li va pran swen pa ou a!

Kidonk, kitem pozew kesyon nou te kòmanse a: "Lajan kiyès li ye?"

Èske ou ta pito jere sèlman pwòp lajan pa ou, menm jan ak sa ki te rive move manadjè a, oswa ou vle jere lajan Bondye a tou? Lèw ap jere lajan Bondye a, se sajès ak favè Bondye ki alimante depo semans ou a, ki pèmèt ke ou kapab rekòlte pwòp pen paw la tou ansanm ak ogmantasyon sa a.

Mwen konvenki Bondye pap fache siw gen anpil milyon toutotan kèw se pou Li!

Sonje, bagay sa kòmanse depi nan misyon sa yo kote pèsonn pa rekonèt ou a. Menmsiw ta ka panse pèsonn pa bay sa wap fè nan travay a tan pasyèl sa a valè, Bondye

LAJAN KIYÈS LI YE?

wè sa. Nan chak travay, se preparasyon pou pwochen an, kidonk toujou valorize ti efò yo. Konsidere li kòm si se te paw epi travay byen. Mwen baw garanti ke ou pral klere tankou yon etwal nan mitan lannwit epi wap deja mete tèt ou nan yon pozisyon pou ou jwenn pwomosyon ak favè Bondye.

CHAPIT 5

OU BEZWEN YON ASOSYE!

Jan ou konnen an, kounyea sa prèske fè 40 lane depi mwen nan biznis finansyè a. Atravè ane yo, mwen gen anpil moun mandem kijan pou yo kòmanse biznis epi kisa ki fè yon biznis grandi.

Se vre, gen anpil bagay ke moun bezwen konnen, men bagay ki pi enpòtan mwen ta ka di yo se ke yo bezwen yon *asosye*.

Kounye a, antanke yon pastè pandan plizyè ane, mwen wè majorite nan moun mwen yo ki te panse li tap bon pou yo antre nan biznis ak zanmi legliz yo, epi aprè sa, tout bagay te kraze. Zanmi yo vin ofanse youn lòt, epi anpil fwa yo menm sispann pale, epi relasyon an depafini. Akoz mwen wè sa yo anpil fwa, mwen raman sijere kew antre nan biznis ak zanmiw sof siw gen limit yo ki pale klèman epi ki ekri.

Sepandan, gen yon asosye ke mwen toujou ensiste ou pran, epi asosye sa a se Bondye Li ye.

Nan yon chapit anvan, nou te pale sou fanm ki te resevwa pwofèt Eli a epi ki te ba li dènye repa li a. Nou te wè ke kijan aksyon lafwa sa a te pwodui manje chak jou pou pwofèt la, travay Bondye a ak fanmi fanm nan. Li te fè patenarya avèk li nan travay li a, epi lèl te fè sa, onksyon ak pwovizyon kite pou travay li yo te vin pou fanm nan tou. Yo

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

te asosye.

Pandan tout liv sa a, nou te pale sou jenewozite anvè Bondye ak simen nan travay li yo. Mwen te diw tou kijan lèw jenere ouvri kè moun anvè ou epi anvè Bondye tou.

Nan chapit sa a, mwen vle pataje avèk ou yon lòt prensip pwisan nan Wayòm Bondye a ki pral mete sityasyon finansyè ou nan yon lòt nivo— prensip patenarya a.

Yon jou, pandan Jezi te kanpe bò lak Jenezarèt la, moun yo tap rasanble bò kotel epi yo tap koute pawòl Bondye a. Li wè bò rivaj dlo a de kannòt, pechè yo te kite la, ki tap lave privye yo. Li moute nan yonn nan kannòt yo, sa ki te pou Simon, li mandel poul soti bò rivaj yon ti kras. Apre sa, li chita, li tap moutre moun yo ki te sot nan kannòt la.

Lè li fin pale, li di Simon: "Lage filè yo nan gwo twou san fon."

Simon reponn li: Mèt, nou travay di tout nwit lan epi nou pa pran anyen. Men, paskew di sa, tap lage filè yo.

Lè yo fin fè sa, yo pran yon kantite pwason tèlman gwo ke filè yo te kòmanse kraze. Se konsa, yo fè siy patnè yo nan lòt kannòt la pou yo vin ede yo, epi yo rive, yo plen de bato yo tèlman plen yo te kòmanse koule.

— Lik 5:1-7

Mwen konnen mwen te deja mansyone istwa sa a pi bonè lèm te pale de bato yo ak biznis lapèch ki te chanje wayòm (oswa jiridiksyon) lè Pyè (Simon) te prete bato li bay Jezi poul te preche a. Mwen te mansyone tou lapèch pwason enkwayab ki te fèt epi ki te prèske koule de bato yo. Sonje byen, Pyè te di li te peche pandan tout nwit lan epi li pat kenbe anyen. Koulye a, jis kèk èdtan pita, li te tèlman gen anpil pwason ke li pat kapab rale yo mete anndan kannòt la rapid. Ki diferans ki te genyen? Wayòm nan, se vre, men tou patenarya. Kitem eksplike.

Li wè bò rivaj dlo a de kannòt, pechè yo te kite la, ki tap lave privye yo. Li moute nan yonn nan kannòt yo, sa ki te pou Simon, li mandel poul soti bò rivaj yon ti kras.

Ann ranje senaryo an klè nan lespri nou. Ki kote yo te ye, epi kisa yo tap fè lè Jezi te vini kote yo a? Yo patap peche; yo te sou rivaj la ap lave nas yo aprè yo te fin fè tout nwit la ap peche epi yo pat kenbe anyen an.

Jezi, ki remake ke bato yo te disponib, mande Pyè si li te kapab soti bò rivaj la yon ti kras pou li te kapab preche foul moun yo nan kannòt la. Kidonk, kote Jak ak Jan, asosye li yo, te ye pandanl te mennen Jezi nan kannòt la? Ebyen, yo te toujou sou rivaj la ak lòt kannòt la ak filè yo.

Aprè Jezi te fin preche, li te di Pyè poul lage filèl yo poul pran pwason nan fon dlo a. epi ou konnen istwa a. Li te kòmanse pran anpil pwason ke filèl yo te prèske kraze. Se konsa, li te rele asosye li yo pou yo te edel trennen pwason yo. Epi Bib la di ke tou de bato yo te prèske koule, yo te tèlman plen pwason.

Lè yo fin fè sa, yo pran yon kantite pwason tèlman gwo ke filè yo te kòmanse kraze. Se konsa, yo fè siy patnè yo nan lòt kannòt la pou yo vin ede yo, epi yo rive, yo plen de bato yo tèlman plen yo te kòmanse koule.

Kounye a, men kesyon yon milyon dola a: Konbyen lafwa Jak ak Jan te egzèsè pou fè ke bato yo a te tèlman ranpli ke li te prèske koule?

Reflechì sou sa—yo te toujou sou rivaj la ak filè yo. Se Pyè ki te dakò mennen Jezi sou rivaj la. Se li menm ki te di, "Men, paske ou di sa, mwen pral jete nas yo." Kidonk, repons ki kòrèk la se okenn! Jak ak Jan pat rekòlte bato ki plen pwason sa akòz lafwa yo; se te akòz lafwa Pyè. Pyè te senpleman rele asosye li yo ki te sou rivaj la pou yo te vin ede pote pwason yo. Etonaman, kannòt yo a te ranpli egzakteman menm jan ak pa Pyè a, poul debòde.

*Simon reponn li: Mèt, nou travay di tout nwit lan epi nou pa pran anyen.
Men, paskew di sa, tap lage filè yo.*

Kidonk, si ke se lafwa Pyè ki te pote pwason an epi ki te ranpli kannòt li a, poukisa bato Jak ak Jan te ranpli ak menm kantite pwason menm jan ak bato Pyè a?

Tèks la reponn kesyon sa a—li di ke se *asosye* yo te ye. Definisyon ki bay pou mo sa

anndan diksyonè anglè Collins lan se:

Yon moun ki pataje oswa ki asosye ak yon lòt nan kèk aksyon oswa efò; anjeneral ki pataje risk yo ak pwofi yo.

Yon patenarya se yon antite legal ak pataj nan risk, depans, ak pwofi biznis la. Kidonk, lè Pyè te bay Jezi kannòt la poul te itilize la, li te reyèlman tap prete Jezi biznis la nan yon sans legal, pa sèlman bato a. Teknikman, Jak ak Jan te posede yon pati nan kannòt ke Pyè te kite Jezi itilize a, epi akoz patenarya yo a, tou de bato yo te ranpli nan menm nivo a.

Jak ak Jan te rekòlte egzakteman menm rekòt ak Pyè menmke yo pat egzèsè lafwa nan sitiyasyon sa a ditou. Mwen ap parye ke yo te kontan ke Pyè te asosye yo jou sa a. Kisa ou panse? Mwen menm mwen panse sa. Kitem baw yon egzanp ki pi pèsònèl sou prensip sa a.

Drenda ak mwen posede 60 bèl kawo tè ak yon melanj de rakbwa, marekaj, ak savann. Li se yon kote absoliman pafè pou lachas sèf. Gen pye bwa ki plante toutotou pwopriyete nou an, epi rakbwa yo ak marekaj yo se leman natirèl pou sèf la.

Mwen te bati biwo mwen an sou garaj nou an, epi li gen etajè liv an bwa epi li gen yon kote ki fèt an vit pou limen dife. Se yon tip de biwo ki tankou kavèn gason ki trankil, ki konfòtab, ke mwen renmen travay ladan li. Sèl bagay ki te manke se te yon bèl bouk sèf ki te pou enstale sou tèt biwo mwen an. Poum onèt, mwen pat janm enterese nan tire gwo bouk sèf, paske mwen te yon chasè vyann. E, mwen potko janm tire yon bouk sèf ki vrèman te gwo ase ki tap garanti pou mwen enstale li sou tèt biwo mwen an.

Nou te gentan genyen 5 lane depi nou te abite sou tè sa a lè Drenda te ensiste poum te tire yon gwo sèf pou biwo mwen an. Jiska lè sa a, mwen potko janm wè yon gwo bouk sèf sou pwopriyete a. Mwen te konn soti chak sezon sèf epi mwen te konn tire kèk bèl bouk sèf ke kòn yo gen uit pwent, men se pat gran choz pou mwen te konsidere monte yo nan biwo mwen an.

Men, ane sa a, plis mwen te panse sou sa, se plis mwen te dakò ak Drenda. Mwen te di Drenda ke mwen te panse pou mwen te ale pou touye gwo bouk sèf la pou mete sou

mi an. Ankò, mwen potko janm wè yon gwo bouk sèf nan rakbwa yo. Fenèt kwizin nou an te fas a fas ak rakbwa ak jaden an, epi poutan mwen potko janm wè youn.

Kidonk, Drenda ak mwen te simen pou gwo bouk sèf la. Mwen te ekri sou chèk semans mwen an ke mwen tap simen pou yon bouk sèf ki gen kòn ki gen 10 pwent oubyen ki gen plis. Nou te priye sou semans sa a, epim te depozel sou biwom nan poum te voyel pa lapòs. Anvlòp sa a te rete sou biwo a pandan twa jou, epim jis pat kapab poste li. Mwen te konnen kem pat gen lafwa pou bouk sèf ki gen kòn ki gen dis pwent sa a. Mwen te gen lafwa pou youn ki gen 8 pwent, sis, oswa kat pwent pandan tout jounen an, men mwen te gen pwoblèm poum te wè gwo bouk sèf sa a ak asirans lafwa sa a ki di, "Mwen konnen mwen konnen kem pral touye youn ki gen dis pwent oswa yon pi gwo bouk sèf lè mwen soti."

Mwen te gen ase eksperyans ak Wayòm nan poum te konnen ke mwen pat gen lafwa. Kidonk, mwen te chire chèk sa a epi ranplase li ak yon chèk ki te di "pou youn ki gen kat pwent oswa ki pi gwo" epim te voye li pa lapòs.

Nwit anvan mwen te soti al lachas la, mwen te di Drenda sa mwen te fè a. "Mwen jis pa gen lafwa pou si gwo bouk sèf sa a," mwen te di li. Li te gadem epi li te di: "*Wap* aji lafwaw pou sèf la, epi *Map* aji lafwam pou bouk sèf ki gen kòn ki gen anpil pwent lan. Bondye kapab fè pi plis pase tout saw mande oswa saw panse!"

Maten aprè a te kòmanse a lòdinè avèk ekirèy ak zwazo yo ki tap fè ti bri nan rakbwa pandan sant fèy otòn yo tap raplem nan lesprim lè te gen anpil chas sèf. Mwen pat gen anpil tan depim te fè yon ti chita petèt yon 20 minit yo, lè mwen te tande son yon bouk sèf ki tap vini nan mitan rakbwa yo. Bouk sèf la tap vini dwat bò pye bwa mwen an, epi mwen te byen aranjem poum te ka byen tire a.

Pandan ke bouk sèf la tap vin pi pre, mwen te wè ke bouk sèf la se te youn ki te gen kòn 4 pwent, egzakteman sa mwen anjeneral al chache yo paske yo vrèman bon pou manje, bouk sèf la te antre nan yon ouvèti ki te anviwon 23 mètr yo, epim te kite flèch la ale. Avèk degou, mwen te wè flèch la monte wo epi li te tounen, epi mwen te konnen kem tap gen poum ale chache sèf sa a.

Bouk sèf la te ale nan rakbwa yo epi aprè sa li te vole nan chan mayi ki bò rakbwa yo epim pat wè li. Mwen te kapab toujou tande li ki tap kouri nan mitan chan mayi a epim

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

te konnen jan li tap kouri fò a kem tap petèt gen anpil chache poum te fè poum te swiv tras li. Mwen te rete tann nan pyeb bwa a pandan 20 minit epi mwen te deside desann pye bwa a poum te enspekte flèch la. Mwen te kapab di kem te definitivman frape bouk sèk la, em te remak tras san an.

Pandanm tap suiv tras san an, mwen te jwenn kouraj paske te gen yon bon kou tras san. Men aprè anviwon 91 mè, tras san an te vin sèche. Mwen te plede gade men mwen pat kapab jwenn yon lòt gout. Aprè de 2zèd tan ap chache, mwen te reyalize ke bouk sèf la te ale. Mwen te desi anpil. Premyèman, mwen pa janm vle blese yon sèf epi poum pèdi li, epi dezyèmman, mwen te desi pou fason mwen te tire a.

Pandanm te kanpe nan chan mayi a, mwen te kòmanse mache tounen nan direksyon kay la lèm te panse. Mwen *toujou gen yon chans, mwen ka tonbe sou yon sèf pandan map fè wout lakay mwen atravè chan mayi a ak zòn marekay la.*

Mwen te mete flèch nan abablèt mwen an konsa konsa. Epi pandanm tap kontinye wout mwen tou dousman nan mitan raje a, toudenkou, yon sèf te sote epi li te pase devanm nan. Kòm li pat konnen kisa te ye, sèf la te kanpe epi li te gade dèyè. Kòm mwen genyen kagoul, sèf mwen te kapab wè a se te yon bouk, li te ezite paske li pat kapab fèm soti. Tout bagay te pase nan yon fraksyon segonn, men mwen te kapab wè kòn yo, malgre mwen patka di ki gwosè yo te ye oswa konbyen pwent yo te ye.

Mwen te konnen kem te gen sèlman yon fraksyon segonn poum te konnen kisa tap fè ak sèf la. Li te andeyò espas nòmal ke mwen te ka tire a ki te nan anviwon 50 mè epi li te kanpe akote mwen. mwen te rapidman ralanti epim te vize anwo do li em te tire flèch la.

Bouk sèf la te tonbe imedyatman lè flèch la te touche li an epi li te rete atè a. Mwen te yon jan sezi. Èske sa ki fenk pase a rive vre?

Pandanm tap mache rive sou bouk sèf la, premye bagay mwen te di se te, "Lafwa Drenda a!" Bouk sèf la te gwo anpil! Mwen te konte 26 pwent kòn, epi li genyen ki te gentan tonbe deja. Mwen potko janm wè yon bouk sèf ki te gwo tankou bouk sèf sa a! Di kem te kontan anpil patap jis anvè moman sa a.

Janw ka devine, bouk sèf la kounye a retwouve li sou tèt biwo mwen an.

Men, mwen vle pale de sèf sa a pou yon minit. Kijan oswa poukisa li te parèt?

OU BEZWEN YON ASOSYE!

Sèf ki gen kòn 4 pwent lan te parèt dirèkteman nan bon moman an malgrem te rate kou a. Men Drenda te di ke li tap aji lafwa li pou bouk sèf ki gen kòn ki chaje pwent lan. Kounyea, li te genyen yon avantaj sou mwen. Li pa konn chase sèf, kidonk pou li menm chase yon sèf ki genyen anpil kòn ta sipoze fasil menm jan ak chase youn ki gen 4 pwent paske pou li menm yo tout nèt se sèf. Akoz ke li pa konn chase, li pat gen ankenn imaj nan tèt li de si li tap posib ou pa. Mwen pat janm konn wè yon sèf ki genyen 8 pwent nan kòn li sou tè nou an, men lafwa Drenda pat baze sou sa ki te gen oubyen ki pat gen sou pwopriyete a. Li te kwè ke Bondye te kapab vini ak li.

Chas sa a te fèt pandan sezon repwodiksyon sèf yo, yo rele li sezon chalè, epi lè sa bouk sèf yo kapab vwayaje anpil distans pou yo ka jwenn femèl. Alòs gen bon chans pouw wè bouk sèf ke nòmalman ou pa konn wè sou tè ou nan peryòd sa, epi se sa ki te pase lè sa.

Lafwa Drenda te pote bouk sèf sa a menm sim pat gen lafwa poum te chase bouk sèf ki gen pil kòn sa a.

Mwen vle ou li sa ankò—mwen pat gen ankenn lafwa kem tap chase bouk sèf ki gen pil kòn sa a.

Mwen konnen a kisa wap panse la—Fon ti poze, Gary. Mwen twouble. Siw pat gen lafwa kew tap chase bouk sèf sa a, kidonk poukisa li te fè aparisyon li?

Menm jan bato Jak ak Jan te ranpli akoz lafwa Pyè a.

Sa a se pouvwa patenarya.

Kitem baw yon lòt egzanp, epi aprè sa, nou ka pale sou sa.

Mwen remèsye Bondye mwen chak fwa mwen sonje ou. Nan tout priyèm yo pou nou tout, mwen toujou priye ak kè kontan poutèt patenarya nou nan levanjil la depi premye jou a jouk koulye a, mwen gen konfyans nan sa a, ke moun ki te kòmanse yon bon travay nan nou pral potel fini. Jouk jou Kris la.

Li bon poum santim konsa pou nou tout, depim gen nou nan kèm e, kit mwen nan chenn, kit tap defann epi konfime levanjil la, nou tout pataje favè Bondye avèm.

— Filipyen 1:3-7

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Pòl di li sonje legliz nan vil Filip la avèk lajwa paske yo te kontinye mache ak li nan ministè li a. Li te kontinye poul di ke akoz yo te konn sipòte li ke yo kounyea pataje ak li favè ke Bondye fè ministè li a.

Sonje nou te di ke favè Bondye se pouvwa Bondye oswa kapasite Bondye ke Pòl te genyen sou li poul te akonpli misyon ke Bondye te ba li a? Legliz nan vil Filip la te patisipe nan depans yo pou travay la te akonpli, epi menm jan ak Jak avèk Jan, yo menm tou yo te jwenn tou nan onksyon ak favè ki te genyen nan travay sa a.

Koulye a, ann ale nan chapit kat la, epiw ap wè bon rezilta ke patenarya bay.

Poutan, li te bon pou ou patisipe nan pwoblèm mwen yo. Anplis de sa, jan nou menm, moun Filipyen, konnen, nan kòmansman tan nou te konnen levanjil la, lèm te kite Masedwann, pa gen yon sèl legliz ki te patisipe avèm nan zafè bay ak resevwa, sof nou menm sèlman; Paske, menm lèm te nan Tesalonik, ou te voye èd mwen plis pase yon fwa lèm te nan bezwen. Se pa ke mwen vle kado ou yo; sa mwen vle se ke plis dwe kredite nan kont ou. Mwen te resevwa peman konplè epi mwen gen plis pase ase. Kounye a, mwen resevwa kado ou te voye yo nan men Epafrodit. Yo se yon ofrann santi bon, yon sakrifis akseptab, ki fè Bondye plezi. Epi, Bondye mwen an ap satisfè tout bezwen nou yo dapre richès laglwa li nan Jezikri.

— Filipyen 4:14-19

Pòl te fèk resevwa yon lòt kontribisyon nan men legliz nan vil Filip lan. Koute sa li di yo. "Bondye mwen an va ban nou tout sa nou bezwen."

Gade byen Pòl pat di: "Bondye nou an ap ban nou tout sa nou bezwen paske nou te jenere ak mwen". NON! Li te di, "Koulye a, Bondye pa mwen an va ban nou tout sa nou gen bezwen!"

Ou wè, Filipyen yo te asosye ak Pòl, epi antanke asosye, yo te pataje favè sa a nan travay Pòl la. Kounye a, menm jan ak Jak ak Jan ki te jwenn tout pwason sa yo gras ak lafwa Pyè a, Pòl ap deklare yo va jwenn sa yo gen bezwen gras ak lafwa li!

Mwen esperew ka wè avantaj prensip sa a.

An nou di ke ou ta bezwen yon machin, epiw asosye avèk nou kòm yon ministè. Ann

di tou ke machin nan ta koute \$30,000. Kounye a, lèw simen nan GaryKeese.com, ou gen yon konpreyansyon sou kisa patenarya vle di—ou patisipe nan onksyon ak lagras nan ministè nou an.

Antanke yon ministè, nou kapab fasilman dakò sou \$30,000 sa, paske nou te pase etap \$30,000 a sa fè yon bon kou tan deja. Nou kapab fasilman gen lafwa pou \$30,000 sa paske nou depanse plizyè milyon chak ane kounye a. Men avan sa, mwen kapab sonje ke nou te konn oblije fè Bondye konfyans pou \$ 30,000, ki nan epòk la te sanble tankou yon gwo montay.

Kidonk, siw ta mandem sim te kapab kwè Bondye pou \$30,000, repons lan se tap absoliman. Kidonk, menm jan ak Pòl, lè nou gen yon akò epi ke nou se asosye, mwen kapab deklare kew jwenn saw bezwen yo se pap akoz de lafwaw men pito akoz de lafwa pa mwen.

Kounye a evidamman, ou bezwen gen lafwa lèw simen semans anvè \$30,000 sa a, epiw dwe gen konfyans pa sèlman nan Pawòl Bondye a, men nan nou menm tou. Ou ta dwe gen lafwa nan mwen, kwè ke mwen gen onksyon epi ke Bondye te fè apèl ak mwen, kwè ke mwen travay nan entegrite, epiw ta sipoze kapab wè prèv rezilta yo nan lavim ak nan ministè mwen. Siw fè yon koudèy nan sa nou ap fè ak kote nou soti, wap konnen ke mwen gen lafwa pou \$30,000!

Ou ka pa genyen lafwa pou \$30,000, men nou kapab travay ansanm nan patenarya epi wè bagay ki enkwayab. Se te menm bagay la tou pou bouk sèf ki gen anpil pwent nan kòn li an. Drenda te di nan nwit anvan mwen soti ale lachas la, "Wap aji lafwaw pou sèf la, epi mwen map aji lafwam pou bouk sèf ki gen anpil pwent nan kòn li an." Se konsa patenarya fonksyone.

Kidonk, kitem mete kèk règ debaz la pandan map pozew yon kesyon: Siw ta pral kòmanse yon konpayi enfòmatrik, èskew tap vle jenòm ki pa gen okenn lajan epi ki nan premye semès klas enfòmatrik li a pou vini asosyew oswa yon moun ki te deja bati yon konpayi enfòmatrik plizyè milyon dola epi ki gen lajan pou li edew lanse konpayi ou a?

Se vre, gen anpil varyab la, epi se yon ilustrasyon ke mwen senpleman fè. Men, mwen panse ke, si nap gade sou premye enfòmasyon ki disponib yo, chwa a tap fasil, paske se yon moun ki gen eksperyans, yon moun ki gen yon pase ki montre ke li fè

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

siksè, se pa yon moun moun ki pa gen kòb li tap ye! Se menm bagay la tou lèw vle simen nan yon patenarya avèk yon ministè.

Tanpri, pa konfonn sa map di a ak lèw jwenn lòd Bondye dirèkteman pouw fè patenarya ak yon moun. Jan de lòd sa a depase sa mwen ap di a. Anpil fwa, Bondye ap mennenw fè patenarya avèk travay pa li, men kèk fwa se ou menm kap genyen pouw chwazi asosye. Mwen ap pale espesyalman de simen tankou yon *chwa* ke wap fè, de simen lè ou bezwen yon rekòt ak lèw dezire pouw avanse pouw ale nan lòt nivo a.

Mwen simen nan travay kem kwè ladan li nan bi eksprè pou akselere lajan kem gen bezwen nan pwòp lavim. Youn nan règ mwen ke mwen pa vyole se kem toujou simen nan travay ki konprann lafwa ak kontra lèm bezwen akselere rekòt mwen. Jan de don sa yo se don yo ki tou gen objektif yo ew pa dwe konfonn yo ak lèw ap bay pòv..

Bay moun ki nan bezwen yo se sa Bondye renmen, epi gen benefis nan sa, men map chèche yon patenarya ak yon travay ki gen prèv lafwa, kem konnen ki gen kapasite pou dakò avèm.

Reflechisou sa nan fason sa a: Si mwen te mande yon moun ki tap fè \$3 pa è, ki te razè epi ki pat janm gen lajan pandan plizyè lane pou li dakò ak mwen pou \$10 milyon dola, ki chans ki tap genyen pou genyen yon akò?

Kounye a, mwen ka preche nenpòt moun, epi Bondye fè apèl ak mwen poum fè sa, men lè ke se yon kontra, dwe genyen akò. Yon kiltivatè pa simen semans li nan nenpòt tè labou. Li ap chèche tè ki bon pou rekòt li vle a ap mande a. Map pale de patenarya isit la sou latè ak lafwa yon lòt moun, ak onksyon yon lòt moun.

Yon lòt bagay mwen chèche lè mwen simen se yon travay Bondye ki gen menm fwi ke mwen ap aji lafwam anvè Bondye pou tèt mwen yo.

Kòm egzanp, konpayi mwen an posede de avyon. Anvan mwen te achte yo, mwen te simen nan yon travay Bondye, yon ministè kem te konnen ki te peye pou plizyè douzèn avyon ki koute plizyè milyon dola deja. Lè mwen di anpil, mwen vle di *anpil*; epi yo tout te peye lajan kach. Yo te gen prèv kòm rezilta nan sa ki gen rapò ak avyon. Mwen te konnen ke yo tap kapab dakò ak mwen fasilman pou yon avyon epi aji lafwa yo pou sa te rive. Mwen pa ta prale fè patenarya ak yon ministè ki te di ke avyon yo te twò chè, oswa li pa enpòtan ase pou posede yon avyon, oswa posede yon avyon se bagay dyab.

Sa se pa nenpòt kalite akò. Non, mwen te vle gen akò ak yon ministè ki te konprann pozisyonm, ki te kapab konprann mwen ki ap aji lafwam nan Bondye pou yon avyon, epi ki te gen fwi pou pwouve sa.

Mwen pilòt depi lèm te genyen 19 lane epi mwen te aprann vole avyon sou yon pis 3000 pye ki fèt an gravye nan andeyò peyi a. Mwen te konn lwe avyon pandan tout lavim jiskaske yon jou mwen te panse, *ey, ou konn kisa? Mwen jis bezwen simen yon semans epi aji lafwam nan Bondye poum genyen pwòp avyon mwen.*

Se jis sa mwen te fè. Mwen te konnen avyon egzak mwen ta pral simen pou li an, kidonk mwen te ekri avyon egzak sa a sou chèk mwen an, epi Drenda ak mwen te dakò sou li. Aprè sa, nou te voye chèk sa a bay ministè mwen sot mansyone a.

Apeprè yon mwa te pase, epi mwen te gen yon vizit doktè woutinyè. Pandanm tap pale ak doktè a jou sa a, li te di konsa: "Sa pa rive kew rekonèt yon moun ki ta renmen achte yon avyon?"

Kesyon li an te fè mwen yon ti kras sezi, paske sa potko rive nan tout lavim pou yon moun te mande mwen si mwen te rekòtè yon moun ki te vle achte yon avyon. Mwen te mande ki jan de avyon li te ye, epi se te avyon egzak mwen te simen semans mwen an pou li a.

Li evidan, sa a te kapte atansyon mwen. Mwen te ale epim te gade avyon an, mwen te kontakte pwopriyetè a, epi li mennen mwen fon vire sou avyon an. Sa a te pafè. Te gen yon sèl pwoblèm—nan moman sa a, mwen pat gen lajan poum te peye pou li.

Men, Bondye te gen yon plan. Nan sezon otòn anvan an, (se an Mas nou te ye lè sa a), papa mwen te ban mwen yon kay kem te pral renove li poum te fè li tounen yon biwo nan sezon prentan an. Papam te dim ke li te fèmen dlo a anvan sezon ivè a, kidonk mwen pat janm pase verifye li.

Sèlman kèk jou aprèm te fin gade avyon an, frèm nan te relem epi li te dim ke kay mwen an te kraze. Li te kontinye dim ke tout mi ki te fèt an playwood yo nan kay la te kraze epi pifò ladan yo te tonbe sòti nan mi yo.

Aparamman, dlo a pat fèmen epi tiyo yo te fè glas pandan sezon ivè a. Kounye a ke nou te nan mwa mas epi li te kòmanse ap fè cho, dlo a te koule nan kay la pa gen moun ki konnen depi kilè li tap koule a, pou piti kèk semèn.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Sa frèm nan pat konnen se ke mwen te gentan siyen yon kontra ak yon konpayi konstriksyon pou yo te vin kraze tout baraj ki fèt ak playwood yo ak tout pati ki kouvri deyò kay la. Sa a te fè pati de pwosesis renovasyon an pou te konvèti kay la pou li te ka tounen nouvo espas biwo pou konpayi mwen an.

Kounye a, men kibò sa ki te entèresan an te rive a: konpayi asirans lan te peye yon lajan pou dega dlo a te koze a, epi se te lajan kach sa kem te itilize poum te peye pou avyon mwen an.

Avyon an te achte ak lajan kach!

Kidonk sonje, patenarya se yon prensip espirityèl pwisan ke wap bezwen okouran de li epi pwofite de li.

CHAPIT 6

MISTÈ

DIM LAN

Mwen resevwa imèl souvan nan men moun kap eseye konvenk mwen ke lwa Wayòm nan—dim nan—te ekspire epi li pa valab ankò.

Sepandan, mwen te twouve prensip Wayòm sa a tèlman enpòtan ke mwen te dedye tout yon chapit sou li.

Mwen konnen ke ou menm, si sa fè yon ti tan ke ou legliz, ou te tande pale de ladim. Men, mwen konnen tou ke li posib pou saw tande a pa konplètman kòrèk, epi li enpòtan pou nou mete kèk nan ansyen mantalite relijye yo konsènan ladim lan nan lòd anvan pou nou kontinye.

Tou dabò, siw pa konnen sa, mo dim lan an reyalyte vle di yon dizyèm. Yo te itilize mo a pou dekri kantite lajan pèp Bondye a te dwe bay nan salè yo pou travay Li a, yon dizyèm oswa yon dim.

Kounye a, eksplikasyon sa a sou ladim lan se yon eksplikasyon ki vrèman senp, epi mwen vle pale pi plis sou sijè a nan chapit sa a. Men, pou kounye a, si se premye fwa wap tande pale de sijè a, men kisa dim lan ye, se bay Bondye yon dizyèm.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwwa Jenewozite a

Dezyèmman, pou pifò moun, lè yo panse ak ladim lan, yo panse tou ak Ansyen Testaman an epi Lalwa Moyiz la kote yo te egzije pou tout sitwayen nan nasyon Izrayèl la bay ladim.

Jodi a, gen anpil konfizyon nan kò Kris la konsènan ladim lan, kisa li ye, epi èske li toujou an vigè oswa si li te ekspire lè Jezi te vini an.

Janw te pwobableman tande mwen di sa, lè Bondye te dim poum aprann tout sam te kapab sou fason Wayòm Li an te fonksyone, mwen te reyèlman vin yon syantifik espiyèl. Mwen te vle konnen kijan tout bagay te mache, epi ladim te yon gwo kesyon ke mwen te oblije reponn.

Kidonk, ann fè yon ti gade ladim lan, ki kote li soti, kisa li fè, ak poukisa se pou jodya li ye.

Malgre ke nan Lwa Moyiz la nou wè byen klè ke dim lan paret kòm yon egzijans ki ekri, men se pa ak Lalwa Moyiz la dim lan te kòmanse. Pou nou kapab jwenn orijin li, nou bezwen retounen nan kòmansman an ak nan istwa Adan ak Èv.

Jan nou te mansyone sa deja, yo te kreye Adan epi yo te mete li sou tè a kòm chèf sou tè a nan non Wayòm Bondye a.

Ou fè yo yon ti kras pi ba pase zanj yo; Ou te kouwone yo ak glwa ak onè, ou mete tout bagay anba pye yo. Nan mete tout bagay anba yo, Bondye pa kite anyen ki pa soumèt devan yo.

—Ebre 2:7-8a

Adan te kouwone ak glwa ak onè, epi pat gen anyen sou tè a ki pat anba dominasyon li. Tèm *kouwone* a ban nou yon gwo apèsi sou fason sa a te fonksyone.

Siw gade yon wa nan monn lan, li mete yon kouwòn, epi, malgre li se jis yon nonm, kouwòn lan endike ke tout gouvènman an apiye pawòl li yo. Se konsa, sa te ye pou Adan. Li te dirije tè a ak tout otorite, epi syèl la te apiye tout sa li te fè. Nou dwe sonje ke nòmalman, li te jis yon nonm ki te dirije sèlman atravè otorite ke yo te ba li a. Li te gen laglwa (pouvwa) ak onè (pozisyon ak otorite) Wayòm Bondye a ki tap sipòtel.

Sa ki enteresan, se paske nou wè Satan te deja sou tè a lè Adan te kreye, paske yo te voye li jete sou tè a anvan kreyasyon lèzòm. Satan te meprize kreyati enb sa a (nan

natirèl la) ki tap dirije sou li nan non Wayòm Bondye a. Li te vle jwenn yon fason poul pran otorite sa a nan men Adan, sa li te vle a se pou li retire otorite Adan te genyen poul dirije a.

An reyalite, Satan pat gen pouvwa poul afèbli oswa ranvèse pozisyon Adan an, kidonk li te oblije imajine yon plan poul fè Èv kwè ke yo pat ka fè Bondye konfyans epi li menm ak Adan ta dwe vire do bay Bondye epi suiv li.

Plan Satan an te reyisi. Adan ak Èv te vire do bay Bondye epi yo te pèdi otorite yo. Nan moman sa a, piske tout domèn tè a se anba dominasyon Adan li te ye, Se Adan ki te mete Bondye deyò sou tè a paske otorite espiritiyèl Bondye a te menase, epi lèzòm te vin separe ak Bondye.

Gen anpil bagay te pase nan domèn espiritiyèl la nan moman sa a, men mwen pa gen tan poum pale de sa pou kounya paske mwen vle mete aksan an sou sijè nou an ki se ladim. Kidonk, ann tounen nan moman sa a kote Adan ak Èv te tonbe epi pou nou dekouvri sa ki te pase a.

Li di Adan: “Paske ou te koute madanm ou epi ou te manje fwi nan pye bwa mwen te kòmande w: ‘Ou pa dwe manje ladanl,’ tè a madichonnen poutèt ou; Nan travay ki fè lapenn, w’a manje manje ladanl pandan tout lavi ou. Li pral fè pikan ak pikan pou ou, epi ou pral manje plant nan jaden. Nan swe nan fwon ou, ou pral manje manje ou jiskaske ou tounen nan tè a, paske nan li yo te pran ou; paske ou ye pousyè epiw ap tounen pousyè.

— Jenèz 3:17-19

San pèdi tan, nou wè ke lèzòm te pèdi pwovizyon li (yo te metel deyò nan jaden an), apres, objektif li te vin pou li kapab siviv, epi Lè sa a, li te gen pou li siviv ak pwòp swe kouray. Bondye te dil tou ke li tap retounen nan tè a, ke li tap *mouri* yon jou. Adan pat konprann anyen ditou konsènan konsèp lanmò ak siviv nan doulè, epi laperèz ak dezespwa te vin antre nan mond lan.

Jan ou ka wè sa, ak tou jan Adan te dekouvri sa, mond lan te vin chanje totalman.

Kounye a mwen vle ale nan Lik 4 kote nou pral jwenn yon lòt chanjman trè enpòtan ki te fèt.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Dyab la mennenl sou yon kote ki wo, li montrel nan yon moman tout wayòm nan mond lan. Li dil: -Map ba ou tout pouvwa ak tout bèl pouvwa yo; yo ban mwen li, epi mwen ka bay nenpòt moun mwen vle. Siw adorem, tout bagay ap pou ou.”

— Lik 4:5-7

Nan pasaj sa a, Satan deklare ke tout lajan ki gen rapò ak wayòm ki sou latè (nasyon) yo anba jiridiksyon li epi li di ke yo te ba li otorite sa. Epi nan deklarasyon sa a li gen rezon, paske se Adan ki te ba li otorite sa a lè li te vire do bay Bondye a.

Remake vèsè sa a di ke tout laglwa nasyon yo oswa wayòm ki nan mond lan te vin tonbe anba jiridiksyon li. Ki sa ki se laglwa yon nasyon? *Richès* li.

Tout lajan ki sou tè a gen yon wayòm, yon nasyon, ki make sou li, kidonk tout lajan yo fè pati oswa anba jiridiksyon yon wayòm sou latè. Kounye a, Satan deklare ke lajan, oswa richès nasyon yo, anba jiridiksyonl, epi li deklare ke li kapab bay moun li vle. Pou di sa nan yon fason ki senp, Satan di jiridiksyon sou richès ak pwosperite nasyon yo se pou li. Sa a trè enpòtan paske nou pral dekouvri ke dim lan gen yon objektif trè espesifik ki mare nan reyalite sa a.

Adan te renmen Ev, madanm li, li vin ansent epi li te fè Kayen. Li te di: “Avèk èd Granmèt la mwen fè yon gason”. Apre sa, li fè Abèl, frè li.

Abèl tap gade mouton, Kayen tap travay tè a. Nan tan lontan, Kayen te pote kèk nan fwi tè a kòm yon ofrann bay Seyè a. Epi, Abèl te pote yon ofrann tou—pòsyon grès nan premye pitit moutonl yo. Seyè a te fè Abèl ak tout ofrann li te fè yo gras. Konsa, Kayen te fache anpil, figil te bese.

Lè sa a, Seyè a di Kayen: -Poukisa ou fache? Poukisa figi ou bese? Siw fè sa ki byen, èskew p ap aksepte? Men, si ou pa fè sa ki dwat, peche ap bese devan pòt ou; li vle genyen ou, men ou dwe domine sou li.”

— Jenèz 4:1-7

Dakò, kisa ki tap pase la? Sa a se te premye jenerasyon timoun yo. Poukisa yo tap ofri yon ofrann? Yo potko ekri okenn lwa ki te mande pou yo fè sa nan epòk sa a, pou ki

rezon yo tap fè sa?

Nou kapab imajine ke Adan ak Èv, paran yo, *te anseye* yo pou yo bay ofrann. Nou ka imajine tou ke Bondye pa fè bagay yo sèlman pou kapab respekte tradisyon epi ta dwe gen yon rezon *legal* ki fè Li te montre Adan ak Èv pou yo bay ofrann.

Siw gade tèks la, wap wè te gen yon gwo diferans nan sa de ti gason yo te pote pou ofri a. Koulye a, pa rete sou sa yo te gen pou ofri yo, gen youn ki tap ofri bèt epi lòt la tap ofri plant, paske se pat sa ki te pwoblèm nan. Pwoblèm lan se te *kijan* yo tap ofri sa yo te genyen an ak poukisa yo tap fèl avan tou.

Remake ke Kayen te bay “kèk” nan fwi tè a. Men, Abèl te pote “pòsyon grès ki sòti nan kèk nan premye pitit” twoupo mouton li an. Eske ou wè diferans lan? Nan yon ka, se te “kèk” konpare ak “pi bon pòsyon an,” ki te pòsyon grès ki sòti nan premye pitit ki nan twoupo a.

Poukisa Abèl te pote pòsyon grès la, epi poukisa se nan premye pitit la li te sòti?

Bondye te genlè bay Adan egzijans yo pou ofrann sa a.

Èske ou wè li? Se te premye fwa nou te wè dim lan.

Siw etidye dim lan nan Lalwa Moyiz la, se te toujou **premye** 10% ki soti nan **pi bon an** ou dwe bay. Nan istwa sa a, nou ka wè klè ke se ladim Abèl tap bay, *premye* a ak *pi bon* an. Sepandan, Kayen pat kontan poul te abandone *kèk* nan rekòt li a ak poul te onore Bondye, se sa ki fè se “kèk” nan rekòt li yo li te deside pote, se pat premye pòsyon an a oswa pi bon an.

Sanble Kayen te konnen kisa ak kijan poul ofri dim lan bay Senyè a paske Bondye te dil: “*Siw fè sa ki dwat, èske yo pap akseptew? Men, si ou pa fè sa ki dwat, peche ap akoupi devan pòt ou; li vle genyen ou, men ou dwe domine sou li.*”

Men, Kayen te rejte ankourajman Bondye te bal poul fè sa yo te anseyel la epi olye de sa li te touye Abèl, frè li a. Petèt, li ka te panse akòz Abèl ki pa la a, li tap kapab kontwole jaden an ansanm ak bèt yo, oswa avaris li te tantel pou pote sèlman kèk nan rekòt la, pou li obeyi pandan li pap bay Bondye ofrann lan ak tout kè. Mwen sèlman ap devine. Men yon bagay nou konnen byen se ke Kayen pat vle bay ladim lan nan fason yo te anseye li a.

Nan pwèn sa a, ou kapab mande, “Poukisa yo bay dim lan avan tou? Poukisa Bondye

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

te mande pou yo bay ladim? Mwen pral reponn kesyon sa yo, men anvan sa, ann gade ki lòt bagay nou ka aprann konsènan ladim anvan nou ale nan kesyon sa yo.

Pwochèn fwa nou te vin wè dim lan parèt nan Bib la se premye fwa yo te itilize mo *ladim* lan toutbonvre.

Aprè Abram te fin bat Kedorlaòmè ak wa ki te alye avèl yo, wa Sodòm te soti al kontrel nan Fon Chave a (ki vle di Fon Wa a). Lè sa a, Mèlkisedèk, wa Salèm, pote pen ak diven. Li te prèt Bondye ki anwo nan syèl la, epi li te beni Abram, li di: "Lwanj pou Abram pa Bondye ki anwo nan syèl la, ki kreye syèl la ak tè a. Lwanj pou Bondye ki anwo nan syèl la, ki te lage lènmi ou yo nan men ou." Aprè sa, Abram ba li yon dizyèm nan tout bagay.

— Jenèz 14:17-20

Kesyon nou dwe poze la a se: Kijan Abraram te fè konnen poul bay ladim epi poukisa li te bay ladim?

Li evidan, dim lan te pase atravè jenerasyon yo sòti depi sou epòk Adan an. Epi nou konnen ke se Bondye ki te anseye Adan pou li bay ladim, Li menm menm apre rebelyon an. Nan pasaj sa a nou wè ke yo itilize egzakteman mo ladim nan, ki endike ke yo te bay yon dizyèm.

Anpil moun pral di ke ladim lan te fè pati Lwa Moyiz la, sa ki vle di ke kwayan nan Nouvo Testaman an pa anba egzijans pou bay ladim. De ensidan mwen mansyone yo, istwa Kayen ak Abèl epi answit Abraram, pwouve ke moun yo te konn bay ladim depi avan Lalwa Moyiz la te ekri. Ok, mwen dakò, se nan Lalwa Moyiz la nou wè mo ladim lan ekri, epi yo te egziye nasyon Izrayèl la pou li te bay ladim. Men, pèp Izrayèl la te deja konn bay ladim depi avan Moyiz te vini.

Kidonk, poukisa yo te ekri mo ladim lan nan Lalwa Moyiz la? Lè lalwa Moyiz la te ekri, li te ekri pou li kapab gouvène lavi nouvo pèp Izrayèl la ki te fenk soti nan peyi Lejip la totalman. Se nan kòd konduit lalwa sa a yo te mete tout egzijans legal ak fason pou dirije paske se dapre li ke moun yo tap gen pou yo mennen lavi yo. Kidonk, yo te ekri ladim nan Lwa Moyiz la paske yo te vle li fè pati lavi nasyon an. Ladim lan te tèlman enpòtan ke Bondye te fè yo ekri li nan lwa nasyon an. Nou prale dekouvri

poukisa Bondye te vle pou bagay sa fèt talè konsa, men ann gade kèk lòt egzanp konsènan ladim lan.

Kounye a, men sa Senyè ki gen tout pouvwa a di: "Reflechi byen sou chemenw yo. Ou te plante anpil, men ou te rekòlte ti kras. Ou manje, men ou pa janm gen ase. Ou bwè, men pa janm ranpli ou. Ou mete rad sou ou, men ou pa santi chalè. Ou touche salè, sèlman pouw mete yo nan yon valiz ki gen twou ladanl."

Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: "Fè atansyon sou chemenw yo. Monte nan mòn yo, fè desann bwa epi bati kay mwen an, poum ka pran plezi nan li epi poum ka jwenn onè," Senyè a di. "Ou te espere anpil, men gade, li te tounen yon ti kras. Sa ou pote lakay mwen, mwen soufle. Poukisa?" Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa. "Akoz kay mwen an, ki rete yon ruine, pandan ke nou chakapokipe ak pwòp kay pa nou. Se poutèt sa, grasa ou, syèl la anpeche lawouze yo epi tè a pa fè rekòt li yo. Mwen rele pou yon sechrès sou jaden yo ak sou mòn yo, sou ble, diven an, lwil oliv ak tout lòt bagay tè a pwodui, sou moun ak bèt, ak sou tout travay men nou."

— Aje 1:5-11

Nan pasaj sa a, pwofèt Aje ap reprimande nasyon Izrayèl la paske yo pat rebati tanp lan touswit aprè yo te retounen soti ann egzil nan peyi Babilòn. Yo pa pwospere, yo gen yon mank, rekòt yo pa bon, epi tout nasyon an ap souffri. Bondye di pèp la pou li fè anpil pridans nan **fason yo ap aji**, sa vle di ke te gen yon bagay yo tap fè oswa yo patap fè ki te lakòz mank sa.

Bondye di: "**Akoz ou**, syèl la anpeche lawouze yo." Li di ke li te oblije pote sechrès la poutèt sa **yo** tap fè yo. Yo tout tap bati pwòp kay pa yo epi yo te kite tanp Bondye a kraze. Sa montre ke yo pat respekte prensip ladim lan.

Gade, yo te dwe pote dim lan bay moun Levit yo—prèt yo—e ki tap itilizel pou fè sèvis nan tanp lan. Piske yo pat pote dim lan bay moun Levit yo, epi yo pat konstwi tanp lan, Bondye te oblije retire benediksyon Li an akòz sa yo tap fè a.

Ou dwe konprann sa pat nan volonte Bondye pou Li retire benediksyon Li an sou pèp

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Izrayèl la. Li pat gen okenn chwa, paske se te yon pwoblèm legal ki te gen ladan li kesyon ladim lan.

Lè nou kontinye li nan chapit de a, nou wè ke, sanble pèp la te kòmanse bay sa pwofèt la tap di yo valè.

“Koulye a, reflechi ak anpil atansyon sou sa depi jou sa a— konsidere kòman bagay yo te ye anvan yo te mete yon wòch sou lòt nan tanp Senyè a. Lè yon moun rive nan yon pil ven mezi, te gen sèlman dis. Lè yon moun te ale nan yon kann diven pou tire senkant mezi, te gen sèlman ven. Se mwen menm Seyè a ki di sa. Se mwen menm Seyè a ki di sa. “Depi jou sa a, apati vennkatriyèm jou nevyèm mwa a, reflechi byen sou jou lè yo te poze fondasyon tanp Senyè a. Reflechi ak anpil atansyon: Èske gen kèk grenn ankò ki rete nan depo a? Jiska kounye a, pye rezen an ak pye fig Frans lan, grenad la ak pye oliv la pa bay fwi. Depi jòdi a map beni ou.”

— Aje 2:15-19

Kòm yo te mete tanp lan an premye ankò, Bondye te di yo pou yo make jou a ak lè a paske yo ta pral wè kijan richès yo tap vin gen yon gwo ogmantasyon. Li te vle yo make espas la pou ankouraje epi fè yo sonje chanjman an pou yo pa sispann bay ladim ankò, pa pou benefis pa Li men pou pwòp benefis pa yo.

Nou jwenn kèk kle ki enpòtan la ke ou pral konprann nan yon ti tan, men premye bagay mwen vle ou reyalize se ke dim lan se yon pwoblèm *legal*. Bondye *te oblije* retire benediksyon Li lè yo patap bay ladim lan, se pa paske li *te vle* men se paske Li *te oblije*.

“Paske se mwen menm ki Seyè a, mwen pa chanje; Se poutèt sa, nou p'ap disparèt, nou menm pitit Jakòb yo. Men, depi nan tan zansèt nou yo, nou te vire do bay lòd mwen yo, epi nou pa respekte yo. Tounen vin jwenn mwen, ma tounen vin jwenn nou,” Seyè ki gen tout pouvwa a di.

“Men, ou di, ‘Kijan pou nou retounen?’

“Èske yon moun ap vòlè Bondye? Poutan ou te vòlè mwen!

Men, ou di: ‘Kijan nou vòlè ou?’

Nan ladim ak ofrann. Madichon ou gen yon madichon, paske ou te vòlèm, menm tout nasyon sa a. Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: -Pote tout ladim yo nan depo a, pou ka gen manje nan kay mwen an, epi sonde kounye a nan sa a," Seyè ki gen tout pouvwa a di: "Si mwen pa louvri fenèt syèl la pou nou, si mwen pa vide pou nou benediksyon sa yo. ke p ap gen ase plas pou resevwa li. Map rale zòrèy moun k'ap devore a poutèt nou, poul p'ap detwi fwi nan tè nou an, poul p'ap janm sispann bay pye rezen nou nan jaden nou. Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: "Epi tout nasyon yo pral rele nou benediksyon pou, paske nou pral yon peyi ki fè bèl plezi."

—Malaki 3:6-12 (NKJV)

Nan pasaj sa a nou wè se yon lòt pwofèt ki ap reprimande pèp la, ki di ke se yo menm ki lakoz Bondye pa kabab beni pèp Li a. Li di yo, ke yo—tout nasyon an—anba yon madichon akòz bagay sa ke yo *pa* fè a. Yo resevwa enstriksyon pou yo pote tout ladim lan nan depo a, pou kay Bondye a kapab gen manje ladanl.

Yon lòt fwa ankò, yo te dwe pote ladim lan bay moun Levit yo, prèt yo. Pèp la te pote kèk nan dim lan men se pat tout yo te pote a (sonje peche Kayen an). Senyè a ap di pèp la ke se lè yo pote dim lan an antye, yap kapab retounen jwenn benediksyon syèl la. Lè sa syèl la ap gen jiridiksyon legal pou li entèveni nan peyi yo a. Bondye di yo ke si yo retounen vin jwenn li ansanm avèk dim lan, lè sa a, yo pral gen benediksyon ke yo pap kapab kenbe.

Dakò, an nou pran yo ti poz pou nou pale sou koze sa a tou piti anvan pou mwen ale pi lwen.

Jiskaprezan, nou te wè ke anreyalite ladim lan te kòmanse depi nan konmansman an, epi se kounye a nou ka wè poukisa. Nan pasaj sa a nou wè ke ladim lan bay Bondye jiridiksyon legal pou Li kanpe nan mitan moun ki vin pou devore a, Satan, ak pèp Bondye a epi pou Li reprimande Satan.

An reyalite, men kisa Bondye tap di, “Retire Menw, Satan! Pinga ou manyen anyen nan sa yo posede!”

Gade, lè Adan te tonbe a, sa tap fè Satan plezi pou Adan rete nan grangou nan pwen

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

ke li ta mouri. Men, touswit, Bondye te mete ladim lan an plas pou Li kapab pwoteje Adan ak Èv. Chak fwa Adan ak Èv te chwazi bay ladim, se Bondye ke yo bay priorite a. Se Bondye ke yo chwazi bay jiridiksyon legal la.

Ann sonje ke se menm jan an. Satan te vin antre nan domèn tè a. Lè li te pouse Adan ak Èv pou yo te koute sa li te di yo a olye yo pou yo koute Bondye, sa te vin ouvri yon

NAN EPÒK SA A, BONDYE TE ETABLI LADIM LAN POU LI KAPAB AJI KÒM YON KLOTI LEGAL POU ADAN AK ÈV, EPI LI TOUJOU AJI KÒM YON BOUKLIYE LEGAL POU NOU JODI A.

pòt legal pou li. Kidonk, lè yo bay ladim—sa ki vle di bay Bondye 10% nan sa yo te genyen—sa te bay Bondye dwa legal pou Li pwoteje tout sa Adan ak Èv te genyen.

Nou bezwen sonje ke dim lan se te yon lwa ki te gen rapò sèlman ak pwovizyon ke lèzòm te fè sou latè ki

pandan ke se Satan ki te gen otorite a. Li pat ba yo aksè pou yo ta rejwenn relasyon yo ak Bondye. Non, se yon sakrifis pou peche yo a ki ta dwe fèt anvan pou bagay sa ta kapab rive. Men, dim lan te pèmèt Bondye anpeche Satan vòlè pwovizyon yo genyen yo, epi sa tap pèmèt yo siviv sou tè a.

Gen anpil moun ki di ke dim lan se te yon lwa Ansyen Testaman an epi ki pa egziste ankò, depi lè Jezi te mouri sou lakwa a. Men, nou te dekouvri ke lalwa dim lan te kreye depi lè lèzòm te tonbe nan dezobeyisans avan ke Lalwa Moyiz la te ekri.

Nan epòk sa a, Bondye te etabli dim lan pou li kapab aji kòm yon kloti legal pou Adan ak Èv, epi li toujou aji kòm yon boukliye legal pou nou jodi a.

Dim lan se yon lwa ki nan domèn tè a epi lap toujou gen valè toutotan Satan gen libète sou tè a, tankou jounen jodia. Toutotan Satan la, lwa dim lan ap toujou an vigè.

Yon lòt bagay ou ka remake nan legliz, se moun ki ap bay ladim men ki pap pwospere. Sa a se akòz kèk move ansèyman konsènan ladim lan. Gen moun ki panse si yo jis bay ladim, benediksyon Senyè a ap tou fè yo jwi pwosperite san rete a, sa ki plis pase sa yo ta kapab kenbe. Lè yo kòmanse bay ladim epi yo pa wè pwosperite yo ap debòde, yo panse ke zafè ladim lan pa fonksyone. Men, sa yo panse a se pa vre, epi nou oblije li Ekriti yo pi byen pou nou dekouvri poukisa.

Bondye te di pèp la si yo te bay ladim, “*Map anpeche ensèk nuizib yo devore rekòt nou yo, epi pye rezen yo nan jaden nou yo pap lage fwi yo atè anvan yo mi.*”

Eske ou wè li? Li di ke fenèt syèl yo pral louvri epi Bondye pral beni rekòt yo. Sa mwen vle fèw konprann lan se ke ou dwe gen yon bagay ke ou plante andedan kloti ladim lan.

Se pa lè ou bay ladim lan ki ap fè ou pwospere. Li la sèlman pou li pwoteje sa ou genyen ki andedan kloti a, ladim ou an.

Se konsa, si ou gen twa pye tomat, yo va grandi. Men, si se sèlman twa pye tomat ou genyen, ou pral gen twa gwo pye bwa, men ou pap tèlman pwospere twòp.

Se sa *ou* bati oswa plante andedan kloti a ki ap pèmèt ou debòde ak abondans.

Malerezman, akoz move ansèyman, gen anpil nan pèp Bondye a ki bay ladim epi answit yo chita byen poze ap tann pou abondans san rete a kòmanse. Se lè nou konprann wòl pa nou an nan pwosesis la ke abondans lan ap kòmanse.

Kidonk yon lòt fwa ankò, ann revize.

1. Ladim te vin sou tè a depi nan kòmansman an, lè lèzòm te tonbe nan dezobeyisans lan.
2. Yo te mete li andedan Lalwa Moyiz la paske se Lalwa Moyiz la ki te montre kijan pou pèp Izrayèl la mennen lavi yo. Se paske Bondye te vle jwenn aksè pou Li kapab beni yo ki fè Li te ekri nan lwa sa a pou asire ke yo kontinye bay ladim lan. Lalwa ladim lan toujou valid. Men, egzijans legal pou bay ladim lan pa valid ankò. Jounen jodia, se nou menm ki *chwazi* si nou ap bay ladim ak si nou ap pwofite avantaj li bay yo.
3. Lwa sou ladim lan se yon lwa ki nan domèn tè a epi lap rete la toutotan Satan gen libète sou latè.
4. Se pa bay ladim lan ki pèmèt ou pwospere, men li pèmèt Bondye anpeche Satan atake sa ou plante oswa bati andedan kloti dim lan.
5. Ladim lan pa gen okenn enfluyans nan pwosesis sali a. Se sèlman Jezi ki ka pèmèt ou ale nan syèl la. Men, ladim lan kapab gen enfluyans sou pwosperitew nan domèn tè a.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

6. Se pou depo Bondye a ke ladim lan ye. Nan Ansyen Testaman an, li te nourri epi pran swen prèt yo ki tap travay nan ministè a. Li pa diferan jounen jodi a. Ou dwe pote ladim lan nan legliz kote ou mache a. Bondye bay lòd pou ladim lan pran swen epi okipe ministè a.

Mwen gen moun ki dim ke yo pa renmen legliz yo epi yo mande si yo oblije bay ladim lan legliz la. Kisa mwen reponn yo? Ale nan yon lòt legliz, yon legliz ki anseye sou lafwa ak Wayòm nan.

Siw ale nan plizyè legliz, ou ka pote ladim lan bay youn nan ministè kote ou resevwa benediksyon yo, men Bondye pi renmen lè ou pèsèvere nan yon bon legliz. Si pa gen okenn nan katye ou an, lè sa a, yon lòt fwa ankò, ou kapab pote ladim ou an, nan legliz kote wap beni an.

7. Ou pa kapab pwononse sou dim ou ap bay la. Pa egzanp, lè wap simen ladim ou an, ou pa ka di: “Map plante dim mwen an kòm yon semans pou _____”. Ladim lan deja gen responsabilite pa li. Ou ka pwononse sou yon ofrann men ou pa kapab fè menm jan an sou dim lan.
8. Dim lan se 10% nan sa ou fè. Sa a se *anvan* taks yo. Sonje byen, Bondye te di atravè Malachi: “Pote *tout* ladim lan nan depo a.” Nèf pousan se pa ladim. Sis pousan se pa ladim. Ladim lan se 10%. Siw di: “Mwen pa gen mwayen poum ka peye 10% sa a,” fè sa Bondye te di pèp Izrayèl la pou yo fè lè yo pat pote tout dim lan: Li te di “Teste mwen nan sa a,”. Pote dim ou an pa lafwa, avèk asirans ke Bondye ap onore li.
9. Kijan poum konnen sou kisa poum bay ladim? Règ mwen an se sa a: Èske se revni ou ka retire taks sou li a?
10. Si se yon revni mwen ka retire taks sou li, ebyen mwen ka bay ladim sou li. Èske mwen ka bay ladim nan biznis mwen an? Ankò, èske mwen ka retire taks sou li? Mwen pa peye ladim sou revni brit biznis mwen an. Mwen kapab simen nan biznis mwen an jan mwen vle, men sa a se pa ladim. Si mwen retire lajan nan biznis mwen an, lè sa a, mwen kapab bay ladim lan sou sa mwen retire nan biznis la lè mwen retire li nan biznis la.

11. E si mwen pa gen yon legliz nan moman sa a? Ou ka bay ladim ak nenpòt moun ki nourri ou espiritiyèlman jiskaskew ale nan yon legliz. Wi, anpil moun konsidere yon legliz byen lwen kòm legliz prensipal yo atravè difizyon modèn ak retransmisyon an dirèk sou Facebook. Si pa gen yon bon legliz ki baze sou Labib nan vil ou a, ou ka bay dim lan nan yon legliz byen lwen. Bagay sa lakoz anpil moun nan zòn riral yo fè Faithlifechurch.org tounen legliz prensipal yo.

Dakò, ann avanse.

Senyè a te montrem ke pifò kretyen bay ladim yo kòm si se yon bòdwo ke yo dwe (si tout fwa yo ta bay ladim, epi pifò pa fè sa). Sa vle di yo pa aji lafwa yo nan sa yap fè a men yo sèlman konnen ke yo dwe dim lan epi tou senpleman peye li menm jan yo tap peye yon bòdwo.

Pandan ke li bon pou peye dim ou, ou toujou vle peye dim ou ak lafwa. Sinon, dim ou bay la vin paret tankou yon bagay legal olye de yon bagay ki baze sou lafwa.

Kite chak pawòl Bondye vin yon revelasyon pou ou sou entansyon Bondye pou ou. Ladim lan se pa yon pwa lou pou pote, epi li pa ta dwe pote chagren lè wap bay li. Se pa yon bagay Bondye ap eseye *pran* nan men ou, men pito, se Li menm ki ap eseye *ba* ou yon bagay. Nou dwe kwè epi konprann benefis ki gen nan bay ladim lan epi rejwifè kè nou kontan. Dim lan se yon zak adorasyon ki deklare ke Bondye se sous nou. Li gen byenfè ki defini aklè, ke nou sipoze gen konfyans ke nap resevwa lè nou bay ladim.

Mwen toujou sijere yon fanmi pou yo gentan prepare ladim yo avan yo vin legliz. Mwen sijere tou ke, anvan yo vini legliz, pou yo mete men yo sou dim sa a, deklare pou li fè benefis, epi deklare ke fenèt syèl yo louvri epi ke Satan pa kapab manyen rekòt yo a. Yo sipoze deklare tou ke Satan pa ka vòlè sa ki pou yo epi sa ke yo mete men ladan yo ap pwospere, nan non Jezi.

Kounye a, pou fini, kitem fèmen diskisyon nou sou ladim lan parapò ak jan yo mete li nan Nouvo Testaman an. Wi, se sa, yo mansyone dim lan nan Nouvo Testaman an! Pasaj ki vin apre a se kote nou te li avan sa a.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Aprè Abram te fin bat Kedorlaòmè ak wa ki te alye avèl yo, wa Sodòm te soti al kontrel nan Fon Chave a (ki vle di Fon Wa a). Lè sa a, Mèlkisedèk, wa Salèm, pote pen ak diven. Li te prèt Bondye ki anwo nan syèl la, epi li te beni Abram, li di: "Lwanj pou Abram pa Bondye ki anwo nan syèl la, ki kreye syèl la ak tè a. Lwanj pou Bondye ki anwo nan syèl la, ki te lage lènmi ou yo nan men ou." Aprè sa, Abram ba li yon dizyèm nan tout bagay.

— Jenèz 14:17-20

Kounye a, ann wè sa moun ki te ekri liv Ebre a di konsènan ladim lan.

Mèlkisedèk sa a te wa Salèm, li te prèt Bondye ki anwo nan syèl la. Li te rankontre Abraram ki te retounen apre defèt wa yo epi li te benil, epi Abraram ba li yon dizyèm nan tout bagay. Premyèman, non Mèlkisedèk vle di "wa jistis"; epi tou, "wa Salem" vle di "wa lapè." San papa oswa manman, san jeneyaloji, san kòmansman jou oswa fen lavi, ki sanble ak Pitit Bondye a, li rete yon prèt pou tout tan.

Jis panse kijan li te gwo: Menm patriyach Abraram te ba li yon dizyèm nan piyay la! Kounye a, lalwa mande desandan Levi yo ki vin prèt pou yo ranmase yon dizyèm nan men pèp la, sa vle di, nan men pèp Izrayèl parèy yo, menmsi yo menm tou yo se desandan Abraram. Men, nonm sa a pat trase desandan li soti nan Levi, poutan li te ranmase yon dizyèm nan men Abraram epi li te beni moun ki te fè pwomès yo. epi san dout, pi piti a beni pa pi gwo a. Nan yon sèl ka a, dizyèm lan kolekte pa moun ki mouri; men nan lòt ka a, pa moun ki deklare vivan.

— Ebre 7:1-8

Tanpri sonje ke tèks sa a di, "Nan yon bò, se moun ki mouri yo ki ranmase dizyèm lan," li fè referans ak Levit yo ki nan Ansyen Testaman an. Aprè sa, li kontinye pou di, "Men, nan lòt bò a, se **sila ki vivan an** ki ranmase dizyèm lan."

Mèlkisedèk se te wa jistis la, wa lapè, li pat gen ni manman ni papa, nou pat konn kilè li te fèt oswa kilè li te mouri, li te sanble ak Pitit Bondye a, se te yon prèt pou

toutan. Mèlkisedèk reprezante Jezikri ki te kanpe devan Abraram jou sa a. Sepandan, yo potko konnenl antanke Jezi nan peryòd sa a.

Sonje byen, zanj lan te di Jozèf poul te bay ti bebe gason an non Jezi lè Li te fèt. Non Jezi a vle di Sovè, nan fason sa, non Li fè nou konnen kiyès Li ta dwe ye pou nou. Se pa Kris ki se siyati Jezi. Lè nou pale de Jezikri, nou vle di Sovè ki gen onksyon an. Yo pat konnen Jezi sou non Jezi lè li te kanpe devan Abraram lan, paske yo pat kite satan konnen plan sa a nan epòk sa a.

Kidonk, non Mèlkisedèk la se yon non ki te senpleman refilete kiyès Li te ye, Wa Jistis la ak Prens Lapè a. Sepandan, nan yon fason pwofetik, Mèlkisedèk tap rakonte Abraram lavni li pandan Li tap ba li pen ak diven an, sa ki te revele nouvo alyans (pen, ki se kò Li ke yo te brize pou nou an, epi diven an, ki se san li ke li te bay pou nou) ki tap gen pou fèt ak eritye Abraram yo pi devan epi ki tap akonpli pwomès sa a ke Bondye te fè Abraram konsènan eritye li yo nan Jenèz 12 la.

Konsènan dim lan, Liv Ebre a di kounye a se “sila ki vivan an” ki ranmase dim lan. Se Jezi ki ranmase dim lan kounye a, sila ki vivan an! Se Li menm ki se Wa tout wa yo ak Senyè tout Senyè yo.

Kidonk, sonje byen, lwa dim lan toujou an vigè jodi a. Sèl bagay ki chanje se sasèdos la. Nan Ansyen Testaman an, se tribi Levi a ki te konn ranmase ladim lan pou travay Bondye a. Jounen jodia, se Jezi (ki soti nan tribi Jida a, se pa nan tribi Levi a, ki endike ke gen yon nouvo lòd nan sasèdos la ki te etabli) ki kolekte ladim lan nan legliz Li a pou travay ministè a. Se vre, mwen reyalize ke se pa Jezi, moun nan, ki la pèsoneleman pou

**DIM LAN SE YON KLOTI
LEGAL POU LAVI OU KI
ANPECHE DYAB LA
GEN AKSÈ POU LI
VOLE PWOVIZYON OU.**

Li ranmase dim lan. Men sonje ke Bib la di ke legliz la se kò Kris la, sa ki vle di li se reprezantan legal li sou latè, menm jan kò nou pèmèt nou reprezantante nou legalman sou tè a. Lè nou bay legliz Li a, ki se kò Li, an reyalite se Jezi nou bay. Lè te genyen

ansyen alyans lan, se moun levit yo ki te konn ranmase dim lan pou ministè Bondye a, epi kounyea se legliz la ki ranmase dim lan pou ministè Bondye a.

An revizyon, dim lan se yon kloti legal pou lavi ou ki anpeche dyab la gen aksè a pou

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

li vòlè pwovizyon ou. Sonje byen, se pa dim lan ki fè ou pwospere! Se sa ke ou fè *andedan* kloti sa a ki detèmine pwosperite ou!

Ladim lan se yon lwa ki vrèman enpòtan pou lavi finansye ou. Se poutèt sa mwen te pran anpil tan poum pale sou lwa enpòtan sa ki fè pati Wayòm nan.

Kidonk, pwochèn fwaw ale legliz epi pastè a di li lè pou li resevwa dim yo, ou ta dwe rele ak kè kontan, paske kounye a ou konnen tout byenfè dim lan genyen yo.

CHAPIT 7

OU BEZWEN YON BOUS: PATI EN

Youn nan pi bon zanmim yo, Pastè Peter Mortlock, se yon pastè nan legliz City Impact Church nan Auckland, nan peyi Nouvèl Zelann. Li bati yon ministè ki eksepsyonèl epi li gen youn nan pi gwo legliz ki nan Nouvèl Zeland.

Pandan tout ane zanmitay nou yo, nou pwobableman fè 20 oswa plis vwayaj sou motosiklèt nan tout Amerik di Nò ak peyi Nouvèl Zelann. Se li menm ki finalman te fèm achte yon moto Harley. Pandan plizyè ane, se moto Honda mwen te renmen moute, men lè nou vwayaje konsa, li te toujou ensiste poum lwe yon moto Harley. Okòmansman, mwen pat renmen Harley a menm jan mwen renmen Honda mwen an, men si ou konnen anpil bagay sou moto Harley la, sa gen kèk lane yo te yo fè kèk gwo chanjman nan konsepsyon an, sa ki te fèm plezi. Se konsa, ane pase, Drenda te achte yon Harley tou nèf pou mwen ke nou renmen vwayaje sou li.

Pandan vwayaj nou yo, mwen te remake ke Pastè Peter te toujou gen yon ti valiz an kwi—mwen te rele li yon ti valiz gason—ki pandye sou zepòl li yo. Yon jou, apre kòm fin fèm mal tèlman mwen chita sou malèt mwen an, mwen te poze li kesyon sou valiz li a. Ebyen, diskisyon sa a te lakoz li achte youn pou mwen pou anivèsè nesans mwen. Yo

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

pa popilè nan peyi Ozetazini menm jan yo popilè an Ewòp ak Nouvèl Zelann lan, men mwen renmen li.

Anjeneral, mwen toujou sanble te konn pèdi linèt solèy mwen yo lè mwen mete yo yon kote epi bliye kote mwen te kite yo a. Men, depi lè mwen te kòmanse sèvi ak valiz gason mwen an, oswa bous gason mwen an, kèlkeswa jan ou vle rele li, mwen pat janm pèdi youn. Se kounya mwen vin konprann poukisa medam yo renmen mache ak ti valiz yo. Tout bagay se ladan li yo ye. Li vrèman bon. Se pa konvenk mwen ap eseye konvenk ou pouw achte yon ti valiz gason, men mwen panse ou dwe reflechi sou sa.

Èskew te konnen Jezi te di nou pou nou pote yon ti valiz?

Epi pa mete kè nou sou sa nou pral manje oswa bwè; pa enkyetew pou sa. Paske monn payen an ap kouri dèyè tout bagay sa yo, epi Papa nou konnen nou bezwen yo. Men, chèche wayòm Li an, epi bagay sa yo ou va resevwa yo tou.

Nou pa bezwen pè, ti twoupo, paske Papa nou te kontan ban nou wayòm nan. Vann byenw yo epi bay pòv yo. Bay bous pou tèt nou ki p'ap fini, yon trezò nan syèl la ki p'ap janm echwe, kote pa gen vòlè pwoche bò kote pa gen okenn vèmin pa detwi. Paske kote trezòw la ye, se la kèw ap ye tou.

— Lik 12:29-34

Mwen pa panse ke se yon bagay Jezi tap mete devan men, pito, se yon pwosesis ke ou bezwen pouw konprann. (Epi nou ka ranplase mo valiz la ak bous si ou vle.)

Sa Jezi tap eseye fè konprann lan se ke ou bezwen genyen yon kote ke ou kapab jwenn trezòw la.

Pa egzanp, mwen te ka gen yon milyon dola nan bank la, men sa pa itil mwen anyen si mwen paka gen aksè ak li epi itilize, pa vre? Se pou rezon sa ou mache ak yon bous sou ou—se li menm ki pèmèt ou itilize lajan ou posede yo.

Lè ou pèdi bous ou se youn nan bagay ki pi estrèsan ki ka rive. Mwen toujou fè tout sam kapab poum asire ke sa pa rive. Bous mwen an, ki nan valiz gason mwen an, toujou nan menm.

Nan kèk pawòl sa yo mwen sot repete ke Jezi te di yo, nou jwenn yon latriye sajès ak

prensip ki enpòtan nan Wayòm nan konsènan lajan ou nan Wayòm nan. Avantou, Jezi te itilize fraz "Pa enkyete ou" a plis pase yon fwa. Jezi te di nou ke Bondye konnen tout sa nou gen bezwen epi li te eksplike nou egzakteman kijan nou kapab gen aksè nan pwovizyon Li yo.

Epi pa mete kè nou sou sa nou pral manje oswa bwè; pa enkyetew pou sa. Paske monn payen an ap kouri dèyè tout bagay sa yo, epi Papa nou konnen nou bezwen yo. Men, chèche wayòm li an, epi ou va jwenn bagay sa yo tou.

Jezi te di pouw pa enkyetew paske Bondye deja gen kontwòl bagay sa; Bondye konnen kisa ou bezwen. Men, apre sa, Jezi te vini avèk kèk enstriksyon.

Men, chèche wayòm li an, epi ou va jwenn bagay sa yo tou.

Jezi te di ke se nan men Bondye repons lan ye, men gen yon pwosesis pouw kapab fè reklamasyon legal sou li. Se nan men Bondye repons lan ye, MEN ou dwe konnen kijan Wayòm nan fonksyone anvan pou ou kapab reklame li.

Remake byen ke se pa Bondye Jezi te di chèche an premye men se *Wayòm nan* pou nou chèche an premye. Mwen panse ke pifò nan nou panse pasaj sa vle di chèche Bondye an premye, men se pa sa li ye. Jezi te di nou klèman sa ke li ye a. Si se lè nou chèche Bondye senpleman ki te repons lan, li tap di, "Kidonk, chèche *Bondye*, epi ou va jwenn bagay sa yo tou." Bondye konnen kisa ou bezwen, men gen yon pwosesis legal ki dwe fèt anvan pou ou resevwa sa ke syèl la genyen an legalman nan domèn tè a.

Kitem raplew ke Wayòm Bondye a se yon gouvènman ki gen yon Wa kap dirije Li. Otorite ak volonte Wa a rive jwenn chak sitwayen Wayòm nan atravè administrasyon lwa sa yo ki nan Wayòm nan.

Nan kat premye liv mwen ekri yo ki pale de Wayòm nan, mwen te pran tan poum revize Wayòm nan atravè aspè lavi, lafwa ak jiridiksyon. Poukisa mwen te fè sa? Paske prensip sa yo enpòtan anpil pouw kapab genyen siksè ak pouw konprann fason ou dwe mennen laviw nan Wayòm nan. Mwen te fè revizyon chak eleman kle sa yo nan Wayòm

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

nan nan tout liv mwen yo, paske mwen konnen ke anpil moun ka pran nenpòt liv ak paske li nesèsè pou li konnen kisa ki reyèlman alabaz chanjman sa ki fèt nan lavim nan.

Ou bezwen aprann kijan Wayòm nan fonksyone!

Gen enfòmasyon ki nan chapit sa a ke mwen pran nan lòt liv mwen ekri nan seri liv Your Financial Revolution. Siw te li yo, ou ou kapab avanse ale nan chapit uit. Siw pat li yo, oswa siw vle revize prensip debaz sa yo epi enpòtan nan Wayòm nan, ou kapab kontinye li nan chapit sèt la.

Pwoblèm jiridiksyon an

Jan mwen te di avan sa a, mwen rete an pwovens sou 60 kawo nan kèk nan tè ki pi bèl nan Ohio yo. Okòmansman, mwen te gen 55 kawo tè, men vwazen mwen an te vann mwen yon moso tè ki te bò kote tè pa mwen an sa ki te fè mwen vin gen an total jiska 60 kawo tè. Se vre, nou vrèman jwi teren sa a pandan 22 dènye ane yo. Gen rakbwa kote nou kapab chase sèf, yon marekaj pou nou chase kana, ak jaden pou nou chase lapen ak fezan, gen espas tou pou nou kouri machin kat wou nou yo, se jis yon benediksyon.

Si ou te gade espas kote mwen rete byen, wap remake gen yon pankat ki make PA DEPASE ESPAS SA sou perimèt pwopriyete a. Pankat yo la pou moun yo konnen ki kote bòn pwopriyete mwen an kòmanse. Lwa nan Ohio di ke yon moun ki vle pase sou tè mwen an dwe gen yon fòm konsantman mwen ekri sou yo pandan tout tan yo sou pwopriyete a. Si yo pa genyenl, yo ap konsidere yo tankou yo fè yon enfraksyon, epi legalman nou ka mete yo deyò epi sa ta ka antrene penalite ak amann nan pwosesis la.

Kidonk, an brèf...

Ou pa kapab okipe yon bagay ke ou pa gen jiridiksyon legal sou li.

Kidonk, jan mwen te di a, si ou genyen yon fòm konsantman nan menw, ke mwen menm mwen siyen, li ap ba ou aksè legal pou monte sou pwopriyete mwen an. Si yon moun ta kanpe ou sou pwopriyete mwen an epi li ta mande ou poukisa ou la epi ou ta reponn ke mwen te di ou ke ou ka vin fè lachas la, sa pa tap sifi. Lalwa a di ke ou dwe gen yon papyè ki siyen pouw kapab gen aksè sou pwopriyete a.

Menm pwosesis sa a nesesè si toutfw a ou ta ale nan labank lan epi mande lajanw; yo ap mandew pouw montre kat idantifikasyon ou (ID). Yon kesye nan yon magazen gen menm dwa sa tou pou li mande kat idantifikasyonw si wap itilize yon kat kredi pouw kapab peye machandiz ou achte. Lè ou prezante kat idantifikasyon ou (ID)

OU DWE APRANN KONNEN SA KI POU OU A AK KIJAN OU KAPAB GEN AKSÈ AK LI. LÈ SA A, OU VA JWENN TOUT BAGAY SA YO KE OU BEZWEN YO.

li pa fèt pou li anpechew gen aksè nan kont ou a; li la pou pwotejew kont lòt moun ki vle gen aksè nan bagay ou yo nan fè fwod.

Lè Jezi te di pouw chèche Wayòm nan an premye, Anreyalite li tap di, “*Etidye lwa Wayòm yo pouw konnen kijan pouw ajì legalman nan dwa legal ou yo antanke sitwayen Wayòm nan epi pou ou kapab rive jwenn sa ou gen bezwen an.*” Ou dwe aprann konnen sa ki pou ou a ak kijan ou kapab gen aksè ak li. Lè sa a, ou va jwenn tout bagay sa yo ke ou bezwen yo.

Yon lòt egzanp mwen ka pran se si mwen te gen yon kont kote mwen mete lajan pou pitit gasonm nan. Depi li te rive nan laj majorite a epi li te korèk pou mwen remèt li kont sa a, mwen tap gen poum dil nan ki bank li te ye, montrel kijan pou li pran lajan sou kont lan, ak kijan pou li depoze lajan sou kont lan. Menmke legalman se te kont pa li, li tap toujou gen pou li pase nan pwosesis legal ke lwa a mande pou li kapab gen aksè ak kont lan.

Kitem rezime sam ap di la a. Lè Jezi te di chèche Wayòm nan, se di li tap di pouw aprann konnen kijan Wayòm nan fonksyone, li fè referans ak lwa epi pwosesis ki nan Wayòm nan ke ou dwe aprann pouw kapab pran sa ki te deja pou ou a legalman. Kidonk, jan nou te wè nan egzanp sou kont labank mwen an, ou ka petèt gen jiridiksyon legal sou yon byen men ou ka poko ka genyen li paske ou pa anmezi pou ou swiv pwosesis legal pou ou genyen li an reyèlman. Pa egzanp, siw kite kat idantitew lakay ou lèw ale labank lan, yo pap pèmèt ou retire kòb sou yon kont menmsi se ta lajan paw.

Li enpòtan pouw konprann pwoblèm jiridiksyon nan Wayòm nan paske se yon kondisyon ki dwe respekte anvan pou fonksyone efikasan nan Wayòm nan.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Mwen sèten ke ou pwobableman tande yon istwa tankou sa a deja: Gen yon moun ki popilè ki tonbe malad, epi yo mande konkou lapriyè pou li. Plizyè milyon moun patisipe nan lapriyè pou gerizon moun sa a, epi malgre sa li mouri. Poukisa?

Oswa yon moun diw ke grann li mouri malgre ke yo te priye pou li, epi moun sa yo vle konnen poukisa. Oswa gen yon moun ki di ou ke yo te simen lajan pou yon pwoblèm finansye, epi malgre sa yo kontinye viv san lajan. Èske gen repons pou kalite kesyon sa yo?

Anvan mwen bay repons lan, ann dakò ke nou pa konnen tout sa kap pase nan monn espiritiyèl la, epi mwen pap pran pòz ke mwen menm mwen konnen. Sepandan, daprè Pawòl Bondye a, nou konnen ke si yon moun malad, Jezi te deja peye pri a pou gerizon li. Nou konnen ke si nou jenere epi nou bay lòt yo, Bib la di ke nap resevwa. Men, chak jou ki pase, nou remake ke Pawòl Bondye a sanble pa fonksyone nan lavi anpil moun jan sa ekri nan Bib la. Eske se Bondye ki responsab?

Pandanm ap diskite sou sijè sa a nan chapit sa a, wap dekouvri ke repons lan se yon NON ki sonnen byen fò. Si repons lan se non, Alòs, kisa ki pwoblèm nan? Epitou, pifò moun blame Bondye pou trajedi ki rive yo. Yo konnen Li gen pouvwa pou anpeche move bagay rive epi Li pa fè sa, kidonk yo imajine ke se Li menm ki pat chwazi anpeche sa. Se bagay sa ki bay fo doktrin ki di "Bondye pèmèt move bagay rive bon moun" lan nesans. Moun yo kwè ke si Li pat sispann sa oswa si Li pa entèvni, gendwa se Li menm ki te pèmèt sa rive. Men, si ou konprann ke Bondye toujou bon epi ke Li pa konn bay manti, wap gen sètitud ke pwoblèm nan pa gen rapò avèk Bondye pèsònèlman, men pito se yon lòt kote pwoblèm lan ye; epi ou tap kòmanse chèche konnen ki kote solisyon an ap sòti.

Menm jan lè ou antre nan yon chanm kote ki gen fènwa, ou pa kouri di ke se konpayi elektrik la ki ap baw move sèvis. Non, ou chache entèriptè a, epi si sa pa mache, ou verifiye anpoul la. Ou konprann trè byen ke, byen souvan, se lakay ou pwoblèm lan ye.

Lè ou konnen trè byen ke pwoblèm lan pap *janm* sòti bò kote Bondye, paske nan Pawòl Li a nou jwenn anpil pwomès ki revele kisa Li vle pou nou, lè sa ou va kòmanse chèche pouw kapab jwenn ki kote kousiwkwi ki anpeche ou jwenn solisyon sa ke Bondye genyen an.

Se mantalite sa a disip yo te demontre lè yo pat kapab chase demon an nan ti gason an nan Matye 17:14-23. Olye pou yo mande, "Poukisa Bondye chwazi kite demon sa a la?" yo te mande Jezi, "Poukisa nou pat kapab chase li?" Sa a ta dwe premye kesyon nou poze lè sikonstans yo sanble fè Pawòl Bondye a pèdi vale Li.

Kidonk, yon lòt fwa ankò, li enpòtan pou nou, avan tout bagay, konnen ke Bondye bon, epi, après, ke Li pa konn bay manti. Ou dwe li Bib la epi poze kesyon sitoufwa ou vle aprann konnen kijan Wayòm nan fonksyone. Sonje byen, se pa pou granmesi ki fè genyen tout bèl istwa sa yo nan Bib la—gen yon bagay Jezi ap eseye montrew.

Yon lòt fwa ankò, Wayòm Bondye a se yon wayòm epi lwa ak prensip ki ladanl yo pa janm chanje. Jan mwen te di sa, ou kapab aprann epi itilize prensip sa yo menm jan ak yon fèmme ki konprann lwa sou sezon pou li simen ak rekòlte nan domèn tè a epi ki itilize lwa sa yo pou li kapab pwospere. Paske, chak sitwayen dwe konprann epi itilize lwa sa yo ki nan Wayòm nan, *nepòt* moun ka aprann lwa sa yo. Pafwa, lè ou konnen kijan lwa sa yo fonksyone sa kapab sove lavi.

Mark ak Ana te vin nan legliz nou an epi yo te vle fè yon ti bebe. Jiska epòk sa a, doktè yo te di Hannah ke akòz divès pwoblèm kò li genyen, li tap prèske enposib pou li ta tonbe ansent oswa pote yon ti bebe. Men, pandanl tap tande pale sou kijan Bondye bon ak aprann konsènan lwa Wayòm nan nan legliz Faith Life Church, li te vin dekouvri ke li ansent. Kè li te ranpli ak kontantman. Men, sa pat pran tan, li te kòmanse gen gwo doulè nan vant li, dè fwa doulè konn tèlman grav ke li menm konn endispoze.

Aprè youn nan moman kote li te endispoze, Hannah te vle asirel ke li verifye si tout bagay kòrèk, kidonk li te ale kote doktè li. Doktè li a pat la, men doktè a te vle fè yon sonografi nan apèl telefòn pou li te wè sa kap pase.

Doktè a te wè yon gwo boul san epi li di li ke li te fè foskouch. Pa te gen okenn batman kè.

Doktè a te ofril poul te vini nan demen poul te ka retire ti bebe a ki mouri nan vant li an, men Ana te refize. Olye de sa, maril, Mak, te ankourajel ak Pawòl Bondye a ansanm ak pwomès Bondye yo epi li te ankourajel poul pa retire konfyans li nan Pawòl Bondye konsènan tibebe a.

Nan menm wikenn sa a, Ana te resevwa lapriyè nan legliz la epi li te konvenki ke lap

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

bay nesans ak yon bebe ki an sante malgre sa doktè a te dil la.

Nan lendi, li te ale wè doktè pèsonèl li a piske doktè a pat la nan jou li te pase kote li a anvan sa a. Doktè li a te sijere li pou li fè yon lòt sonografi. Doktè a te parèt choke lè li tap gade nan ekran aparèy sonografi a epi li te kouri gade imaj sonografi ki te fèt kèk jou anvan an. Aprè sa, men ki pawòl li te di Ana. “ Sa fè 30 lane depi mwen ap fè bagay sa, epi mwen potko janm wè yon bagay konsa rive. Mwen wè aklè sou imaj semèn pase a kote ki gen gwo boul san an epi pa gen okenn batman kè a. lèm ap gadew jodi a la, tout boul san an disparèt, epi gen yon ti bebe ki an sante, epi kè li ap bat nòmalman.”

Kèk mwa aprè sa, Ana te akouche yon tipitit fi ki an sante, li te rele li Evelyn. Lè li te chèche konnen kisa non Evelyn lan vle di, li te sezi dekouvri ke anreyalite non an vle di *lavi!* Pandan map ekri sa jodi a, Ana par et twòp jou pou li akouche yon dezyèm pitit.

Pa gen dout ke bèl istwa sa a se te travay Bondye. Men, antanke yon syantifik espirityèl, li posib pou ou ap reflechi sou kèk kesyon nan moman sa, tankou: "Poukisa sa te rive? Èske Ana se youn nan moun Bondye pi renmen yo? Èske Bondye rete konsa epi li te chwazi pou geri ti bebe li a? Sa yo se kesyon ke nou dwe reponn.

Yon lòt fwa ankò, pou kretyen nòmal la, se yon mirak ki sot fèt la. Men, mwen toujou ankouraje moun pou yo chanje mo "mirak" la, paske se pou yon bagay ki ekstrawòdinè nou itilize mo sa a. Sepandan, nan Wayòm nan, sa se youn nan bagay lwa ki nan Wayòm nan konn fè.

Si mwen ta jete yon wòch epi li tonbe atè a, ou tap panse mwen se yon egare si mwen ta rele, "WOW, ou wè sa mwen fè a? Wòch la tonbe atè! Sa se yon mirak!" Ou pa tap dakò ke se te yon mirak paske ou konnen ke sa ki pase a se konsa lwa gravite a fonksyone, epi se menm bagay la ki ap rive *nenpòt lè nenpòt moun* ta jete yon wòch. Wòch la ap *toujou* tonbe atè.

Kidonk, antanke yon syantifik espirityèl, nou dwe chèche endis sou sa ki te pase a, nou dwe chèche endis espirityèl ki ap montre nou lwa sa oswa lwa sa yo ki nan Wayòm nan ki te prezan nan istwa a.

Youn nan pi bon istwa nan Bib la ki ap ede nou jwenn kèk repons konsènan lafwa ak jiridiksyon yo, se nan Lik chapit 8 ke nou jwenn li.

Pandan Jezi tap sou wout li, foul moun yo prèske krazel. Te gen yon fanm ki te sibi senyen pandan douz ane, men pèsonn pat kapab geril. Li pwoche dèyèl, li manyen kwen rad li a, epi imedyatman senyenl sispenn.

"Ki moun ki manyen mwen?" Jezi mande.

Lè yo tout nye sa, Pyè di: "Mèt, pèp la ap foule epi yo ap peze sou ou."

Men, Jezi di: Gen yon moun ki manyenm. Mwen konnen ke pouvwa soti nan mwen."

Lè sa a, fanm lan wè li pat kapab pase inapèsi, li vin tranble, li tonbe nan pyel. Nan prezans tout pèp la, li te di poukisa li te manyenl ak kijan li te imedyatman geri. Lè sa a, li di li: "Fi, lafwa ou geri ou. Ale ak kè poze."

— Lik 8:42b-48

Nan istwa sa a, nou jwenn yon fanm ki te malad anpil pandan plizyè lane epi ki pat kapab geri. Pandan li apwoche nan do Jezi, li manyen rad Jezi epi li te geri nan menm moman an. Nan moman sa a, gen anpil bagay ke nou kapab aprann sou kèk endis trè pwofon konsènan fason Wayòm nan opere a ki parèt nan istwa sa a epi ki pral ede nou jwenn kèk nan repons nou ap chèche yo.

Premyèman, se tout moun sa yo ki te antoure Jezi nan foul la ki tap touche li, paske istwa a di foul moun yo te prèske kraze Jezi tèlman yo tap peze li. Lè Jezi te mande: "Ki moun ki manyenm nan?" Pyè te sezi tande kesyon an paske, yon lòt fwa ankò, se *tout moun* ki tap touche Jezi. Men, Jezi te di ke moun sa a anpatikilye te touche li nan yon fason ki diferan—li te santi ke pouvwa Sentespri ki nan Li a te ale yon kote.

Lèw fin li istwa sa a, lespriw ta dwe ap toumantew epi kòmandew pouw pran yon ti tan pouw reflechi sou sa ki sot pase a. Ou ta dwe gentan ap mennen ankèt epi poze plizyè kesyon. Antanke yon syantifik espirityèl, nou bezwen konnen poukisa fanm *sa a* te geri epi pa gen okenn lòt moun ki te geri. Mwen imajine ke te gen anpil lòt moun ki tap touche Jezi fizikman epi ki te malad tou, men moun sa yo pat geri. Kidonk, fòk nou mande: "Poukisa se sèlman fanm sa a ke onksyon an te al jwenn epi li patal jwenn tout lòt moun sa yo ki tap touche Jezi nan moman an?"

Dabitid nou ta ka reponn pou di se paske se Jezi ki te geri li ki fè li te geri. Men, èske

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

se Jezi ki te geri li? Èske se te volonte Jezi pou Li te ede li lè jenn fanm sa a te geri a? Èske Jezi te mete men Li yo sou li? Èske Jezi te kòmande maladi a poul sòti kite kò fi sa a? Repons lan se non. Anreyalite, Jezi pat menm konnen si li te la. Se sa ki fè Li te oblije mande ki moun ki te manyen Li a.

Kidonk, èske se Jezi kite chwazi geril nan moman sa a, reyèlman? Yon lòt fwa ankò, Jezi pat menm konnen si li te la. Kidonk, kijan li te fè geri? Poukisa li te geri? Antanke syantifik espiritiyèl, nou kapab elimine lide ke li te youn nan pitit espesyal Bondye yo oswa ke li te gen yon koneksyon espesyal ak Jezi, paske Travay 10:34 di ke Bondye pa nan fè patipri.

Nou ka sipoze tou ke kòm Jezi pat menm konnen si li te la, se pa Jezi ki te deside pou fanm nan te geri jou sa a. Nou kapab dakò ke Jezi se te rezèvwà kote onksyon an sòti a, men se pa Li menm ki te pran desizyon pou *fanm* lan te geri nan moman sa a. Se te desizyon pa fanm lan.

Jezi di nou egzakteman kijan li te eksplwate nan otorite ak pouvwa Wayòm nan. Li te di: “*Pitit fim, lafwa ou geri ou. Ale ak kè poze.*” Fraz sa a di nou tout sa nou bezwen konnen epi li reponn kesyon nou an sou poukisa ak kijan li te resevwa jou sa a. Antanke syantifik espiritiyèl, ann kòmanse gade istwa sa a pi byen epi chèche yon endis sou ki rezon ki fè li te resevwa gerizon li an.

Premyèman, Jezi rele li *pitit fim*, sa vle di li te fè pati nasyon Izrayèl la, li se yon desandan Abraram. Antanke pitit Abraram, li te posede benediksyon yo te bay Abraram ak avantaj ki te genyen nan alyans Bondye te fè ak Abraram nan.

Li di: "Si nou koute Seyè a, Bondye nou an, ak anpil atansyon, si nou fè sa ki dwat devanl, si nou koute kòmandmanl yo epi si nou kenbe tout lòd li yo, mwen p'ap mete okenn nan maladi mwen te pote sou moun peyi Lejip yo. , paske se mwen menm ki Seyè a, ki geri nou."

— Egzòd 15:26

Kidonk, lè Jezi te rele li pitit fim lan, sa te vle di li te gen yon dwa legal sou tout sa ki te fè pati alyans Abraram te fè ak Bondye a. Men, se pat sèlman pou rezon sa ki fè li te resevwa gerizon an, paske tout moun ki te la jou sa a ki tap kwense Jezi yo te genyen

menm legalite sa a. Fòk te gen yon lòt bagay ki te lakòz pouvwa Wayòm Bondye a ale jwenn li. Aprè sa, Jezi di nou yon lòt rezon ankò ki fè li te resevwa gerizon. Anreyalite, Jezi te di ke se rezon *egzak* ki fè li te resevwa gerizon an pèsònèlman an.

Li te di se *lafwa li* ki te lakoz li geri.

Kidonk, se kounye a nou konnen rezon ki fè li te kapab resevwa gerizon an—se te dwa legal li pou li te resevwa gerizon paske li te yon pitit fi Abraram, epi *lafwa li* se entèripte sa ki te pèmèt pouvwa a ale pèsònèlman nan kò li nan moman kote li te manyen Jezi a.

Nou kapab konpare li se yon pitit fi ak lè ou gen koneksyon ki sòti depi nan konpayi ki gen kouran an ki pase anndan lakay ou. Kouran an disponib, men sa pa vle di limyè ou yo pral limen. Ou dwe pase entèripte a pou limyè yo kapab limen.

Kidonk, antanke yon desandan legal Abraram, fi sa a te gen dwa legal poul te geri. Sepandan, kòm se li menm ki te gen jiridiksyon sou tè a ak sou pwòp lavi pa li, li te oblije limen entèripte pèsònèlman a pou li tekab libere kouran sa a.

Men, ki kote entèripte a ye? Kijan pou nou limen li? Pou nou kapab dekouvri sa, nou bezwen defini tèmsa yo ke nou jwenn yo.

Kisa lafwa ye?

Lafwa se yon tèmsa ke kretyen itilize toutan. epi mwen konvenki ke anpil moun, si se pa majorite a, pa konnen kisa lafwa ye, poukisa li nesèsè, kijan yo konnen si yo nan lafwa, ak kijan yo jwenn lafwa. Si lafwa se enteriptè ki te geri fanm sa a, lè sa a nou bezwen gade lafwa yon tikras pi byen!

Nou jwenn definisyon lafwa nou an nan Women 4

Kont tout espwa, Abraram nan espwa te kwè epi se konsa li te vin papa anpil nasyon, menm jan yo te dil , "Se konsa desandans ou pral ye." San yo pa febli nan lafwa li, li te fè fas ak lefèt ke kòl te tankou mouri—piske li te gen anviwon san ane—e ke vant Sara a te mouri tou. Epoutan, li pat fè okenn dout akòz enkwayans konsènan pwomès Bondye a, men li te fòtifye nan lafwa li epi li te bay Bondye glwa, li te gen totalman konviksyon ke se Bondye ki gen

pouvwa pou Li fè sa Li te pwomèt la.

— Women 4:18-21

Ann konprann kontèks istwa sa a. Abraram ak Sara pat kapab fè pitit. Se pa paske yo te gen pwoblèm pou fè yon timoun epi yo te sipoze kontinye eseye non. Se pa sa mwen di. Se paske laj yo te prèske rive nan 100 lane, epi bagay konsa te fini pou yo. Kò yo pat kapab fè pitit; li te enposib pou yo! Poutan, Bondye te pwomèt Abraram yon timoun, malgre ke natirèlman, li te totalman enposib.

Bib la di ke Abraram te *konplètman konvenki* ke Bondye te gen pouvwa pou Li fè sa Li te di malgre reyalite natirèl yo ki te di yon istwa diferan. Alòs Men definisyon lafwa nou an: se konplètman konvenki ke Bondye gen pouvwa pou fè sa li te pwomèt la.

Mwen di li nan fason sa a: "**Selè kè ou an akò ak syèl la.**" Se pa sèlman dakò mantalman ak sa Bondye di, men se lè ou *konplètman konvenki*.

Definisyon pa nou sou kisa lafwa ye

Di sa byen fò ansanm avèk mwen yon fason pouw konprann li byen: Lafwa se lè ou kwè konplètman nan sa Bondye di. Se lè kè nou ak lespri nou yo an akò ak syèl la, *konplètman konvenki*.

Poukisa nou bezwen lafwa?

Poukisa Bondye pa ka geri tout moun nan lopital la lè Li vle? Poukisa Li pa ka sispann lagè? Poukisa Li pa ka voye zanj preche Levanjil la ba nou? Mwen sèten ou te tandè tout kesyon sa yo anvan. Repons lan se ke Li pa kapab. Se pa paske Bondye pa gen pouvwa pou fè sa, men Li pa gen *jiridiksyon* pou fè sa.

Pou nou kabap konprann sam ap di a, nou bezwen gade nan liv Ebre a.

Men, gen yon kote yon moun te temwaye:

“Kisa lèzòm ye pouw sonje yo, yon pitit lèzòm lèw pran swen l? Ou fè yo yon ti kras pi ba pase zanj yo; Ou te kouwone yo ak glwa ak onè, ou mete tout bagay anba pye yo.”

Lè Bondye mete tout bagay anba yo, Bondye pa kite anyen ki pa soumèt devan yo. Poutan kounye a nou pa wè tout bagay sijè a yo.

— Ebre 2:6-8

Lè Bondye te mete Adan sou latè, Li te bay Adan jiridiksyon legal sou tout domèn tè a totalman. Pa gen anyen ki pa te anba jiridiksyon li. Adan te dirije sou domèn sa a ak jiridiksyon absoli ak otorite. Gouvènman ki te metel sou latè a te gen konfyans nan kapasite li genyen poul dirije avèk otorite. Esansyèlman, li te dirije ak otorite Wayòm Bondye a te ba li a. Li te pote kouwòn gouvènman sa a, ki te reprezante glwa Bondye, onksyon an, ak pozisyon onè oswa otorite ke li te genyen an.

Kounye a, se vre, li pat vrèman gen yon kouwòn metal sou tèt li, men li te gen yon kouwòn parapò ak kisa yon kouwòn reprezante. Pou jwenn yon bon reprezentasyon sou kisa sa sanble, imajine se yon wa nan domèn tè a. Malgre ke li se yon moun menm jan ak tout moun epi li pa vrèman gen okenn pouvwa nan li menm, li genyen yon kouwòn nan tèt li, ki vle di ke se pa sèlman tèt pa li ke li reprezante, men tou li reprezante yon wayòm ansanm ak yon gouvènman. Se paske gouvènman ak wayòm li reprezante a ba li sipò atravè pouvwa ak resous li bezwen yo ki fè pawòl li yo gen otorite.

**SYÈL LA PA GEN OKENN
JIRIDIKSYON SOU TÈ A
SOF SI KÈ YON GASON
OSWA YON FANM
KONPLÈTMAN KONVENKI
SOU SA SYÈL LA DI, SA KI
RELE LAFWA.**

Imajine yon cherif kap fè trafik, men ki fraz li ap itilize pou li kanpe yon kamyon traktè-trelè, "Kanpe, nan non lalwa!"

Se vre, kamyon an pi gwo pase nonm lan, epi nonm lan, poukont li, pa kapab kanpe anfas kamyon an. Men, se pa poutèt mesye a kamyon an kanpe a se akòz badj mesye a gen sou li a, ki reprezante yon gouvènman ki ba li sipò. Nan ka sa a, gouvènman an pi gwo pase moun ki genyen badj la sou li a. Pou chofè kamyon an, se pa pou *nonm* lan li gen krentif, men pou gouvènman an ke mesye a reprezante li gen krentif la, se sa ki fè li kanpe kamyon an. Se menm bagay la ki pase nan sitiyasyon sa. Se Adan ki tap dirije

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenewozite a

tout sa Bondye te kreye sou tè a. Men, se pouwva ak dominasyon Bondye, ke kouwòn laglwa ak lonè a te reprezante, ki te bay Adan garanti ke pawòl li yo te gen otorite ki sòti nan Wayòm Bondye a.

*Syèl ki pi wo a se **pou** Seyè a li ye, men li **te bay limanite tè a.***

— Sòm 115:16

Pouw kapab konprann lwa Wayòm nan, li enpòtan anpil pouw konnen prensip sa a konsènan otorite lèzòm genyen sou tè a, espesyalman poukisa Bondye mande pou ou genyen lafwa pouw kapab ba Li jiridiksyon legal nan yon sitiyasyon.

*Jezi di yo: “Yon pwofèt pa gen respè, sof nan pwòp vil li a, nan mitan fanmil ak lakay li.” **Li pat kapab fè okenn mirak la,** eksepte mete menl sou kèk moun malad epi geri yo. Li te sezi wè mank lafwa yo.*

— Mak 6:4-6

Si mwen ta mande yon moun nan lari a si Jezi gen kapasite pou li fè tout bagay, li tap pwobableman di wi. Si après a mwen ta mande èske nan Bib la te gen yon fwa Jezi te eseye men li pat kapab fè mirak, kisa yo tap dim?

Mwen baw garanti ke yo tap dim bagay sa pa ekri okenn kote nan Bib la, poutan ou fenk sot li youn la. Jezi pat kapab geri yo. Antanke yon syantifik espiryèl, mwen vle konnen poukisa.

Repons lan se tou senpleman—Li pat kapab, epi kounye a ou konnen se paske yo pat gen lafwa, yo pat ann akò ak syèl la, epi konsa syèl la pat gen okenn jiridiksyon legal nan sitiyasyon sa a.

Asirew ke ou byen konprann sa nou sot dekouvri la.

Syèl la pa gen okenn jiridiksyon sou tè a sof si kè yon gason oswa yon fanm konplètman konvenki nan sa syèl la di a, sa ki rele LAFWA.

Menm jan nan premye egzanp nou an, an nou imajine ke yon moun ou konnen ki te malad, epi moun sa se yon moun ki popilè atravè tout monn lan. Yo te mande plizyè milyon priye pou moun sa a epi moun yo te fè sa, men moun nan te mouri kanmenm.

Èske se Pawòl Bondye a ki te echwe? Non. Sa enposib. Kidonk, repons nou an se yon lòt kote nou ap jwenn li.

Epi lèn ap priye, pa kontinye ap pale tankou moun payen yo, paske yo panse yo pral tande yo poutèt anpil pawòl yo. Pa fè tankou yo, paske Papa nou konnen sa nou bezwen anvan nou mande li.

— Matye 6:7-8

Gen anpil moun ki kwè ke toutotan gen plis moun kap priye, se plis chans ki genyen pou Bondye tande priyè a epi kouri vini ede. Mwen espere ke mwen pale ase kounye a pou ou konnen ke bagay sa a se pa laverite. Epi lèm di ke gen yon moun ki pat gen lafwa, an reyalyte, se moun ki bezwen gerizon nan men Bondye a ki pou gen lafwa a. Ou ta dwe aksepte ke Jezi Li menm te gen bonjan konviksyon nan istwa ki nan Mak chapit 6 la, poutan li pat kapab geri yo.

Kidonk, si mwen menm avèk ou tap pale sou moun sa ki malad la kote gen plizyè milyon moun ki tap priye pou li a, men kisa mwen tap mandew: "Kisa *li* (zanmi malad la) *ap di*?"

Nou kapab toujou gen 20 milya moun kap priye pou yon moun, men si moun ki malad la ap di ke li pral mouri, li ap mouri.

Yon lòt fwa ankò, ann konsidere egzanp nou sot gade nan Mak 6 la. Nou konnen ke Jezi te gen konnen Li kapab geri, men Li pat kapab fè anyen pou pèp la sitoutfwa yo menm yo pat genyen lafwa.

Mwen gen anpil moun ki vin kote mwen kap dim ke grann yo oswa granpapa yo oswa yon manm nan fanmi yo te malad epi yo dim ke malgre yo tap priye pou yo, pa gen anyen ki te janm pase. Mwen toujou mande, "Kisa grann nan di li menm? Kisa granpapa a di li menm? Èske moun sa gen lafwa?"

Ou wè, ou pa gen otorite espiyèl sou yon lòt moun. Ou ka preche yo, men se yo menm ki dwe pran angajman an. Youn nan bagay mwen di moun pou yo fè lèm ap priye pou yo se pou yo chanje imajinasyon yo. Mwen vle pale sou fason yo imajine pwòp sityasyon yo a nan lespri yo. Mwen vle pou yo sispann met nan tèt yo ke yo pral mouri epi pou yo kwè ke yo va gen lavi.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Disip Jan yo te rakontel tout bagay sa yo. Li rele de nan yo, li voye yo bay Seyè a pou mande: "Eske se ou menm ki gen pou vini an, oswa nou ta dwe espere yon lòt?"

Lè mesye yo pwoche bò kote Jezi, yo di: "Jan Batis te voye nou mande w: 'Se ou menm ki gen pou vini an, oubyen èske nou ta dwe atann yon lòt moun?"

Nan epòk sa a, Jezi te geri anpil moun ki te gen maladi, maladi ak move lespri, epi li te bay anpil moun ki te avèg yo wè. Se sa k fè li reponn mesaj yo: "Tounen rakonte Jan saw wè ak saw tande a: avèg yo wè, moun ki bwete yo mache, moun ki gen lalèp yo geri, moun ki soud yo tande, moun ki mouri yo leve, epi pwoklame bon nouvèl la bay pòv yo.

— Lik 7:18-22

Gade byen, Jezi pat fè referans ak ankenn pasaj nan Bib la. Li te kapab di: "Tounen al repete pasaj sa a oswa pasaj sa a bay Jan." Se pa sa li te fè, Li te di yo pou yo rakonte Jan tout bon bagay pouvwa ak otorite Wayòm Bondye a te fè yo.

Si se te yon zanmi oswa yon manm fanmiw ke ou tap ede, ou tap fè menm bagay la. Ou tap rakonte zanmiw ki malad la yon istwa sou fason Jezi te geri yon lòt moun. Si sa posib, ou tap rakontel yon istwa sou yon moun ki te geri anba egzaktman menm maladi ki ap ki fè ou soufri a. Lè se kalite imaj sa ou ba li sa a ap enspirel epi pote espwa. Espwa toujou vini avèk yon imaj, epi se imaj sa a ou vle pou zanmi oswa manm fanmi ou a wè, ou vle li wè ke li kapab jwenn gerizon.

Depi zanmi oswa manm fanmiw lan wè li posib poul geri, aprèsa li pral mandew kijan sa fè posib. Se moman sa a ke ou tap tann lan—lè sa a, ou vin jwenn opòtinite pou ou montre li kisa ki nan Pawòl Bondye a ansanm ak prensip ki nan Wayòm yo. Lè sa ou pral anvi mennen li nan Wayòm nan sitoutfwa li potko konvèti, epi dezyèmman, ou pral anvi pase kèk tan ak yo pouw eksplike yo pasaj ki gen rapò avèk gerizon. Si sa posib, wap bay zanmi sa plizyè enfòmasyon pou kapab ranfòse sa ou te di li a. Bò kote pan ou, nou te temwen plizyè santèn moun ki te geri anba tout kalite maladi epi ki te jwenn libète lè yo te fè bagay sa. Yon lòt bagay mwen konn fè, anvan mwen priye pou moun

sa yo, se mande yo poukisa yo panse ke lè nou priye a yo pral geri. Sa mwen vle a, se pou yo genyen yon pasaj nan Bib la kòm fondman lafwa yo, se pa sèlman pou yo vin priye paske yo vle geri.

Kounye a nou konnen kisa lafwa ye—se lè ou ann akò ak syèl la, lè kèw totalman konvenki nan sa Bondye di. Nan moman sa nou konprann tou ke li nesèsè pou moun ki ann akò avèk syèl la gen lafwa pou Bondye kapab jwenn jiridiksyon legal sou tè a.

Kòman pou nou gen lafwa?

Konsa, lafwa soti nan tande mesaj la, epi mesaj la tande grasa pawòl Kris la.

— Women 10:17

Kijan lafwa a vini lè nou tande Pawòl Bondye a? Kisa pwosesis la ye? Èske se sèlman lè ou tande Pawòl la ke lafwa grandi nan lespri ou?

Pou nou kapab konprann kijan lafwa vini ak sou kisa Women 10:17 ap pale a, se nan Mak chapit 4 la nap jwenn li. Mwen toujou di nou, depi nou ouvè Bib la pou nou ka li, se nan Mak chapit 4 li ta sipoze ouvè; se nan pwèn sa chapit la enpòtan!

Jezi te di nan Mak 4:13 ke siw pat konprann sa li tap anseye nan parabòl sa a ou pa tap kapab konprann *ankenn lòt* parabòl ki nan Bib la. Mwen panse sa trè enpòtan! Poukisa chapit sa a enpòtan konsa? Paske li di nou nan ki fason syèl la konekte ansanm ak domèn tè a, kijan syèl la kapab pran jiridiksyon, ak tou ki kote sa fèt. Pa gen anyen nan lavi ou ki pi enpòtan ou pase pouw konnen tout detay sou sa ki ekri anndan chapit sa a.

Nan chapit sa a, Jezi rakonte nou twa parabòl konsènan fason ou kapab pwodui lafwa nan lespriw, paske, jan ou konnen sa kounye a, li se yon bagay ki vrèman nesèsè pou syèl la kapab desann sou tè a legalman. Twa istwa sa yo ki nan chapit 4 parabòl moun ki simen an, parabòl nonm kap gaye grenn semans lan, ak istwa grenn moutad la.

Ann kòmanse gade dezyèm istwa Jezi te rakonte nan Mak chapit 4 la, istwa nonm ki gaye grenn semans lan.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenewozite a

Li te di tou: “Men kijan wayòm Bondye a ye. Yon nonm gaye grenn sou tè a. Lajounen kou lannwit, kit li dòmi, kit li leve, grenn nan pouse ak grandi, menmsi li pa konnen kijan. Tè a poukont li pwodui grenn—premye pye ble a, apre tè la, answit nwayo plen nan tè la. Kou ble a mi, li mete digo sou li, paske rekòt la rive.”

— Mak 4:26-29

Premye bagay nou dwe fè se defini tèm nou genyen yo. Ki bagay sa ki reprezante *semans* Jezi ap pale sou li a, epi kisa ki reprezante tè a? An reyalyte, toujou nan menm chapit la, Jezi te defini de tèm sa yo nan parabòl anvan an sou moun kap simen an.

Semans lan se Pawòl Bondye a, epi tè a se kè lèzòm, oswa lespri lèzòm. Kidonk, nan parabòl sa a, Jezi di gen yon moun ki gaye Pawòl Bondye a nan kè pa li. Aprèsa, *poukont li*, tè a, oswa kè lèzòm, kòmanse pwodui lafwa oswa akò ak syèl la. Se konsa lespri moun lan fonksyone nòmalman—li pral pèmèt sa ou mete ladan li a devlope.

Anvanm ale pi devan, li enpòtan pouw sonje kisa definisyon pa nou sou lafwa ye—*se lè kè yon gason oswa yon fanm konplètman konvenki nan sa syèl la di*.

Kounya ou dwe sonje ke lè ou genyen yon akò ak syèl la se pa menm bagay avèk lè ou dakò ak sa Pawòl Bondye a di nan pansew. Bib la di ke Abraram te *konplètman konvenki*. Pou kapab edew gen yon bon reprezantasyon sou kisa konplètman konvenki an sanble, ann pran yon egzanp kote mwen ta di ou pouw monte sou tèt bilding Empire State nan Vil New York epi lage kòw anba. Pou mwen kapab konvenk ou pouw fè bagay sa, mwen di ou ke si ou sekwe bra ou yo ak anpil fòs, ou tap ka vole san pwoblèm pou desann sou tè a. Ou tap pase mwen nan rizib, paske ou KONNEN kisa ki tap rive ou. Ou totalman konvenki de rezilta a. Men kisa totalman konvenki an sanble. Ou *konnen*, ou kovenki, pa gen ankenn lòt posiblite- depi ou vole ou wap mouri.

Kidonk, ann pran yon lòt sitiyasyon kòm egzanp epi poun gade ki konpòtman ou tap Genyen. Ann imajine ke ou gen yon gwo boul ki trè vizib nan kò ou, epi doktè a di ke se sèlman yon mwa ou rete pou ou viv. Se kansè ke ou genyen. An reyalyte, doktè a di ke tip kansè ou genyen an tèlman ra ke pa gen ankenn moun ki te pase sou latè ki te gen maladi sa.

Kounye a, ann imajine ou konnen kisa pasaj ki nan 1 Pyè 2:24 la di.

"Li menm li te pote peche nou yo" nan kòl sou kwa a, pou nou te ka mouri nan peche ak viv pou jistis; "Grasa blesi li yo, ou te geri."

— 1 Pyè 2:24

Pasaj la di nou kisa repons lan ye, men ou menm ak mwen gen yon pwoblèm ki grav: Nou te grandi nan yon wayòm kote ki gen tenèb, epi sa ki antoure nou se pèvèsyon ak lanmò. Nou te grandi nan wayòm laperèz la epi nou kwè nan sa laperèz la di a konplètman. Kidonk, anndan egzans ki pi wo a, yo aprann nou ke kansè ka touye. Nou wè prèv la nan chak emisyon medya ke sa a se vre. Alòs, nan ki fason nou pral chanje akò nou an? Kijan nou kapab vin konplètman konvenki nan sa Bondye di? Ebyen, an reyalyte, nou pap kapab fèl poukont nou. Men Pawòl Bondye a vivan epi li gen anpil pwisans, epi lèw plantel nan lespriw, poukont li, lespriw ansanm ak Pawòl la kòmanse pwodui akò avèk sa ke syèl la di a.

*Li te di tou: "Men kijan wayòm Bondye a ye. Yon nonm gaye grenn sou tè a. Lajounen kou lannwit, kit li dòmi, kit li leve, grenn nan pouse ak grandi, menmsi li pa konnen kijan. **Tè a poukont li pwodui grenn**—premye pye ble a, answit tèt la, answit nwayo plen nan tèt la. Kou ble a mi, li mete digo sou li, paske rekòt la rive."*

— Mak 4:26-29

Se tè a, (kè ou) ki pwodui akò a poukont li. Gade byen, ou pa ka priye pouw kapab gen lafwa; se yon bagay ki sòti anndan kèw ansanm ak Pawòl la. Lè nou gade nan pasaj sa a, nou ka wè akò kè nou ak syèl la se yon pwosesis. Se pa yon bagay ki fèt touswit. Egzanp sa a fè nou konnen, okòmansman, lè kè nou resevwa Pawòl la, se menm jan ak yon ti branch bwa oswa yon tiplant ke yo te fenk mete semans lan nan tè a ke lafwa a kòmanse grandi. Après li kontinye grandi, li tounen yon ti tij, après li fòme yon tèt. Se nan tèt la grenn nan, oswa fwi a kòmanse fòme. Nan faz sa a nan lavi plant lan, ou poko gen anyen pou ou manje. Plant lan poko bay fwi ki gen matirite, ki mi, men li ap grandi.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Kidonk se ak Pawòl Bondye a sa ap fèt. Lè lafwa ap grandi, nou pap remake okenn chanjman nan domèn natirèl la. Poko genyen akò, men se sèten ke plant lan *ap* grandi, lafwa *ap* pwodui, epi genyen yon akò ki *ap* fèt. Jezi kontinye pou eksplike ke lè semans nan tèt la fin gen matirite, oswa li mi, se moman rekòt la ki rive, genyen yon akò, epi se lè sa nou vin genyen lafwa a.

Lè ou plante yon grenn nan tè a, nan pwosesis pou li jèmen an, plant lan kòmanse grandi, men li poko bay ankenn fwi. Toutotan li nan bon anviwònman an, plant lan ap kontinye grandi. Se lè li vin mi, li ap bay fwi.

Pa egzanp si wap grandi mayi. Pye mayi a fè yon bougon mayi, men an avan, se jis yon ti bougon mayi ki pa gen okenn mayi ki mi ke ou ta ka manje. Men, aprè yon sezon, mayi a sou bougon an vin gen matirite epi li mi. Men kisaw dwe konprann! Akò a fèt depi lè grenn mayi ki sou bougon an vin sanble ak grenn mayi ke yo te simen nan tè a.

Lè fwi ki nan tèt plant la vin gen matirite, li ap sanble egzaktaman—EGZAKTEMAN—menm jan ak grenn semans ke yo te simen an.

Depi ou plante yon pye mayi, grenn ki gen matirite nan bougon an ap sanble ak grenn ou te plante a. Se menm bagay la yo ye. Yo telman sanble epi yo gen menm gou ke ou pap ka fè diferans.

Kidonk, kitem ekspike sa Jezi di a. Lè nou tande Pawòl Bondye a (Women 10:17), anreyalite se nan lespri nou ke nou gaye Pawòl Bondye a, nan kè nou. Si nou kenbe Pawòl sa a nan kè nou, lap grandi epi pran matirite; epi lè li gen matirite, kè nou ap totalman konvenki nan sa ke syèl la di. Syèl la ak tè a vin sanble, epi lè sa syèl la vin genyen jiridiksyon legal nan domèn tè a atravè moun sa a ki totalman konvenki a. Sa ki nan panse nou ak sa nou kwè vin sanble egzaktaman ak sa ke syèl la di a totalman. Bagay sa a se pa yon jwèt mantal. Nou vin kwè nan bagay sa menm jan nou kwè ke yon wòch ap tonbe si yo ta jete li. Se Pawòl la ki soti nan syèl tonbe nan domèn tè a ki ap fè akò ak volonte Bondye a fèt. Si syèl la di ou geri, lè sa a depi Pawòl sa a pran matirite nan kè ou, se sa syèl la di ki va fèt. Pap gen laperèz ankò. Lè ou fèmen je ou, wap wè ke ou geri! Se poutèt sa Ebre 11:1 (KJV) di,

Kounye a, lafwa se bagay ki gen espwa, prèv bagay yo pa wè.

Sa gendwa poko fèt nan natirèl la, men sa deja fèt nan lespri ou; epi se kòm si ou te kenbe bagay sa nan men ou. Se akò sa ki rele lafwa a, epi se lafwa sa a ki pral pèmèt menm bagay sa fèt isit la nan domèn tè a, nan lavi ou!

Men, pasaj sa a nan Mak chapit 4 pa fini la. Aprè li anseye nou kijan kè nou vin an akò ak syèl la epi nou vin genyen lafwa, li ban nou enstriksyon sou fason pou nou rekòlte fwi sa a.

*Kou ble a mi, **li mete digo sou li**, paske rekòt la rive.*

— Mak 4:29

Gade byen, menmsi kè a ann akò ak syèl la epi nou genyen lafwa, poko gen anyen ki rive. Poukisa? Jan mwen te di sa pandan tout chapit la, se ou menm ki gen jiridiksyon legal nan domèn tè a.

Èskew sonje diskisyon nou an sou Lik chapit 8 la konsènan fanm ki te gen pwoblèm san an? Sonje byen, Jezi di: “Pitit fim, se lafwa *ou* ki geri ou.” Lè sa a, mwen te di ou ke lè Jezi te itilize mo "pitit fi," a, se parapò ak yon pozisyon legal devan syèl la Li te di sa. Fanm nan se te yon pitit fi Abraram. Li te gen dwa legal. Mwen te konpare sitiyasyon sa ak lè anndan lakay ou genyen koneksyon fil ki soti nan konpayi ki bay kouran an. Kouran an la epi li disponib, men se ou menm ki pou limen limyè yo. Se nan menm fason an, depi lafwa a etabli, pwisans lan disponib, men pa gen anyen kap rive toutotan ou pa limen entèripte a.

Se OUMENM ki dwe libere pouvwa Wayòm Bondye a isit la nan domèn tè a, paske se sèlman ou menm, yon gason oswa yon fanm sou tè a, ki kapab fè sa legalman. Se egzakteman menm prensip sa a se ki lakoz ou te sove, se sa ki ekri nan Women 10:10.

Paske, se ak kè ou ke ou kwè epi yo jistifye, epi se ak bouch ou ke ou deklare lafwa ou epi yo sove.

— Women 10:10

Se avèk kè li ke lèzòm kwè nan Pawòl la epi li vin jistifye. Jistifye se yon tèm legal ki vle di administrasyon lalwa. Kidonk, lè kè yon gason oswa yon fanm ann akò ak syèl

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

la—lè yo kwè nan sa syèl la di a—yo jistifye devan syèl la ak Latè. Lè sa a li legal pou syèl la koule *andedan* lavi yo epi *atravè* lavi yo pou li kapab fè enpak sou tè a nan non Wayòm Bondye a. Men, bagay sa etranj paske menm si kounye a li legal pou syèl la aji epi yo genyen lafwa, poko gen anyen ki rive. "Men, Gary, te kwè ou di si mwen genyen lafwa, sa tap bay syèl la jiridiksyon legal isit la." Se vre, men fòk gen yon moun ki pou libere otorite syèl la depi genyen lafwa a. Ann gade nan pasaj nou an yon lòt fwa ankò.

Paske, se ak kè ou ke ou kwè ak jistifye, epi se ak bouch ou ke ou deklare lafwa ou epi ou sove.

— Women 10:10

Depi ou genyen lafwa, oswa ou vin jistifye, lè sa li legal pou syèl la desann sou Latè.

DEPI OU GENYEN LAFWA, OSWA OU VIN JISTIFYE, LÈ SA LI LEGAL POU SYÈL LA DESANN SOU LATÈ.

Men, gade byen ke aprèsa li di ke se ak bouch ou ke ou konfese epi ou sove. Èske ou wè de pati yo? Pati syèl la ap pote Pawòl la nan kè ou kote lap devlope akò isit la nan domèn tè a. Lè sa a, depi genyen akò, oswa genyen lafwa, se ou menm ki

dwe aji epi libere otorite syèl la nan sitiyasyon paw la pou ou kapab resevwa sa syèl la di a reyèlman.

Nan pasaj nou li nan Mak chapit 4 la, li di ke lè rekòt la rive, nonm lan (sou tè a) mete digo a. Se li menm ki pou aji sou Pawòl Bondye a depi genyen lafwa pou li kapab resevwa rekòt sa a reyèlman.

Kitem tounen tounen epi pale sou digo yo pale sou li nan Mak chapit 4 la pou yon ti moman. Mwen kwè ke yo pa montre pifò moun ki nan legliz kòman pou yo sèvi ak digo a, sa vle di yo pa te anseye yo kijan pou yo rekòlte sa yo bezwen an. Mwen pat konnen sa tou jiskaske Senyè a te kòmanse anseyem kijan Wayòm nan te fonksyone. Sa gen plizyè lane yo te envitem poum pale nan yon sèvis Mèkredi swa nan yon legliz nan Atlanta se premye fwa mwen ta pral dekouvri pwosesis ki tèlman enpòtan sa a nan Wayòm nan.

Se pat yon gwo legliz, men bagay sa pat yon pwoblèm pou mwen. Sa ki enteresem se

anseye pèp la sou Wayòm nan. Pandanm te rive nan legliz la, mwen te twouve se yon bagay ki etranj pou pòt yo te fèmen epi pa gen pèsonn ki te la. Te sèlman rete dis minit anvan sèvis la te kòmanse.

Mwen te tande yon pikòp kap fè bri dèyè mwen an byen fò, epi lè mwen te gade mwen te wè se yon ansyen pikòp ki tap antre dèyè legliz la. Mwen pat bay sa enpòtans. Dayè, se nan lavil Atlanta mwen te ye.

Pandanm te rete ap tann, gen yon mesye ki te mache soti dèyè bilding nan epi li te dim se li menm ki pastè legliz la. Li te mande eskiz paske li te an reta a, se paske ansyen machin li an pat vle demare. Li te dim se woulib li te pran sou yon ti mòn pou li te kapab demare machin lan paske li pa genyen klòtch. Li te kontinye poul di ke pafwa sa konn rive machin lan pa menm vle demare, epi li konn oblije mache pandan tout 9 kilomèt la pou li rive legliz la.

Fòk mwen admèt ke konvèsasyon sa a te yon ti kras etone mwen. Li te kontinye poul eksplike ke ministè li a an reyalyte se yon ministè ki fè sansibilizasyon epi li te bay plizyè milye moun manje chak mwa, souvan se plis pase 10 000 repa ke yo bay pa mwa pou legliz la sèlman.

Pandan pastè a tap pale a, mwen te kòmanse fache. Gade yon sèvitè Bondye ki tap bay 10 000 moun manje chak mwa, epi li pa menm gen yon machin ki anfòm? Mwen te kapab jere sa. Mwen te gen yon machin ki byen nèt se sèlman 32000 kilomèt distans ki te deja woule sou li anndan lakay mwen an ke mwen tap ba li.

Mwen te di li sa mwen pral fè a epi ke mwen tap voye youn nan manm ki nan ekip mwen yo vini ak machin lan Atlanta. Se vre, li te kontan anpil. Mwen te pase nwit sa a ap anseye li menm ansanm ak ti legliz li a konsènan Wayòm Bondye a ak fason li fonksyone nan sa ki konsène lajan. Mwen te konnen kijan sa te vrèman enpòtan pou yo kòmanse montre moun ki te bezwen sa anpil yo a kisa Wayòm nan te sanble.

Lè mwen te ale lakay mwen, mwen te fè aranjman pou yo kapab mennen machin lan ale nan Atlanta. Lè manm ekip mwen an te vin pran machin lan, mwen te konnen ke se yon tranzaksyon esprityèl mwen tap fè nan syèl la. Mwen te konnen ke lè mwen te lage machin sa a nan Wayòm Bondye a, mwen te kapab mete konfyans mwen nan Bondye lè mwen tap bezwen genyen yon machin tou.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Mwen pa yon moun ki tèlman renmen machin, sa vle di mwen pa reyèlman fou pou machin. Gen kèk moun ki konsa, men mwen menm mwen pa konsa. Kidonk, lè manm estaf mwen an te vin pran machin lan mwen te depoze menm sou machin sa a, epi se konsa mwen te di, "Papa, mwen lage machin sa a nan travay sa a nan Atlanta. Pandan mwen ap lage machine sa, mwen simen li kòm yon grenn semans epi mwen kwè ke map resevwa yon..." mwen pat ka panse ak ki machin mwen te vle a, Kidonk mwen te di, "Map tounen vin kotew sou sa!"

Ebyen, pandan de pwochen mwa yo, mwen pat bay machin twòp enpòtans, men gen yon maten mwen te mande Drenda ki kalite machin li ta renmen genyen. Li te reflechi pandan yon ti tan, aprèsa li te di ke se yon dekapotab ki tap fèl plezi. Mwen te mandel ki kalite dekapotab li te vle, epi pèsonn nan nou de a pat ka panse ak youn nan modèl ki te genyen yo. Kòm se mwen ki tap achte machin lan pou Drenda, mwen te vle pou se machin li renmen an li te resevwa a, kidonk mwen te dil verifye sou entènèt oswa gade nan lari a epi fèm konnen si li jwenn machin dekapotab ke li renmen an. Pandan tan sa a, nou pat pale ak pèsonn konsènan dezi nou genyen pou yon machin tounèf, men nou te toujou ap siveye pandan nou nan lari a si nou jwenn yon machin ki ta enterese nou.

Yon jou, pandan nou tap antre nan yon restoran nan katye a pou nou te pran dejene nou, epi, toudenkou, Drenda te rele byen fò, "Men li!"

"Men kisa?" mwen te mande.

"Machin mwen renmen an." Li te lonje dwèt li sou pakin lan. Mwen te kondui fè tou pakin lan epi mwen te ralanti dèyè yon BMW 6 dekapotab seri Ci, se pa ti bèl machin lan te bèl. Epi mwen dwe ajoute ke machin lan te chè tou. Mwen te felisite li paske li renmen bèl bagay li epi mwen te di li ke se te yon bèl machin.

Kounye a, ou bezwen konnen ke Drenda ak mwen pa rete konsa epi nou depanse anpil lajan pou machin. Jan mwen te di a, mwen pat janm yon tizè machine reyèlman. Akoz mwen nan domèn finans lan, mwen konnen tou kijan yo pèdi valè yo rapid epi ke li toujou pi bon pou achte yon machin ki gen youn oswa de zan depi li ap woule. Kidonk, men kisa plan mwen an te ye, pou nou jwenn yon machin dezyèm men ki bon.

Yon semèn aprè, gen yon mesye nan legliz la ki te rele mwen epi li di, "Mwen jwenn machin Drenda a!" mwen te sezi paske nou pat pale avèk pèsonn konsènan BMW nou te

wè jou sa a lè nou tal dejene a.

Mwen te mandel ki kalite machin li te ye, epi li te di ke se te yon BMW 6 dekapotab seri Ci. Li te di se pandanl tap kondui li te wèl, epi Senyè a te dil ke se te machin Drenda a.

Mwen te di li, "Dakò, se kounye a ou gen atansyon mwen,". Machin nan te sèlman gen yon lane epi li te nan bon kondisyon. Mwen te peye tout kòb la lè mwen tap achte machin lan. Drenda te gen machin li an. Kijan bagay sa te rive? Ann konpare istwa a ak sa nou te aprann sou lè ou gen lafwa ak mete digo a.

Lè mwen te bay machin mwen an, mwen te nan lafwa. Men, lè Drenda te di byen fò, " Sa se machin lan!" se digo a li te mete, epi kèk jou apre machin lan te parèt.

Malgre ke mwen te tandel di byen fò, " Sa se machin nan!" mwen pat janm fè rapwochman ant deklarasyon li an ak istwa digo ki nan Mak chapit 4 la. Men, nan istwa mwen pral rakonte a, bagay sa parèt aklè tankou kristal.

Mwen te mansyone pandan plizyè fwa ke mwen posede 60 kawo tè. Gen prèske 10 kawo nan tè sa ki se marekaj. Mwen renmen ale chase nan sezon otòn la, men menmsi mwen te konn chase kana lè mwen te nan lekòl segondè, mwen pat vrèman chase kana isit la nan Ohio. Men, gen yon ane, marekaj la te ranpli ak dlo, epi te toujou gen anpil kana ki vin ladanl. Te gen konn gen plizyè santèn kana pa jou ki te vini pou yo ka repoze yo nan lannwit. Se konsa, yon swa mwen te pran fizim epi mwen te sòti epi mwen te pran plezim nan tire kèk kana pou nou manje dine. Nan sezon otòn sa a, tou de ti gasonm yo ak mwen te pwofite chase kanna pandan plizyè fwa.

Sepandan, gen yon bagay mwen te remake, anpil fwa kote kana yo te ye a se te dènye limit fizi mwen an ka tire a. Lè wap chase kana, legalman, se sèlman ak katouch asye ou gen dwa sèvi ki se kontrè katouch ki fèt ak plon nou itilize a. Katouch plon an gen plis fòs epi li konsève fòs li pandan pi plis tan pase katouch asye a, epi se bagay sa ki konn ban mwen pwoblèm lè map tire sou yon gwo distans pandan map fè lachas kanna. Men, pandan sezon otòn sa, mwen tap diskite ak kèk lòt moun ki konn chase kanna menm jan ak mwen, se lè sa yo te palem de nouvo fizi sa yo te fè spesyalman pou chase kanna. Yo te kapab tire katouch ki gen plis fòs epi yo te kamoufle tou. Mwen te trè enterese pou mwen achte youn, men nou te nan mwa desanm epi sezon kanna a te prèske fini, kidonk

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

mwen pat bay sa twòp enpòtans.

Mwen te vin ale nan Cabela's, yon magazen kote yo vann machandiz espò ki nan zòn kote nou rete a, nan kòmansman mwa janvye poum kapab achte yon bagay, epi mwen te vin sonje zam kanna sa yo. Mwen te vle wè youn. Se konsa, mwen te pase bòkote etajè zam lan pandan mwen tap sòti a, epi mwen te wè gen yon seksyon ki chaje zam ki fenk sòti ke yo dedye a lachas zwazo ki konn vin nan dlo. Mwen sonje ke, san mwen pat reflechi ak bagay sa, mwen lonje dwèt mwen sou zam mwen te panse ki te parèt pi bon an epim di byen fò. "Senyè, se sa a mwen ap genyen an." mwen pat reflechi sou bagay sa lè mwen tap di sa; sa te sòti nan bouch mwen sanzatan. Sezon kanna tap louvri jis nan sezon otòn, kidonk se lè sezon an tap vin yon ti kras pi pre ke mwen pa tap planifye poum achte fizi a.

De semèn apre, yo te envitem poum pale nan yon konferans sou biznis. Lè mwen te fini an, Direktè antrepriz la a te vin kotem pou li remèsye mwen epi li te di ke yo te pote yon kado pou mwen. Sa ki te etonem lan, se egzakteman menm fizi a li te pote—*egzakteman menm modèl sa*— ke mwen te lonje dwèt sou li de semèn anvan sa a nan magazen Cabela's la. Se vre, kado jenere sa te vrèman etone mwen, men mwen te konnen tou ke se pat yon konyensidans. Mwen te sonje sa mwen te di nan Cabela's la epi mwen te vin reyalize sa mwen te fè a. Se digo a mwen te mete!

Jan mwen te di anvan an, li *vrèman enpòtan* pouw konprann saw sot li nan chapit sa pouw kapab resevwa nenpòt sa li ta ye a nan men Bondye. Se nan menm pwosesis la Tout saw resevwa nan men Bondye ap pase, kidonk asirew kew konprann saw sot li a. Si sa nesèsè ou kapab reli chapit la! se nan pwèn sa chapit la enpòtan!

CHAPIT 8

OU BEZWEN YON BOUS: PATI 2

Nou te oblije fè gwo rale sa paske mwen konnen li esansyèl pouw konprann sa Wayòm nan ye. Yon lòt fwa ankò, pifò kretyen pa gen okenn konpreyansyon sou fonksyonman legal Wayòm nan nan domèn tè a, epi yo pa gen okenn konpreyansyon sou pozisyon legal ke chak grenn nan yo genyen nan Wayòm nan. Kounye a, ou konnen poukisa mwen te oblije fè gwo rale sa sou sijè lafwa ak jiridiksyon yo. Paske san konpreyansyon debaz sa a, ou pa tap gen okenn lide sou kisa Vèsè bibliik nou an nan pati sa nou jwenn nan Lik ap pale lè li di poun chache Wayòm nan anpremye epi tout lòt bagay sa yo pral vin jwenn ou.

Kounye a piske ou konnen kisa bagay sa vle di, ann tounen nan tèks nou an.

Epi pingaw mete kè nou sou sa nou pral manje oswa bwè a; pa enkyetew pou sa. Paske monn kise payen an ap kouri dèyè tout bagay sa yo, epi Papa nou konnen nou gen bezwen yo. Men, chache wayòm li an, epi tout bagay sa yo pral vin pou ou tou.

Nou pa bezwen pè, ti twoupo, paske Papa nou te kontan ban nou wayòm nan. Vann byenw yo epi bay pòv yo kòb la. Sere pwovizyon ou yo kote yo pap fini, yon trezò nan syèl la ki pap janm echwe, yon kote ki pa gen okenn vòlè kap vin pwoche li ni vèmin ki pou detwil. Paske kote trezò ou a ye, se la kè ou

pral ye tou.

— Lik 12:29-34

Yon fwa ankò, Papa a gentan konnen saw gen bezwen, epi tout saw bezwen papa a te gentan bay yo epi yo gentan pou ou, men ou dwe konnen ak konprann pwosesis legal la pouw resevwa sa kap soti nan syèl la pouw jwi tout sa Li genyen.

Vèsè 32 a prezante eritaj enkwayab ou te resevwa kòm pitit gason oswa pitit fi Wa a. Li di, **“Papaw te kontan baw Wayòm nan.”**

Lespri a li menm ki rann temwayaj ak lespri nou, ke nou se pitit Bondye. Eritye Bondye, epi eritye ansanm avèk Kris; si se konsa nap soufri ansanm ak li, pou nou kapab jwenn glwa ansanm tou.

—Women 8:16-17 (KJV)

Pòl di nou se eritye ansanm avèk Kris. Kòm pitit gason oswa pitit fi, ou gen yon eritaj kise, Wayòm nan.

Kanpe la epi reflechi sou sa pou yon ti moman. Ou te gentan gen dwa legalman nan tout sa Wayòm nan genyen ladan li. Ou pa bezwen sipliye. Yo tout te gentan pou ou.

O, kòman mwen espere ou reyèlman ranmase epi kenbe deklarasyon sa a. Se poutèt rezon sa 2 Korentyen 1:20 di bagay sa yo:

Paske kèlkeswa kantite pwomès Bondye fè a, yo tout se “Wi” nan Kris la. Alòs, gras ak li, “Amèn” nou pale pou glwa Bondye.

— 2 Korentyen 1:20

Se pou rezon sa nan dènye liv mwen an, *Revolisyon Finansye Paw: Pouwwa Provizyon an*, mwen te di ke Lapriyè Senyè a fèt nan fòma rekizisyon legal oswa yon petisyon. Se pa mande li ap mande lè li di, *“Ban nou jodia pen nou chak jou.”* Pawòl sa a se pa yon kesyon; se yon rekizisyon li ye.

Menm jan timoun mwen yoyo pa oblije sipliye mwen lè nou ap manje chak maten an (yo aji tankou yo te posede li avèk mo tankou, “Ey, papa, lonje ze yo.”), se konsa sa ye

ak Wayòm nan tou— gras a Jezikri, ou gentan gen yon dwa legal nan tout bagay nèt.

Anplis ke gen aksè legal ak tout sa Wayòm nan genyen ladan li, ou se yon sitwayen Wayòm nan tou, sa ki enplike anpil lòt benefis toujou, menm jan sitwayènte ou nan peyi Etazini gen benefis ke ou pa tap kapab pwofite.

Kidonk, nou pa yon viztè ak yon etranje ankò, men nou se sitwayen menm jan ak pèp Bondye a epi nou se manm fanmi li an tou.

— Efezyen 2:19

Finalman, ann pale de bous sa a! Jezi te di ou bezwen yon bous, ou sonje sa?

Vann byenw yo epi bay pòv yo kòb la. Sere pwovizyon ou yo kote yo pap fini, yon trezò nan syèl la ki pap janm echwe, yon kote ki pa gen okenn vòlè kap vin pwoche li ni vèmin ki pou detwil. Paske kote trezò ou a ye, se la kè ou pral ye tou.

— Lik 12:33-34

Bous sa yo ke ou dwe genyen yo, se trezò ki nan syèl la ki pap janm febli epi yon kote pèsonn pa kapab pran li nan men ou. Ann fè bagay sa parèt pi klè menm moman an: Jezi pa di ke ou dwe vann tout sa ou posede epi jis rete brize san anyen jiskaske ou ale nan syèl. Sonje byen, Pòl se menm moun ki te ekri 2 Korentyen 9 la kote li te di ke nou ta pvin rich nan tout fason pou nou kapab jenere nan chak grenn okazyon. Alòs, konprann ke Pòl pa vle di ke gen lajan oswa gen anpil bagay se yon peche epi se pa yon bon bagay. Jezi ap di si lajan ak bagay kew *genyen* yo, ebyen li tap pi bon pouw vann yo epi fikse kèw nan yon trezò ke ou pa kapab pèdi epitou ki pap janm fini an.

Nou grandi nan fè lajan tounen zidòl nou. Lajan la pou li ede nou jwenn sa nou bezwen nan lavi; sepandan, menm jan gen anpil moun te vin konnen sa, lajan se yon move mèt. Se bagay sa ki fè Pòl te di Timote pou li avèti moun ki rich yo pou yo bay epi pou yo jenere pou yo kapab rete an sante espartyèlman. Se yon bagay ki tèlman fasil pou kè a wè lajan kòm yon zidòl. Lèw jenere, li se yon antidot kont avaris. Ou dwe pratike bagay sa pi souvan.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Bay moun ki rich nan monn sa a lòd pou yo pa awogan, ni pou yo pa mete espwa yo nan richès, sa ki vrèman ensèten, men pou yo mete espwa yo nan Bondye, ki ban nou richès ak tout bagay pou bon plezi nou. Ba yo lòd pou yo fè sa ki byen, pou yo rich nan bon aksyon, epi pou yo jenere ak prè pou yo pataje. Konsa, yap rasanble yon trezò pou tèt yo kòm yon fondasyon solid pou laj kap vini an, pou yo kapab kenbe lavi ki se lavi veritab la.

— 1 Timote 6:17-19

Gade byen ke Pòl te di Timote ba yo lòd, se pat *sijere*, moun ki rich yo dwe jenere epi prè pou pataje. Sonje sa byen, lajan nesèsè, men se pa lavi.

Alòs, ki kote trezò paw lan ye?

Bay pa sèlman adousi kè ou nan direksyon Bondye ak lòt moun, men tou li desere grip sa lajan genyen sou kè ou. Kè a gen tandans fè jalouzi ak adore tou sa ou mete devan li, alòs nou pa kapab kite kè nou ap pwonmennen san ankenn objektif. Nou dwe kenbe kè nou antrene sou Bondye kòm sèl sous nou. Bay konfwonte ak pa janm satisfè ki tèlman fasil pou trake nan kè nou.

Alòs, poukisa nou dwe bay menm? Poukisa Bondye pa kapab jis ede nou finansyèman san nou pa bay? Sa se yon bon kesyon, epi nou jwenn repons lan nan Lik chapit 4.

Premyèman, Bondye pa gen lajan, jan mwen te gentan deklare sa. Dezyèmman, li te bay Adan dominasyon total, san ankenn limit sou tè a, jan sa te deklare nan Ebre 2:7-8.

Dyab la mennen li yon kote ki byen wo, pandan yon ti kras tan li montre li tout wayòm mond lan. Li te di li, “Map ba ou tout pouvwa ak tout bèl bagay sa yo. yo te gentan ban mwen yo, epi mwen kapab bay nenpòt moun mwen vle yo. Siw adorem, tout bagay ap pou ou.”

Jezi te reponn li, “Men sa ki ekri: ‘Adore Seyè a, Bondye nou an, epi li menm sèlman pouw sèvi.

— Lik 4:5-8

Ti moso Vèsè biblik sa parèt apre Satan tap tante Jezi nan dezè a. Satan di Jezi ke yo te gentan ba li tout otorite ak tout bèl pouvwa nasyon yo sou latè. Ebyen, wi, pawòl sa a se vre. Adan te gen pozisyon sa a, men li te lagel nan men Satan lè li te trayi Wayòm Bondye a.

Glwa yon nasyon se richès li, epi kounye a se Satan ki te vin gen abilite poul dirije sou richès nasyon yo. Pingaw teouble—tèks la pa di ke Satan te pran *otorite* sou bèl pouvwa tè a nan li menm. Bondye posede tè a ak tout sa ki ladanl. Men, tèks la di ke Satan gen yon *reklamasyon legal* sou richès nasyon yo.

Si ou gade nan yon pyès lajan, li toujou gen sou li oswa enprime efiji nasyon sa ki gen otorite konplè sou pwòp lajan sa. Akoz aksyon sa Adan te fè a, Bondye pat kapab legalman fè ankenn reklamasyon sou lajan nasyon an oswa kontrefason an. Sepandan, si Bondye te jwenn yon moun nan domèn tè a ki kwè nan li epi ki vle simen lajan nan jiridiksyon ak otorite pa li a, lè sa a Bondye ap jwenn aksè legal epi lap kapab antre nan sitiyaasyon sa a.

Sepandan, yon fwa lòt ankò, Bondye pa gen lajan, donk kisa mwen vle di lè mwen di Li kapab entèvni nan finans nou yo? Malgre ke Bondye pa ka rete konsa epi Li fè lajan

**LÈ NOU BAY BONDYE SA
LOUVRI PÒT POU
RESIPWOSITE, YON LWA KI
ENPÒTAN ANPIL NAN
WAYÒM NAN. SE SA NOU
SIMEN AN KE NOU REKOLTE.**

an parèt tankou se maji (bagay sa tap ilegal akòz reklamasyon legal Satan an), Li kapab edew pran oswa kreye richès.

Menm jan ak istwa mwen te gentan fè referans byen bonè nan liv sa a, jenerozite bay syèl la

jiridiksyon legal pou li telechaje enstriksyon ak direksyon bay yon moun nan domèn finans lè moun sa yo bay. Sonje istwa pwason an ki nan Lik chapit 51a? Volonte Pyè poul prete Jezi bato biznis la poul te kapab preche a te louvri pòt legal la pou Sentespri a te montre Pyè pwason ki te disponib anba lanmè yo.

Lè nou bay Bondye sa louvri pòt resipwosite a, yon lwa ki enpòtan anpil nan Wayòm nan. Se sa nou simen an nou rekòlte.

Alòs, pou nou rezime, lè nou bay nan Wayòm nan ak pou travay Bondye yo, nou sere

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

pwovizyon nou yo. Don nou yo ban nou aksè nan richès syèl la, se poutèt sa Pòl te rele bous nou an “don”. Bagay sa a chanje lavi nou konplètman. Nou pa gen limit ankò akòz pwòp konpreyansyon nou. Kounye a, se Bondye menm Ki ap ede nou pwospere.

Wap vin rich nan tout sans pouw kapab jenere nan tout sans, sa ki pwodui remèsiman pou Bondye atravè nou menm.

—2 Korentyen 9:11 (EHV)

Gade byen, Bib la di ou *pral vin rich*, se pa ou dwe *fè anpil efò pouw vin rich* ak pwòp fòs epi sajès ou. Non, ou gen yon nouvo patnè—Sentespri a—epi Li konnen pi plis bagay pase ou.

Mwen kapab sonje lè nou te razè pandan nèf lane sa yo ki te ranpli avèk estrès. Lajan, oswa mwen ta dwe di perèz pa gen ase lajan, te gen yon gwo anpriz sou kè mwen. Menmsi mwen te yon kretyen, mwen pat devlope konfyans mwen nan Bondye ase pou kè mwen te chanje fidelite li soti nan sistèm brize madichon tè sa. Mwen te fè move trezò a konfyans! Nan pwèn sa, konfyans mwen te nan pwòp *tèt* mwen, epi alaverite se te yon move chwa.

Bondye te dwe anseye mwen kijan poum sere pwovizyon mwen an poum kapab jwenn aksè nan favè ak kapasite Li. Epitou byenke mwen panse tout moun ki konnen mwen konnen kijan Bondye te fè bagay sa, mwen vle repete istwa a ankò nan pati sa sitoutfwa, ou pat konnen kijan Bondye te fè bagay sa. Ou konnen, Bondye estratejik anpil; Li konnen egzakteman kijan poul rive jwenn chak grenn nan nou.

Mwen renmen lachas sèf men mwen pat ka jwenn anyen pandan plizyè ane. Mwen te konn soti, chita nan freda a, epi ale jou apre jou san mwen pat gen okenn chans. Se pat jis paske mwen te renmen lachas; mwen te gen ti bebe poum bay manje epi poum byen diw chevrèy la tap byen itil mwen. Malgre mwen te konn kenbe sèf pandan epòk kite pase yo, sa te gentan gen plizyè lane depi mwen te fè yon bèl sezon nan chase sèf epi pote vyann lan lakay la.

Yon jou, pandan mwen tap reflechi sou sezon sèf ki tap vini an, mwen te tande vwa Senyè a. Li te di, “Poukisa ou pa kite mwen moutre ou kijan pou ou jwenn sèf paw la ane sa a?”

Bagay sa te fèm sezi. “*Montre mwen kijan poum jwenn sèf pa mwen an ane sa a?*” Kisa pawòl sa vle di? Pandanm tap priye konsènan pawòl sa yo, mwen te santi mwen enpresyone poum simen yon semans finansye, oswa yon kado, nan objektif egzak poum rekòlte sèf sa a. Mwen te santi Senyè a tap dim ke, lè map simen pou sèf mwen an, mwen te dwe kwè mwen te gentan resevwa li, anvan menm mwen te genyen li vre, dapre Mak 11:24.

Se poutèt sa, mwen di nou, kèlkeswa sa nou mande nan lapriyè, kwè ke ou te resevwa li, epi bagay sa pral pou ou.

— Mak 11:24

Malgre mwen se yon kretyen, mwen te toujou bay epi sipòte legliz mwen an, se te yon bagay nouvo pou mwen pou mwen simen konsa, pou entansyonm klè epi pou mwen kwè ke mwen gentan resevwa lè mwen priye.

Mwen te pran yon chèk epi mwen te ekri nan seksyon memo a, “Sa se pou sèf 1987 mwen an.” mwen te mete menm sou li epi mwen te deklare mwen te fenk resevwa sèf mwen an pandanm tap voye li nan yon ministè mwen fè konfyans.

Mwen tap viv nan vil Tulsa, Oklahoma nan epòk la, mwen pat vrèman gen yon kote poum fè lachas, men gen yon zanmi mwen nan legliz la ki te envitem poum ale lakay grann li pou Jou Aksyon de Gras la, epi li te di ke gen kèk sèf nan antouraj fèm lan. Alòs, fanmi mwen te desann nan maten jou Aksyon de gras la pou nou manje yon bon repa epi di Bondye mèsi, ak tou pou mwen kaptire sèf mwen an.

Zanmi mwen an pat vrèman konnen ki kote poul te dim ale, men te gen yon patiraj ki te bò kote rakbwa a, epi li te sijere mwen ale nan savann lan poum kapab chita bò kote yon gwo pye bwa ki te nan espas sa.

Koulye a, mwen vlew imajine foto sa a. Mwen te chita nan yon raje ki sekle ki te gen yon gwo pye bwa nan mitan li. Lèm ap reflechi sou sa, mwen te jis chita deyò nan jaden an yon kote tout moun te kapab wèm akote yon pye bwa. Lè li te fè klè, mwen te panse, *Sa pa tap janm fonksyone sim rete chita deyò a konsa. Mwen te bezwen jwenn yon pi bon kote poum chita.*

Pandan mwen tap reflechi pou mwen leve epi poum te deplase nan direksyon rakbwa

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

a, mwen pat konnen sa ki tap pase dèyè mwen lòt bò pye bwa sa. San mwen pat konn sa, te gen yon sèf ki tap kouri atravè jaden an dèyè mwen an. Pye bwa a te nan mitan sèf la ak mwen menm, alòs bouk la pat wèm, epi mwen pat wè li nonplis. Bouk la te kouri al nan pye bwa a, li pran sant mwen an, epi toudenkou li te kanpe la pandan li tap eseye konprann sa ki tap pase a.

Pandan bouk la te kanpe epi lap gade ozalantou pye bwa a, zye nou te kontre. Sèf la te sèlman senk pye distans ak kotem te kanpe a! Bouk la pat pèdi tan poul kouri ak tout vitès. Li te fè yon gwo bri, epi li te pati ale ak tout vitès.

Koulye a, mwen pral oblije admèt ke mwen pa twò fò nan tire. Mtap eseye byen vize bouk la ki tap kouri a tout vitès ale lwen an paske distans mwen te ye a pat ofrim yon bon sib. Dezyèmman, li pa tap fasil poum tire yon katouch ki nan kalib 30-06 la. Men, lè mwen peze gachèt la, bouk la tonbe epi li pat deplase. Mwen te choke! Lè mwen fin tire katouch la, zanmi mwen an te soti epi li felisitem pou bouk mwen an, paske li te wè li kouche atè a. Mwen pat di zanmim nan sa Senyè a te di mwen an, menm te gade li epim te di, “Mwen pa panse mwen pran sèf sa paske mwen konnen kijan poum chase.”

Mwen te rale moso papye kite nan pòch mwen an kite ekri ladanl jou mwen te voye chèk sa ale a. Moso papye a te senpleman di, “Mwen kwè ke mwen resevwa sèf 1987 mwen an, nan non Jezi.” mwen te ekri dat ak lè mwen te priye pou sa nan ti papye a tou. Mwen te lonje papye a bay zanmi mwen an pou li gade epi answit mwen te kòmanse di li kisa Senyè a te dim fè.

Evènman sa a te atire atansyon mwen. Mwen konnen san dout jwenn bouk sa a se te travay pa Bondye. Se vre, aprew fin wè yon bagay konsa, lespri ou ap eseye sijere ke sa se te jis yon aksidan. Men, pandan 34 dènye lane sa yo, se avèk menm metòd mwen te fè pou sèf 1987 sa a mwen sèvi pou mwen kapab kaptire sèf, mwen pa janm manke menm yon sèl, anjeneral se nan mwens pase inèdtan nan rakbwa a sa konn rive.

Se menm metòd la Bondye te itilize poul te rive jwenn Pyè, Jak ak Jan jou sa a sou Letan Jenezarèt la. Bib la di mesye sa yo te wè te fè yo sezi.

Paske, li menm ak tout konpayon li yo te sezi lè yo te pran kantite pwason yo te pran yo, ansanm ak Jak epi Jan, pitit Zebede yo, asosye Simon yo.

Aprè sa, Jezi te di Simon, “Ou pa bezwen pè. depi koulye a, nou pral peche moun.” Se konsa, yo rale kannòt yo sou rivaj la, yo kite tout bagay epi yo swiv li.

— Lik 5:9-11

Mesye yo te tèlman sezi, yo kite tout bagay epi yo te swiv Jezi. Yo te wè yon pi bon fason pou yo fè bagay sa yo, yon bagay ki depase sa yo konnen an.

Pandan Bondye te montrem Wayòm nan ak fason poum te sere pwovovizyon (pwen aksè a trezò mwen nan syèl la) ke mwen te bezwen an, kè mwen te vin gen plis konfyans nan resous ki sòti anwo nan syèl yo pase bagay sa yo mwen te kenbe nan menm yo.

Bondye te anseye mwen ke mwen te kapab simen pou nenpòt bagay mwen bezwen an, epitou Li tap swa banm yon plan poum kreye lajan an oswa yon plan poum pran li.

Mwen pa gen ase espas nan pati sa poum pataje tout bagay etonan mwen te wè ke Wayòm nan reyalize yo, men mwen kapab diw ke Drenda ansanm avèk mwen te wè kèk bagay ki enkwayab anpil kite rive nan lavi nou finansyèman. Soti nan gwo pwoblèm lajan poun rive lib finansyèman epi kapab sipòte ministè nou an avèk plizyè milyon pandan tout ane sa yo se yon bagay enkwayab.

Youn nan premye bagay Bondye te anseye mwen pandan mwen te kòmanse ap aprann konsènan Wayòm nan se pou mwen simen avèk lafwa lè mwen ap simen pou yon rekòt espesifik. Menmsi mwen pa gen tan nan liv sa a poum pale de tout bagay, nan lòt liv mwen yo, wap jwenn istwa sou fason Wayòm nan espesifik epi kijan semans ou an bezwen espesifik. *Revolisyon Finansye Paw: Pouvwa Pwovizyon an*, liv sa pale de etap yo pouw libere lafwa ou ak kijan pouw simen semans paw lan espesyalman, pi plis pase liv sa a. Mwen ankourajew jwenn yon kopi epi aprann plis sou sijè sa a.

Liv sa a sèlman pale sou kèk prensip ki enpòtan nan Wayòm nan ke Bondye te anseye mwen sou fason pouw jenere ak bay. Mwen espere ke prensip sa yo ankourajew epi enspire ou, fèw vle aprann plis epitou vin tout sa Bondye gen pou ou.

CHAPIT 9

LWA MEZI

A

Sa gen plizyè mwa, Drenda ansanm avèk mwen te simen \$15,000 nan yon lòt ministè. Pandan mwen ta pral libere lafwa mwen, Lespri Sen an te fèm sonje 2 Korentyen 9:10-11, epi mwen pat kapab retire vèsè sa a nan tèt mwen jis apre kèk jou.

Koulye a, moun ki bay grenn pou moun kap simen an ak pen pou manje, lap bay tou kantite grenn nou yo, lap ogmante rekòt jistis nou an. Wap vin rich nan tout fason pouw kapab jenere nan chak okazyon, epi atravè jenerozite ou wap lakòz gwo remésiman pou Bondye.

— 2 Korentyen 9:10-11

Mwen tap medite sou pati sa kote li di Bondye bay grenn pou simen ak pen pou manje, epi “pen pou manje” te atire atansyonm. Mwen te vin reyalize ke laperèz fè anpil moun pa vle bay paske yo pa konprann sa fraz sa vle di a. Pifò moun panse ke lè yap bay, sa yo bay la, se yon bagay ki pral *koute yo kichòy*. Men, bagay sa Bondye tap fè mwen sonje a, se paske Li pa sèlman ba nou semans pou nou simen, men tou se Li menm ki te ba nou pen pou nou manje, oswa bagay pèsònèl yon moun bezwen. Se vre, mwen te gentan konnen bagay sa, men mwen te santi Bondye te vle asirel ke mwen te di lòt moun sa—se Li menm ki ba nou tou 2 bagay sa yo, epitou nou pa bezwen pè lè nou ap bay.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Jou lannwit sa anpatikilye, 2 semèn konsa apre nou te fin simen \$15,000 nou an, pandan mwen ta pral etenn limyè yo epi ale nan kabann mwen, toudenkou, mwen te fè lide poum verifye kèk aksyon mwen posede poum kapab wè kijan yap evolye nan mache bousye a. Pandan mwen te monte sou kont mwen, mwen te wè ke aksyon sa yo te depase nivo nòmral la.

Mwen ta pral mete telefòn mwen an yon kote lè zyem te tonbe sou yon aksyon anpatikilye ke mwen pat posede. Mwen te konn wè aksyon sa anvan, epi gen yon fwa mwen te anvè achte li. Apre mwen te fin chèche konnen ki pwofit li te konn bay, mwen te wè ke li pa tap byen mache pandan 12 dènye mwa sa yo, alòs mwen pat achte li.

Men, pou kèk rezon, jou swa sa, aksyon sa a te sanble atire atansyonm. Sa ki etranj, mwen te santi dezi poum te achte kèk aksyon ladanl, yon atitid ki totalman pa nan modèl moun mwen ye a. Alòs, se konsa, mwen te deside pou mwen achte pou \$1,500 nan stòk sa epi mete telefòn mwen mwen yon kote.

Drenda ansanm avèk mwen te pale sou sa toupiti, epi mwen te enfòmè li de acha aksyon an. Apre sa, mwen te rale telefòn lan poum montre li. Lèm te rale telefòn lan, mwen te choke. Nan sèlman inèdtan, stòk sa te monte pou plis pase 100 pousan! Nou te rete zye klè epitou nou tap pale pandan nou tap gade nimewo yo tou dousman kap kontinye monte.

Pandan 3 zèdtan ki te vini aprè yo, aksyon an te monte nan yon valè pou plis pase \$17,000, kote li te depase nivo a. Mwen te di Drenda, “Sa se \$15,000 pa nou an!”

Byen rapid, mwen te vann stòk la epim kenbe benefis yo. Stòk la te tounen desann nan denmen maten epi li pat janm rebran nivo ogmantasyon sa ankò depi plizyè mwa apre evènman sa a te fin fèt la. Bagay sa, se te bagay ki pi etranj mwen pat janm wè. Mwen konnen ke se Lespri Sen an ki te pèmèt jem tonbe sou stòk sa a, epi mwen te di Drenda se Bondye ki te retounen semans nou an ban nou. Se Bondye ki bay moun kap simen an grenn, epi se Bondye ki bay pen pou moun manje! Ou konn yon bagay, mwen pa bezwen konnen kijan Li fè sa, men Li toujou fè sa!

Men, sa te enteresan. Apre mwen te fin vann aksyon sa a epi mwen te gen lajan an ki vini nan kont mwen an, mwen te panse, *Monchè, si mwen te gentan konnen li ta pral monte konsa, mwen tap mete pi plis toujou pase \$1,500 a.* Lèm reflechi sou bagay sa, se

toujou vizyon 20/20 an. Wi, mwen te kapab mete \$10,000 a, oswa lidew chanje epiw panse, *Epi si mwen te mete \$100,000 ladanl? Imajine ki kantite lajan mwen ta kapab fè sou investisman sa.* Men, mwen pat mete \$100,000 ladanl. Mwen pat mete \$10,000 ladanl. Mwen pat menm mete \$5,000 ladanl; mwen te mete \$1,500 ladanl; Pwofi mwen an te limite. Mwen te mete \$1,500, byenke mwen sèten mwen ta renmen mete plis, sa pa tap rive paske mwen te sèlman mete \$1,500.

Bib la di nou nan Lik 6:38 sa ki te pase a, poukisa mwen pat fè pi plis lajan toujou jou lannwit sa a.

Bay, yap ba ou. Yon bon mezi, foulel desann, soukel ansanm epi plenl depase, pral vide nan janm ou. Paske, ak mezi wap itilize a, se ak li yap mezire pou ou.

— Lik 6:38

Ou wè sa, mwen te fikse mezi a, epi se ak menm mezi pa mwen an ankò yo te mezire ban mwen tou—potansyèl mwen te genyen jou lannwit sa a te dirèkteman pwopòsyonèl ak sa mwen te mete ladanl lan. Se mwen menm ki te fikse mezi a epi se avèk menm mezi sa mwen te rekòlte nenpòt bagay la anretou. Jezi di ke menm prensip sa ap aplike lè wap bay tou.

Gen yon istwa nan Bib la ke mwen vle montrew ki kote bagay sa te rive. Nou kapab aprann pi plis toujou sou lwa mezi a nan istwa sa.

Madanm yon nonm ki te soti nan gwoup pwofèt yo te rele Elize, li di li, “Mari mwen, sèvitèw la, mouri, epi ou konnen li te respekte Seyè a. Men koulye a, moun kite pretel lajan an ap vin pran 2 pitit gason mwen yo kòm esklav li.”

Elize reponn dam lan, “Kijan mwen kpaba edew? Dim, kisa ou genyen lakay ou?”

Dam lan di, “Sèvitèw pa gen twòp anyen lakay la”, “eksepte yon ti krich lwil oliv.”

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Elize di yo, “Ale, mande tout vwazen ou yo pou yo yon krich vid. Pa jis mande kèk grenn. Apre sa, antre anndan kay la epi fèmen pòt la lèw fin antre ak pitit gason ou yo. Vide lwil nan tout bokal yo, epi pandan krich yo ap plen, metel sou yon bò.”

Dam lan te kite Elize, li fèmen pòt la apre li menm ak pitit gason li yo fin rantrè. Yo te pote krich yo ba li epi li kontinye ap vide. Lè tout krich yo plen, li di pitit gason li an, “Pote yon lòt pou mwen.”

Men, li te reponn, “Pa gen yon krich ki rete.” Apre sa a, lwil oliv la te sispann koule.

Dam lan ale, li di pwofèt Bondye a sa, epi pwofèt la te di, “Al vann lwil la epi peye dèt ou yo. Ou menm ak pitit gason ou yo, nou kapab viv ak sa ki rete a.”

— 2 Wa 4:1-7

Sa a se yon gwo istwa ki gen anpil revelasyon Wayòm nan ladanl.

Fanm sa a tal jwenn pwofèt la poul mandel èd. Li gen dèt epi li pral pèdi pitit gason li yo. Men, sa ki pi enteresan an, pwofèt la pat retire lajan nan kès tanp lan. Olye de sa, li poze fanm lan yon kesyon ki etranj anpil parapò ak sikonstans yo: “Kisa ou genyen lakay ou?”

Mwen panse ke fanm lan pat atann ak yon kesyon konsa, jan ou kapab prèske tande etonman li nan fason li reponn. “Mwen pa vrèman gen anyen ditou!” se sa li te di. Fanm lan te mete aksan sou sal di a lèl ajoute “prèske anyen ditou”. Men, li te mansyone sa li genyen an. Se pat anpil, men li te gen yon ti kantite lwil oliv. Se sa menm pwofèt la te bezwen tande. Se te repons lan sa. Gade avèk anpil atansyon enstriksyon li yo.

Elize te di, “Ale, mande tout vwazen ou yo prete yon krich vid. Pa jis mande prete kèk grenn.

Pa jis mande prete kèk grenn. Konbyen konsa? Mwen panse wap dakò ke kantite krich li ta dwe rasanble yo kapab fè deba paske se fanm lan sèlman ki kapab defini

kisa bagay sa te vle di pou li. Alafen, fanm lan te vin reyalize ke li pat rive rasanble ase krich!

Fanm lan kite pwofèt la, li fèmen pòt la apre li menm ak pitit gason li yo te fin rantrè. Yo pote krich yo ba li epi li kontinye ap vide. Lè tout krich yo te plen, li di pitit gason lan, “Pote yon lòt pou mwen.”

Men, ti gason an te reponn, “Pa gen lòt krich ki rete.” Apre sa a, lwil oliv la sispann koule.

Gade byen, kilè lwil la sispann koule—se pat nan yon kantite krich espesifik men se te lè li pat gen okenn krich ankò. Apre tout krich yo te fin plen, fanm lan te di pitit gason li an pote yon lòt krich pou li, epi li te di pat gen krich kite rete. Mwen sèten fanm lan tap renmen kontinye, men li te sèlman rasanble yon ti kantite krich. Ogmantasyon fanm lan te limite se pat akòz Bondye men se te akòz pwòp panse fanm lan.

Mwen sèten fanm lan pwobableman te swete li te kapab gen plis krich toujou, anpil anpil lòt krich. Men, si fanm lan te vrèman konprann kisa ki ta pral rive a, mwen sèten li tap frape nan pòt tout moun ki nan vil la ap chache krich. Li te ka menm voye mande moun ki nan lòt vil yo poul ranmase krich.

Men, istwa a gen yon bon rezilta ki soti ladanl: dèt fanm lan te peye, epi fanmi an te kapab viv gras ak sa ki te rete apre yo te fin vann lwil oliv la.

Men, kisa rezilta a te kapab ye? Fanm tap kapab peye dèt tout lòt moun ke li te konnen yo, bati yon nouvo plas pou vil la, epi ede anpil lòt moun.

Alòs, poukisa fanm lan te rasanble ti kantite krich ke li te fè yo sèlman? Mwen kwè repons lan se paske fanm sa te gen yon mantalite poul siviv. Li te konsantre sou pwèn presyon an—kise kantite lajan li te gen kòm dèt ak kòb li panse li tap pran poul kontinye pran swen pitit gason li yo. Olye poul panse pi lwen ke presyon an, li te jis konsantre sou elimine bagay sa. Mwen kwè si li te rasanble mil krich, yo tout tap ranpli. Fanm lan te etabli mezi a!

Bondye ban nou tout menm opòtinite ke fanm sa te genyen an. Nou tout dwe chwazi kijan nou vle etabli nivo mezi a.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Kite mwen eksplikew pandan nap revize vèsè kle nou an, pou chapit sa a.

Bay, yap ba ou. Yon bon mezi, foulel desann, soukel ansanm epi plenl depase, pral vide nan janm ou. Paske, ak mezi wap itilize a, se ak li yap mezire pou ou.”

— Lik 6:38

Nou tout renmen site premye pati nan Vèsè bibliik sa a—ke si nou bay, nou pral rekòlte epi depase annabondans. Men, anpil fwa, nou pa rive li dènye pati a, pati ki di nou pral sèlman rekòlte *dapre menm mezi nou te itilize lè nou tap bay la*.

Poukisa prensip sa a enpòtan anpil pou ou menm ak pou mwen menm? Ebyen, kite mwen baw yon egzanp.

Ann di ou se yon kiltivatè ki fenk ap kòmanse epi mwen te di ou ke mwen te vle achte 5,000 baril ble. Ou menm ansanm avèk mwen dakò sou yon pri pou chak grenn baril sa yo, epi ou prepare pou plante 10-ekta tè jaden ou avèk ble pou rekòt la.

Mwen panse ke ou konnen kisa ki pral rive. Ou pral travay fò anpil nan koze baril sa yo paskew bezwen satisfè kontra nou an. Poukisa? Paske ou pa gen okenn lide de konbyen kawo tè kap pran pou rekòlte 5,000 baril ble yo.

KONBYEN KRETYEN KAP ALIYEN GWO KAMYON YO KI PREPARE POU POTE REKÒT YO NAN MACHE A PANDAN SE SÈLMAN 2 PYE TOMAT YO TE PLANTE?

Mezi ki nan egzanp kiltivatè a se kantite kawo tè li te plante yo. Nan ka fanm lan, se te kantite krich li te rasanble yo. Nan egzanp pa Jezi a, se kantite lajan nou simen an.

Alòs, si rekòt nap tann lan pa posib parapò ak mezi nou etabli pou nou resevwal la, alòs nap jwenn desepsyon, epitou petèt moun ki pa gen anpil konpreyansyon yo kapab menm blame Bondye pou sa ki rive a kòm yon echèk dapre Pawòl Li a.

Alòs, men kesyon milyon-dola a: Si yon kiltivatè bezwen 5,000 baril ble epi li pa gen okenn ide de konbyen kawo tè lap bezwen plante, kisa li ta dwe fè?

Mande yon kiltivatè ki konnen!

Koulye a, ann mete prensip sa a nan yon sitiyasyon nan lavi-reyèl la ke mwen wè tout tan.

Gen yon fanmi ki vle peye ipotèk \$300,000, epi yo konnen yap bezwen simen epitou jwenn yon antant antanke mari ak madanm epi libere lafwa yo. Men, konbyen kòb yo ta dwe simen? Mwen jwenn kesyon sa tout tan. Konbyen kòb yo bezwen simen pou etabli mezi pou yon rekòt \$300,000? Moun sa yo pa gen okenn ide. Yo tap bezwen mande yon moun ki konnen, epi se tap Lespri Sen an.

Nou tout te tande Li kap chichote repons kesyon sa a anpil fwa. Anjeneral san yon bon ansèyman, nou senpleman voye ti vwa sa a jete tankou yon bagay ki enposib. Kòm egzanp, pandan wap simen pou XYZ, ou santi ke ou ta dwe simen \$1,000. Menm moman an, bagay sa vin monte nan lespri ou epi ou di, “Non, mwen pa kapab fè sa,” oswa menm rive di pi mal toujou, “Kitem an repo, Satan.”

Youn nan bagay ou kapab sèten se ke Satan pap janm diw simen pi plis toujou nan Wayòm nan. Li byen konnen lwa Wayòm nan. Alòs, nan ka sa a, paske ou pat devlope konfyans nan prensip pou etabli mezi a, depi tèt ou pa ka rete anplas, ou vin bay kantite ou bay kòm dabitid la ki se \$100. Epitou, se vre, menm jan ak egzanp ble mwen te bay la, ou rate rekòt sa ke ou te bezwen an.

Koulye a, anvan mwen ale pi lwen, mwen bezwen klarifye yon bagay:

Se pa sèlman kantite lajan ke wap simen an ou kapab bay!

Gade nan Lik 21:1-4:

Lè Jezi leve zyèl, li wè moun rich yo kap mete kado yo nan trezori tanp lan. Li te wè yon pòv vèv ki mete 2 pyès kòb kwiv ladanl tou. Li te di nou, “Sa map di nou la a, se vre wi” “pòv vèv sa a mete plis pase tout lòt moun yo. Tout bagay moun sa yo te bay kòm kado te soti apati kantite richès yo; men vèv sa te mete tout sa li te genyen poul viv.”

Gade byen ke Jezi te di pòv vèv sa te bay plis pase tout sa moun rich sa yo te bay jou sa a. Moun ki rich yo te bay anpil lajan, men Bib la di yo te bay lajan sa apati richès yo

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

genyen, oswa nou kapab di nan lajan anplis yo genyen. Pòv vèv la te bay tout lavi li, epi aksyon sa te mande anpil lafwa.

Sa pa bezwen lafwa pouw bay nan saw gen anplis. Se vre, bay san gad dèyè apati saw gen anplis se yon bon bagay pouw fè, men nan jou sa a, gen moun ki te wè kisa moun yo tap mete nan trezori a, epi moun ki rich yo, pandan plizyè fwa, yo te bay pou fè moun wè yo ak pou yo jwenn gwo estati relijye nan mitan vwazen li yo.

Alòs, yon ekwasyon senp nan etabli mezi a pa kantite lajan ou bay se pa yon definisyon egzat sou fason nou etabli mezi a. Sa se yon gwo pati ladanl men se pa sèl grenn pati a.

Nou bezwen sonje ke sa ki “gwo” pou yon moun pa nesèman gwo pou yon lòt.

Nan premye jou minister nou an, lè yon moun te bay yon mil dola se te yon GWO kantite lajan pou mwen. Anreyalite, lè nou te fenk kòmanse, nou tap ka ranmase yon òfrann konsa sou plizyè mwa. Men, kapasite nou te vin grandi, epi nou te kapab bay pi plis lajan paske lafwa nou ak konfyans nou te vin grandi.

Men sa mwen toujou di lòt moun yo: Lèw simen pou pwovizyon, pran yon ti moman epi mande Lespri Sen an poukisa pouw simen an ak ki kote pouw simen li.

Anjeneral, simen pou bezwen woutin yo pa mande anpil lafwa menm jan ak simen pou yon gwo pwogrè, tankou peye kay ou, ta kapab pran. Lè mwen simen pou gwo bagay yo, mwen toujou vle *santi* sa. Sa mwen vle di a se, mwen pa jis vle bay nan lajan anplis mwen genyen. Mwen vle simen ase pou mwen kapab *santi* lafwa mwen ki angaje nan aksyon an. Kantite lajan an dwe gwo ase pou li ka fè chè depoul pouse sou kò mwen epi poum tande nan tèt mwen, *Èske ou sèten de aksyon sa?*

Mwen te vin aprann ke Sentespri a pral diw ki kantite lajan lèw mande Li; men jis asirew ou reyèlman vle tande Li.

Mwen te oblije mande èd plizyè fwa nan pati sa. Paske mwen peye bòdwo yo, sa toujou pi fasil pou Drenda tande kantite lajan nou ta dwe simen an epi pat gen okenn ezitasyon. Èskew sonje istwa mwen te diw la sou koze simen \$200,000 sa a nan kanpis nou an Viv Lafwa premye fwa a?

Ebyen, mwen pat di nou tout detay yo nan istwa sa. Bagay sa a te dwe yon angajman-twazan, se pat yon dèt men yon objektif ke nou te fikse poun bay pandan

peryòd tan sa a. Lè jou a te rive, nou te fè lòt moun konnen entansyon nou epi simen premye grenn semans nou an, reyèlman mwen te panse \$150,000 se te tout sa mwen te vle bay. Men, Drenda te diskite avèk mwen ke li te tande nou dwe bay \$200,000. Mwen te voye opinyon li an jete epi mwen te kenbe pozisyon pa mwen an kise \$150,000. Nan sèvis kote nou ta pral simen an, yon fwa ankò li te ensiste pou nou bay \$200,000, men yon lòt fwa ankò mwen te refize.

Jis anvan nou te simen semans pa nou an jou sa a, yon kiltivatè nan legliz mwen an te kanpe epi li te mande poul pale. Li te ankouraje tout moun ki te la pou yo fè Bondye konfyans pou rekòt yo a. Li te kontinye eksplike ke, antanke kiltivatè, li te depann sou lwa simen ak rekòlt yo poul siviv epi li te vin konprann ke yo dwe fè lwa sa yo konfyans. Kiltivatè a te di ke li depanse \$200,000 chak ane jis poul plante grenn li yo. Apre sa, li te kontinye di ke, okòmansman, sa te kapab parèt ensanse pouw jis jete \$200,000 nan tè a paske depiw fin simen, pa tap gen okenn fason pouw rebran kòb sa. Men, mesye a te mete aksan sou lwa simen ak rekòlte a ki toujou genyen paske li te rekòlte pi plis pase \$200,000 li te depanse pou simen nan jaden li yo.

Drenda te banm yon ti koudèy sou kote. Mwen te pran sijesyon an—Ok, se \$200,000 a, epi se montan sa nou te simen. Epitou ou sonje kijan Bondye te deplase vis prezidan sa a poul te ban nou bonis sa yo te konn bay chak ane a—kantite egzak la \$200,000. Sa pat koute nou yon goud pou nou te simen grenn semans sa a. Jan mwen te gentan di nan chapit ki anvan sa a, bonis sa a te etabli pou plizyè ane kounye a epi yo te gentan rapòte nou plis pase \$2 milyon dola revni.

Ou wè sa, lespri Drenda pat ranpli ak detay sou tout bòdwo yo, li pat kite okenn plas pou perèz anpechel eseye monte pi wo. Drenda te senpleman tande Bondye. Epi anreyalite, se tout sa mwen te bezwen fè tou. Men, sa a se te premye fwa nou te simen yon bagay ki pre kantite lajan sa, alòs wi, mwen tap kite perèz mennenm lè mwen te kanpe nan nivo \$150,000 lan. Mwen remèsye Bondye pou madanm mwen, ki te ankourajem poum fè Senyè a konfyans pou yon pi gwo kantite lajan konsa.

Pouw kapab simen ou dwe *toujou* genyen lafwa, *toujou*. Alòs, an nou pa kite perèz anpeche nou rekòlte tout sa Bondye ap eseye fè nou jwenn yo.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Jenewozite a

Sonje sa: Moun ki simen ti kras ap rekòlte ti kras tou, epi nenpòt moun ki simen san gad dèyè ap rekòlte san mezire tou.

— 2 Korentyen 9:6

Nan tèks sa a, Pòl ap ranmase yon ofrann pou yon lòt legliz, epi li tap raple pèp la yon prensip ke li sanble te gentan anseye yo anvan sa, ke yo pral rekòlte sa yo simen epi se dapre mezi yo te simen an. Se sou prensip pou etabli mezi a ke Pòl tap pale a.

Epòk Pyè te bay Jezi kannòt li a poul itilize sou lak lan jou sa, nou te wè kannòt Jak ak Jan an te ranpli tou nan menm rekòt sa gras ak lafwa Pyè te mete nan bagay sa paske mesye sa yo se te patnè li. Men, kitem poze nou kesyon sa a: Si Pyè te gen 1,000 bato jou sa a nan biznis li a, konbyen bato ki tap ranpli?

Si ou te di 1,000, ou kòrèk.

Yon fwa ankò, nou wè mezi a te etabli. Mezi yo te bay la se *veso* Bondye kapab ranpli. Alòs mwen ankourajew etabli mezi a avèk yon gwo vizyon. Ou pap vle retounen sou sa ki pase a epi di, “Waw, aksyon sa a te ogmante mil pousan nan twazèdtan. Mwen te sipoze mete plis.”

Alòs, kisa ki te pousem mete sèlman \$1,500 jou lannwit sa apre Sentespri te fin mandem poum achte? Ok, pou mwen, se paske mwen jis pat mande Bondye pou Li dim kantite lajan an. Mwen te jis aji ak pwòp tèt mwen, epi mwen te rate vwa li.

Koulye a, tanpri pingaw al achte yon bann stòk nan mache echanj la akòz istwa sa. Jan mwen te gentan di sa byen bonè, mwen pa mete anpil lajan nan mache echanj la. Men, Bondye te fè mwen konprann yon bagay nan jou lannwit sa— Se Li menm ki ba nou semans poun simen ak pen pou nou manje, epi se te yon bon rapèl pou *nou* toujou fikse mezi a.

Mwen espere wap sonje istwa sa a pwochen fwa Bondye frape zepòl ou pou finanse yon misyon.

Nou tout dwe bay Bondye pèmision pou Li fòme nou nan sans sa.

Map sonje te gen yon epòk kote valè kay yo nan Florid te tonbe plat pandan lane 2009 la. Nou te gen zanmi nou ki te rete sou kòt la, epi nou te konn vizite zanmi sa yo souvan. Nan epòk sa, te gen kay pou vann toupatou nan zòn Florid la. Yon jou, pandan

nou tap mache sou plaj la ansanm avèk zanmi nou an, li te di, “Mwen vle montre nou yon bagay.”

Nou te mache ale nan yon kay ki te gen yon pano avann sou li. Pri a se te \$695,000 sèlman pou 2 kay yo ki sou pwopriyete sa. (Wi, saw li a se byen sa, 2 kay sou plaj la pou \$695,000. Kay yo te vini tou meble. Mwen panse ke nou tou 2 te dakò ke se te yon vòl.) Yo te lwe youn ladan yo epi kay sa tap pwodui gwo revni, paske son kay kite sou plaj la. Men, mwen jis pat kapab wè poum te depanse kantite lajan sa nan epòk sa, epi mwen pat achte kay yo. (Mwen konnen, mwen konnen, aksyon sa pat twò entelijan.) Zanmim lan te gentan gen plizyè kay epi li pat vle djòb poul te jere 2 lòt kay anplis nan epòk sa. Mwen vle di, se li menm ki te mennen nou nan sa kay sa yo. Se pa chak jou ke yon miltimilyonè tap baw konsèy li epi lap di, “Men kisa mwen tap fè.” Se vre, Drenda tap di nou ke nou ta dwe achte kay yo, men mwen pat bouje.

Ok, ou kapab devine rezilta a. 2 kay sa yo te vann epi yo te revann yo aprè plizyè ane pou \$3 milyon dola.

**ALÒS, PINGAW KITE
PERÈZ PALE AVÈW
LÈ WAP SIMEN AK
FIKSE MEZI PAW LA.
KANPE FÈM.**

Ou konnen kisa ki pi tris ak pi enèvan nan bagay sa se te? Mwen pat menm priye pou sa jou sa. Mwen te met sajès Lespri Sen an sou kote. Mwen te inyore sajès zanmi epi madanm mwen, ki gen anpil bon konprann.

Mwen tap toujou di non paske mwen te gentan konnen bagay sa tap pran tout lajan nou te genyen disponib nan moman sa, epi avèk ekonomi an ki tap pran yon ti souf, mwen jis pat santi mwen te alèz poum fè yon bagay konsa. Men, jan mwen te gentan di a, mwen pat mande Bondye anyen sou sa, se te yon erè ki koute chè anpil.

Malerezman, mwen te rate anpil rekòt (se pa tout men anpil), epi Bondye te oblije jere sa avèk mwen.

Yon jou sa gen plizyè lane, Drenda te rive rankontre Kenneth Copeland pandan li te nan yon gwo otèl rizòt yo, epi Kenneth te envite Drenda al manje dematen ansanm avèk li ak tout madanm li, Gloria.

Sou tab la, Kenneth te di li te gen yon pawòl pou li di Drenda ansanm avèk mwen. Drenda te anrejistre pawòl sa yo sou telefòn li an pou mwen paske mwen pat avèk li nan

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenewozite a

vwayaj sa a. Mesaj la te pati konsa:

“Mwen te eseye pote plizyè kay avèk tè pou nou, men nou pat kite mwen fè sa.”

Waw, se te yon repwòch. Men, pandan mwen tap reflechi sou anpil bagay mwen te refize, mwen te reyalize erè mwen an. Alòs, mwen te fè lide ke depi jou sa a, mwen pa tap rate rekòt mwen yo ankò. Depim te fin pran desizyon sa, sa te etonan aki vitès Bondye te pote bagay sa yo ke mwen te simen pou yo a ban mwen.

Alòs, pa kite perèz pale avèk ou lè wap simen ak lè wap fikse mezi paw la. Kanpe fèm. Ou pap konnen kijan Bondye pral fè bagay sa yo rive, menm jan mwen sèten ke vèv la ki nan 2 Wa 4 la pat kapab imajine ke lwil la tap jis kontinye koule. Si vèv sa te posede richès, istwa li a tap yon istwa konplètman diferan. Pwobableman, mwen tap toujou ap li sou pòv vèv sa ki te vin tounen yon bilyonè nan biznis lwil la jounen jodi a.

Ofinal, sonje ou pral toujou ap simen nan yon pi gwo ak yon pi gwo rekòt. Wap viv jounen jodi a apati rekòt ou gen yè yo, alòs wap bezwen pouw toujou sonje bagay sa lè wap simen.

Epitou, sonje sa fennwa ap toujou pi fonse jis apre ou fin simen an. Bokit grenn semans lan ta sanble vid epi plant yo poko kòmanse pouse. Men, kenbe Pawòl Bondye a fèm, kanpe djanm, epi priye nan Lespri a pouw jwenn direksyon ak detay sou rekòt la ke Bondye ap pote ba ou a.

Mwen vle fini chapit sa ak yon istwa mwen gentan rakonte plizyè fwa deja, men ke map repete. Istwa sa enplike youn nan vandè mwen yo, kèk ane anvan sa, lè mwen te fenk fin aprann prensip nan fikse mezi a pou pwemye fwa. Vandè sa tap bati yon nouvo kay epi, menm jan pifò nouvo moun kap bati kay yo gen tandans fè, yo te depase bidjè yo genyen an. Gen yon bagay ki toujou chanje oswa ajoute ki pral chanje pri final la.

Ebyen, nan ka sa, zanmi mwen an te gentan fin itilize tout lajan ke bank lan te mete disponib, epi li te rive nan limit li. Si mwen sonje pwoblèm nan, li pat gen ase lajan poul peye pou kabinèt kwizin yo. Mwen panse ke li te nan anviwon \$ 25,000 ki te manke.

Yon jou swa, youn nan lòt reprezantan mwen yo te ale ansanm ak reprezantan ki tap bati kay la nan yon sèvis adorasyon. Nan fen mesaj la, predikatè a tap ranmase yon

ofrann pou yon rezon anpatikilye, mwen pat gen detay sou sa, men reprezantan lavant ki te ale ansanm ak reprezantan sa ki tap bati kay li a te vin jwenn mwen epi li te di ke reprezantan lavant ki tap bati kay la te sanble ap lite ak yon bagay jou lannwit sa.

Li te eksplike ke mesye sa a ki tap bati kay la te mache al devan legliz la epi li te bay ofrann pa li an epi li te retounen al chita. Men, nonm lan te sanble ajite. Apre sa, li dim ke nonm lan te leve, li tounen pase devan an epi li te bay plis lajan toujou. Apre li te tounen sou chèz li a, li te sanble ajite plis toujou kounya. Nonm lan te chita la pou kèk minit, epi apres, ak yon gwo soupi, li te ale devan ankò epi li te bay plis lajan. Apre sa lè li te tounen, nonm lan te sanble anpè epi ajitasyon an te ale.

Kèk jou apre nan menm mwa sa, reprezantan ki tap bati kay li an te bay temwayaj ke li te simen jou lannwit sa nan legliz la pou lajan li te gen bezwen an poul peye kabinèt yo pou kwizin lan. Si mwen sonje sa san ankenn fòt, bès mason an te deside fè rabè 50% sou kabinèt yo, epi li te kapab jwenn ase biznis poul peye bòdwo final la.

Alòs, kisa ki tap pase jou lannwit sa? Reprezantan ki tap bati kay la te dim ke li jis pat gen lapè jiskaske li te leve twazyèm fwa a epi li bay tout sa li te genyen. Ou wè, li tap priye sou fason poul peye \$25,000 sa, epi Sentespri a tap mennen li poul fikse mezi ki nesèsè poul pote rekòt li tap cache a.

Alòs, pwochen fwa wap simen, ou dwe sonje lwa sa ki enpòtan anpil nan Wayòm nan, lwa mezi a.

CHAPIT 10

WA JENERE A

Mwen sèten nou tout te fè bagay sa deja. Gon moun ki pwoche, epi li fè nou yon konpliman, apre sa nou di yon bagay tankou, “O, mwen te achte bagay sa nan yon likidasyon pou \$5.”

Poukisa nou di yon bagay konsa? Poukisa nou wont paske nou gen yon bagay ki bèl? Sa enteresan epi li tris an menm tan ke apre nou te fin bati nouvo kay nou an aprè plis pase 20 lane, anreyalite nou tap priye pou kay lan ta gwo anndan an men parèt piti deyò. Nou te 2 nouvo pastè, epitou nou te santi ke gen moun ki tap fache si nou ta bati yon gwo kay konsa. Nan epòk sa, nou pat gen okenn revni ki soti nan kòb legliz la—se te ak lajan pwòp biznis nou ke nou tap itilize poun bati kay la—men pou kèk rezon, nou te santi gen moun ki tap panse nou tap pran nan kòb legliz la. Alòs, nou bati yon kay sou yon sipèfisi 7,700 pye kare, men si ou gade kay la, alabaz wap wè li sanble tankou yon kay nòmal ki gen 2 etaj.

Apre sa, nou te vin reyalize kijan aksyon sa te bèt. Poukisa nou ta dwe wont pou benediksyon Senyè a?

Mwen sèvi ak analogi sa a nan konferans mwen yo.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Sipoze mwen ta monte sou estrad la rad mwen mete a chire epi li sal, epim deklare ke jodi a se yon jounen selebrasyon; jodia mwen menm avèk Drenda te fin peye kay nou an. Apre sa, mwen te pataje kijan nou te travay di (pafwa 80 èdtan pa semèn) pou nou fè li, men nou te rive fè kay sa.

Tout moun tap bat bravo ak rele byen fò. Poukisa? Paske gen yon moun ki te rive bat sistèm lan anreyalite. Gen yon fason pou yo soti tèt yo.

Men, si mwen te monte sou estrad la epi mwen te di, “Jodi a, gen yon etranje kite vini epi li te remèt nou \$1 milyon dola, nou te peye kay nou an ak kòb la.”

Tout moun ta pral di aksyon sa pa jis. Poukisa? Paske nou te grandi nan sistèm madichon sou tè a nan travay di ak swe. Se konsa nou te resevwa fòmasyon poun jwenn pwovizyon. Se vre, se yon sistèm esklavaj, paske pifò moun pa janm jwi okenn sans reyèl nan libète finansye a. Se poutèt sa, pifò moun pa janm dekouvri objektif reyèl yo, ADN espirityèl yo. Paske nan sistèm sivivan nap viv anba li a, pifò desizyon finansye ki pran yo baze sou *lajan*, se pa sou *objektif*. Moun ap reve pou yo libere pou yo kapab pouswiv rèv ak pasyon yo, men pou pifò moun, sa pa janm rive.

Kèk ane anvan sa, Bondye te kòmanse pale avèk mwen sou pòsyon doub lan ak kijan se pa nou li ye. Se pòsyon doub la ki libere nou anba sistèm madichon sou latè a poun siviv ak apiye sou travay di ak swe jis poun kapab siviv.

Pou pi senp, pòsyon doub la vle di *plis pase ase*. Lè nou gen plis pase ase sa pèmèt nou viv lib parapò ak dèt epi fokis sou misyon an olye pou nap vann lavi nou pou lajan.

Malgre ke mwen te gentan pale sou doub pòsyon an nan konferans mwen yo pandan plizyè ane, mwen te santi ke Senyè a te vle montrem yon bagay sou li ke mwen pat janm konprann. Mwen te gentan konnen te gen plis pase sa mwen te wè yo, epi mwen te mande Lespri Sen an poul montre mwen kisa bagay sa ye.

Mwen te kòmanse etidye vèsè Labib yo ki gen rapò ak pòsyon doub la epi mwen te tann Senyè a montrem sa mwen te rate a. Ebyen, Senyè a te atire atansyon mwen avèk yon demonstrasyon ki pi dramatik nan tout sa li tap eseye jwenn nan mwen ke mwen pat janm imajine.

Gen yon mesye ke mwen janm rankontre anvan sa ki te rele mwen, se te youn nan patnè ministè nou yo. Apre nonm sa te fin li liv mwen yo, li te konprann ke mwen te

renmen lachas, alòs li te rele epi li di, “Mwen vle achte yon fizi pou ou. Ki kalite ou poko genyen?”

Nan epòk sa, kòm dabitid mwen te gen preske tout-fizi debaz yo ke mwen te konn itilize pou tout bagay nèt, soti nan lachas sèf, pase nan lachas kana, fezan, epi lapen. Mwen te gen tou yon kalib 20 doub kòt-a-kòt ke papa mwen te achte pou mwen lè mwen te gen 16 lane. Men, mwen te toujou enterese pa bèl zam sa yo mwen te konn wè anpil fwa nan magazin lachas yo. Yo te toujou gen bèl bagay ki ekri sou yo epi manch an bwa yo te nòmal epi zam sa yo te toujou byen fèt. Alòs, mwen te di li ke reyèlman mwen pat gen zam modèl devan-dèyè mwen te toujou vle genyen an. Mwen te chòke apre nonm lan te fin di mwen ke li pral voye youn pou mwen. Bagay sa te etranj poum byen diw, epi tout kòm te frisonen.

San ankenn dout, yon semèn pita, yon koli te rive nan biwo legliz mwen an, epi lè mwen te ouvri bwat la, se pat sèlman youn men te gen 2 bèl fizi ladanl ke mwen pat ko janm wè avan sa.

Byen rapid mwen te rele patnè mwen an epi mwen te remèsye li pou yon si bèl kado enkwayab konsa.

Semèn ki te vin apre a, li voye pou mwen 2 lòt ankò! Kounye a, mwen te vin gen 4 nan pi bon zam mwen pat janm posede anvan sa. Mwen te rele li ankò, epi li te dim ke anpil fwa, moun pat janm konn relel pou remèsye li pou kado li yo; epitou poutèt mwen te fè sa, li te panse li te kapab voye 2 lòt fizi pou mwen. Sa parèt aklè, mwen te gentan konnen bagay sa se te yon bagay Bondye te fè. Mwen vle di ke se 2 fizi mwen te resevwa an menm tan, pandan mwen te priye Bondye pou mwen jwenn pòsyon doub la.

Ok, poum fè yon istwa long vin kout, zam yo te kòmanse vini nan biwo lapòs la, yo te toujou vini pa 2. Sa pat pran anpil tan, mwen te vin genyen KATÒZ nouvo fizi konsa, yo tout la se toujou pi bon kalite yo. Fizi sa yo se pat zam bon mache. Zam sa yo te vo plizyè milye dola.

Aprè sa, mwen te gen 2 machin mak Cadillac Escalade SUVs koulè blan ke yo te fèm kado. Nan epòk sa, nou tap kondwi yon machin mak Honda Pilot depi 10 lane kite fin vye granmoun, nou te renmen machin sa (Honda se toujou yon bon machin), men yo pa tankou machin mak Escalade yo.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Drenda te toujou vle yon valiz Louis Vuitton pandan kèk ane, epi mwen te ba li youn kòm kado espesyal pou sezon Nwèl sa gen kèk ane. Men, pou anivèsè nesans li ane sa, Drenda te resevwa—ou kapab devine kisa—2 valiz Louis Vuitton, chak grenn valiz sa yon moun diferan ki te ba li yo.

Nou te vin gen dezyèm avyon nou an pandan sezon sa tou, se menm bagay la pou 2 kay bò lanmè nou yo, epi poum fini, pou sezon Nwèl sa, yo te ba nou 2 vès nwa ki fèt ak po vizon, chak vès sa yo koute \$10,000.

Kitem pran yon poz epi mete aksan ke se pa djòlè map eseye fè la, paske mwen pat fè anyen pou sa!!!! Zam yo te jis vini. 2 machin mak Escalade blan yo te jis vini. Valiz yo te jis vini. Manto vizon yo te jis vini.

2 kay yo, laverite, nou te plis enplike nan pwosesis la, men nou te gentan simen grenn nou yo pou yon kay sou plaj kèk ane anvan sa. Mwen pat konnen sa, epi Drenda pat dim anyen sou sa nan epòk la, men kèk ane anvan, Drenda te jwenn yon kay ke li te renmen nan yon magazin ki pale de byen imobilye. Lap sonje li telonje dwèt li sou yon foto a epi li te di, “Seyè, mwen vle kay sa a.” Nan epòk sa a, nou te gen twòp lòt angajman finansye ak pwojè pou nou ta gen lajan kach ki disponib poun peze gachèt pou yon kay nan Florid, men nou te konnen gen youn ki tap vini nan bon moman an.

Yon jou, pandan mwen tap fè djògin, Senyè a te pale avèk mwen epi li te di, “*Voye Drenda Florid demen poul achte kay li a nan Florid.*” Te gen yon ijans nan koze vwayaje demen an, alòs mwen te di, “Waw. Ok, ok, Senyè.”

Drenda te desann ale nan Florid epi li te vizite 25 kay diferan. Pami kay sa yo li te vizite yo, gen youn kite kontinye atire atensyon li tankou se kay pa li an sa.

Mwen te vwayaje al gade kay la ansanm avèk li epi mwen te dakò ke kay sa te pafè. (Depi tout tan sa, Drenda te bliye jou sa ke li te lonje dwèt sou li a nan magazin byen imobilye yo epitou Drenda te deklare ke li tap posede kay sa. Bagay sa te gen apeprè 3 lane parapò ak epòk la, epi nou pat janm wè kay sa ke li te montre a ak je nou.)

Nou te mete yon kontra sou kay sa Drenda te vle a; epi yon jou, pandan nou te chita lakay nou nan Ohio nou tap travay sou kèk nan rapò enspeksyon kontra yo te egzije, Drenda toudenkou rele byen fò, “Sa se kay mwen te vle a!”

Mwen te sezi, kòm nou te sou kontra a epi tout bagay te prèske fini pou siyati a. “Se

vre, sa se kay nou an,” se sa mwen te di.

“Ou pa konprann,” se sa Drenda te di. “Se *kay sa menm* ke mwen te lonje dwèt sou li nan magazin byen imobilye yo sa gen kèk lane a!”

Aprè sa, mwen te vin sonje magazin byen imobilye li tap gade a twazan anvan sa gen ladanl plizyè kay nan menm vil sa. Èske se te menm kay la? Drenda te sèten se te menm kay la, epi li te kòmanse bay kèk nan karakteristik kay sa ki te atire atansyon li plizyè lane anvan sa. Kay yo te sanble tèt koupe. Alòs, mwen te fè kèk rechèch, epi san ankenn dout, kay nou te achte a te nan lis kay ki pou vann nan ane ak epòk sa ke Drenda te di ke li te wè kay la epi deklare ke li tap posede kay sa. Men, aprè sa, mwen te vin wè, pou kèk rezon, menm moman aprè Drenda te fin deklare ke li tap posede li a, kay sa te soti sou lis kay pou vann yo.

Pandan mwen tap etidye istwa kay sa, mwen te reyalize ke kay sa pat janm nan lis kay pou vann yo tout tan sa pou rive kèk jou anvan sa aprè yo te fin metel nan lis kay ki pou vann yo ankò. Se pa etonan ke Lespri Sen an te di Drenda poul vwayaje desann Florid nan demen!

Nou te achte kay sa sou plaj la, epi ofinal Drenda te gen kay li a, yon bagay li tap reve pandan tout lavi li. Aprè sa, nou te vin eritye yon dezyèm kay ki sou plaj nan peyi Kanada nan menm ane sa. Waw!

Si ou pat fè remak sa, tout sa Bondye te voye ban nou se te bagay ki gen gwo valè; mwen vle di sa ki gen pi gwo valè yo. Nou te yon ti jan choke pou tout sa ki te pase yo. Men, Senyè a te pale avèk mwen, li te dim, “*Mwen konnen ou pa BEZWEN katòz fizi. Mwen konnen ou pa bezwen 2 machin mak Escalade blan...*” epi Li te kontinye bay tout sa ki nan lis la.

Aprè sa, Li te di: “*Mwen pa vle pitit mwen yo pran konsyans nan bezwen. Yo posede tout pwopriyete yo, epi se plezi pa mwen poum bay pitit mwen yo bagay ki bon.*”

**LI TE RAPLEM KE LI SE
BONDYE KI GEN PLIS
PASE ASE A, BONDYE
DOUB PÒSYON AN.**

Li te raplem ke Li se Bondye ki gen plis pase ase a, Bondye doub pòsyon an. Aprè sa, Li te kontinye di ke pèp Li a pa panse gran ase, pa reve gran ase, epi yap limite bagay Li ta kapab fè pou yo.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenewozite a

Drenda ansanm avèk mwen te yon ti kras sezi akoz tout bagay sa yo Senyè a tap montre nou. Nou te reyalize ke nou te bezwen pale lòt moun de doub pòsyon an. Doub pòsyon an pa vle di se nan tout bagay—Senyè a tap itilize bagay sa pou atire atansyon mwen. Doub pòsyon an vle di plis pase ase.

Aprè sa, Bondye te dim ke mwen te dwe anseye bagay sa nan legliz mwen an, epi mwen te di fidèl nou yo tout bagay Li te voye ba nou epi kijan bagay sa yo te rive.

Koulye a, Drenda ansanm avèk mwen kenbe tout sa nou genyen prive, paske bagay sa yo se pa lavi, epitou nou vrèman pat janm vle mete anfaz sou bagay sa yo nou genyen an oswa fè bagay sa yo tounen sa nap chache a. Men, nou pa tap chache bagay sa yo; se Bondye kite voye yo. Alòs, nou te anseye doub pòsyon an pandan yon peryòd 11 semèn konsa nan legliz la, epi mwen panse bagay sa pwobableman te gen yon efè ki pi pwofon sou finans pèp nou an pase nenpòt lòt seri a ke mwen te konn anseye.

Men ou konn yon bagay? Mwen te lakay kèk moun kite legliz lan tou paske yo te ofanse akoz mesaj sa yo mwen tap pataje yo. Moun sa yo te panse mwen pat bezwen tout zam sa yo, oswa 2 Escalade, oswa 2 kay ki sou plaj, oswa 2 avyon, oswa 2 bèl manto fouri yo. Moun yo te panse ke mwen te jis ap fè djòlè epi fè bagay sa yo sonnen tankou son gwo *zafè*.

Men, yo te rate tout pwèn an—Bondye tap montre nou ke Li plis pase ase. Wayòm Li an pa la pouw kache pou siviv menm jan ak domèn tè a. Wayòm Li an se yon wayòm ki gen plis pase ase, epi Li pran plezi nan byen pran swen pitit Li yo.

Mwen te oblije fè moun sa yo sonje ke se pat bagay konsa mwen tap fè. Bondye te fè tout bagay sa yo poul fè yon pwèn—se pa ke tout moun ta dwe ap kondwi yon machin chè men se paske Li vle nou sispann fikse ak limite Li. Li vle nou sispann di non paske se sa ke nou abitye di, limite Li nan sa Li vle fè. Li vle nou konnen ke Li se Bondye ki gen plis pase ase a.

Konpreyansyon sa tèlman enpòtan nan diskisyon nou genyen pou nou vin jenere a. Ou dwe gen yon bagay pouw kapab jenere avèk li, espesyalman pouw kapab jenere nan *chak grenn* okazyon. Mwen konnen Li te gentan gen atansyon mwen, epi mwen te aprann poum pa janm wont de bonte Bondye.

Nan sezon otòn ki te vini an, gen yon pastè lokal ki te mandem si li te kapab al chase

sou tèren mwen an. Mwen toujou di tout moun ke mwen pa pèmèt okenn moun fè lachas sou teren mwen an toutotan mwen ak pitit mwen yo poko fin pran sèf pa nou yo, apre sa a, mwen pral pèmèt kèk grenn moun antre sou teren an anvan sezon an fini. Ebyen, pou sezon otòn sa nou tout te gen sèf pa nou yo nan frizè a, alòs mwen te envite pastè sa vin sou teren an.

Nan jou li te vini an, mwen te rankontrel deyò a poum ka ba li kèk direksyon sou ki kote li ta dwe fè lachas. Mwen te wè ke li tap itilize yon zam pou zwazo ki la lontan, sa vle di zam lan te jis gen yon ti boul an kwiv sou li poul vize. Zam sa pat fèt pou chase sèf. Ou dwe pre sèf la, paske zam zwazo ki la lontan yo pat fèt egzat pouw kenbe yon menm yon sèf ki parese. Men, se vre, ou kapab itilize li, menm jan mwen te konn fè sa pandanpizyè fwa nan karyè lachas mwen an.

Men, pandan mwen te chita la ap pale avèk li, mwen te vin sonje youn nan zam Bondye te voye pou mwen yo, se te yon bèl fizi pou lachas sèf. Anreyalite, zam sa te anpwenye nan kategori li a. Mwen te santi Sentespri a ki di, *“Poukisa ou pa bay pastè a fizi pou chase sèf sa yo te ba ou a? Ou gen kèk lòt zam pou lachas sèf, men li menm li pa gen yon bon zam poul fè lachas.*

Alòs, mwen te bay pastè a fizi a, epi li te kontan anpil. Kado sa te dil kèk bagay sou bonte Bondye epi sa tap ankouraje li pwoche pi pre Bondye.

Sonje kisa mwen te gentan diw nan kèk chapit anvan yo—gen kèk lajan ak kèk nan bagay sa yo ou kenbe yo se pa pou ou ke yo ye? Bondye voye yo ba ou pouw satisfè bezwen yon lòt moun.

Mwen te di tout bagay sa yo jis poum diw: Ou rete nan yon Wayòm jenere ak yon Wa ki jenere, men ou pap janm jwi tout sa Wayòm nan genyen ladanl siw pa kraze lespri povrete sa kap pousew rasanble tout saw jwenn lan.

Mwen konnen ou kapab petèt konn gade emisyon televizyon sou akaparè sa yo pandan ke yap fè yon entèvansyon. Kay la tèlman chaje ak tenten ou pa menm kapab mache antre ladanl. Nan anpil ka, se pou yo kapab kraze kay la oswa rebatil paske li rive nan nivo dezagreman. Se konsa kè nou sanble lè nou plen ak goumandis epi nou jis vle akapare tout bagay pou lè nou ta vin bezwen lajan. Nou dwe fè anpil pridans lè nap jere lajan avèk byen nou yo.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenewozite a

Li vrèman difisil pouw jenere lèw fokis sou chèche siviv. Bondye vle ou konnen ke gen anpil bagay nan kay Li yo, alòs ou dwe santi ou lib pouw jenere. Se jenerozitew ki mennen lòt yo nan Wayòm Bondye a epi ouvè kè moun sa yo pou yo resevwa bonte ak jenerozite Li. Sonje byen, se bonte Bondye ki mennen moun nan repantans.

Paske, Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon pwoproyetè tèren ki soti nan maten byen bonè poul anboche travayè pou jaden rezen li an. Li dakò poul peye yo yon pyès lajan pou jounen an, epi li voye yo nan jaden rezen li an.

Vè nevè nan maten, li soti, li wè lòt moun ki te kanpe nan mache a ki pap fè anyen. Li te di yo, “Nou menm tou, al travay nan jaden rezen mwen an, epi map peye nou nenpòt sa ki jis la.” Alòs moun sa yo te ale.

Mèt jaden an te soti yon lòt fwa ankò vè midi ak vè twazè nan apremidi, li te fè menm bagay la. Vè senkè nan apremidi, li soti, li jwenn lòt moun ki kanpe nan lantouraj la. Li te mande yo, “Poukisa nou rete la tout jounen an san fè anyen?”

Yo te reponn li, “Paske pèsonn pat anboche nou.”

Li te di yo, “Nou menm tou, al travay nan jaden rezen mwen an.”

Lè solèy fin kouche, mèt jaden an di kontremann lan, “Rele ouvriye yo epi peye yo salè yo, kòmanse ak dènye moun ki fenk anboche yo pou jou rive nan premye moun yo.”

Travayè yo te vin anboche anviwon senkè nan apremidi an te vini epi yo chak te resevwa yon denye. Alòs, lè moun ki te anboche an premye yo te vini, yo te espere resevwa plis lajan. Men, chak grenn nan yo te resevwa yon denye tou. Apre yo te fin resevwa li, yo te kòmanse bougonnen kont mèt tèren an. Moun sa yo te di, “Dènye moun sa yo ki te vin anboche yo te travay sèlman inèdtan, epi ou te peye yo egal menm jan ak nou ki te pran chay travay ak chalè la pandan jounen an.”

Men, mèt teren an te reponn youn nan moun sa yo, “Mwen pa enjis avèk ou, zanmi. Èske ou pat dakò travay pou yon denè? Pran salèw epi ale. Mwen vle bay moun ki te anboche andènye yo menm montan mwen te ba ou a. Èske

mwen pa gen dwa fè sa mwen vle ak pwòp lajan mwen? Oubyen èskew anvye paske mwen jenere?"

Alòs, dènye a pral premye, epi premye a pral dènye.

— Matye 20:1-16

Alòs, kisa Jezi ap di nan parabòl sa? Premye bagay, nou bezwen rekonèt ke mèt tèren an reprezante Papa a, epi kilti rekòt Li ap chèche a se pa pwa soya oswa mayi. Se nanm lèzòm. Travayè yo te reprezante nou menm, sila Li ap voye nan jaden kote ki gen rekòlt yo. Gen 2 bagay mwen kwè Jezi vle pou nou remake nan sitiyasyon sa. Premyèman, gade kijan pwopriyete tèren an gen entansyon pou li jwenn èd.

Paske, Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon mèt tèren ki soti nan maten byen bonè poul anboche travayè pou jaden rezen li an.

Mèt tèren an leve byen bonè pou li chèche travayè, epi li ale plizyè fwa pandan tout jounen an pou li kapab jwenn nenpòt moun ki pou edel nan jaden li yo. Gen yon ijans nan aksyon li yo. Rekòt lan pare epi yo dwe rekòlte li, osinon lap pèdi rekòt la. Gade byen ke li te menm rive anboche yon travayè pou sèlman inèdtan avan lè a rive pou jounen travay la te fini

Li soti ankò vè midi ak vè twazè nan apremidi, li fè menm bagay la ankò. Vè senkè nan apremidi, li soti, li jwenn lòt moun ki kanpe nan antouraj la. Li mande yo, "Poukisa nou rete la tout jounen an san fè anyen?"

Yo te reponn li, "Paske pèsonn pa anboche nou."

Li te di yo, "Nou menm tou, al travay nan jaden rezen mwen an."

Koulye a, men mistè parabòl sa: Poukisa lèl tap peye moun sa yo li te kòmanse peye sila kite vi ni an dènye yo anpremye? Nou kapab jwenn repons sa nan vèsè 15 lan.

Travayè sa yo te vin anboche anviwon senkè nan apremidi a te vini epi yo chak la te resevwa yon denye. Alòs, lè moun yo te gentan anboche anvan

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

yo vini, yo te espere resevwa plis lajan. Men, chak grenn nan yo te resevwa yon denye tou. Apre yo te fin resevwa li, yo te kòmanse bougonnen kont mè tèren an. Yo tap di, “Sila yo te anboche andènye nan travay la te sèlman travay pandan inèdtan”, “epi ou peye yo menm valè lajan ak nou ki te pote tout chay travay la anba chalè pandan tout jounen an.”

Men, mè tèren an te reponn youn ladan yo, “Mwen pa enjis avèk ou, zanmi. Èske ou pat dakò travay pou yon denè? Pran salèw epi ale. Mwen vle bay moun ki te anboche andènye yo menm valè lajan mwen te ba ou a. Èske mwen pa gen dwa fè sa mwen vle ak pwòp lajan mwen? Oubyen èske ou jis gen gwo kè paske mwen son nonm ki jenere?”

ÈSKE OU GEN GWO KÈ PASKE mwen JENERE?

Pandan nap li parabol sa a, nou ta kapab ap panse, *Ey, bagay sa pa jis!* Epi ou ta dwe gen rezon si wap gade sa parapò ak mòd mantalite peye chak inèdtan ki nan lemond lan. Men, jan mwen te gentan di sa, bagay sa se pa mantalite pa Bondye. Pwopriyete tèren an te vle asirel ke moun sa yo ki te vini pita pandan jounen an epi li te peye twòp lajan yo ta kapab wè jenerozite li, sa ki tap fè yo vle kontinye travay pou li. Sak pi bon toujou a, se paske mè tèren an te vle moun sa yo tounen al jwenn tout zanmi yo epi di zanmi yo konbyen lajan li te peye yo ak kijan mè tèren an te jenere avèk yo. Alòs, ki konklizyon parabol sa? Bondye nan biznis lèzòm, epi si ou patisipe nan biznis pa Li an, Lap trè jenere epi Li pral rekonpanse ou anpil anpil.

**BONDYE NAN BIZNIS
LÈZÒM, EPI SI OU
PATISIPE NAN BIZNIS PA
LI A, LAP TRÈ JENERE EPI
LI PRAL REKONPANSE
OU ANPIL ANPIL.**

Èskew kapab resevwa ak tout libète nan men Bondye?

Jezi di nan Bib la youn nan parabol ki pi etonan yo parapò ak resevwa, mwen konnen ou te tande li, se parabol Pitit Gason Pwodig la. Mwen vle ou li parabol sa, apre sa, nou

pral pale sou li. Rete avèk mwen nan pati sa. Nou prèske rive nan fen liv la, epi mwen pa vle kite jiskaske ou fin tande mwen. Nou jwenn istwa sa nan Lik 15. Se yon tèks ki long, men tanpri pran tan pouw revize li.

Jezi te kontinye: “Te gen yon nonm ki te gen 2 pitit gason. Pi piti a te di papa a, ‘Papa, ban mwen pòsyon byen pam yo.’ Alòs, papa a te separe byen li yo ant 2 mesye yo.

Yon ti tan apre sa, ti pitit gason an te rasanble tout byen li te genyen yo, li te ale nan yon peyi byen lwen epi nan peyi sa, li te gaspiye richès li nan lavi debòch. Apre li fin depanse tout byen li yo, te vin gen yon gwo grangou nan tout peyi a, epi ti gason sa te kòmanse nan bezwen. Se konsa, li ale, li lwe tèt li bay yon sitwayen nan peyi sa a, ki voyel travay nan tèren li yo ak bay kochon li yo manje. Ti gason an te anvè plen vant li ak gous ke kochon yo tap manje a, men pèsonn pat ba li otorizasyon poul fè sa.

Lè ti gason an te vin nan bon sans li, li te di, ‘Konbyen nan anplwaye papa mwen yo ki gen manje pou yo sere, epi isit lan map mouri grangou! Map pati, map tounen al jwenn papa mwen poum di li: Papa, mwen peche kont syèl la ak kont ou. Mwen pa merite pou yo relem pitit ou ankò; fèm tounen yonn nan moun kap travay pou ou yo.’ Se konsa, ti gason an leve, li al jwenn papa li.

Men, pandan ti gason an te byen lwen toujou, papa a wè li, li te gen pitye pou li, papa a kouri al jwenn pitit gason li an, li pase bral nan kou li, epitou li bo ti gasona an.

Pitit la di li: ‘Papa, mwen peche kont syèl la ak kont ou. Mwen pa merite pou yo relem pitit ou ankò.’

Men, papa a te di sèvitè li yo, Vini vit! Pote pi bon rad la epi metel sou li. Mete yon bag nan dwèt li ak sapat nan pye li. Pote ti towò bèf ki byen angrese a epi touyel. An nou fè yon fèt, ann selebre. Paske, pitit gason mwen an te mouri, li vivan ankò; li te pèdi epi nou rejwenn li.’ Se konsa, yo te kòmanse fete.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenewozite a

Pandan tan sa, pi gran pitit gason an te nan jaden an. Lè li rive toupre kay la, li tande mizik ak moun kap danse. Alòs, li rele youn nan domestik yo, li mandel 'kisa ki tap pase a. Domestik la reponn li, 'Frèw la tounen,' epi papaw te touye ti towò bèf ki byen angrese a paske frèl la tounen sèn epi sov.'

Gran frè a te fache epi li te refize antre nan kay la, papa a soti, li sipliye li. Men, li reponn papa a', 'Gade! Pandan tout ane sa yo mwen te esklav ou epi mwen pa janm dezobeyi lòd ou yo. Poutan ou pat janm ban mwen menm yon ti jenn kabrit pou mwen te kapab fete ak zanmi mwen yo. Men, lè pitit gasonw lan ki te gaspiye byenw yo nan debòch rive lakay ou, wap touye ti towò bèf ki byen angrese a pou li!

Papa a te di, 'Pitit mwen, ou te toujou ansanm avèk mwen, epi tout sa mwen genyen se pou ou. Men, nou te oblije fete epitou nou te kontan, paske frèw sa a te mouri, li tounen vivan ankò; li te pèdi epi nou jwenn li.'"

— Lik 15:11-32

Premyèman, nou bezwen konprann poukisa jèn pitit gason an te kite kay papa a. Repons lan se paske li te gen menm imaj defòmè sa de papa a menm jan ak gran frè li a. Sonje byen, gran frè a te di ke li te esklav tout lavi li pou papal epoutan papa a pat janm bal menm yon ti jenn kabrit poul pataje ak zanmi li yo. Nan tèt pa gran frè a, papa a te yon move patwon. Apre sa, ou kapab ap mande poukisa gran frè a pat ale ansanm avèk ti frè li an. Bagay sa a se mòd panse pa mwen, men dapre koutim jwif yo, pi gran pitit gason an tap eritye yon pòsyon doub apre papal te fin mouri. Pi piti pitit gason an pat gen dwa ak benefis sa a. Alòs, panse pa mwen se ke pi gran pitit gason an gen yon bagay ki tap vin pou li yon jou, epitou li te kalkile sa te vo lapèn poul rete tann.

Pi piti pitit gason an te vle jwenn yon patiraj ki pi vèt yon lòt kote epi soti anba dominasyon papa li, kidonk li te pran pòsyon pal nan eritaj la epi li ale lwen. Men, apre li te fin ale a, li te vin twouve tèt li nan yon mond ke li pat atann. Apre lajan li an fini, li te vin reyalye ke peyi sa ke li te kouri vini ladann lan te totalman kraze. Te gen yon gwo grangou nan tout peyi a nèt. Dezespere poul jwenn moso manje, li te fè yon bagay ki te totalman etranje pou li. Li te vann tèt li kòm yon anplwaye annechanj pou moso

manje. Bagay sa, se ta pral premye fwa ke mantalite anplwaye a ta pral fèt nan lavi ti gason sa. Anvan sa, yo te konn pran swen li poutèt ki moun li ye a, se pat pou sa li te konn fè. Kounye a li vinn oblije travay, sèl travay li te kapab jwenn se te bay kochon manje, yon travay totalman sal epi ki meprizan pou yon jwif. Bib lan di ke ti gason an te tèlman grangou, li te menm gen anvi pou ti bouyon kochon yo tap manje a, men pèsonn pat ba li otorizasyon poul fè sa. Rezon an? Tout moun te nan menm bato avèk li, yo te brize epi yo te nan mòd siviv. Èske ou pa abitye tande nenpòt nan bagay sa yo deja? Antouka, yon jou ti gason an te vin nan bon sans li, li te sonje ke menm domestik yo nan kay papa li a te gen plis pase ase pou yo manje.

Lè li te vin nan bon sans li, li te di, ‘‘Konbyen nan anplwaye papa mwen yo ki gen manje pou yo sere, epi isit lan map mouri grangou! Map pati, map tounen al jwenn papa mwen poum di li: Papa, mwen peche kont syèl la ak kont ou. Mwen pa merite pou yo relem pitit ou ankò; tretem tankou youn nan domestik ou yo.’’ Se konsa, ti gason an te leve, li ale bò kote papal.

Ti gason an te reyalize ke te gen anpil manje lakay li, li te tounen lakay papal pa tankou yon pitit gason, men kòm yon esklav, kòm yon anplwaye. Li te planifye poul rekonèt erè ak peche li a devan papal, epi answit li te sipliye papal poul pèmèt li vini yon sèvitè. Sepandan, pandan lap pwoche bò lakay li a, papa a te deyò a. Apre papa a te fin wèl, papa akouri al jwenn li ak yon akolad epi yon ti bo.

Men, pandan ti gasosn an te byen lwen toujou, papal wè li, li te gen pitye pou pitit la. Li kouri al jwenn pitit gason li an, li pase bral nan kou li, li bo li.

Ann jwenn yon imaj klè sou sa kap pase a, paske istwa sa a se reyèlman yon analogi de Papa nou Bondye epi nou menm. Pitit gason sa a te soti tou dwat nan labou kochon an. Dapre lwa jwif yo, yo te konsiderel kòm yon moun ki pa pwòp. Nan moman papa a te anbrase li a, papa a te vin pa pwòp tou, men li te fè sa ak tout volontel akòz lanmou li pou pitit gason li an. Olye poul te reprimande jèn pitit gason an epi poul korije li poutèt aksyon moun sòt li te poze a, papa a kouvri ti gason an ak pi bèl rad la. Apre sa a, li te

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Jenewozite a

mete bag sele li a nan dwèt li, ki vle di otorite li kòm yon pitit gason te vin retabli. Apre sa, li te mete sapat nan pye li, sa vle di li te gen aksè a tout byen imobilye yo. Ou pral jwenn koutim sa a nan Rit 4:7.

(Kounye a, nan tan anvan yo nan peyi Izrayèl la, pou delivrans lan ak transfè pwopriyete a te kapb finalize, youn nan pati yo te wete sapat li epi li te bay lòt la. Bagay sa a se te metòd pouw legalize tranzaksyon an pèp Izrayèl la.)

Alafen, yo te fè pou li yon fèt kote yo te touye ti towò bèf byen gra a.

Jenn pitit gason sa a te retounen nan pi bon espwa ke yo tap anplwaye li, men papa a te retabli li kòm yon pitit gason.

Pitit la di li, “Papa, mwen peche kont syèl la ak kont ou. Mwen pa merite pou yo rele mwen pitit ou ankò.”

Men, papa a te di domestik li yo, “Vini vit! Pote pi bèl rad la epi mete sou li. Mete yon bag nan dwèt li ak sapat nan pye li. Pote ti towò bèf ki byen angrese a epi touyel. An nou fè yon fèt, ann selebre. Paske, pitit gason mwen an te mouri, li vivan ankò; li te pèdi epi nou jwenn li.” Se konsa, yo te kòmanse fete.

Men, pwochen pati nan istwa a se li mwen vle pouw wè reyèlman.

Pandan tan sa, pi gran pitit gason an te nan jaden an. Lè li rive toupre kay la, li tande mizik ak moun kap danse. Se konsa, li rele youn nan domestik yo, li mande li kisa ki tap pase konsa. Domestik la te reponn li, “Frèw la tounen, epi papaw te touye ti towò bèf ki byen angrese a paske frèw la tounen sen epi sov.

Gran frè a te fache, li refize antre nan kay la. Se konsa, papa a soti, li sipliye li. Men, li te reponn papa a, “Gade! Pandan tout ane sa yo mwen te esklav pou ou epi mwen pa janm dezobeyi lòd ou yo. Poutan ou pat janm ban

mwen menm yon ti jenn kabrit pou mwen te kapab fete ak zanmi mwen yo. Men, lè pitit gasonw lan ki te gaspiye byenw yo nan debòch te tounen lakay ou, wap touye ti towò bèf ki byen angrese a pou li!

Papa a te di, "Pitit mwen, ou toujou ansanm avèk mwen, epi tout sa mwen genyen se pou ou. Men, nou te oblije fete epitou nou kontan, paske frè ou sa te mouri, li tounen vivan ankò; li te pèdi epi nou jwenn li."

Aprè pi gran pitit gason an te vin nan kay la, li te refize antre lè li te dekouvri sa ki tap pase a. Gade byen kisa pi gran pitit gason an te di. *"Tout ane sa yo mwen te esklav pou ou epi mwen pa janm dezobeyi lòd ou yo. Men, ou pa janm ban mwen menm yon ti jenn kabrit poum pataje ak zanmi mwen yo."* Li tap di ke papal te yon travayè difisil, epi kijan li te rele tèt li? Yon esklav! Men, kijan papa a te relel nan vèsè 31 an? Pitit mwen! Se pati sa mwen vle fèw wè a.

Ou grandi ak menm kalite mantalite 2 timoun sa yo te genyen de papa yo a konsènan Bondye, ke li te yon move patwon, sa ki vle di pat gen okenn rekonpans nan fè sèvis pou Li. Relijyon te anseye ou ke wap bezwen travay pou Bondye aksepte ou. Men, imaj pi piti pitit gason an de papal te vin chanje apre papal te aksepte li san papa a pat ba li ankenn pinisyon epi li te resevwa li kòm pitit gason li epi se pat kòm esklav. Relasyon pi gran pitit gason an ak papal te baze sou sa li te konn fè yo, kidonk li te esklav pou li epi li te toujou ap eseye fè bagay sa yo trè byen. Lèw wè idantitew atravè sa wap fè a, wap toujou fè erè, epi wap mal jije moun ki bò kotew yo kòm moun ki pa janm kontan ansanm avèk ou. Men, sa verite a di, gran frè a tap fè move patwon ak pwòp tèt pal nan yon pwen li pat kapab resevwa bonte papa a. Lè lap akize papal kòm moun enjis epi li di ke papa a pat janm ba li menm yon ti kabrit pou li pataje ak zanmi li yo, papa a tap dil bagay sa yo.

Papa a di, "Pitit mwen, ou toujou la ansanm avèk mwen, epi tout sa mwen genyen se pou ou."

Papa a pat di: "Esklav mwen." Li relel pitit li! Yon pitit gason se yon ko-pwopriyete nan byen imobilye yo; li se fanmi. Yon esklav pa gen eritaj. Ou wè, gran frè a te gentan

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

gen aksè nan tout byen imobilye sa yo papa a te genyen. Men, pèspektiv defòme li de papa li a epi pwòp opinyon li pat kòrèk sou pwòp tèt pal pat pèmèt li poze epi jwi sa ki te gentan pou li yo, paske li te konsidere tèt li kòm yon anplwaye.

Poukisa mwen te pran tout tan sa a poum pale de istwa sa avèk ou? Paske anplwaye yo gen anpil difikilte, pou yo resevwa anyen nan men Bondye! Yo toujou santi se favè Li yo dwe genyen; epi paske yo manke, yo santi yo wont, yo pè, yo pa diy pou yo resevwa anyen nan men Papa a. Sòf si ou korije mòd fason sa kew wè bagay yo de pwòp tèt ou, ou pap janm kapab resevwa ak tout libète nan men Papa a. Epi sonje byen, nou bezwen kapab resevwa ak tout libète si nou vle vin jenere menm jan ak Papa nou.

Ou pap janm kapab fè ase pouw kanpe devan Bondye; se yon kado lanmou li pou ou. Mwen renmen sa Matye 3:16-17 di a.

Menm moman an apre Jezi te fin batize, li soti nan dlo a. Nan moman sa menm, syèl la te louvri, epi li wè Lespri Bondye a kap vini tankou yon pijon epi li desann sou li. Epi yon vwa ki soti nan syèl la te di, "Sa a se Pitit mwen an, sila ke mwen renmen anpil la; avèk li kè mwen toujou kontan.

Se te nan epòk sa ke Jezi te kòmanse ministè Li a. Li pot ko fè anyen menm poul tap jwenn lwanj nan men Bondye, men gade byen kisa Bondye te di. Ke li te renmen li epi li te toujou fè kè li kontan.

Èskew sonje 2 vòlè sa yo ki te sou kwa a ansanm ak Jezi a? Gen yonn kite di, "Sonje mwen lè wap antre nan wayòm ou an." Jezi reponn li, Sa map di nou la a, se vre wi: jòdi a menm ou pral ansanm avèk mwen nan paradi a. Kisa nonm sa te fè poul merite paradi a? ANYEN!

Lè nap rele non Jezi, Bib la di nou vin fèt yon dezyèm fwa epi nou transfere soti nan wayòm fènwa a ale nan wayòm Bondye a. Kisa nou te fè pou nou merite sa? ANYEN.

Alòs, pandan map fèmen chapit sa a, tanpri sonje mwen pat merite okenn nan bagay Bondye te voye pou mwen yo pandan ane sa a. Li tap eseye edem konprann ke mwen te resevwa tout Wayòm nan aprem te fin rele non Jezi. Mwen pa oblije te fè ase pou sa. Mwen jis bezwen resevwa bonte ak jenerozite Li. Depiw fin kapab resevwa jenerozite Li, wap kapab jenere gras ak bonte Li.

CHAPIT 11

PWOMÈS POU SILA KI JENERE YO

Bill ak madanm li, April, gen yon ti biznis plonbri ke fanmi an tap-dirije pandan 14 lane. Antanke manm Legliz Lafwa Lavi, yo te wè tout kwasans ki tap fèt pandan ane sa yo ansanm ak tout istwa viktwa sa yo. Alòs, lè yo te tande ke nou pral elaji Legliz Lafwa Lavi a pou gen yon pi gwo enpak nan kominote a, yo te totalman anbake nan pwosesis la.

April te di ke li te konplètman prepare poul bay \$10,000 nan pwojè sa, men April te totalman sezi lè Bill te retounen lakay apre li te sot nan makèt epi li te dil Senyè a te dil bay \$75,000, se pat \$10,000.

Bill ak April pat gen okenn lide kijan bagay sa tap rive posib, men April te dakò poul bay \$75,000 a pou agrandi espas leglis la. Men, ankò, moun sa yo pat gen lajan an oswa okenn lide ki kote kantite lajan sa a tap soti.

Kèk semèn pita, depatman dlo nan vil la te rele yo epi li te di Bill ak April ke yo tap fè yon gwo pwojè reparasyon nan sistèm lan epi yo te mande yo si yo tap enterese pou fè travay sa. Yo te di wi epi yo te kòmanse etap legal yo ak tout dokiman ki nesèsè pou fè yon travay konsa nan vil la. April te di ke kontra a te gen plis pase 100 paj, epi yo te oblije jwenn yon avans menm moman an. Se te byen yon pwosesis pouw jwenn bagay sa byen vit, men yo te fè li. Yo te vin konnen ke yo se sèl konpayi ki te soumèt yon òf pou pwojè a, epi yo pat yo gen okenn lide kijan oswa poukisa se yo depatman dlo a te kontakte pou aplike.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Aprè yo te fin soumèt kontra a, vil la te rele yo epi di yo ke depatman an te santi ke konpayi yo a te twò piti poul okipe yon travay konsa paske yo tap oblije fè travay sa nan 200 kay pandan 75 jou sèlman. Men, aprè kèk diskisyon, yo te konvenk depatman dlo vil la ke yo tap kapab jere travay la.

Bill di ke se te yon pwojè men-anpil-chay pa lou paske ekip la tap travay byen ta nan aswè epi yo tap travay Samdi tou. Men ou konn yon bagay? Yo te fini pwojè a atan epi yo te kapab bay san gad dèyè \$75,000 nan pwojè pou agrandi legliz la epi tou peye tout lòt dèt konsomatè yo pandan pwosesis la. Yo te sezi anpil!

Ou wè sa, Bondye te gen yon pi gwo plan pou Bill ak April pase yo te genyen pou pwòp tèt pa yo. Li te gentan konnen sa ki nan kè yo pou Li, men Li te vle detire yo, detire kapasite yo.

Koulye a, yo te gentan apwouve pou travay gouvènman an epi akonpli kontra sa nan gwo siksè pou vil la, pòt la te vin louvri menm pou pi gwo kontra nan tan ki tap vini yo.

Bondye renmen detire moun. Li konnen potansyèl nou, men souvan nou pa konnen pwòp potansyèl nou epi anjeneral nou bezwen yon ti pousad tou piti. Sa se yon modèl ke ou bezwen vin abitye ansanm ak li.

Ankò, sa pral tankou yon nonm ki pral nan yon vwayaj, ki te rele sèvitè li yo, li te konfyè moun sa yo richès li yo. Li bay yonn 5 sak lò, yon lòt 2 sak, yon lòt yon sak, chak sèvitè sa yo selon kapasite yo. Aprè sa, li ale nan vwayaj li. Nonm ki te resevwa 5 sache lò a ale menmm moman an, li mete kòb la nan travay li, li pran 5 lòt sache ankò. Konsa tou, moun ki te gen 2 sache lò te vin genyen 2 lòt anplis. Men nonm ki te resevwa yon sak la tale, li fouye yon twou nan tè a epi li kache lajan mèl li a.

— Matye 25:14-18

Nou te gentan li parabol sa anvan, men mwen vle montrew yon bagay ke nou pat ko pale de li.

Gade byen, lè pwopriyetè a tap remèt asiyasyon yo bay sèvitè li yo, li di yo te remèt asiyasyon sa yo “selon kapasite chak gren nan yo”. Sila yo te bay 5 sak lò yo te fèl konfyans ak 5 sak, sa vle di li te gen kapasite poul jere 5 sak. Si li te gen yon pi gwo

kapasite, oswa talan, pwopriyete a tap ba li plis toujou. Se menm bagay lan tou pou 2 lòt sèvitè yo.

Men gade kisa ki te pase. Domestik ki te gen 5 sak lò a ogmantel fèl vin 10 sak. Nan pwosesis sa a, kisa ki te pase? Ebyen, nan yon tèm senp, kapasite li, oswa talan li, ogmante soti nan yon nivo 5 rive nan nivo 10. Kapasite li kòm responsab ak jesyon te ogmante. Li te vin gen plis valè pou pwopriyete a epi li te gen pwomosyon pou plis responsablite.

Koulye a, men sajès mèt kay la. Li te gentan konnen kapasite sèvitè a avèk 5 sak lò yo. Li te konnen sèvitè a te genyen potansyèl poul monte nan nouvo nivo sa a. Malgre ke pwopriyete a te bay sèvitè a 5 sak lò, ki se nivo kapasite li genyen kounye a, misyon li te bay sèvitè a ak 5 sak lò sa yo tap rekòlte plis pase sa sèvitè a te kòmanse epi pouse li nan yon nouvo nivo kise kapasite jesyon li.

Pwopriyete a te konnen sèl fason pou sèvitè li a vin gen plis valè se poul kitel detire epi kite li dekouvri kapasite li yo pou kont li. Se menm pwosesis sa Bondye itilize nan lavi nou pou fè nou gen plis valè ak pou fòme nou pou sa kise desten nou yo.

Moun yo kapab fè konfyans ak yon ti kras yo kapab fè sa konfyans tou ak anpil, epi moun ki malonèt ak ti kras pral tou malonèt ak anpil.

— Lik 16:10

Jan mwen te di sa nan youn nan chapit anvan yo, pa gen okenn misyon ki gen ti valè. Ou pral grandi nan yo chak la, epi yo chak la pral ajoute nan kapasite ou pou pwochen misyon an.

Mwen te pase nan pwosesis sa a pandan plizyè fwa. Chak fwa sa yo, mwen te tante panse, *Non, mwen pap kapab fè bagay sa. Mwen pa konnen kijan, oswa mwen pa gen tan pou bagay sa.* Men, chak fwa mwen te konn di, “Wi, mwen detire” epim vin pi kapab rive nan sa kise potansyèl mwen.

Gen moun ki kapab ap gade nan lavi mwen epi yap panse, *O, bagay sa dwe fasil anpil pouw soti nan dèt, pouw nan televizyon, pouw gen yon avyon prive. Waw, ala yon vi sa.* Ebyen, mwen kapab dakò—ala yon vi sa; se yon bon lavi epi yon lavi ki bèl! Men, ou pa konnen kijan lavi mwen te rive kote li ye jounen jodi a. Ou pa konnen ki

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

valè pèseverans sa te pranm, anpil fwa anba gwo presyon, poum kapab rive nan nivo kapasite sa a.

Epitou, map grandi toujou, Bondye kontinye ban mwen misyon ki pi gwo toujou. Mwen santi ke mwen detire pou pi gwo pwojè toujou epi detire pou jwenn plis lajan poum akonpli yo. Men, mwen pa tap janm echanje presyon an (epi pafwa dezòd la) pou mond sa, paske se sistèm fòmasyon Bondye a kap edem akonpli tout sa mwen gen misyon poum akonpli yo.

Si mwen te kapab ba ou yon sèl grenn konsèy, se tap PA ABANDONE! Kite Bondye detirew pouw vin moun ou te dwe ye a.

Bondye toujou ranpòte laviktwa. Li pa janm echwe. Avni ou devan ou, epitou ou dwe kontinye ap pouse pou pi devan.

Èske wap bay Bondye pèmision pou Li detirew?

Mwen te nan yon reyinyon priyè yon Mèkredi swa. Pitit fim nan tap dirije lapriyè lè li rete konsa, li te gade mwen epi li te kòmanse pwofetize. Men kisa li te di:

Seyè a di, “Rekòt la twò gwo pou ou. Map detire ou. Se sèlman gras ak Lespri mwen an wap kapab konprann kisa ki pral rive a. Èske wap soti, kitem mennennw nan bagay difisil ki depase konpreyansyonw, bagay ki enposib yo?”

Mwen te panse, *O non, mwen konnen kisa bagay sa vle di*. Se pat premye fwa bagay sa tap rive mwen.

Mwen apresye lefèt ke Bondye te mandem si mwen tap kite li dirije mwen nan bagay difisil, bagay ki enposib yo. Mwen konnen bagay sa yo fèt pou gwo istwa lèw tap mache nan moman difisil yo epi ke Bondye te konn toujou parèt.

Men, mwen konnen tou kalite doulè sa lè wap detire, pri ou dwe peye pouw ale yon kote ou pat janm ale anvan sa. Men, epitou sa a se yon gwo MEN, mwen konnen tou bonte Bondye avèk sistèm pwomosyon Li an, alòs menm moman an mwen te di, “WI!”

Bondye vle mete potansyèl ke Li mete nan ou an deyò. Se sèl fason sa ou pral rive nan sa kise desten ou an. Bondye gen pou Li detire ou! Kijan Bondye detire nou? Se Lè

genyen *presyon*.

Siw ap soufle van nan yon balon epi ou pa kite lè a soti, balon an ap detire; lap vin pi gwo. Se menm bagay lan tou avèk ou menm epi mwen menm. Depi nou fin angaje nan presyon an pinga nou abandone, kapasite nou ap grandi. Kapasite vle di pi gwo pwojè yo ak pi gwo chèk yo sou *chimen* an. Ou konn yon bagay, son plezi pouw pale de jenewozite jiskask Bondye diw pouw bay \$100,000. Oswa bay machin ou pi renmen an. Konfyans ou nan Bondye gen pou grandi, epi pwòp kapasitew gen pou grandi tou.

Kèk semèn apre mwen te fin di Bondye wi nan reyinyon sa a, mwen te vin konnen de kisa li tap pale a. Emisyon televizyon nou an, ki te gen yon orè chak semèn, yon grenn jou chak semèn, yo te vin ofri nou yon plas pou *chak jou*. Bagay sa kapab sonnen bèl, men gen kèk pwoblèm pou nou navige ak kalite chanjman sa a. Premye a se paske pri lè nou an tap monte 500% menm moman an, epi nou te jis kapab peye pousantaj chak semèn lan nan moman sa. Dezyèmman, nou ta dwe pwodwi ak edite 5 pwogram chak semèn, epi nou pat gen yon departman televizyon. Nan epòk sa a, sèl grenn pwogram televizyon nou an chak semèn nan te konn travay pa yon konpayi ki tap jis vini epi anrejistre 4 pwogram nan yon semèn pou mwa nou ye a. Yo tap netwaye ak edite pwogram yo, voye pwogram yo sou rezo a, epi fè tout travay la. Men, apre sa a, mwen te vin reyalize mwen tap bezwen deplase tout bagay sa yo mete lakay la poun jere li. Men pi gwo pwoblèm nan se paske Drenda ansanm ak mwen pat konnen kijan pou nou mete kanpe yon departman televizyon. Men, nou te kòmanse konprann bagay yo.

Nan sa ki gen pou wè ak lajan nan ekwasyon an, nou te toujou potko fin konstwi batiman Now Center a, kanpis legliz nou an, epi nou jis pat gen okenn lajan anplis poun te mete nan konstriksyon yon televizyon an. Sa ki gen pou wè ak pwodiksyon, nou te oblije achte ekipman tankou kamera epi anboche anplwaye a pou jere pwodiksyon an. Te kèk gen jou kote bagay sa te sanble parèt enposib. Men, Bondye te fidèl epi Li te kontinye ankouraje Drenda ansanm avèk mwen, epi nou te kontinye pouse.

Pi gwo obstak nou an te vini kat mwa apre, lè nou te vin dekouvri nou te gen yon demi milyon dola dèt anreta sou bòdwo difizyon nou yo. Bagay sa te difisil pou nou, sitou paske non pwogram televizyon nou an se *Fixing the Money Thing*. Jere *Pwoblèm Lajan* an.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

Mwen tap reflechi si nou te dwe kenbe emisyon televizyon an oswa kanpe li. Mwen te santi mwen pa tap kapab kontinye avèk entegrite si mwen pat kapab peye bòdwo difizyon sa yo. Mwen te oblije ap batay avèk anpil dout nan moman sa. Men yon lòt fwa ankò, Bondye fidèl, epi Drenda te yon gwo sous ankourajman pou mwen.

Nan yon rèv semèn sa a, Bondye te montre mwen ke tout bòdwo yo ta dwe peye yon sèl kou, bagay ke mwen tap di ki tap enposib nan domèn natirèl la. Men wikenn sa a nan legliz la, tout \$500,000 a te vini, bòdwo difizyon yo te mete ajou epitou depi lè sa nou pa janm rive nan pwèn pou nou gen dèt sou bòdwo difizyon ankò.

Waw, se te yon vwayaj enkwayab!!!!

Nou rive chanje atravè pwosesis sa. Kounye a nou fè 2 pwogram chak jou epi nou depanse plizyè milyon pou nou fè Levanjil la pwopaje. Lè nou panse ak bagay sa yo nou tap fè fas yo, yo pa sanble te gwo pase sa a. Ou dwe toujou sonje kisa nou te aprann nan premye chapit la: favè Bondye a ap travay avèk ou! Mache avèk Bondye pandan ane sa yo, mwen sètènman vin konprann poukisa pifò nan lèt Pòl yo te kòmanse avèk mo sa yo:

“Gras ak kè poze Bondye a avèk nou, Papa nou, ak Senyè Jezi Kris la.”

Nou bezwen sonje nou pa poukont nou. Favè li, pouvwa sipènatièl sa a, ap travay nan lavi nou. Son bagay ki mande kouraj pouw di wi epi pouw antre nan yon bagay ke ou pa konnen, men sa vo lapenn; mwen kapab temwaye sa.

Drenda ansanm avèk mwen vwayaje toupatou nan mond lan pou preche Levanjil la. Nou te wè chak mirak ki anrejistre nan Nouvo Testaman an kap pran plas devan pwòp zye nou yo. Nou te konn wè lavi plizyè milye moun ki chanje epi nou te manje nan pi bon manje peyi sa yo. Pa gen yon kote ki pi bon pase objektif la!

Priyè pa mwen pou nou se pou nou pote fwi nan tout bon travay Bondye ba nou pou nou fè yo, epi pou nou sonje kijan sa enpòtan pou nou jenere.

Poum fini, pati sa se youn nan sòm mwen pi renmen yo:

Fè lwanj pou Seyè a. Benediksyon pou moun ki gen krentif pou Seyè a, ki jwenn anpil plezi nan kòmandman li yo. Pitit yo va gen pouvwa nan peyi a; jenerasyon moun kap mache dwat yo pral beni. Richès pral ogmante nan kay moun sa yo, epi jistis moun sa yo ap la pou tout tan. Menm nan fènwa, limyè parèt pou moun kap mache dwat yo, pou moun ki gen pitye, ki gen konpasyon ak moun ki jis. Bon bagay ap vini pou moun sa yo ki jenere ak prete nan tout libète sila kap jere zafè yo avèk jistis. Se vre wi, moun kap mache dwat yo pap janm souke; yap sonje moun sa yo pou tout tan. Yo pap pè move nouvel; kè yo djanm, yo mete konfyans yo nan Senyè a. Kè yo an sekirite, yo pap pè; alafen yap gade triyonf yo sou lènmi yo. Yop simaye kado bay tout pòv yo, jistis moun sa yo ap la pou tout tan; yap leve kòn yo byen wo. Mechan yo pral wè, yap fache, yap manje dan yo, yap deperi; anvi mechan yo pap disparèt.

— Sòm 112:1-10

Mwen renmen pati ki pale de mechan yo ki fache a. Bondye toujou gen dènnye mo a. Siksè se toujou pi gwo revanj la.

Siw konnen istwa mwen an, ou konnen ke mwen alabaz mwen pat twò briyan nan lekòl segondè avèk yon mwayèn 1.3 nan klas la. Lè Bondye te dim pou mwen ale nan kolèj apre Li te fin rele mwen poum preche, mwen pat atann ak yon bagay konsa.

Nan pwemye ane klas anglè mwen an, mwen te oblije ekri yon disètasyon. Pwofesè mwen an te remèt fèy disètasyon sa ak yon gwo “F” sou premye paj la avèk yon ti nòt ki te di, “Èske sa posib kew te menm pase nan lekòl segondè?” mwen te oblije pran

**APRANN KONNEN KIJAN
WAYÒM NAN
FONKSYONE, EPI OU
PRAL JWI BON LAVI SA
BONDYE TE PWOMÈT LA!**

yon moun ki edem aprann sa mwen pat janm aprann nan lekòl segondè yo.

Lè premye liv mwen an te soti, mwen te resevwa yon imèl de pwofesè anglè sa a. Li te di, “Èske sa posib ke se menm Gary Keese mwen te genyen

nan klas mwen an?” Li te tèlman choke lè li te wè mwen te ekri yon liv.

Ey, kite Bondye ansanm avèk ou choke tout zanmi ou yo!

Yon jou, gen yon moun mwen te ale nan menm lekòl segondè avèk li ki te vini nan

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Jenewozite a

biwo konpayi finansye mwen an epi li te te di, “Mwen jis pa konprann bagay sa. Gary te abandone lekòl segondè, epi kounye a li sou televizyon nan tout mond lan?”

Mwen renmen mòd istwa konsa yo, epi Bondye renmen istwa konsa yo tou! Alòs sonje, ke istwa ou a pa fini. Fè efò pouw jenere paske ou reprezante kè Bondye tout kotew ale. Aprann konnen kijan Wayòm nan fonksyone, epi wap jwi bon lavi sa ke Bondye te pwomèt la!

—Gary Keese

Sèvis sa a ke wap fè a pa sèlman konble bezwen pèp Senyè a, men tou li debòde nan anpil ekspresyon remèsiman pou Bondye. Akòz sèvis sa ou te pwouve tèt ou, lòt moun pral fè lwanj Bondye pou obeyisans ki akonpaye konfèsyon ou sou levanjil Kris la, ak pou jenerozite ou nan pataje avèk yo epi ak tout lòt moun. Epi nan lapriyè moun sa yo pou ou, kè yo pral vin jwenn ou, paske gras ak favè Bondye te ban nou an. Granmesi Bondye pou kado endèskriptibl li a!

— 2 Korentyen 9:12-15

Siw ta renmen aprann plis sou Forward Financial Group oswa sou estrateji envestisman lajan an tout sekirite, vizite forwardfinancialgroup.com.

Siw ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou Konferans Revolisyon Finansye Paw nou yo, vizite forwardfinancialgroup.com oswa Faithlifechurch.com

Ale sou **FLNFree.com**
telechaje plis kontni gratis
Nan pwòp Lang paw!



Ou vle plis anseyman gratis nan pwòp Lang paw?
Ale sou **FLNFree.com**

**Bondye vle pouw gen anpil byen
pouw kapab renmen bay nan chak grenn okazyon.**

Ou pap janm lib jiskaskew libere finansyèman. Jan Drenda ansanm avèk Mwen te gentan ap di sa pandan 30 dènye ane sa yo, ou pap janm rive dekouvri kiyès ou ye tout bon vre epi mache nan objektif espirityèl laviw toutotanw pa regle problèm lajan an.

OU KAPAB JWENN LIBÈTEW!

Mwen te gentan pwouve sa, epi gen plizyè milye lòt moun kite fè sa tou. Favè Bondye la pou li ede nou. Gen bagay ou gen vokasyon nan lavi pouw fè ke ou pap janm rive akonpli san mwayen lajan. Alòs, ou dwe libere finansyèman; se pa pou pwòp tèt ou epi fanmiw sèlman men se pou lòt moun kapab wè Bondye kap travay nan lavi paw.

Anpil moun ap chache repons. Yap chache akò veritab la. Avèk gwo dezespwa moun sa yo bezwen wè wayom lan men se pa relijyon yap chache.

Bondye Bon, epitou Li renmen bay! Lè nou renmen bay, se pataje nap pataje kè Bondye bay lòt moun. Tankou se te yon ti gout dlo frèt nan mitan yon jounen ki fè cho anpil, renmen bay pote soulajman ak espwa nan yon mond ki anndan yon dezè povwete.

Nan senkyèm epi dènye liv seri Revolisyon Finansye Paw la, Gary Keeseekri, dekouvri kouman pouw vin asosye Bondye nan misyon Li yo epi eksperimante nivo siksè enkwayab Li yo.

Jwenn yon konpreyansyon ki klè sou pouvwa prensip jenewozite Wayom lan ak kouman li fonksyone nan liv ekstrawodinè sa ki ranpli avèk revelasyon tounèf, anpil egzanp vivan ki soti nan pawòl Bondye a, avèk istwa pèsonèl Gary epi kèk lòt moun kite aplike pouvwa jenewozite a nan pwòp vi pa yo kap enspirew epitou wap tou fè eksperyans kap pote chanjman total kòm rezilta.

Jenewozite montre lòt moun kè paw ansanm ak kè pa Bondye pou yo menm.



Gary Keeseekri se yon otè, oratè, antreprenè, espè finansye, epi yon pastè ki gon pasyon pou ede lòt moun genyen nan vi a, espesyalman nan domèn sa yo: lafwa, lafanmi, ak finansye. Gary ak madanm li Drenda gentan kreye plizyè biznis kap fè siksè epi yo se fondatè Faith Life Now (Viv Lafwa kounya), ki pwodwi 2 emisyon ki pase nan televizyon “Fikse pwoblem lajan” epi Drenda, bay konferans toupatou nan mond lan, ansanm avèk plizyè resous pratik. Fanmi Keesees la se pastè tou Legliz Viv Lafwa, ki touprè zòn Columbus, Ohio.

